

Mendhung Angendanu

Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK.



**Sawijining novel saka
Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK.**

*Mendhung
Angendanu*



Mendhung Angendanu

Oleh : Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK.

Copyright © 2022

Editor : Leonardus Ivan Taruna Mahardhika
Ilustrator : Dr. R. Bambang Sardjono, MPH
Design Cover : Maria Immaculata Sekar Chrysantina Putri
Layout : Maria Immaculata Sekar Chrysantina Putri

Katalog dalam Terbitan (KDT)

Diterbitkan Oleh :



YASATRI
Yayasan Saworo Tino Triatmo
Jl. Mawar 92, Ngentak, Kadipura
RT 003 RW 024, Sinduharjo, Ngaglik, Sleman 55581
Tlp. (0274) 887512
HP +62 81225392857
Email : sekretariayasatri@gmail.com

Cetakan pertama, 2022

XVI + 303 hlm.; 14,8 x 21 cm.

ISBN 678-602-17715-4-9

Hak Cipta Dilindungi Undang-Undang.

Dilarang memperbanyak karya tulis ini dalam bentuk dan dengan cara apa pun, termasuk fotokopi, tanpa izin tertulis dari penerbit.

Isi buku sepenuhnya menjadi tanggungjawab penulis.

Sanksi Pelanggaran Pasal 113

Undang-undang Nomor 28 Tahun 2014 Tentang Hak Cipta

- 1) Setiap orang yang dengan atau tanpa hak melakukan pelanggaran terhadap hakekonomi yang sebagaimana dimaksud dalam pasal 9 ayat (1) huruf i untuk Penggunaan Secara Komersial dipidana dengan ancaman pidana penjara paling lama 1 (satu) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 100.000.000 (seratus juta rupiah)
- 2) Setiap orang yang dengan atau tanpa hak dan/atau tanpa izin Pencipta atau pemegang Hak Cipta melakukan pelanggaran hak ekonomi Pencipta sebagaimana dimaksud dalam pasal 9 ayat (1) huruf c, huruf d, huruf f, dan/atau huruf h untuk Penggunaan Secara Komersial dipidana dengan pidana penjara paling lama 3 (tiga) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 500.000.000 (lima ratus juta rupiah).
- 3) Setiap orang dengan atau tanpa hak dan/atau tanpa izin Pencipta atau Pemegang Hak Cipta melakukan pelanggaran hak ekonomi Pencipta sebagaimana dimaksud dalam Pasal 9 ayat (1) huruf a, huruf b, huruf e, dan/atau huruf g untuk penggunaan Secara Komersial dipidana dengan pidana penjara paling lama (empat) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 1.000.000.000 (satu miliar rupiah).
- 4) Setiap orang memenuhi unsur sebagaimana dimaksud ayat (3) yang dilakukan dalam bentuk pembajakan, dipidana dengan pidana penjara paling lama 10 (sepuluh) tahun dan/ atau pidana denda paling banyak Rp. 4.000.000.000 (empat miliar rupiah)



Atur Pambuka

Urip ana alam kasunyatan asring geseh karo angen-angen ing alam surealis utawa alam virtual sing kebak pangentha-entha. Nalika mbangun rencana urip ing tembe ngarep, sok sapa mesthi luwih seneng ngronce pepenginan kang sarwa endah. Ananging ora sadhar kerep nglalekake menawa kedadeyan ing alam kasunyatan durung mesthi endah lan kepenak. Ora ateges urip iku ora oleh duwe pepenginan utawa cita-cita kanggo tembe ngarep. Ananging kabeh mau kudu dikantheni wawasan sing jembar ngadhepi kasunyatan.



Nglirwakake prastawa ing donya kasunyatan mung bakal gawe ruweting urip. Bakal peteng lelimengan kaya langit sing lagi kasaput mega, mendhung angendanu. Ewasemana ngadhepi ruwet rentenging urip, aja pisan-pisan nglokro. Langit kang lagi kasaput mendhung, ora bakal mlaku sak lawase. Bubar mendhung bakal teka udan. Langit bali resik maneh. Sunaring surya bakal gawe pepadhang ing bumi pratiwi sing kebak rejeki.

Agustan Saryadi lan Anisah Anggraeni, loro-lorone minangka tokoh mahasiswa nalika isih ana bangku pawiyatan luhur. Ora mung ana organisasi kemahasiswaan ana ing njero kampus, nanging karo-karone pada dene dadi tokoh organisasi mahasiswa sak njabane kampus. Agus lan Reni mbangun katresnan wiwit rikala isih ana kampus. Padha-padha duwe pepenginan bakal mbangun pranatan sosial sing bisa gawe urip tentrem, seneng lan anyengkuyung masyarakat modern tata raharjo. Kasunyatan urip beda ora kaya sing diangen-angen. Kebak prastawa sing kudu diadhepi kanthi laku lan tumindak nyata. Pasangan sing kebak katresnan iku tansah ngadhepi cobaning urip. Kudune diadhepi bebarengan kanthi rukun sayeg saeka praya. Ananging malah banjur sowang-sowang mlaku dhewe-dhewe. Langit ora bali padhang nanging malah sangsaya mendhung angendanu.

Sakperangan ghedhe crita iki kaanggit saka prastawa nyata, dudu crita ngayawara. Muga-muga isa dadi kaca benggala kanggone para nom-noman sing lagi mbangun bale wisma lan karier. Urip kudu tansah rukun ngadhepi pepalang kanthi sabar sakloron bebarengan. Tansah mong tinemong. Aja pisan-pisan mung metani golek salahe utawa kekurangane pasangan urip. Katresnan kudu dirabuk supaya langgeng ngrembaka senjata asring ngadhepi pepalang ana tengahing dalan.

Novel basa Jawa Mendhung Angendanu, muga-muga uga bisa dadi sarana kanggo nyinaoni basa Jawa. Kudu dimemetri aja nganti ilang ing alam modern iki. Basa Jawa klebu warisan budaya nir bendhawi sing kudu dilestarekake. Sumangga sugeng maos, muga-muga isa murakabi lan atur panglipur kagem panjenengan sedaya.

Atus panuwun lan rahayu kinasih,

Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja Ph.D., SpFK.

Ngayogyakarta Adiningrat, 1 Januari 2022.



Atur Pambagya

Tepangan kaliyan Dr. Budiono Santoso sampun dangu sanget antawis ing tahun 1988. Rikala punika, kula dipun timbali dados salah saktung-giling narasumber seminar ingkang dipun yasa Departemen Farmakologi Klinik, Fakultas Kedokteran UGM. Saksampunipun kita lajeng sesarengan makarya ing International Network for Rational Use of Drugs (INRUD) dumugi tahun 2004. Saklajengipun Pak Budi dados punggawa World Health Organization (WHO) tlatah Asia Pacific ing Manila, Filipina.



Kula nate pepanggihan wonten mrika rikala dipun undang Prof. Pilar Ramos Jimenez (Lalay) sarasehan ing Universitas De La Sale. Sakmenika Pak Budi sampun pensiun, nanging taksih asring dipun aturi ngestreni pepanggihan internasional babagan kasarasan. Estu edi peni, sedaya carios ingkang dipun ronce Pak Budi. Salah satunggaling reroncean carios inggih perkawis sedaya rubeda rikala taksih wonten ing ndonya. Mendhung Angendanu inggih salah satunggiling anggitan ingkang paripurna nyriosaken karibetan batin lan lelakoning wanodya ayu Anisah Anggraeni. Beda kaliyan anggitan carios sak derengipun, Mendhung Angendanu estu nggambaraken gejala batiniah Anisah Anggraeni nalika ngadepi pria-pria ingkang saged nulungi piyambakipun.

Wosipun anggitan Pak Budi ingkang kentun piyambak punika sae sanget. Kula estu remen sanget dene Pak Budi saged nyentuh rasa pangrasa ingkang maos. Ngantos ingkang maos getem-getem dumateng bojonipun Anisah. Utawi wonten ingkang mboten kepranan rikala Anisah kesengsem dumateng pria sanes lan masrahaken raganipun dipun rengkuh pria punika. Kula maos wonten Facebook, conto-conto ingkang kula tulis punika. Mangga para saderek mundut buku Mendhung Angendanu supados saged nyengkuyung Yasatri ingkang gadah upados ndidik para muda mboten ketaman Narkoba.

Yogyakarta, 28 Juni 2022
Johana Endang Prawitasari

Assalamualaikum warahmatullahi wabarakatuh.

Sugeng pepanggihan malih ing buku novel karya Dr. Budiono Santoso Ph.D, utawi sering kasebat Ki Setradjaja. Ing buku Endahing Lintang Kemukus, kula matur menawi karangan Ki Setradjaja menika ngengetaken kula dhateng novelis Rama Any Asmara swargi lan Rama Herman Supratikto swargi. Kula kemutan ugi, bilih kula gadhah kanca inggih punika kangmas Dr. Inu Wicaksono, Sp.KJ swargi, ingkang ugi wasis nyerat cariyos cekak ing bahasa Jawi.



“Mendhung Angendanu” nyariosaken pengalaman gesang Anisah Anggraeni (Reni) ingkang gadhah lelampahan pasang suruting gesang, pahit manisipun bebrayan, kamulyan nanging ugi risiko ing pedamelan, lan sesambetanipun kaliyan para pria ingkang daksiya nanging ugi wonten ingkang sanget nresnani Reni. Novel punika nyariosaken bilih taksih wonten pageblug Covid-19, Delta, Omicron ingkang ngedap-edapi. Ing novel punika Ki Setradjaja paring pesen, supados kita tetep eling lan waspada sarta njagi kesehatan lahir lan batos.

Para sedherek sedaya, kulo pandemen novel Ki Setradjaja, rumaos mongkok dene sampun dipun pitados ndamel gambar ilustrasi malih. Kula rumaos bingah lan matur nuwun sanget dhumateng kapitadosan punika. Mugiya gusti Allah subhanahu-wata’ala ingkang Hakarya Jagad paring pengayoman dumateng kita sedaya, lan pageblug enggala sirna saking bumi ingkang kita tresnani. Kula gadah pengajeng-ajeng buku novel punika saged wonten manfaatipun, ugi saged atur lelipur panjenengan sami. Sugeng maos kanthi renaning penggalih lan katentreman.

Wassalamualaikum warahmatullahi wabarakatuh.

Jakarta , 30 Juni 2022.

Dr. R. Bambang Sardjono, MPH /KRT Brotohusodo.
Jl. Belanak Raya:25 A Rawamangun, Jakarta Timur 13220 ,
Telpon : 08577577 7673,
Email : bamsarruci@gmail.com

Ulasan

A. Ringkasan Cerita

Novel *Mendhung Angendanu* menceritakan tokoh utama protagonis 1 Anisah Anggraeni (Reni) dengan tokoh utama antagonis 1 Agustan Cahyadi (Agus), keduanya tokoh aktivis 98 yang aktif berdemo menurunkan Presiden Soeharto. Reni kuliah di Fakultas MIPA, sedangkan Agus pada Fakultas Teknik Sipil. Mereka berdua kuliah di perguruan tinggi di Malang. Setelah lulus S1, Agus melanjutkan studi S2 di Yogyakarta, dan mendirikan CV Intan Indah Karya di Semarang.



Adapun Reni setelah lulus mengajar di Sekolah Menengah Swasta di Semarang dengan Ketua Yayasannya Bapak Randhi Narwanto. Usaha perguruan Bapak Randhi Narwanto merupakan usaha yang tinggal melanjutkan dari usaha orang tuanya yang telah meninggal. Bapak Randhi Narwanto tinggal di Jakarta. Di samping mengajar, Reni juga memberikan les IPA dan Matematika.

Reni dengan Agus, setelah lulus dan pada bekerja lalu menikah. Mereka dikarunia 3 anak, yaitu Rini, Reza, dan Mimi. Rini, anak yang pertama lahir sewaktu Agus studi S2 di Yogyakarta. Dalam perjalanan waktu, Agus, suaminya jarang pulang ke rumah sampai berminggu-minggu dan tidak memberi nafkah keluarganya. Keadaan ini sampai mencapai 20 tahunan. Bahkan gaji honorer istrinya ikut pula dipotong untuk mengangsur hutang Agus tanpa sepengetahuan istrinya. Atas kebaikan Ketua Yayasan Bapak Randhi Narwanto hutangnya bisa teratasi. Pendapatan dari honor mengajar dan dari mengeles pas-pasan untuk menghidupi dirinya dan ketiga anaknya.

Operasional CV Intan Indah Karya dibantu oleh dua karyawan kepercayaan Agus, yaitu Gunarso dan Sukarman. Namun CV ini terus merugi, banyak hutang. Kontrak kantor CV habis, CV tidak bisa memperpanjangnya.

Kantor dipindah ke rumah kontrakan keluarga. Reni dan ketiga anaknya terganggu karena setiap saat didatangi para penagih hutang CV, ya hutangnya Agus. Sementara Agus tidak pernah pulang.

Rumah kontrakan keluarga habis, tidak diperpanjang, Reni dan ketiga anaknya berpindah menjadi satu rumah dengan mertuanya, Bapak Kusparmana dan Ibu Malekah. Rumah Pak Kusparmana yang ditempati akan dilelang oleh BPR karena dipakai sebagai agunan kredit oleh Agus, namun kredit tidak pernah diangsur sama sekali. Reni minta bantuan Pak Bardi, mantan perwira polisi. Anak Pak Bardi, Lisa namanya ikut les pada Reni. Bulik Nunung, adiknya Bu Malekah membantu Rp50.000.000,00 untuk menutup hutang. Bulik Nunung istri Bapak Broto, pengusaha hasil bumi di Magelang. Harta Pak Kusparmana dan Bu Malekah diminta secara paksa, habis untuk menutup hutang Agus. Pak Afandi, suaminya Mbak Heni juga meminjam Rp30.000.000,00. Ibu mertua Agus, Bu Maslikah juga memberi tambahan modal Rp50.000.000,00. Konon Agus melebarkan usahanya sebagai pemborong sampai Bandung dan Cilegon. Namun semua usahanya gagal, dan bangkrut.

Pak Kusparmana, bertempat tinggal di Semarang adalah pensiunan karyawan BUMN, istrinya bernama Bu Malekah mempunyai anak dua yang sulung bernama Agustan Saryadi, nomor dua Etik. Etik bersuamikan Harno (2). Pekerjaan Harno (2) sebagai karyawan BUMN di Jakarta. Etik dengan Harno (2) mempunyai anak dua, bernama Rani dan Rangga. Etik kemudian sakit kanker dan meninggal.

Orang tua Anisah Anggraeni (Reni) bernama Pak Harno (1) dan ibunya bernama Bu Maslikah, bertempat tinggal di Salatiga. Keluarga Pak Harno dengan Bu Maslikah mempunyai dua anak, sulung bernama Heni dan nomor dua bernama Anisah Anggraeni (Reni). Pak Harno dengan Bu Maslikah bercerai karena suaminya kawin lagi. Pekerjaan Pak Harno usaha kemasan, sedangkan usaha Bu Malikah adalah konveksi. Heni bersuamikan Afandi, mempunyai pondok pesantren di Lopait, Salatiga. Hidupnya mapan.

Setelah lama tidak bertemu, suatu ketika Reni bertemu dengan teman sewaktu SMP dan SMA bernama Iksan. Ayah Iksan sudah meninggal. Ibunya bernama Bu Rahmini. Usaha kemasan ayahnya dilanjutkan oleh Iksan, sukses. Untuk

mengisi waktu hari Sabtu dan Minggu Iksan usaha Gocar. Sewaktu sekolah sebenarnya Iksan mempunyai minat terhadap Reni, namun kasih tak sampai. Iksan merupakan tempat curahan hati Reni, baik dalam suka maupun duka.

Dua siswa namanya Ira dan Ani. Mereka ikut les pada Bu Reni. Hasil les perkembangan kemajuan pelajaran bagus. Orang tua Ira dan Ani, Bu Sri Martuti dan suaminya Pak Dhedhi Arman. Bu Sri Martuti berprofesi sebagai notaris, sedangkan suaminya sebagai dosen yang sekaligus pengusaha perumahan yang sukses. Bu Sri Martuti adalah mantan mahasiswa Pak Dhedhi Arman, selisih umur di antara keduanya cukup banyak. Karena ini Bu Sri Martuti merasa malu mendampingi Pak Dhedhi Arman. Keduanya mencari jalan sendiri-sendiri. Pak Dhedhi Arman rumahnya dua besar-besar, yang satu di Tembalang, Semarang dengan arsitektur Itali dan yang satu di Kawasan Kawi, dekat Rumah Sakit Elizabet Semarang.

Reni keluar dari pekerjaan sebagai guru honorer, berpindah menjadi karyawan di Notaris Bu Sri Martuti. Sebagai karyawan notaris menjadikan hubungan dengan Pak Dhedhi Arman lebih dekat. Pada akhir pekan Reni sering diajak liburan ke Singapura. Hubungannya kebablasan sehingga Reni terlambat datang bulan, kemudian digugurkan di Jakarta dengan biaya Rp7.000.000,00. Biaya ditanggung oleh Pak Dhedhi Arman.

Bu Sri Martuti kemudian nikah lagi dengan Iksan. Resepsi pernikahan dilaksanakan di Mertoyudan, tempat orang tuanya Bu Sri Martuti. Namun pernikahan hanya berlangsung satu minggu, karena satu minggu setelah menikah Iksan terkena Covid-19, dan meninggal. Kemudian Bu Sri Martuti nikah lagi dengan Pak Efendi, karyawan BPN asal Wonogiri. Pak Efendi teman akrab yang ikut memberi pekerjaan kenotarisian dari BPN. Pak Efendi dengan istri sebelumnya pisah ranjang, anaknya bernama Bima, seorang pembalap motor.

Bu Maslikah di Salatiga meninggal. Usaha konveksi dilanjutkan oleh Reni dari Semarang. Dengan manajemen modern usaha konveksinya berkembang pesat, kerap mengadakan pameran. Pada waktu mengadakan pameran di Taman Mini Indonesia Indah, Reni berkenalan dengan seorang peja-

bat pemerintah yang memberi bimbingan ke UMKM, namanya Drs. Danuarto. Reni sedang di hotel akan diperkosa oleh Pak Danuarto. Atas peristiwa ini, dengan pemecahan kekeluargaan Reni menuntut uang Rp500.000.000,00. Tuntutan disanggupi oleh Drs. Danuarto.

Akhir cerita, Reni menikah dengan Pak Dhedhi Arman, tinggal di rumah Jalan Kawi Semarang bersama anaknya, Rini, Reza, dan Mimi serta anak Pak Dhedhi dengan bekas istrinya Bu Sri Martuti, Ira dan Ani.

A. Tema Cerita

Tema cerita sesuai dengan isu yang berkembang pada masa kini, yaitu proyek-proyek pembangunan jalan, perumahan, pembebasan tanah untuk jalan, pembebasan tanah untuk perumahan, masalah jual beli tanah yang ditangani oleh notaris dan masalah pendidikan, khususnya pendidikan informal penambahan pelajaran melalui les pada anak-anak.

Di balik pelaksanaan proyek-proyek dan pengelesan itu terselip hubungan antar individu dalam keluarga yang rumit bagaimana mendhung yang angendanu. Yang kadang-kadang muncul hubungan kasih sayang cinta antara tokoh laki-laki dengan perempuan, yang di sana-sini ada yang keblablasen. Itu semua diceritakan secara halus dalam novel ini. Berbeda dengan Novel Centhini 1-12 (Sunan Paku Buwono V (1820-1823)) yang selingan cerita seksnya dilukiskan dengan jelas.

B. Penokohan

Tokoh utama protagonis 1 adalah Anisah Anggraeni (Reni) sedangkan tokoh antagonis 1 adalah Agustan Saryadi. Tokoh utama protagonis 2 adalah Bu Sri Martuti, sedangkan tokoh antagonis 2-nya adalah Pak Dhedhi Arman. Tokoh-tokoh lain, seperti: Rini, Reza, Mimi, Ibu Maslikah, Pak Harno 1, Rani, Rangga, Briptu Amar, Abu, Man, Pak Bardi, Bu Nunung, Pak Broto, Etik, Harno 2, Arman, Mbak Heni, Pak Afandi, Iksan, Bu Rahmini, Pak Kusparmana, Bu Malekah, Gunarso, Sukarman, Hari, Bu Rumiati, Pak Randhi Narwanto, Tini, Lisa, Murlina S.H., Drs. Danuarto, Ira, Ani, Pak Efendi, Bima, Yono, Bik Yah, dan Mamik merupakan tokoh tambahan/pelengkap. Pelukisan masing-masing tokoh dan suasana lingkungan jelas.

C. Latar

1. Latar Tempat

Latar tempat kejadian berawal di Malang, kemudian berpusat di Semarang dan Salatiga. Tempat-tempat lain yang juga disebutkan adalah: Magelang, Pemalang, Jakarta, Bandung, Cilegon, dan Singapura.

2. Latar Waktu

Latar waktu cerita masa menjelang berakhirnya Covid-19 (2022).

D. Bahasa Komunikasi Dialog Antar Tokoh

Komunikasi dialog antartokoh yang satu dengan yang lain memakai bahasa Jawa Ngoko Halus dan lancar. Pemakaian kata ganti orang kedua kowe 'engkau' tidak dipakai tetapi menggunakan kono (Ngoko Halus) 'engkau' dan njenengan (Krama) 'engkau'. Bagannya sebagai berikut.

Bahasa Dialog Antartokoh		
No.	Ngoko Kata Ganti Orang Kedua	Ngoko Halus dan Krama Kata Ganti Orang Kedua dalam Mendhung Angen- danu
	*kowe	kono (Ngoko Halus) njenengan (Krama)

E. Ejaan

Ejaan		
No.	Baku	Kreativitas Penulis/Salah dalam Mendhung Angendanu
1.	Kata Ulang: kanca-kancane awan-awang sok-sok getem-getem	Kata Ulang: kanca kancane awan awang sok sok getem getem
2.	Awalan: sakwijining sakbubare sakindenging saknalika sakdurunge takdokok dipuntampi diprantasi kokterke	Awalan: sak wijining sak bubare sak indenging sak nalika sak durunge tak dokok dipun tampi di prantasi kok terke
3.	Idiom: tembe mburi	Idiom: tembe ngarep
4.	Kata Sapaan: Kata Dhik Dhik Reni Dhik Gunarso Mas Mas Agus Mas Sukarman Pak Kusparmana Pak Randhi Narwanto Bu Malekah Ibu Anisah Anggraeni	Kata Sapaan: dhik dhik Reni dhik Gunarso mas mas Agus mas Sukarman pak Kusparmana pak Randhi Narwanto bu Malekah ibu Anisah Anggraeni

Penulisan kata ulang, awalan, dan kata sapaan dalam Novel Mendhung Angendanu di atas dengan ejaan yang tidak baku.

G. Kesimpulan dan Rekomendasi

1. Kesimpulan

Dengan terbitnya Novel Mendhung Angendanu (2022) dan Endahe Lintang Kemukus (2022:234 hlm.) (serta karya Ki Dr. Budiono yang lain, di antaranya: Lubering Katresnan (2021:454 hlm.) dan Lakuning Katresnan (2021:143 hlm.)) membuktikan bahwa sastra Jawa sampai pada awal abad ke-21 ini tidak mati. Sastra Jawa dengan bahasa dan idiomnya mampu mendokumentasikan isu-isu peristiwa yang hangat yang sekarang sedang terjadi.

Dalam novel ini disiratkan juga berlakunya "hukum karma". Dengan demikian novel ini mengamankan hendaknya manusia berbuat baik, karena perbuatan baik atau buruk itu sekecil apa pun akhirnya akan kembali kepada yang bersangkutan. Novel ini bisa membentuk watak dan kepribadian yang santun dan halus pada pembacanya.

2. Rekomendasi

Novel Mendhung Angendanu dan Endahe Lintang Kemukus (2022:234 hlm.) (serta karya Ki Dr. Budiono yang lain, di antaranya: Lubering Katresnan (2021:454 hlm.) dan Lakuning Katresnan (2021:143 hlm.)) layak dimasukkan sebagai bacaan wajib mahasiswa dalam Mata kuliah Sastra Jawa Modern baik pada Prodi Sastra Jawa Fakultas Ilmu Budaya, maupun pada Prodi Pendidikan Bahasa dan Sastra. Untuk kedua buku, yaitu Novel Mendhung Angendanu (2022) dan Endahe Lintang Kemukus (2022) (yang sudah penyambut baca) analisis teori gender atau teori sosiologi sastra bisa diterapkan. Dari sisi linguistik bisa diterapkan analisis ragam bahasa atau wacananya.

Akhir kata tiada lupa penyambut mengucapkan "Selamat" kepada Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., Sp.FK. seorang Doktor dokter spesialis Farmakologi yang ikut mengembangkan dan melestarikan Sastra Jawa yang oleh beberapa ahli diprediksikan akan mati. Penyambut menunggu karya-karya berikutnya.

Dikatakan oleh banyak orang dan para ahli sastra Jawa bahwa Pujangga Raden Ngabei Ranggawarsita (1802-1873) di Surakarta adalah pujangga Tanah Jawa yang terakhir. Karya-karyanya, meliputi: babad sejarah, ilmu kesempurnaan, tasauf, adat istiadat, primbon, dokumenter, wayang, dongeng, dan ramalan. Jumlah karyanya mencapai 30 judul lebih, di antaranya: Kala Tidha, Zaman Edan, Serat Wirid Hidayat Jati, Serat Jayeng Baya, Paramayoga, dan Serat Cemporet.

Yogyakarta, 14 Juli 2022

Penyambut,



Prof. Dr. Marsono, S.U.

1. Pensiunan Guru Besar Linguistik FIB UGM;
2. Koordinator/Penyunting dan Penyadur Serat Centhini Jilid 1-12;
3. Doktor Sastra Jawa dengan disertasi berjudul "Lokajaya Suntingan Teks, Terjemahan, Struktur Teks, Analisis Intertekstual, dan Semiotik" (1997) diterbitkan dalam judul Akulturasi Islam dalam Budaya Jawa, Analisis Semiotik Teks Lokajaya dalam LOr. 11.629 (2019);
4. Guru Besar pada Departemen Bahasa, Seni, dan Manajemen Budaya, Sekolah Vokasi UGM.

Dhaftar Isi

Bab 1	Kaya Bumi Karo Langit	1
Bab 2	Sanggane Sangsaya Abot	11
Bab 3	Amburadhul	18
Bab 4	Ngayawara	26
Bab 5	Dongane Biyung	34
Bab 6	Kanyatan Pait	44
Bab 7	Kekancan Saklawase	53
Bab 8	Urip Melu Maratuwa	62
Bab 9	Ketanggor	72
Bab 10	Wong Wadon Wenang Urip Seneng	83
Bab 11	Wolak Waliking Kelakon	91
Bab 12	Entek Gusis	102
Bab 13	Ambyar	113
Bab 14	Sesongaran Karo Bojo	123
Bab 15	Sabar Ana Watese	132
Bab 16	Poto Nyalawadi	142
Bab 17	Madeg Dewe	153
Bab 18	Kebablasen	163
Bab 19	Ganti Profesi	172
Bab 20	Ketemu Pak Dhedhi	181
Bab 21	Kasep Pisahan	193
Bab 22	Pedhote Katresnan	205
Bab 23	Talak Rujuk	213
Bab 24	Undhangan Warna Ungu	222
Bab 25	Ditinggal	232
Bab 26	Kelangan Biyung	242
Bab 27	Langite Tetep Mendhung	250
Bab 28	Langite Wiwit Sumilak	260
Bab 29	Kana Gara-Gara	269
Bab 30	Langite Semilak Padhang	284





BAB 1

Kaya Bumi Karo Langit

*A*tine nratap dheg-dhegan ora karuwan. Tangane nganti ndhredheg tanpa suwala saking dene anggone kemropok lan serik atine. Praupane sing biyasane kuning lembut, katon mangar-mangar amarga kanepson sing makantar-kantar ana ing njero atine. Pengin njerit, pengin nangis sakkayange, nanging swarane mung mandheg ana gulu. Macet ora bisa nywara. Praupan ayu sing biyasane kebak esem merak ati, malih pucet dadakan ilang candrane sing nengsemakene.

Reni, Anisah Anggraeni, karo nyekeli dhompot ngadeg njegreg ana ngarepe sisihane. Agustan Saryadi lagi nggarap gaweyan ana komputer. Lungguh ana meja tulis sing biyasane dinggo Reni nggarap tugas anggone dadi guru. Rasane pengin mbalangka-ke dhompot sakisine mau nang raine sisihane. Dheweke kaget banget nalika mbukak dhompot, meruhi ana potu wanita sing dheweke ora kenal babar pisan. Pengin mbengok, sapa bocah wadon sing nang potu iku. Swara ambegane nganti krenggosan ana ngarepe sisihane. Saklawase urip bareng karo Agus, Reni durung nate nesu kaya esuk iku. Rumangsa dikianati, diapusi, disingkur dening sisihane sing ditresnani wiwit nalika isih prawan. Dheweke mandeng tanpa kedhep sisihane sing lagi nggarap usulan proyek ana komputer. Priya sing banget ditresnani kok tegel-tegele nyimpen potone wong wedok liya. Mesthi ana apa-apa sing ora trep, ora normal.



BamCar
2022.

"Dhik ngapa ngadeg njegreg ana kono? Aja ngganggu konsentrasiku ta. Aku lagi repot. Proposal iki kudu rampung esuk iki."

"Maaf Mas. Ning poto iki potone sapa?" Reni nyoba ngomong senajan swarane ndredheg ora cetha.

"Ora penting. Ora susah kok pikir. Kapan-kapan tak critani. Ora sah ngajak rame."

"Aku mung pengin ngerti sapa dheweke Mas. Ngapa kok potone ana dhompetmu. Ora arep ngajak rame."

"Mengko ngerti dhewe. Sabar aja emosi mung merga poto. Tinggalen aja ngganggu aku."

Reni nyoba ngleremake ati. Dheweke meneng, alon-alon mlaku menyang mburi. Dhompet diuncalke ana meja makan, banjur lungguh ana tritis mburi. Ndeleng kembang maneka warna ana taman klangenane. Ana kembang mlati, mawar, ceplok piring sing endah lan seger. Ora gedhe nanging isa gawe lereming ati amarga tanduran kembang sing isih padha ngrembaka. Wis isa rada sareh, pikirane digawe semeleh, senajan atine kebak pita-konan. Wis meh jam pitu, sedhela engkas kudu budhal nang sekolahan. Ora adoh saka omahe, mung udakara rong atus meter.

Awake krasa kesel, lungkrah. Wiwit wayah esuk uthuk-uthuk wis tangi ngrampungke gaweyan mburi. Nyiapake sarapan kanggo bocah-bocah sakdurunge padha budhal sekolah. Rini, Reza karo Mimi sekolahe ya nang sekolahan sing dheweke mulang. Rini ana kelas telu esempe, Reza kelas enem lan Mimi lagi kelas papat. Anak-anak sing banget diresnani. Dadi panglipur nek dheweke ditinggal lunga Agus pirang-pirang minggu kaya adat sabene.

"Reni, Dhik Reni." Swarane Agus undang-undang sajak kesusu. Dheweke mlebu nang ruang njero kanthi aras-arasen.

"Mbok tulung nyiapke sarapan kanggo aku karo kanca-kanca iki." Agus sewengi muput pancen karo kancane loro, padha rembugan proyek, diteruske esuk iki mau gawe proposal.

"Esuk iki aku karo Karman lan Gunarso, kudu ngadhep nang kantor PU, masrahake usulan proyek iki. Paling lat dina iki jam siji awan."

"Aku mau wis gawe sega goreng. Takdokok ana lemari makan

Mas. Tak tatane nang meja makan."

Reni banjur ngresiki lan nata meja makan. Karman karo Gunarso kanca kompanyone Agus ana CV Indah Intan Karya, perusahaan kontraktor. Agus cepet-cepetan adus dhisik, lagi wiwit sarapan karo kancane. Reni wis adus mau esuk bubar subuhan, banjur tata-tata nyiapake anggone arep budhal mulang. Pikirane nglambrang nang endi-endi. Kegawa ruwet rentenge swasana urip bebrayan karo Agus, priya sing ditresnani lan nresnani dheweke wiwit saka bangku kuliah. Tanpa dirasa lan dingerteni, saya suwe kok saya owah lan adoh saka maune. Urip kebak katresnan, kebak angen-angen sing endah kanggone dheweke, Agus lan anak-anake. Nanging kabeh owah tanpa disadhari.

Anisah Anggraeni tepung karo Agus nalika kuliah ing sakwijining pawiyatan luhur ing kutha Malang. Tunggal universitas ananing beda fakultas. Agus kuliah ana Fakultas Teknik Sipil, dene Reni kuliah ana Fakultas MIPA. Agus rong tahun luwih senior tinimbang Reni. Sakrampungge kuliah entuk gelar Sarjana Teknik, Agus ngedegake CV karo kanca-kancane ana Semarang. Perusahaan kontraktor iku operasine ana sakindenging tlatah Jawa Tengah, werna-werna bidhang usahane, ya kontraktor bangunan, ya pengembang perumahan. Apa wae dicekel sing penting isa dilakoni lan dirampungke. Anane mung seneng rikala semana kanggone Reni. Prasasat saben minggu Agus niliki nang Malang. Ndilalah perusahaane senajan lagi wae madeg, nanging kerep menang tender ana kantor-kantor pamarentah ing Jawa Tengah. Agus menawa tilik nang Malang mesthi gawe merine kanca-kanca sakpondhokane Reni. Nek ora nang Malang, isa ketemu ana Salatiga. Wong tuwane Reni daleme ana Salatiga. Ibuke kagungan perusahaan konveksi ana kutha Salatiga.

Sakwise lulus saka anggone kuliah, Reni resmi omah-omah mbangun bale wisma. Pasangan penganten anyar sing kebak katresnan, anane mung seneng, senajan ora mubra-mubru, ora tau kekurangan saka babagan material. Agus banjur njupuk program S2 ana pawiyatan luhur ing Ngayogyakarta. Udakara ana

rong tahun urip ana Yogya. Anake mbarep, Rini, lahir ana Yogya nalika Agus isih nglakoni program S2. Rampung program S2, pasangan nom-noman iku mulih ana Semarang nglakokake perusahaan kontraktore. Mlaku lancar ora ketang mung nangani proyek proyek pamarentah dhaerah. Angger melu aturan maine para aparat sing tinanggenah ngurus tender proyek, mesthi entuk bageyan. Kabeh mlaku alamiah, manut dalan sing wis biyasa dilakoni para pengusaha yen adhep-adhepan karo aparat pamarentah.

Reninjenggirat kaget rikala Agus mbengok undang-undang maneh.
"Dhik Reni, aku karo Karman lan Gunarso, mangkat dhisik ya. Mengko sore bubar mulang siyap-siyap ya Dhik."

"Siyap-siyap ana apa Mas?"

"Kaya biyasane kae, ngrembugi penanggung jawab anggaran proyek."

Reni mung meneng wae. Atine isih krasa gela, semplah, sapa wanita sing potone ana dhompete bojone iku mau. Alon-alon dheweke tata-tata arep budhal mulang. Jam pelajaran dheweke mengko lagi jam sepuluh. Atine nglangut kelingan jaman rikala isih legan, ning wis pacaran karo Agus. Kebak katresnan, anane mung seneng karo rasa tresna. Ora ana sing kurang. Saiki wis owah kabeh. Urip rasane cemplang.

+++++

Wulan Mei tahun sangang puluh wolu, ana ing kampus pawiyatan luhur ing kutha Malang. Reni karo kanca-kancane lagi padha melu demonstrasi lan ngrungokake sesorah ana kampus. Ora mung ana kutha Malang, nanging acara demo kedadeyan ana sakindenging Indonesia. Luwih-luwih ana Jakarta, gedhung MPR/DPR dibruki dening para demonstran mahasiswa. Wose nuntut supaya Presiden Suharto sing wis telung puluh loro taun dadi panguwasa represif, dianggep ora kuwagang anggone ngatasi krisis ekonomi, kudu seleh saka jabatan Presiden RI.

Swasana rame ana lapangan dina iku. Para tokoh masyarakat

lan mahasiswa ganti-ganti anggone padha sesorah, ngobarake semangat anti Suharto. Sedhela-sedhela ana swara surak lan keplok, sesongaran gawe horege swasana. Saya awan saya rame lan saya bawera anggona padha unjuk rasa. Hawane sangsaya panas sumelet. Reni minangka salah sijine pengurus organisasi mahasiswa, wiwit esuk wis repot melu ngurusi lakune acara. Ngancik wayah awan, dheweke dumadakan pengin ngendhang kantor Senat Mahasiswa, sakperlu koordhinasi karo kanca-kanca panitya. Aja nganti ana prastawa sing gawe acara sesorah dadi koban anarkis. Ana sakwetara mahasiswa sing lagi padha leren lan ngobrol ana ruang Senat Mahasiswa.

Reni kaget lan nratap atine rikala meruhi ana sakwijine mahasiswa senior saka Fakultas Teknik, lagi nyandhak gawe ana komputer. Dheweke durung patiya ngerti wong kuwi, uga ora tepung babar pisan. Tanpa sadhar Reni ngadeg njegreg ana tengah ruangan mandeng priya sing lagi nggarap ana komputer kuwi. Sapa sakbenere priya iki kok wani nganggo komputer Senat Mahasiswa.

"Ana apa Dhik kok ngadeg ana kono? Aku nyilih komputer iki kanggo nulis cathetan. Sedhela maneh giliranku sesorah nyemangati adhik-adhik mahasiswa."

"Ora ana apa-apa Mas. Mung kaget wae soale durung tepung njenengan. Mung sok-sok ketemu nek pas rapat barengan."

"Tepungke, jenengku Agustan Saryadi, saka Teknik Sipil."

"Jenengku Anisah Anggraeni. Kanca-kancaku padha ngundang aku Reni."

"Seneng tepungan karo sliramu Reni. Anisah Anggraeni, jeneng sing apik Dhik."

"Matur nuwun Mas ibuku sing maringi jeneng."

Agustan Saryadi polah tingkahe sarwa mibawani. Enggal-enggal ngadeg nyalami Reni. Reni nratap atine rikala tangane digegem kenceng dening Agus. Mak sir rasane nang njero ati. Wong loro ora sempat ngobrol akeh. Salah sijining anggota panitya wis mapag Agus, wis kudu siap siap munggah panggung, ses-

orah nyemangati para mahasiswa. Reni nyawang priya iku metu tumuju lapangan sing kanggo demo. Dheweke melu ngetutke priya iku saka kadohan. Batin atine ngalembana priya sing mibawani iku.

Agus anggone sesorah luwih substansial, ngrembug prekara keadilan sosial sing wis dilirwakake saksuwene Ordhe Baru nguwasani panggung politik nasional. Kamangka prinsip keadilan sosial iku nyata-nyata kasebut ing dhasar negara Pancasila. Keadilan sosial kanggo kabeh masyarakat Indonesia. Sesorahe Agus tinampa kanthi sigeg lan adhem dening para mahasiswa. Ora nganggo surak, bengak-bengok misuhi wong, pamarentah Ordhe Baru. Reni melu ngrungokke sesorahe Agus. Rumangsa kepranan banget marang isine. Tegus lan lugas keadilan sosial kanggo masyarakat Indonesia. Sakbubare sesorah, Agus banjur lungguh ana papan sing kanggo tamu. Reni nyoba nyedhaki lan ngaturake panuwun menawa isi pidhatone pas banget kanggo ngemutake sapa wae sing melu dhemo.

"Matur nuwun ya Mas. Sesorahe pas banget karo swasana Indonesia saiki."

"Padha-padha, muga-muga tansah isa ketemu ana ing acara kegiatan kampus."

Wiwit saka wektu iku atine tansah ketok-ketoken priya sing mibawani iku. Atine krasa mak sir nek kelingan tangane digenggem kanthi kenceng nalika salaman. Muga-muga isa ketemu maneh. Isih akeh dina.

+++++

Sore iku mulih saka nyambut gawe, pikirane Reni isih ketenta marang wong wadon sing potone ana dhompete Agus. Buneg ora karuwan nek kelingan poto mau. Mung rada dislamur guyon karo anak-anake, Rini, Reza karo Mimi. Bocah telu iku tansah cedhak karo ibune. Sakwise bocah-bocah padha adus sore, Reni gageyan adus lan dandan. Pakulinan sing tansah dilakoni kanthi dhisiplin. Wayah wengi awak kudu wis resik lan luwes ben isa

istirahat kepenak.

Bubar maem sore karo anak-anake, ndilalah kok Gunarso teka dhewekan. Wong siji iki pancen wis kulina karo keluarganya. Wis srawung suwe saksuwene dadi kompanyon ana perusahaan kontraktore bojone. Gunarso ngabarake menawa Agus ora isa mulih sore iku. Malah weling menawa Reni dienteni bubar maghrib bakal ana acara makan malam karo aparat sing tinanggenah ngurusi proyek. Atine kebak pitakonan, wong lagi nglebokke usulan proyek kok ndadak ngundang dhahar mirunggan karo sing tinanggenah ngurusi proyek.

"Mangga Dhik Gunarso, dienteni dhisik wae. Mengko bubar Maghrib lagi budhal. Ora suwe wong panggonane cedhak saka kene."
"Injih Mbak, tak enteni nang ruang tamu kene wae sedhela."
"Mangga Dhik, nek awakmu arep adus dhisik ben seger. Andhuke ana ngarep kamar mandhi."

Gunarso cepet-cepet anggone adus. Wis ngancik wayah Maghrib. Sedhela maneh kudu budhal ngeterke Reni, acara makan malam kanggo nglancarke pembagian proyek. Bubar maghrib wong loro budhal numpak taksi nang rumah makan sing wis direncanakke. Tekan rumah makan swasana isih rada sepi. Mung ana pelanggan siji loro. Panggonane kepenak, swasanane ayam tentrem. Karman wis tekan luwih dhisik, dheweke nggawa kanca, wong wedok nom-noman sing manis rupane. Reni mung mbatin, kok ana kanca wadon ki sapa? Dikenalke karo wong wadon iku, dheweke mung salaman tanpa nyebut jeneng.

Ora suwe sisihane, Agus uga teka. Nanging sing gawe kagete Reni, Agus uga teka karo wong wadon. Ora kleru wong wadon iku sing potone ana dhompete Agus mau esuk kae. Atine muntap ning arep kewetu ora tekan. Ana tempat umum, ana kancane Agus. Dheweke mung mandeng wanita kuwi. Ora ana istimewa babar pisan. Dheweke rumangsa isih sakndhuwure wong wadon kuwi nek dicandra rupa lan dedeg piyadege. Upama kuwi simpenane Agus, ya Aguse wae sing keblinger ora isa ndeleng

kanthi obyektif. Atine dheg-dhegan ora kepenak. Ora suwe tamu sing dienteni padha teka, priya loro setengah umur. Pawakane rada lemu, rambute klimis, patrape dijaga ben katon mibawani. Atine Reni saya ora kepenak. Mung kelingan anake telu sing ana omah dhewe ora ana sing ngancani.

Acara makan malam mung sedhela. Atine Reni ora jenjem, ora isa mangerteni apa sing diomongke. Mung bojone, Agustan Saryadi sing akeh omonge karo bapak-bapak sing jarene pelaksana anggaran ana kantor pamarentah dhaerah iku. Embuh apa sing diomongake. Ora patiya digagas. Rasane kok aneh mrangguli bojone dikancani wong wadon liya. Dheweke ora kenal, ora nyoba kenalan. Reni banjur cepet-cepet pamitan, soale bocah-bocah nang ngomah dhewe ora ana sing ngawat-awati. Bapak sing jarene pelaksana anggaran iku, rada genit anggongone wangsulan.

"Mengko gela lo jeng nek ora melu. Seka kene terus arep karaoke."

Karaoke? Urusane apa karaoke karo rembugan proyek? Reni saya ora mudheng wae. Pikirane isih goreng, mikir anake sing ditinggal nang ngomah. Karo mikir sapa wong wedok sing ngancani bojone iku. Reni banjur gageyan ngundang taksi, mulih kanthi ati lara. Lagi sadhar pikirane kahanane saiki wis beda, kaya bumi karo langit, nek dibandingke karo nalika isih nganten anyar, apa maneh karo nalika jaman pacaran ndhisik.

+++++



BAB 2

Sanggane Sangsaya Abot

*W*engi iku Reni tansah klisikan anggone turu. Ora jenak, sedhela-sedhela kelingan sapa wanita sing potone disimpen ana dhompete Agus. Pas ketemu ana rumah makan mau, jane Reni pengin takon, sapa wanita iku. Nanging ora isa kewetu. Mung tansah mandeng wanita enom iku. Jane prekara rupa lan dedeg piyadege, wanita iku isih kalah karo dheweke. Ning embuh kok Agus isa lelet banget, katon banget anggone cedhak lan gemati. Wengi iki dheweke ngarep-arep muga-muga Agus bakal mulih. Ngenteni kethap-kethip nganti wanci tengah wengi. Agus tetep ora mulih, uga ora ana welingan ana HP. Jane dheweke wis nglremke ati, pengin omong apik-apikan dinggo ngudhari ruwet renteng iki.

Sanggan keluwarga taun-taun pungkasan pancen krasa sangsaya abot. Tanggungane saya akeh. Durung bisa yasa omah dhewe senjata wis omah-omah meh limalas taun. Uripe tansah prasaja, ora tau mubra-mubru babar pisan. Ya untunge dheweke isa nyambi mulang ana esempe, senjata mung dadi guru honorer. Paling ora ana dhuwit sing isa diarep arep pendhak sasine. Ora sepiroa, nanging isa kanggo nyukupi kebutuhane anak-anake sing wis padha sekolah. Rini anak mbarep wis kelas telu esempe, Reza sing nomer loro wis kelas enem sekolah dhasar. Dene Mimi sing ragil lagi kelas papat sekolah dhasar. Telu-telune butuh ragad kanggo sekolahe.

Agus sisihane luwih kerep lunga, ora mulih pirang-pirang minggu. Jarene sih ngurusi proyek karo kancane, Gunarso karo Sukarman. Wektu wiwitan ndhisik menawa mulih mesthi nggawa dhuwit saka proyek, isa dinggo nutup kebutuhan saben dinane. Nanging saya suwe saya arang-arang nggawa mulih dhuwit. Usahane ketoke saya surut. Untung Reni isa golek rejeki dhewe ora ketang sethithik ana ngomah. Sakliyane dadi guru honorer, dheweke ya menahi kursus kanggo siswa saka sekolah dhasar nganti esema. Ana wae sing melu kursus. Tansah selur dinggo ngisi wektune sakbubare mulang. Ndilalah murid-murid sing melu kursuse Reni, banjur lancar sinaune, rapote apik uga luwih manut karo wong tuwane. Mula asring Reni entuk hadhiah saka wong tuwane murid-murid mau. Reni wiwit mahasiswa pancen lantip, wis biyasa menahi kursus marang murid-murid sekolah.

Senajan sanggane sangsaya abot, Reni ora tau nggresula. Kabeh ditampa kanthi sabar. Dongane muga-muga usahane bojone isa bali kaya maune. Ora ketang sithik, dheweke wis isa mbiyantu nutup kebutuhan saben dinane. Agus dhewe kok kaya-kaya ora rumangsa nek sanggan bale wismane tambah abot ngopeni anak telu sing wis padha sekolah. Kabeh sing mikir lan ngadhepi Reni dhewe. Pakulinan wiwit isih bocah, Agus seneng nggawa mulih kanca ana ngomah. Sok nganti pirang-pirang dina. Mbok menawa amarga dianggep, apa pengin dianggep, kanca sing paling mumpuni, tansah mandhegani ana ngarep. Ngonono iku kanggone Reni dadi tambah abot sanggane. Kudu nyiapake kebutuhan tambahan kanggo tamu saben dinane, ora ketung mung sarapan utawa makan siang. Kamangka dhuwit saka Agus ora deres lan lancar metune.

Sing saya gawe gelane Reni, Agus duwe sipat setya kanca klewat wates. Nek ana kancane butuh modhal, mesthi dheweke menahi urun, ora ketang ndadak nganggo nyuwun bapak ibune sing wis pensiun. Kaya-kaya kok ora isa mbedakke endi butuhe keluarga endi butuhe kanca. Mung ben dialem kanca wae tanpa mikir akibate nang keluarga.

Esuk iki mau wis rampung anggone nyiapke sarapan kanggo anak-anake. Swasana regeng amarga mesthi padha rame, karepe arep crita marang ibune. Mimi sing cilik dhewe nywara gawe nratape ati.

"Bu bapak wingi kondur, saiki ana ngendi?"

"Bapakmu isih tindak ngurus gaweyan ndhuk. Ora susah ditakokke."

"Aku pengin nonton pasar malem Bu karo bapak. Kanca-kancaku crita wis padha nonton karo bapak ibune."

Rini banjur aweh wangsulan marang adhine.

"Suk Minggu wae, nonton bareng-bareng karo ibu ya. Ora susah ngenteni Bapak wong lagi golek dhuwit."

Reni mung angles krungu omongane anak-anake. Kabeh dipunggel kanthi donga muga-muga pepeteng enggal lunga saka bale wismane. Mbok menawa dheweke perlu omong karo Agus, piye genahe. Patrape Agus wis ora normal sakwetara wektu. Muga-muga isih isa dirembug wong loro. Wong bebrayan mlaku bareng, nek ana rubeda ya dirembug bareng, diadhepi bareng. Ora mlaku golek slamet lan penake dhewe. Apa maneh wis ana anak telu sing lucu-lucu iku. Aja nganti melu dadi korban.

+++++

Kelingan jaman nalika isih pacaran lan nganten anyar puluhan taun kepungkur. Nalika semana isih nedheng-nedhenge kasmaran. Agus lagi nglamar ana program S2 ana sakwijining pawiyatan luhur ing Ngayogyakarta. Reni uga wis lulus anggone kuliah. Agustan Saryadi sowan ibune, wose matur nek arep nyuwun Reni dadi kancane urip. Ibune Reni, Ibu Maslikah nyarujuki usule Agus. Njaluk supaya enggal rembug tuwa wae. Ibu Maslikah, pengusaha konveksi ana tlatah Salatiga. Ibu tunggal utawa *single mother* wiwit Reni isih cilik. Putrane ana loro, putri kabeh ya Reni karo mbakyune, Mbak Heni sing wis krama. Garwane Mbak Heni kagungan pondhok pesantren ana tlatah Lopait, tokoh agamis sing lagi wiwit kondhang.

Sakwetara minggu maneh banjur ana acara lamaran. Bapak Ibune Agus, Bapak Kusparmana lan Ibu Malekah karo sedulur-sedulure padha lunga ana Salatiga sakperlu acara lamaran. Senenge setengah mati Reni rikala semana, arep disandhing karo priya sing ditresnani lan digandrungi. Aktiwis kampus lan organisasi mahasiswa ekstra universitas. Kira-kira sesasi sakbubare lamaran, Reni karo Agus banjur padha nglakoni nikah ana Salatiga. Bapake Reni, sing wis suwe omah-omah maneh karo ibu sambungan, ya nekani acara nikahan. Rasane seneng banget Reni wektu iku, nyumurupi bapake nekani acara nikahane. Ewasemana, atine nglangut mikir kok nganti bapake lan ibune isa pisahan, kamangka ya padha dene anggone dadi pengusaha swasta. Bapake pegusaha kemasan, lan ibune pengusaha konveksi. Ketemu jaman enom padha senenge, ora dijodokke mbahne. Reni isane mung ndonga supaya dheweke entuk dalan sing apik, aja nganti ana rubeda anggone omah-omah, isa sakteruse bebarengan karo Agus sing ditresnani.

Bubar nikahan Reni karo Agus isih kumpul sak omah karo bapak ibune Agus. Ora dadi masalah babar pisan kanggone Reni, amarga Pak Kusparmana lan Bu Malekah tansah gemati karo dheweke. Ora suwe ana Semarang, kudu melu Agus menyang Yogya, nglakoni program studhi S2 ana babagan Teknik Sipil sing mligi ana masalah lingkungan. Ana Yogya, manggon ana omahhe sedulur, bulike Agus. Sinambi kuliah, Agus tansah aktip ana organisasi swadhaya masyarakat ana babagan lingkungan. Usahaane dipasrahke marang kanca-kanca kompanyone. Kancane Agus pancen akeh, isa dipasrahi ngurus urusan bisnis. Senajan ya ora kabeh isa dipercaya.

Ana Yogya mung udakara rong taun. Kabeh sarwa lancar. Bale wisma lancar, usaha lancar. Wiwit ana rubeda nalika bali urip ana Semarang maneh. Tekane rubeda mbaka sethithik, ora dirasa. Rumangsane maune ya mung kembangge bebrayan wae. Nanging saya suwe kok rasane saya aneh. Saya adoh lan saya kabur manfaat kabeh kegiatan mau kanggone urip bebrayan. Saiki

lagi krasa, wis nyimpang adoh saka pepenginan lan impen nalika jaman isih pacaran dhisik. Pengin bali kaya wingi-wingi, menawa durung kasep kadohan anggone nyimpang.

Isih kelingan cetha wela-wela pepenginane Agus rikala ana Yogya. Kerep sesorah lan wawan rembug karo kanca-kancane ana, pengin nggiyatake masyarakat lingkungan ana Jawa Tengah. Pengin nandur mangrove ana pesisir Jawa Tengah iring lor. Kabeh mau ya apik-apik wae. Ning kudu ngelingi keluwarga. Kudu ngidak lemah, ora mung duwe idealisme ana ngawang-awang. Mengko nek wis mulih menyang Semarang kabeh isa didandani saka wiwitan. Nyegerake anggone urip bebrayan karo sarana usaha sing isa kanggo nyukupi keluwarga.

+++++

Sakbubare patemon karo pejabat pelaksana anggaran lan pejabat saka perusahaan kontraktor raksasa duweke negara, ana rumah makan sakwetara dina kepungkur, Agus nganti dina iki durung mulih. Jare isih lunga ngurusi tender proyek. Mung Gunarso karo Karman sing saben dina teka ana omahe, amarga alamat CV wis diganti ana alamat ngomah. Maune kantore ana omah kontrakan ana pinggir dalan gedhe. Reni rumangsa ora nyaman jane, ana ngomah barengan karo wong lanang loro sing dudu apa-apane. Ning piye maneh wong dalane kudu ngono, alamat omahe nggo alamat CV, bojone lunga durung mulih, kompanyon CV saben dina teka ana ngomahe. Senajan ora seneng nanging kudu dilakoni lan ditampa.

Reni ora tau sambat marang wong liya, ora sambat marang ibune utawa mbakyune, Mbak Heni. Mung sok-sok mbok menawa maratuwane, Pak Kusparmana karo Bu Malekah amarga omahe cedhak kerep ngerti kahanan bale wismane Reni karo Agus. Ewasemana Reni kerep nutup-nutupi salah tingkahe sisihane mau. Sore iki mau Pak Kusparmana karo Bu Malekah rawuh nang omahe, niliki putu-putune karo ngabarake kahanane putra lan mantune.

"Reni, bojomu apa ora ana ngomah?"

"Mboten mantuk sampun sakwetawis dinten Bapak Ibu."

"Lha wong lanang loro kuwi apa kompanyone ana CV?"

*"Injih Bapak, Mas Sukarman lan Mas Gunarso ingkang kapas-
rahan ngurus CV nipun. Mas Agus lajeng ingkang kedah kathah
medal wonten lapangan pados proyek."*

"Lha kantore CV nang ndalan gedhe kana ta?"

*"Injih ibu, kantoripun punika pun pindhah wonten griya semen-
tara punika. Telas kontrakanipun kantor."*

*"Jane urusan kantor ya ben nang kantor. Aja dicampur nang
ngomah ta ndhuk."*

*"Kasinggihan Bapak Ibu, kula mboten saged menapa-menapa.
Punika kajengipun Mas Agus."*

*"Piye anak-anakmu ora kurang apa-apa ta ndhuk? Rini, Reza
karo Mimi?"*

Krungu pitakonane mara tuwane, Reni saknalika mbrabak raine,
mripate ngembeng eluh. Ambrol tangise, banjur ngrangkul Bu
Malekah.

"Nyuwun sewu bapak Ibu, kula janipun sampun mboten kiyat malih."

"Piye ta ndhuk sing sabar, critakno marang ibumu karo bapakmu."

*"Cariyospin panjang Bapak Ibu. Untungipun lare lare taksih
saged sekolah kanthi lancar. Bapakipun asring mboten wangsul.
Kala wingi wangsul mbeta lare estri."*

"Bocah wedok sapa iku. Kurang ajar isa marahi rusak kabeh."

*"Dalem mboten mangertos Bapak Ibu. Kula takeni malah mreki-
tik kula kapurih nrimah lan mendel kemawon."*

+++++



BAB 3

Amburadhul

Pak Kusparmana karo Bu Malekah ngerih-erih Reni supaya sareh, aja ngetokke anggone nangis ana ngarepe anak-anake, Rini, Reza karo Mimi. Banjur ngajak Reni mlebu ana kamar ben isa taneg anggone crita. Dene Pak Kusparmana, lungguh ana ruang keluarga nemoni putu-putune sing lagi padha sinau. Bareng ana kamar, Reni rada isa ngleremake atine, meneng sedhela karo nata pikirane sing isih kebak pitakonan. Durung bisa mikir padhang menawa ditakoni karo ibune mara tuwa. Mung ditatag-tatage menawa kudu omong blak-blakan karo mara tuwane. Wis wancine kudu dibukak, ora isa kabeh disidhem dhewe.

"Jan-jane piye ta Ndhuk uripmu karo kangmasmu Agus? Sing ati-ati ya aja nganti anak-anakmu melu sedhih, mundhak ora apik kanggone bocah."

"Injih Bu, estunipun Mas Agus sampun dangu asring kesah pinten-pinten minggu, amargi kedah ngawasi proyek wonten lapangan."

"Gaweyane tansah lancar nang lapangan. Lha wis pancen kudu ngono gaweyane, sing penting isa dadi rejekimu karo anak-anakmu."

"Rikala wiwitan panci saged lancar ibu, menawi mantuk temtu mbekta tirahan arto kangge nyekapi betah nggriya. Nanging sampun sakwetawis wulan menika, mantukipun sangsaya awis-awis, ugi mboten nate nyukani arto kebetahan nggriya."

"Lha terus sing kok nggo nutup kebutuhan saben dinane saka ngendi Ndhuk?"

"Namung saking honor mucal kaliyan kursus-kursus kemawon

Bu. Mboten ketang sekedhik taksih saged kangge nutup kebetahan wingking."

"Aku melu susah Ndhuk. Sing sabar ya kanggo anak-anakmu. Mengko nek bojomu mulih, aku karo Bapakmu, pengin omong-omong."

"Dereng mangertos, mbenjang menapa anggenipun badhe mantuk."

"Ya awake dhewe kudu ngenteni, nek ora mengko tak kontake liwat tilpon genggam."

"Matur nuwun Bu, kula bel mboten nate pun angkat."

"Mengko nek dheweke mulih, kandhanana nek dienteni Bapak karo Ibu ya. Iki ana dhuwit sithik nek nggo njajakke anak-anakmu."

Reni rumangsa mak plong dene Bapak Ibune maratuwa nyipati dhewe kahanan bale wismane. Mesthine wis pengalaman akeh ing babagan urip bebrayan. Mesthi bakal nguningani apa sing kedadeyan ana keluwarga sing dadi tanggung jawabe Agus. Bu Malekah wis udakara meh seket taun anggone nyandhing Pak Kusparmana. Rukun ora tau ana masalah sing serius antarane pasangan sepuh iku. Pak Kusparmana rikala isih aktif, ngasto ana perusahaan BUMN sing gedhe, nganti dadi Kepala Wilayah ana propinsi Jawa Tengah sakdurunge pensiun.

Bu Malekah aktif ana organisasi Darma Wanita. Dadi uripe temata wiwit sepisanan krama ing taun pitung puluhan. Mula sedhik banget nyipati uripe putrane mbarep sing tansah digadhang-gadhang ing tembe mburi, urip seneng lan tentrem karo keluwargane. Kok malah nggawa bali wong wedok liya sing dudu sisihane, ki karepe piye. Bebas anggone nyambut gawe dhewe, ora dadi pegawai gajian, dadi ya ora bakal ana sing ngawasi lan menahi kondite. Nanging kanyatan sing ora isa diselaki, wong nek lakune ora pener ki bisa marahi usahane rendhet. Iki sing uga paling diwedeni dening Bu Malekah, piye nek nganti usahane Agus ambruk. Ning angger-angger dikandhani, Agus rumangsa kumalungkung. Jawabane malah sok sinis lan ngremehake.

"Ora sah digalih bu, mengko nek aku dadi pengusaha sukses, sugih, wong-wong iku rak mesthi kecelik"

Pak Kusmaparmana sakwise nyambangi putu-putune, banjur metu ana ruang tamu ngarep sing saiki dadi kantor. Pengin ngaruhke lakune perusahaan CV Intan Indah Karya. Wong jan-jane kabeh mau sing modhali ya Pak Kusparmana. Dheweke ngenalke marang Gunarso lan Sukarman, banjur takon-takon.

"Kula bapakne Agus, njenengan sing kajibah ngurusi CV?"

"Njih Pak, Mas Agus wonten lapangan, kita nengga kantor."

"Proyeke teng pundi mawon?"

"Perbaikan mergi ageng wonten tlatah Bringin Bapak."

"Lancar pelaksanaane?"

"Njih pangestunipun, nanging pembayaran termin radi rendhet."

"Njenengan ngertos proyek perumahan teng Ngaliyan riyin. Mpun meh telung taun kok ora ana beritane."

"Proyek perumahan Ngaliyan, kala kula mlebet dhateng CV punika, sampun rampung Bapak. Wonten tigang dasa unit, sampun srah-srahan sedaya."

"Kok mboten enten laporane nggih. Kula lewat Agus rak urun modhal siti nem ewu limang atus meter persegi teng Ngaliyan niku."

"Nuwun sewu Bapak, rikala kita mlebet mriki, proyek perumahan punika sampun rampungan. Malah CV Intan Indah Karya, kala semanten radi nampi keribetan amargi ketelasan modhal. Lajeng kita kekalih nyuntik dhana segar sakwetawis."

Pak Kusparmana rada njegreg kaget krungu omongane Gunarso karo Karman. Dheweke wis curiga rada sakuntara menawa ana sing ora pener lakune CV iki. Jaman semana tanah nem ewu limang atus meter persegi ana Ngaliyan kuwi dinggo peternakan ayam. Rikala semana Agus dibantu sedulure Reni saka Salatiga sing wis kasil mbangun peternakan ayam gedhen, miwiti usaha peternakan ayam ana Ngaliyan. Pancen ana masalah karo tangga teparo amarga ijin lokasine durung ana. Embuh piye genahe, dadakan Agus menahi weruh marang Bapak Ibune, nek tanah Ngaliyan arep dinggo modhal usaha perumahan. Ora butuh modhal tambahan.

Pak Kusparmana karo Bu Malekah ya mung setuju wae, angger dikelola kanthi pener. Sertifikat tanah wis dipasrahke, pembayarane bertahap. Saben ana unit sing payu, rega lemah saka unit kuwi lagi dibayarke. Pembayaran pancen lancar udakara ana sepuluh unit sing wis payu. Suwe-suwe kok banjur ora ana kabare. Malah kok banjur krungu nek lahane mau wis pindhah pengelola. Lemah anggone tuku amarga nyelengi saka sithik, nalika isih murah dhisik kok isa ilang ngono wae. Kamangka sakwise iku Ngaliyan dadi dhaerah perumahan, rega lemah nang kono wis limang atus ewu rupiah per meter. Dhuwit sing mlebu saka usaha perumahan kuwi prasasat ora mingsra karo nilai tanah. Amarga anggone ngurus ora tlaten, kabeh dipercayakke karo wong liya. Akhire kelangan hak kepemilikan. Tau ditakokke nang kantor BPN ya ora ana pratandha nek isa diurus maneh. Agus jaman semana gonta-ganti usaha, urusan perumahan dipasrahke kanca kompanyone, dheweke gawe usaha liya. Pungkasane malah ilang-ilangan.

Jaman arep lulus dhisik, wis dipernahke supaya nglamar gaweyan wae ana BUMN. Aja langsung nyebur nang donyane bisnis nek durung ana pengalaman. Pak Kusparmana nate gawe katebelece kanggo nglamar nang BUMN panggonane dheweke nyambut gawe. Ana wong enem, ya adhike lan ponakane Pak Kusparmana lan Bu Malekah sing isa ketampa nang BUMN, mapan posisine nganti dina iki. Nanging Agus diwenehi weruh rumangsa ora ketarik. Dadi wong gajian, ora bebas. Pengine dadi pengusaha, isa bebas ngatur wong lan ngatur permodhalan. Ning ya kuwi, nek usaha arep kasil ya kudu temen. Ora mlumpat-mlumpat, bola-bali ganti usaha. Saiki wis kasep upama arep nglebokke lamaran. Umure wis kliwat. Ya wis ditrimakke wae, muga-muga usaha bisnise kasil ing tembe mburi. Lha ning kok malah ana wong wadon liya ki piye ta. Tambah buneg Pak Kusparmana karo Bu Malekah.

+++++

Wayah repet-repet sore. Kahanan wis kepara sepi. Swarane

wong ana kampung sing maune regeng rame, malih dadi sepi, wis padha mulih nang omahe dhewe-dhewe. Angin sore semribit marahi nang ati krasa tentrem lan seneng. Mung swara jenggeret nong sing njerit-njerit ana wit-witan, methukke tekane wengi. Kaya swara bayi nggoleki biyunge. Marahi nglangut lan tintrim nang ati. Reni lagi lungguhan ana ruang mburi, sakwise ngladeni maem sore anak-anake. Rini, Reza karo Mimi lagi pada sinau ana ruang tengah. Anteng tanpa swara rame, mung Mimi sok mbengok nek diganggu kangmase. Reni lungguhan ana tritis mburi nyawang kembang manekawarna ana pekarangan. Ora jembar banget nanging cukup dinggo nandur taneman kembang sing disenengi. Ana bouginvila ungu nang pojok pekarangan. Wit karemane wiwit nalika isih nganten anyar. Sing nandur Agus rikala semana. Dumadakan krungu swarane Mimi, mbengok ngundang ibune.

"Ibu-ibu bapak rawuh iki lho. Pak Mimi dijak nonton pasar malem ya."

Bocah telu padha nyalami bapakne sing wis diarep-arep tekane. Agus katon kesel, praupane pucet, ngadeg ana ruang tengah, cedhak karo meja makan sing lagi dinggo sinau anak-anake. Reni alon-alon mara nang ruang tengah. Rada kaget meruhi kahanane Agus sing katon pucet lan kesel. Ragu-ragu arep nyalami, mung menahi tandha supaya Agus terus nang kamar mandhi resik-resik awak dhisik sakdurunge nemoni anak-anake.

Bubar saka kamar mandhi, Agus banjur mlebu kamar, mbok menawa pengin cepet leren. Ora ana wektu kanggo wawan rembug karo sisihane. Reni ora wani nyandhet bojone supaya lungguh dhisik. Nek diteruske pitakonane dheweke marang Agus, mesthi bakal rame kedadeyane. Ora apik ana ngarepe anak-anake, sing lagi padha sinau. Atine disabar-sabarke ngenteni wektu sing luwih apik kanggo takon marang Agus. Dheweke nerusake anggone mriksa garapane murid-muride sing digawa mulih. Garapan-garapan mau isa kanggo ngisi wektu, nglalekake ruwet rentenge bebrayan, nalika anak-anake wis padha turu ing

wayah wengi. Menawa Rini, Reza karo Mimi isih padha gojegan rame, Reni melu rumangsa seneng, gojegane anak-anake ya dadi panglipur atine sing lagi kelaran lan kasepen.

Wengi iku anak-anake wis padha turu. Wis kliwat jam sanga bengi. Dheweke neruske anggone mriksa garapane murid-muride. Reni mulang Ilmu Alam lan Matematika wis sakwetara taun iki, uga menehi bimbingan belajar kanggo murid murid sekolah sing mbutuhake. Dumadakan ana swara lawang kamar dibukak. Agus tangi lan metu saka kamare. Senajan atine isih anyel, Reni nyoba nyapa Agus kaya-kaya ora ana kedadeyan apa-apa.

"Arep dhahar Mas, nek iya tak nget e dhisik lawuhane?"
"Terima kasih Dhik."

Agus semaur ringkes karo manthuk. Ora omong babar blas. Mung meneng lungguh ana kursi. Reni nyepakke wedang teh anget kanggo bojone. Banjur tata dhahar lan ngancani Agus maem wengi. Swasanane tetep sidhem ora ana rembug apa-apa.

Reni isih sabar, diwanek-wanekke atine nyapa Agus.

"Mas aku pengen takon njenengan lan ngrungokke rembugmu. Mumpung ketemu lan bocah-bocah wis padha turu."

"Aku durung siap rembugan apa-apa Dhik. Aku lagi ngadhepi alangan abot karo usahaku."

"Mas antarane awake dhewe wis akeh sing owah. Apa njenengan ora krasa? Aku pengen rembugan kanthi etiket apik, nek isih isa digawe apik maneh kaya wingi-wingi."

"Iya Dhik aku ngerti, ning aku ora siap rembugan wektu iki."

"Ya ora isa dipeksa. Nanging bapak karo Ibu ngendika awake dhewe wong loro kudu sowan."

"Aku mau wis mampir nang Bapak Ibu Dhik."

"Ora cukup mung mampir, ning kudu ana rembug prekara tanggung jawabe awake dhewe minangka wong tuwane bocah-bocah."

"Aku lagi ngadhepi prekara abot Dhik. Ora isa kok ajak mikir sing aneh-aneh."

"Mas nek prekara tanggung jawab sampeyan nang bocah-bocah

kuwi dudu barang aneh-aneh nanging wis dadi kuwajibanmu."

"Apa karepmu Dhik, ora mudheng aku."

"Wis punjul nem sasi iki aku bantingan dhewe, dinggo nyukupi butuh mburi karo butuhe bocah-bocah, apa njenengan tetep ora mudheng?"

"Ora susah ngajak padu Dhik. Kahananku ya lagi ruwet kaya ngene."

"Lha ruwet apa ta? Bocah-bocah kan ya tanggung jawabmu ta Mas. Dina-dina iki awake dhewe wong loro kudu sowan Bapak Ibu. Piye genahe? Aku wong wadon ya duwe hak takon lan njaluk ketegasanmu Mas."

+++++





BAB 4

Ngayawara

*W*engi iku Agus karo sisihane Reni sidane ketemu bapak ibune, Pak Kusparmana lan Bu Malekah. Kanggone Pak Kusparmana sekalian, wiwit mula pancen wis diniyati ora bakal melu campur urusane keluwarga putrane. Kabeh mau wose dadi prekara internal keluwargane putrane, Agus karo Reni. Nanging bareng nguningani dhewe prastawa saknyatane lan krungu dhewe sambate Reni marang ibu marasepuhe, mula banjur gilig pemanggihe. Wis kadohan prekara bebendhu sing kedadeyan ana ing keluwargane putrane. Kudu ditlesih lan digenahake, muga-muga isa kanggone Agus lan Reni anggone mrantasi prekara keluwarga sing lagi diadepi. Pak Kusparmana karo garwane Bu Malekah kanthi ngati-ati nakoni Agus karo Reni.

"Agus karo Reni anakku sing tak tresnani. Iki aku karo ibumu, tak kira wis wayahe kudu takon marang awakmu wong loro. Janjane ki ana kedadeyan apa antarane awakmu Agus karo sisihanmu Reni. Nek ana gedhe cilike prekara sing awakmu wong loro ora isa nguwali, aja tida matur bapak ibumu, nek mbok menawa aku wong loro mbiyantu menahi dalan."

Pak Kusparmana miwiti pangandikan kanthi sabar senajan atine wis panas nyipati kedadeyan sing lagi mlaku antarane Agus karo Reni. Bu Malekah uga banjur neruske pangandikane Pak Kusparmana.

"Upama kene ora meruhi dhewe kedadeyane ya ora bakal ke-

wanen nlesih awakmu wong loro maneh sisihanmu wis sambat blak-blakan aku isa ngrasakke abote sanggan sing kudu diadepi Reni sisihanmu kuwi."

"Jane ya ora ana masalah babar pisan antarane aku karo Reni, apa maneh karo bocah-bocah. Wis lumrah menawa keluwarga ki kena coba. Masalah biyasa ora perlu digedhek-gedhekake. Kabeh isa diprantasi, ora perlu sambat ngalor ngidul."

Agus wiwit miwiti wangsulan, ora ngakoni menawa ana prekara serius sing lagi diadhepi, ora babar pisan mikir menawa ana masalah serius ing keluwargane. Pak Kusparmana, Bu Malekah karo Reni nganti getem-getem nang njero atine. Agus wis angel diajak omong prekara donya kanyatan. Bu Malekah banjur neruske ngendikane.

"Ngene lo Gus, Reni sambat jare wis pirang-pirang sasi ora tau kok wenehi dhuwit kanggo nutup kebutuhan mburi karo kebutuhan anak-anakmu. Apa bener ta Gus, nek pancen bener ya kebangeten, wong kabeh mau isih dadi tanggung jawabmu, wose awakmu minangka kepala keluwarga."

"Iya bener bu. Pancen sakwetara wektu iki usahaku lagi mundur. Biyasa ta nek usaha ki mesthi ana maju mundure. Urip iku dalasan mung mubeng kaya rodha, sok nang ndhuwur sok-sok ya nang ngisor ta. Apa ya salahku dhewe?"

"Aku wingi ya ana wektu omong omong karo kompanyonmu kuwi, Gunarso karo Karman. Kok dheweke jare ya pasok modhal nang CV mu ki genahe piye? Lha usaha perumahan saka lemah nang Ngaliyan kae piye kok ora tau ana terusane?"

"Bapak karo ibu ora susah panik dhisik ta. Wong laku bisnis ki lumrah nek sok anjlog terus duwe utang. Konglomerat nang Indonesia ki sing ora duwe utang sapa njajal, endi utang BLBI, utang pamarentah. Wis untung aku ora utang pamarentah apa BLBI. Mung kelangan asset nang Ngaliyan we kok wis panik. Bapak ki kan pensiunan pegawai, nampa gajian, ora tau nang

donyane bisnis sing kudu mikir muter modhal. Tenang wae, suk nek usahaku kasil mesthi dha kecelik wong-wong iku."

"Keluwargamu ngadhepi masalah le. Awakmu minangka kepala keluarga kudu maju wani tanggung jawab. Aja kok tinggal glanggang, kabeh bojomu sing kok kon ngadhepi. Urip bebrayan ki nek ana masalah ya diadhepi bareng. Masalaha saiki, wektu iki, ya kudu diadhepi saiki, aja mung njagakke tembe mburi nek ana kedadeyan ajaib. Apa awakmu ora mesakke bojomu karo anak anakmu."

"Bapak ibu lan Reni sing tak tresnani. Jane wektu iki aku durung siyap ngudharake prekara sing lagi tak lakoni. Waleh-waleh apa, jane aku nglakoni kaya ngene iki kan lagi nglakoni laku prihatin. Mbokmenawa ora ana wong sing tahan lan kuwat nglakoni. Apa sing tak lakoni iku ya sing ndhawuhi Pak Kyai, kanggo tirakat ben entuk urip mulya kanggo keluarga ing tembe mburi. Dadi aja kleru tanpa dhisik."

"Lha Mas Agus runtang-runtung nggawa bocah wadon dudu sisi-hane ki kanggo apa. Kuwi ya nglakoni tirakat ngono karepmu?"

"Bener kuwi Reni, aku runtang-runtung kumpul karo Rumiyati, ya amarga kudu nyukupi syarat entuk kanugrahan urip mulya ing tembe mburi. Dudu karepku dhewe. Sing ndhawuhi ya Pak Kyai, jare ana wangsit kanggo aku. Nek isa ngupakara randha kuning bakal entuk bebana jarene. Kelingan ora critane simbah buyut ana Ambarawa ndhisik. Jarene diimpeni kudu ngrabi bocah dhampit nek pengin dadi lurah. Bareng ngrabeni prawan dhampit banjur menang anggane pilihan lurah. Aja sok nyepeleke wangsit."

"Ya ngene wae ya Gus, bapakmu karo ibumu mung ngelikake menawa keluwargamu lagi kena bebendhu. Bojomu kudu kok dhampingi karo anak-anakmu ngadhepi bebendhu iki. Aja kok tinggal. Nek awakmu butuh pambiyantu, matura bapak ibumu, tak bantu sakkuwatku."

Pak Kusparmana karo Bu Malekah sangsaya ngungun nyipati rembuge Agus. Wis ora isa ngambah lemah. Anane mung duwe bayangan pepenginan sing kabur nang awang-awang. Bisane ya mung dedonga muga muga Agus diparingi tobat lan sadhar kuwajibane minangka kepala keluarga. Angel ora isa dipeksa. Ning pangarep-arepe muga muga Agus enggal diparingi sadhar. Nek prekara bandha, Pak Kusparmana karo Bu Malekah isih duwe asset akeh kanggo nutupi utange putrane. Ning nek dalam pikire isih ngayawara ya percumah ditutup modhal. Mesthi ya entek gusis bakale.

+++++

Reni wis ora kaget karo rembuge Agus. Dheweke wis wola-wali krungu ceramahe sisihane mau menawa kudu sabar ngenteni tekane kanugrahan sing bakal teka. Angger tahan le nglakoni, tahan le ngerem rasa ora enak nang ati, sisihane runtang-runtung karo bocah wadon liya, kudu ditampa kanthi lega lila. Ngonokok jarene nglakoni tirakat. Tirakat saka ngendirane. Wis pirang-pirang sasi ora menehi kanggo kebutuhan keluarga lan sekolahe anak-anake, kok wektu-wektu pungkasan iki malah sering mulih njaluk tambahan dhuwit, jare kanggo nutup kebutuhan usaha. Ora mung sepisan utawa ping pindho. Prasasat dadi pakulinan. Nek mulih kudu ana dhuwit. Sepedha motore sing pungkasan dilebokke nang tukang renten. Embuh isa njupuk apa ora. Sing paling ngisinake, Agus wani teka nang kantor Yayasan sing nduweni sekolahan panggonan dheweke mulang lan anak-anake sekolah. Agus nyebrak njaluk kredit dadakan alasane sedulure lara. Tanggungane ya gajine bojone saka Yayasan kuwi.

Kawitane Reni ora ngerti babar pisan menawa Agus njupuk kredit nang Yayasan. Dheweke lagi ngerti nalika njupuk gaji pas dina gajian. Honor wulanane dipotong separoh kanggo nyarutang Yayasan. Dheweke pengin protes amarga sing njupuk Agus tanpa menehi weruh marang dheweke. Tur dudu kanggo kepentingan keluarga. Dheweke protes kok ora tau diwenehi weruh dening pengurus Yayasan menawa sisihane nyilih dhuwit kanthi

tanggungan gajine dheweke. Ning pengurus Yayasan ya enak wae, soale wis ana tandha tangan kesanggupan melunasi dilampiri poto kopi surat nikah. Wis cukup kuat kanggo ngeculke dhuwit saka kas Yayasan.

Dina iku pas ana rapat Yayasan. Ketua Yayasan, ya pemilik perguruan rawuh saka Jakarta. Asmane Pak Randhi. Pengusaha isih enom, neruske Yayasan sing diwiwiti dening keng ramane sing maune dadi Kepala Dhinan ana propinsi Jawa Tengah. Bareng pensiun banjur ngurusi Yayasan nganti lan sedane, terus diteruske dening putrane, Pak Randhi. Reni wiwit esuk wis diwenehi weruh menawa bubar rapat mengko dienteni ketemu karo Pak Randhi.

Jam istirahat awan Reni biyasane mulih maem awan. Omahe cedhak karo sekolahan. Anak-anake uga padha mulih maem awan. Dina iki amarga arep ketemu Ketua Yayasan, Reni ora mulih. Bocah-bocah wis dicepaki maem awan mau. Ana asisten rumah tangga sing mbantu ngladeni bocah-bocah awan iku. Biyasane mung resik-resik omah karo umbah-ubah. Awan iku mbake uga ngladeni bocah-bocah maem awan.

Jam rolas luwih sethithik Reni wis rampung anggone mulang. Banjur mara nang ruang guru sakperlu istirahat. Let sedhela ana tilpon saka kantor Yayasan supaya dheweke mara nang kantor. Atine wis dheg-dhegan banget. Mesthi arep dilandrad prekara bojone anggone nyilih dhuwit nang Yayasan. Dheweke durung tau ketemu Ketua Yayasan saksuwene kerja ana sekolahan kuwi. Atine dheg-dhegan nalika mara nang kantor Yayasan sing pernahhe ana bangunan ngarep. Ngisor kanggo kantor lan lantai dhuwur kanggo dalem sing kagungan Yayasan menawa pas tindak ana Semarang. Dheweke dipernahke mara nang ruang tamu ana lantai ngisor. Ora let suwe sekretaris ngeterke Ketua Yayasan nang ruang tamu njur ngenalke Reni.

Reni kaget setengah mati nalika dikenalke Pak Randhi, ketua Yayasan. Rumangsane dheweke piyayine wis sepuh. Jebul isih enom, udakara tengah patang puluhan, grapyak semanak. Ny-

alami Reni kanthi trapsila.

"Iki sing asmane Ibu Anisah Anggraeni. Tepungke aku Randhi Narwanto. Durung nate ketemu njih Bu."

"Dereng Bapak, nembe sepisan punika. Janipun sampun dangu wonten perguruan mriki, nanging panci dereng nate kepanggih."

"Ya ora apa-apa Bu. Ketemu sepisan iki, amarga aku pengin ngerti lan kenal karo kabeh guru lan pegawai Yayasan. Mbokmenawa ana sing pengin ngetokke uneg-uneg langsung nang Yayasan."

"Matur nuwun Bapak, sampun saged dipuntampi wonten perguruan mriki. Mugi-mugi saged wilujeng teras dados guru wonten mriki."

"Iya panjenengan seneng nyambut gawe ana perguruan kene ya Jeng"

"Remen saestu dados guru, kaliyan sok nganakaken les kangge murid-murid saking sekolah pundi mawon, babagan matematika, fisika lan kimia."

"Aku melu seneng dene Ibu Anisah isa seneng nang perguruan kene. Muga muga tansah lancar ora ana sambe kala apa-apa."

"Matur nuwun Bapak sedaya pambiyantunipun. Mugi-mugi Gusti Allah ingkang paring piwales dhateng panjenengan."

"Nuwun sewu ya Bu Anisah, aku krungu jare sliramu mung nampa gaji separoh amarga wis dijupuk kanthi skema pinjaman. Apa ora nyengklong banget?"

"Janipun njih kraos awrat sanget, amargi kangge kebetahan wingking lan lare-lare. Kula mboten nate pun paringi priksa. Kanca jaler ugi mboten nate sanjang menapa-menapa. Kok kula kaliyan lare lare ingkang kedah nanggél. Arto punika mboten kangge keluwarga Bapak."

"Hmm ngono ya."

Rada meneng sedhela. Reni wis wiwit mbrabak mripate, eluhe netes tanpa isa dicandhet. Pak Randhi rada meneng suwe. Keuangan Yayasan pancen lagi rada seret amarga cacahé murid tahun-tahun pungkasan rada medhun. Nanging meruhi sambate lan tangise Reni, dheweke ora tegel. Ora pengin ngerti ana apa

antarane Reni karo sisihane. Alon-alon dheweke banjur takon.

"Pira ta Jeng sing dipundhut keng raka?"

"Tigang yuta Bapak. Dos kula kedah pun cenglong gangsal atus sewu kaping nem."

"Ngene wae ya Bu padha enake. Njenengan mbalekke wae separo nek ora kabotan. Iki dhuwit 3 yuta saka aku. Aja kleru tampa, sing separo kanggo ngangsur Yayasan, sing separo kanggo njenengan."

Reni kaget krungu ngendikane Pak Randhi. Dheweke mung isa matur nuwun, karo mingsek-mingsek. Rumangsa ketulungan banget amarga gajine ora sida kepotong limang atus ewu pendhak wulane. Dheweke cepet nyalami Pak Randhi, ngaturake panuwun sing gedhe wis diparingi keringanan. Muga-muga Gusti Allah sing males. Banjur cepet-cepet nyuwun pamit.

+++++



BAB 5

Dongane Biyung

*D*ina Setu awan sakbubare mulang, Reni karo anake sing cilik Mimi, budhal menyang Salatiga numpak bis. Sakperlu tilik ibune, Bu Maslikah, sing daleme ana ing tlatah Salatiga. Anake pancen ora diajak kabeh mundhak repot, wong mung sakperlu tilik ibune, nginep sewengi. Bocah loro, Rini karo Reza, dititipke karo tangga, Mbak Tini, sing wis kulina mbantu dheweke. Tekan Salatiga wis ngancik wayah sore, bubar ashar, langsung njujug nang omahe ibune ana ing dhaerah Cebongan. Bu Maslikah wis dikabari liwat WA menawa Reni arep mulih sore iku. Banget anggone ngantu-antu tekane putrine nomer loro, ya Anisah Anggareni. Akeh sing bakal digenahake karo Reni tumrap kahanan keluwargane. Reni pancen wis arang-arang mulih ana Salatiga, sakploke ana ruwet renteng anggone bebrayan karo Agus.

Bu Maslikah ibu tunggal utawa *single mother*, kagungan putri loro, Mbak Heni karo Reni. Mbak Heni wis mapan uripe, maune dadi guru, terus saiki karo dadi pengurus pondhok pesantren kagungane mara tuwane, sing diteruske dening putrane Mas Afandi ya sisihane Mbak Heni. Bu Maslikah tansah prihatin mikirake uripe Reni, wong wis duwe anak telu kok uripe isih durung mapan babarpisan. Isih akeh jeglongane munggah mudhun ora karuwan. Isane ya mung ndonga, muga-muga enggal diparingi dalan padhang karo Gusti. Kagungan usaha konveksi wis dilakoni wiwit Reni isih cilik. Madeg urip dhewe minangka ibu tunggal sakwise pisahan karo garwane, Pak Harno pengusaha kemasan ana ing

tlatah Salatiga uga.

Bu Maslikah seneng banget ditekani Reni karo Mimi sore iku. Reni dirangkul kenceng karo nangis sesenggrukan.

"Piye kabarmu ndhuk, wis suwe ora mulih. Ora ana apa-apa ta?"

"Aku karo bocah-bocah apik-apik wae bu. Rini karo Reza ora tak ajak sisan amarga repot. Numpak bis umum iki mau."

"Lha bojomu, Agus kok ora melu ana apa?"

"Mas Agus lagi nggarap proyek nang luar kota. Kayane proyeke nang dhaerah Bringin bu."

"Oo ya wis ora apa-apa. Suk maneh nek mulih bojomu karo anak-anakmu diajak kabeh. Benganep le seneng. Rini kari Reza ora papa ditinggal dhewekan?"

"Ora Bu wong dikancani karo Mbak Tini. Wis kulina karo bocah-bocah."

"Leren dhisik ya ndhuk. Wis tak cepaki wedang teh iki mau. Anakmu diajak maem dhisik kana. Mengko nek wis leren aku pengin omong rada akeh."

Reni banjur maem, karo Mimi. Mulih saka sekolahan mau pancen durung sempat leren, durung sempat maem awan. Nang standplat bis wis dijajakke bakmi wungkusan, ning ya durung isa maregi. Bocah lagi nedheng-nedhenge seneng maem. Bubar maem Mimi banjur turu, mbok menawa pancen kekeselen. Reni banjur mara nang kamare ibune sing lagi leyehe-leyeh ana tempat tidur.

"Ibu rak sehat-sehat wae ta saksuwene ora ketemu aku?"

"Ya sehate wong tuwa ta ndhuk, encokku sing sok kerep kumat. Ning wis entuk obat rutin saka Puskesmas kanggo nek kumat."

"Mbak Heni karo Mas Afandi kan ya kerep ngendhangi rene ta bu."

"Iya mbakyumu karo bojone ajeg mreng. Paling ora seminggu sepiisan mesthi niliki aku karo anak anake."

"Disyukuri wae bu. Sing penting awake sehat. Konveksine mlaku lancar ta bu?"

"Ora kurang apa-apa. Sing nyambut gawe nang njero ana wong

lima. Liyane ana sakwetara wong, ya tangga-tangga sing padha melu nggarap jahitan digawa mulih digarap nang ngomah."
"Dodolane lancar ta Bu?"

"Ya diparingi lancar. Wis ana bakul sing marani. Uga ana toko langganan sing ajeg disetori barang, mbayare ya lancar. Wis mulai akeh pesenan saka adoh sakwise melu pameran sing dianakake dening pamarentah Kota Madya."

"Ya syukur Bu nek konveksine tansah lancar. Nek upama aku cedhak tak ewangi ya bu."

"Aja dadi atimu ya ndhuk, aku pengin takon sakwetara kahanane keluargamu, ya uripmu bebrayan karo Agus piye ta?"



Bamfor
2022.

BB II

Reni mulai mbrabak raine nalika ibune wiwit takon prekara anggone bebrayan karo Agus. Ora krasa eluhe ndlewer, nangis mingsek-mingsek. Ora isa kewetu tembung. Bu Maslikah uga krasa trenyuh banget meruhi putri sing ditresnani kok lagi nandhang sanggan abot. Bocah iku dadi panglipur lan nggedekake atine nalika dheweke ngadhepi bebendhu anggone bebrayan karo Harno, ya bapake Reni lan Heni. Pak Harno wis omah-omah maneh, wis ora akeh sesambungan karo anake loro ya Reni karo Mbak Heni.

Rikala semana pas nedheng-nedhenge usaha kemasane maju, Reni karo Heni isih umur antara lima nganti pitung taun, ana prastawa luar biyasa nerak keluwargane Pak Harno karo Bu Maslikah. Ana wong tani saka tlatah Bringin nyilih dhuwit marang Pak Harno, kanggo modhal nggarap sawah warisan. Ora mung sepisan nanging bola-bali saben wayah nggarap sawah. Kerep pusa tandurane pari amarga diterak hama tikus. Suwe-suwe utange marang Pak Harno numpuk, lan ora kuwawa mbayar. Duwe anak ragil wedok ayu lagi umur limelas taun, banjur dipasrahke dening wong tuwane ben dirabi Pak Harno. Bu Maslikah ora isa nampa prastawa iku, lan milih mundur pisah karo Pak Harno. Prastawa wis kliwat suwe wiwit Reni karo Heni isih cilik. Sing diwedeni Bu Maslikah, aja nganti ana karma saka prastawa iku, mbalik ngenani anak-anake wedok, Heni apadene Reni.

Bareng wis rada lerem, karo dleweran luhe, Bu Maslikah miwiti rembug.

"Ora perlu kok tutupi nek ana masalah ndhuk. Bukaken kabeh ora susah ragu-ragu. Aku kan ya biyungmu dhewe."

"Aku wis ora kuwat bu. Mas Agus wis suwe ora mulih. Wingi mulih nggawa bocah wadon nang ngomah."

Bu Maslikah kaget setengah mati krungu tembung Reni. Warta sing paling diwedeni, tekane karma amarga polahe bapake.

"Aku jan-jane wis nggraita ndhuk. Kapan kae bojomu mreng, nembung nyilih pawitan modhal karo mbakyumu sakloron. Jare arep

kanggo modhal kerja, dhuwit proyek durung medhun."

"Ngisin-isini Mas Agus bu. Nang sekolahnku ya njilih dhuwit telung yuta nang yayasan, SK pegawaiku sing dinggo agunan. Njilih MbakHen i karo Mas Afandi akeh bu?"

"Maune nembung satus yuta, ning mung diwenehi telung puluh yuta dening Afandi. Wong alasane rada ora mitayani."

"Dhuwit sakmono piye le arep mbalekake bu. Aku urip karo bocah-bocah mung njagakke honor guru sing ora sepiroa. Wingi kudu dipotong limang atus sewu sesasi suwene nganti nem sasi. Untung ana keringanan saka Ketua Yayasan."

"Ora susah kok pikir dhisik prekara kuwi. Tanggung jawabe Agus bojomu."

"Iya ngerti bu, mung biyasane ne kana wong nagih ya marane nang aku. Aku ora isa apa-apa. Wis ora kuwat aku Bu yen kaya ngene iki."

Sore iku Reni mung ana kamare ibune. Diwelingi warna-warna, aja nganti nglokro. Isih ana anak telu cilik-cilik sing kudu diope-ni. Bu Maslikah ya njanjeni nek arep melu ngenthengke sanggan abot sing lagi diadhepi Reni. Dheweke wis rumangsa kesel ngu-rusi usahane. Ana pepenginan masrahke ben diteruske Reni wae wong wis mlaku lancar.

"Wong nang Semarang ya isih ngontrak tur proyoke akeh nang dhaerah Salatiga, apa bojomu gelem pindhah nang Salatiga wae ta ndhuk. Konveksi iki mengko terusna. Aku ya kesel ngurusi puluhan taun. Eman-eman soale lagi nedheng-nedhenge ngrem-baka, lengganane tambah terus."

"Ya mengko tak rembuge karo Mas Agus nek pas mulih. Ning aku ragu bu, nek dheweke gelem. Isih kukuh banget nak iki lagi kena coba. Mesthi bakal munggah maneh."

"Ora susah kesusu, ya dipikir alon alon dhisik."

"Aku uga pengin nyambut gawe sing pas karo bidhang sing tak sinaoni bu, ben ora muspra anggonku sekolah."

"Ya aku melu dedonga ndhuk. Muga muga enggal entuk dalam padhang. Gusti ora bakal maringi coban sing luwih abot katim-

bang kekuatane sing lagi kena coba."

+++++

Esuk iku Reni karo Bu Maslikah mlaku-mlaku menyang pasar. Perlu blanja kebutuhan padinan karo tuku oleh-oleh sing arep digawa mulih menyang Semarang. Mimi diajak seneng banget. Akeh jajanan pasar sing enak-enak. Pasar iki luwih kondhang jenenge Pasar Raya. Isine warna warna kebutuhan padinan. Ora suwe blanja banjur leren, golek sarapan dhisik. Jajan bubur ana warung nang ngarep pasar. Karo dhawet seger banget. Wis meh jam setengah wolu, hawane isih adhem kepenak. Angine semilir. Hawa sing dikangeni. Hawa Salatiga sing Reni apal nalika isih cilik. Ketutup hawa sumuk ana Semarang pirang-pirang tahun. Wis rampung anggone jajan, Reni banjur pesen *GoCar*. Ora suwe pesenane wis teka. Mobil warna putih, kepara mewah nek kanggo layanan *GoCar*. Fortuner isih anyar. Sopire bocah nom-noman sopan banget, ngacarani lan mbantu ngunggahke Bu Maslikah. Mobil mlaku alon-alon tumuju bali nang Cebongan. Bu Maslikah mung kendel wae. Mung Mimi seneng banget numpak mobil apik. Suwe ora numpak mobil pribadi. Sopire bola-bali namatke Reni saka kaca pengilon. Kaya-kaya pengin nyapa.

"Nuwun sewu ibu, menapa panjenengan dalem Cebongan Salatiga sampun dangu?"

"Ibu kula manggen wonten Cebongan. Kula wonten Semarang Mas. Wonten Salatiga ngantos SMA."

"Nuwun sewu menapa panjenengan Bu Anisah Anggraeni?"

"Leres, kok ngertos nami kula." Sopir iku ganti ngoko lan omong grapyak.

"Reni ya? Lali ya Ren, aku Iksan. Kanca sakkelas pas SMA ndhisik."

"Iksan? Ya ampun pangling aku. Suwe banget ora ketemu. Piye kabarmu?"

"Aku tansah apik-apik. Isih urip ana Salatiga neruske usahane bapak swargi, perhiasan."

"Bubar perpisahan lulus SMA kae durung tau ketemu ya San?"

Wis pirang taun sakprene?"

"Iya mung sok krungu saka kanca-kanca nek awakmu kuliah nang Malang. Aku nang Semarang patang taun kuliah, banjur balik Salatiga. Nuwun sewu ibu, kula Iksan kancanipun Reni wiwit SMP ngantos SMA."

"Wis meh rong puluh taun ora ketemu San. Anakku telu sing gedhe wis SMP kelas telu. Mas Agus bojoku, kakak kelas pas kuliah, dadi pemborong. Awakmu piye?"

"Aku isih dhewekan nganti saiki. Ngancani ibuku, sing wis sepuh. Bapakku wis seda suwe. Aku neruske usahane Bapak."

Wong loro gapyuk anggonne ngobrol. Mobil mlaku alon-alon tumuju daleme Bu Maslikah ana Cebongan. Reni karo Iksan pancen kanca kenthel wiwit SMP nganti SMA. Banjur pisahan sakbare lulus SMA. Wiwit iku wis ora tau ketemu maneh nganti esuk iki mau. Mula banjur kesengsem anggone crita sakdawaning dalan. Tekan daleme Bu Maslikah, Iksan melu ngedhun-edhune gawan karo nyalami Bu Maslikah.

"Mbok pinarak sik ta nak. Wong suwe ora ketemu, isa ngobrol taneg."

"Injih ibu, mangke sowan malih. Kula tak ndherekaken wonten pesenan setunggal malih. Namung caket kemawon. Bibar ngeteraken kula teras sowan mriki."

"Tenan ya San, tak enteni, mrene tenan, ngobrol dhisik. Aku mengko sore wis mulih nang Semarang."

"Jam pira arep mulih Semarang?"

"Numpak bis antarane jam telu mengko, ben sakdurunge magrib wis tekan Semarang."

"Aku tak ngeterke pelanggan dhisik, bubar iku aku mbalik mrene. Nek perlu nang Semarang tak terke."

"Karo mobil apik ngene kok nggo naksi ki ana apa?"

"Aku nek dina prei seneng melu GoCar, ngeterke pelanggan, nggo hiburan. Nang ngomah dhewekan. Seneng ngeterke, akeh kenalan anyar."

Iksan enggal-enggal pamitan. Atine seneng banget ketemu

Reni, kanca lawas wis suwe banget ora ketemu. Jaman semana dheweke jane pengin ngesir Reni, ning ora wani ngomong. Karo maneh bapake almarhum rada mungsuhan karo bapake Reni, Pak Harno amarga saingan usaha, perhiasan lan kemasan. Mula trima meneng wae, mundhak golek memala. Nanging bareng bubar lulus SMA, pengin ketemu Reni, wis adoh parane. Reni kuliah ana Malang.

Bubar ngeterke pelanggan menyang tlatah Kemiri, Iksan mbalik maneh marani Reni nang Cebongan. Atine seneng pengin ngobrol karo kanca lawas. Reni ora akeh owahe saka nalika isih sekolah ndhisik. Omonge ora akeh ning grapyak semanak lan sumeh. Mung bedane saiki rada tambah bobote. Isa dingerteni wis anak-anak telu. Melu dadi sopir GoCar ya ana senenge kang-gone dheweke. Jane blas ora butuh tambahan wong usahane produksi lan dodolan perhiasan prasasat kaya tukmas, nekakke dhuwit terus. Mung pengin akeh kekancan ne kana pelanggan sing ndemenakke, grapyak semanak. Ana sakwetara pelanggan sing pancen isa dinggo kekancan. Ning durung ana sing putri sing isa mlebu nang atine. Paling-paling ya mung ngobrol liwat WA, nek cocok ya sok ketemu tatap muka. Ketemu kanca lawas Reni, atine krasa beda banget. Krasa seneng banget, atine sir-siran, cepet-cepet pengin crita. Tekan omahe Bu Maslikah, Reni wis ngenteni.

"Kok cepet temen San? Ngeterke nang endi?"

"Saka Pasar Raya nang dhaerah Kemiri. Mung sakubengan."

"Mobil apik ngene kok dinggo naksi, apa ora eman-eman ta San?"

"Wistak lakoni sakwetara taun. Hiburanku nek pas prei. Isa ketemu wong akeh. Maneka warna iramaning urip. Tambah kekancan."

"Apa ora duwe kanca awakmu?"

"Kanca ya akeh wong aku dagang perhiasan. Mesthi akeh lengganane. Akeh kenalane."

"Lha arep nggolek kanca sing kaya ngapa maneh ta San. Urip digawe seneng wae."

"Ya kuwi Ren, sing aku durung wani. Nek ora cocok tenan aku"

ora wani serius. Mundhak malah mung kebak rubeda."

"Ayo mlebu dhisik San, ngobrol-ngobrol karo ibuku barang. Bu iki Iksan kanca SMA sing gawene dolan rene kae lo bu. Wis meh rong puluh taun kepungkur."

Bu Maslikah melu nemoni Iksan ana ruang tamu. Regeng anggone ngobrol ngeling-eling kenangan kepungkur nalika isih runtang-runtung sekolah bareng nang SMA. Mimi ya melu ngglibet ibune. Banjur diajak mlebu ana mburi karo simbahe.

"Nak Iksan nek ora kesusu kondur, maem awan nang kene ya. Tak masakke dhisik."

"Mboten kesesa ibu, malah menawi Mbak Reni kersa, mangke saged kula teraken dhateng Semarang."

"Takonana dhewe bocahe. Wingi tekane numpak bis umum. Jane ya ora apa-apa numpak bis umum. Sing penting aman."

"Piye Ren, nek tak terke tekan Semarang ora apa-apa ta? Mosok Mas Agus arep cemburu karo aku, wong kanca lawas nang SMA."

Ora suwe anggone masak Bu Maslikah wis rampungan. Banjur ngundang Reni supaya nata maem awan ngajak Iksan. Bu Maslikah melu ngrahabi maem awan, senjata ora isa melu ngobrol. Ngobrole prasasat kaya nalika isih SMA ndhisik. Wis dadi pakulinan angger kanca sekolah padha ketemu apa reuni, omon-gane kaya-kaya nalika jaman isih padha sekolah bareng. Kerep lali menawa wis beda wektu puluhan taun, wis dadi wong tuwa. Bubar maem awan Iksan pamitan mulih dhisik. Mengko jam setengah papat bubar ashar, Reni karo Mimi arep diampiri lan diterke mulih nang Semarang.

+++++





BAB 6

Kanyatan Pait

*J*am telu Iksan wis siyap-siyap arep budhal ngeterke Reni karo anake mulih menyang Semarang. Atine rumangsa seneng isa ketemu kanca lawas sing nate dadi idhamane. Senajan dheweke ngerti menawa Reni wis omah-omah, ning iki kan mung ngeterke kaya dene dheweke ngeterke pelanggan liyane. Ora ana bedane saka kacamata layanan antar jemput *online*. Kagiyatan iki wis dadi pakulinane pendhak dina prei kanggo nutupi rasa sepi. Urip dhewe karo ibune, Bu Rahmini sing wis yuswa. Iksan nyuwun pamit karo ibune, menawa arep ngeterke pelanggan menyang Semarang.

"Wong wis ngancik sore kok nampa pesenan nang luar kota ta. Mbok dinggo istirahat wae. Sesuk nyambut gawe abot lo le."

"Injih bu, mung sedhela wae kok. Liwat dalam tol mengko sakdurunge magrib wis tekan ngomah maneh."

"Iya aku ngerti. Sing ati-ati aje kesusu ya le. Ibumu pikiran ngenteni awakmu nang ngomah. Sapa ta sing kokterke kuwi kok sajak seneng atimu."

"Dadakan ketemu kanca lawas Bu mau methuk saka Pasar Pagi. Anisah Anggraeni kancaku SMA ndhisik kae bu. Kerep dolan mreng uga nek ibu kemutan."

"Iya aku capet-capet kelingan. Dheweke urip nang Semarang saiki?"

"Injih Bu mung ketemu ngobrol sedhela mau. Durung ngerti critane. Aku nyuwun pamit bu."

Alon-alon Iksan nyetiri mobile liwat sakdawane dalam utama Salatiga. Atine seneng, sir-siran rasane, ketemu kanca lawas. Ngliwati dalam Diponegoro, akeh wit mahoni sakdawaning dalam gawe kahanan asri lan edhum. Salatiga kuthane ora gedhe ning ya ora cilik banget. Saben pojok kutha isa ditekani ora suwe. Dalam-dalam uga ora rame nganti macet kaya nang kutha-kutha gedhe nang Jawa. Tekan Cebongan, Reni wis siyap-siyap. Lunguahan ana pendhapa karo ibune Bu Maslikah.

"Kok gasik temen wis teka San. Kan durung wektune." Reni mbagekke kanthi grapyak.

"Aku seneng alon-alon ora kesusu. Wis dadi pakulinanku, mesathi menahi kalonggaran sakwetara wektu."

"Nek ngono tak gawekke minuman dhisik ya, arep teh apa kopi. Iki ana ibu sisan crita karo ibu?"

"Jane ora susah repot-repot kok Ren. Ning kopi ya ora papa. Isih ana wektu." Iksan nyalami Bu Maslikah karo matur.

"Ibu mboten tindak pindhah ngeteraken keng wayah. Mangke kondur kula dherekaken"

"Iya matur nuwun nak. Tak rembugan karo Reni dhisik."

Bareng ditawani melu ngeterke menyang Semarang, Bu Maslikah banjur ana krenteg idhep-idhep karo ndeleng kahanane rumah tanggane Reni kaya ngapa. Ora duwe tujuwan madik-madik, Reni wis kewetu prekara bebendhu sing lagi nerak keluwargane. Tumrape ibu prekara iki kudu dipirsani dhewe, ora mung nampa wadulan saka putrine. Bu Maslikah pengin meruhi dhewe omah sing dikontrak Reni karo Agus nang Semarang. Nek perlu wong loro arep dilungguhke lan ditakoni larah-larahe.

"Ditawani Iksan dijak melu ngeterke nang Semarang, aku kok njur pengin melu ndhuk. Sokur nek isa ketemu karo bojomu Agus mengko."

"Iya bu. Nek ngono nyare sisan nang Semarang ora ketang mung sedina. Putu-putune kan ya dha kangen."

"Aku kepengin ketemu karo Agus. Pengin krungu saka kono wong loro. Ora mung ngrungokke sambatmu wae, mundhak diki-

*ra mban cindhe mban siradan. Kudu krungu saka bojomu uga.”
“Ora apa-apa bu. Kuwi luwih apik. Ndak ibu nggalih aku sing gawe-gawe. Kabeh sing tak aturke kuwi kanyatan pait sing lagi tak adhepi.*

Jam setengah papat Iksan nyetir mobile alon-alon metu saka kutha Salatiga. Ora ngliwati Tuntang, Bawen, Ungaran kaya biyasane. Iki ngliwati dalan toll, bebas hambatan. Sakdawaning dalan Iksan karo Reni gapyuk anggone crita. Crita pengalamane nalika isih bareng bareng ana SMP lan SMA nang Salatiga. Kala-kala Bu Maslikah melu nyaruwe. Uga Mimi rumangsa seneng sakdalan-dalan meruhi pemandangan asri sakkiwa tengene dalan.

Tekan Semarang ngunduri sore, wis jam lima kliwat sethithik. Nanging omahe Reni isih kepara rame, ruang tamu ana udakara wong lima lagi padha rembugan karo ngrokok. Kancane kompanyone Agus, Gunarso, Suparman lan tamu-tamune. Agus dhewe ora katon ana kono. Bu Maslikah ya rada kaget, omah kok kebak wong padha ngrokok kuwi sapa? Apa kahanan kaya ngono ora ngganggu katentremane bocah-bocah. Ana bocah telu putune sing nang omah kuwi, Rini, Reza karo Mimi. Isane ya mung meneng wae wektu iku. Mung mbatin, kahanan omah sing katon ora tentrem. Bu Maslikah banjur lungguh ana ruang njero karo nemoni putu-putune.

Iksan melu ngewangi ngedhun-dhunke barang gawane Reni, banjur ngenteni ana mobile. Ngenteni nek mbok menawa Bu Maslikah arep mulih menyang Salatiga, dheweke sing arep ngeterke. Ora sakwetara suwe Reni, metu saka ngomah, nemoni Iksan.

“San ketoke kok ibu arep nyare kene. Pengin ketemu bojoku Mas Agus. Awakmu ora susah kesusu mulih. Isa ngobrol nang ruang tengah karo ibuku.”

“Terima kasih Ren, apike aku tak terusan mulih. Wis seneng banget isa ketemu awakmu, senajan durung taneg le ngo-

bro! Isa diteruske kapan-kapan. Nomer WA mu wis tak cathet. Aku apike tak nyuwun pamit ibu."

Iksan banjur marani Bu Maslikah ana ruang njero. Ngliwati ruang tamu sing kebak wong padha ngrokok, nyoba menehi salam, mung ora ana sing semaur. Terus mlebu nemoni Bu Maslikah.

"Ibu dalem teras nyuwun pamit wangsul dhateng Salatiga."

"Iya Mas Iksan, aku ora mulih. Wengi iki nginep nang kene dhisik. Matur nuwun wis diterke tekan kene. Apa ora lungguh dhisik karo leren ta?"

"Matur nuwun ibu, ibu kula piyambakan wonten nggriya. Mangke ngantu-antu kula. Sampun sepuh piyambakan wonten nggriya."

Reni ngeterke Iksan metu nang pekarangan panggonan mobile diparkir. Isih sempat omong grupyuk karo Iksan. Omongan kanca lawas sing suwe ora ketemu. Ora ana sing aneh jane.

+++++

Bu Maslikah banjur nemoni putu-putune ana ruang tengah. Lagi padha sinau, pakulinan sing wis ajeg mlaku saben dinane. Padha anteng sinau ana meja makan. Mung keganggu swarane tamu sing padha rembugan ana ngarepan. Mbak Tini bola bali anggone ngladekke teh ana ruang tamu. Ana tamu telu sing ketoke swarane getem-getem. Nagih pembayaran saka CV Intan Indah Karya ning sajake durung bisa kasil. Ngenteni tekane Agus. Bubar magrib Agus wis teka. Langsung rembugan udreg rame karo tamu telu mau. Wose dheweke njaluk tenggang wektu nglunasi pembayaran. Rame anggone udreg-udregan nganti bocah-bocah padha wedi njur mlebu kamar. Bu Maslikah melu mlebu kamar lan omong karo Reni.

"Kahanan omahmu ora tentrem Ndhuk. Mesakke anak-anakmu. Ora mung ngganggu anggone sinau. Ning isa ngganggu perkembangan jiwane."

"Lha wis piye Bu aku ya wis bola-bali omong karo Mas Agus, aja gawe kantor nang ngomah. Ning perusahaan pancen lagi medhun bu."

"Nek ora isa kok dandani, Agus ajaken pindhah manggon wae nang Salatiga, mosok ora gelem. Nang kene campur-campur ora karuwan antarane urusan omah karo keruwetan usaha. Usrege kuwi sing tak wedeni."

"Iya Bu terus aku kudu ninggal gaweyan dadi guru barang ya. Kuwi dadi hiburanku nyambut gawe ana bidhang sing tak sinaoni taunan."

"Ndhuk kabeh isa diusahahake mengko. Sing kok boti manggon nang Semarang apa, wong kahanan omahmu kaya ngene. Luwih becik bojomu kok ajak pindhah ana Salatiga wae, mengko tak tambahi modhal ora ketang mung sethithik."

"Iya Bu mengko tak pikire dhisik lan tak rembugan karo Mas Agus."

Bubar Isya tamu-tamu lagi padha lunga. Agus isih katon kesuh lan peteng praupane. Awake uga kesel ora turu kepenak wis pirang-pirang dina. Kaget nalika mlebu omah, wis ana Bu Maslikah sing lagi lungguhan ana ruang keluarga dikancani Reni. Agus enggal-enggal ngaturi salam. Bocah-bocah wis padha mlebu ana kamar.

"Ngaturi sugeng ibu, kala menapa rawuhipun?"

"Wis sore mau katut diterke Iksan, kancane Reni rikala jaman sekolah. Ketemu ora sengaja ana pasar mau esuk. Kabarmu piye suwe ora ketemu?"

"Kula sae kemawon ibu. Radi nembe ruwet prekawis damelan punika."

"Wis adus dhisik kana, ben digodhogke banyu anget. Terus maem sisan. Nek awakmu ora kesel, aku pengin omong karo kono lan bojomu. Mumpung ana kesempatan ketemu nak."

"Injih bu, menapa Reni sampun matur kaliyan ibu?"

"Iku ora penting nak. Ning aku meruhi dhewe kahanan omahmu kaya ngene. Apa kowe ora mesakke anak anakmu?"

Agus enggal-enggal adus. Awake krasa luwih seger sakwise adus nganggo banyu anget sing dicepakke dening Reni sisihane. Bubar adus nyuruput teh anget sing wis kasiyapake. Bubar man-

gan wengi dikancani Reni, Agus mlebu kamar karepe arep leyehe-leyeh dhisik. Nanging dielikake Reni nek Bu Maslikah ngersakke ketemu dheweke sakloron.

"Mas, ibu mau ngersakke arep rembugan karo awake dhewe wong loro. Aja sare dhisik."

"Apa kono lapor ibu warna-warna to Dhik kok nganti ibu ngerti njur tindak rene."

"Ora susah tak lapori kan ibu ya pirsu dhewe ta Mas. Iki mau nyipati dhewe ana gendra urusan utang piutang perusahaan digawa nang ngomah nganti bocah-bocah gila."

"La wong pancen kahanane usaha lagi ruwet, aku wis nyoba ngupayani ning durung ketok kasile. Mbok kono ya melu ngewangi mikir ta Ren."

"Prekara urusan perusahaan kan aku ora akeh ngerti ta Mas. Aku ya nyoba mbiyantu sakisaku, ning kabeh mau ya mung sakisaku. Nganti gajiku dadi tanggungan utang nang Yayasan ya jenenge dadi pambiyantu ta Mas."

"Ora susah marahi padu Ren, aku lagi buneg. Karo mau kok ibu ngendika nek diterke Iksan kuwi sapa?"

"Oo iya Mas durung sempat crita. Iksan kuwi kanca sekolah wiwit SMP lan SMA. Saiki dadi pengusaha perhiasan sukses ana Salatiga. Nek prei dheweke dadi sopir Ojol nggo hiburan. Mau esuk ketemu ora sengaja ana Pasar Pagi."

"Wah wong bojone lagi krungkep usahane kok kono malah seneng-seneng reuni ketemu kanca lawas to Dhik. Prihatin dhisik ta."

"Sing reuni seneng-seneng ya sapa ta Mas. Wong ketemu ora sengaja ana pasar, terus ngeterke mulih nang Semarang. Ayo metu nemoni ibu Mas."

Bu Maslikah wis mantep pikire arep ngajak mantune Agus sakkeluwarga boyongan wae ana Salatiga. Ngantor ana Salatiga. Reni karo Agus isa manggon ana pavilion nang Cebongan sing prasasat ora tau dinggo. Isa bukak kantor nang cedhak kono apa nang endi sing wangun. Nek perlu Bu Maslikah wis siap nomboki

nggo pindhahan lan mlakune usaha. Reni isa ngewangi usaha konveksine, karo golek-golek gaweyan guru ana Salatiga.

"Agus karo Reni anakku ngger. Aku wis meruhi kahanane uripmu. Kudu ditata maneh. Mesakna anak-anakmu. Nang ngomahe dhewe kok kerep kewedan ana wong teka udreg-udregan ana ngomah."

"Nyuwun pangapunten ibu. Panci usaha kula nembe mbleret sampun sakwetawis dangu. Dereng saged mentas saking ruwet renteng keuangan. Dos panci nembe kahanan prihatos ibu."
"Iya aku isa ngerti nak, ning kudu ditata maneh aja nganti kedlarung-dlarung anggone ngadhepi bebendhu. Nek ora kan isa terus tanpa kendhali lan ngrusak samubarange, keluwargamu ya anak-anakmu."

"Injih ibu. Kita sakloron panci nembe prihatos. Sunaring karaharjan nembe tebih saking kula kaliyan Reni."

"Wis ngene wae Agus karo Reni. Pikiren pindhah omah nang Salatiga. Aku ana panggonan sing isa kok panggoni, karo ana sing isa dinggo kantoran senajan ora ana tengah kutha. Uga tak ewangi nata usahamu ora ketang mung tambahan modhal sethithik."

"Matur nuwun nuwun sanget ibu. Menawi kepareng tambahan modhal kula suwun rumiyin. Mangke prekawis pindhahan pun angkah saking sekedhik. Mugi-mugi sepindah menika saged tuntas ruwet renteng usaha." Reni uga sumaur alon, sajak kaya nyengkuyung pamrayogane Agus.

"Iya Bu aku karo Mas Agus ndherek. Mung mbok aja langsung diputusi kudu pindhah ngono. Ben Mas Agus ngupayani ruwet rentenging CV nganggo suntikan modhal saka ibu. Matur nuwun sanget ulurane ibu. Urusan pindhahan dipikir alon-alon karo mlaku."

Bu Maslikah rada gela nampa wangsulan saka Agus lan Reni. Nanging ora bisa meksa amarga sing bakal nglakoni ya Agus karo Reni. Mung ana rasa tida nang njero atine. Dhuwit sing diomongke kuwi jane arep dinggo nggedekke usaha konveksine sing lagi ngrembaka, ben mengko isa diurusi karo Reni. Lha kok

nggo nutup utang-utange Agus, apa tenan isa pulih?

+++++



BAB 7

Kekancan Saklawase

*B*u Maslikah wis meh seminggu ana Semarang nunggoni putu-putune, Rini, Reza karo Mimi. Maune mung arep nginep sewengi wae. Nanging bareng nyipati dhewe kahanan omah anake wadon, rumangsa ora tegel arep ninggal ngono wae. Putrine ragil sing ditresnani, ya Anisah Anggareni lan putu-putune, kabeh butuh panyengkuyung, butuh dhukungan moral. Kahanane lagi tintrim sedhik, amarga prasasat saben dina, omah sing uga banjur digawe kantor mau mesthi rame diparani wong-wong sing padha nagih utang. Bocah-bocah anane mung wedi, sinaune ya ora jenak. Bapake, Agustan Saryadi, ora tanggung jawab lunga ninggal keluarga. Satemah dadi sasaran emosine wong sing padha nagih utang.

"Reni, Ndhuk anakku sing dak tresnani. Aku wis nyipati dhewe kahananmu saben dinane. Wis ora mungkin arep diterus-teruske. Arep ngeboti apa ta? Mesakna anak-anakmu kuwi, saben dina kok mung keterak rasa wedi ana omahe dhewe. Bojomu ajaken pindhah ana Salatiga wae ben anak-anakmu isa urip tentrem."

"Iya bu, keputusan ngono kan ya ora isa dadakan ta. Kudu ana proses, soale uga ngelingi usahane Mas Agus."

"Wis meh seminggu aku nang kene Ndhuk, wis isa ndeleng kahananmu kanthi premana. Aku sesuk tak mulih dhisik. Aja suwe-suwe anggonmu mikir. Saya cepet pindhah nang Salatiga saya apik. Panggonane wis siap."

"Njih buk, aku tak rembugan karo Mas Agus alon-alon, ben dheweke gelem diajak pindhah. Upama arep kondur sesuk, nek aku tak kontak Iksan. Kan sesuk dina Sabtu, dheweke kaya adat saben mesthi ngladeni antar jemput."

"Apa ora ngrepoti Iksan ta Ndhuk? Mbok uwis aku golekna kendaraan sewan saka kene wae."

"Ora Bu tak kontak Iksan dhisik ya."

Reni wis nyimpen nomer HP ne Iksan. Pas ketemu sakwetara dina kepungkur, Iksan wis wanti-wanti menawa ana apa-apa, aja ragu-ragu kontak dheweke. *"Awake dhewe wis kekancan suwe Ren, gunane kanca ki ya nek lagi ana alangan, ana sing melu ngancani."* Reni ora ragu-ragu arep kontak Iksan, dheweke dhewe ya pengin ketemu maneh kanca lawas siji iku. Durung taneg anggone ngobrol pas ketemu minggu wingi.

"San mumpung libur akhir pekan, upama kono dolan nang Semarang piye? Aku isih pengin ngobrol karo awakmu. Ndilalah iki ibu ya pengin kondur nang Salatiga." Ora sakwetara suwe wis ana balesan saka Iksan.

"Iya Ren, esuk aku tak ngeterke pelanggan dhisik ya. Ana loro. Ibu-ibu sepuh tindak pasar. Aku budhal Semarang bubar bedhug."
"Ati-ati ya San, aja kesusu mengko isa ngobrol ndhisik. Nyuwun tulung ibuku diterke nang Cebongan. Ibuku isih kelingan awakmu kok San, seneng isa ketemu maneh."

Reni pancen durung taneg anggone ngobrol karo kancane lawas iku, nalika Iksan ngeterke dheweke karo ibune mulih nang Semarang. Ndilalah nang ngomah pas ana kancane lan tamune Agus lagi gendra nang ngomah. Ora isa leren dhisik. Reni mung isa ngucapke matur nuwun nalika ngeterke Iksan bali ana mobil sing diparkir ana plataran. Pangarep-arepe muga-muga sesuk ana wektu nggo ngobrol maneh. Kekancan karo Iksan wiwit nalika isih ana SMP ana Salatiga. Bubar SMA wis cep klakep ora tau ketemu. Dheweke ya sibuk jaman semana ana donyane ma-

hasiswa lan sakwise omah-omah, ya ngurusi anak-anake karo keluwargane.

+++++

Dina Setu awan bubar mangan awan, Iksan pamitan karo ibune menawa arep methuk pelanggan ana Semarang. Bu Rahmini rada kaget wong biyasane nek dina prei, bubar ngeterke pelanggan Iksan mesti leyehe-leyeh ana ngomah karo ngrongokke musik. Iki kok pamit arep nang Semarang.

"Adoh-adoh kok ndadak kok sanggupi ta lik, mbok wis wektumu nggo leren wae."

"Iki pelanggan istimewa ibu, Bu Maslikah ibune Anisah Anggraeni sing tak critakke minggu wingi kae lo Bu. Isih durung taneg anggonku ngobrol."

"Ya nek ngono kuwi beda. Awakmu pengin ketemu Reni kari methuk ibune. Ngono wae lo lik. Mbok nek ana wektu aku pengin dolan rana nang ndaleme Bu Maslikah."

"Iya Bu kapan-kapan tak dherekake mrana. Bu Maslikah kuwi ibu tunggal wiwit putra-putrane isih cilik."

"Iya aku tau krungu critane jaman semana. Nek ora kleru capet-capet aku kelingan, garwane Bu Maslikah kuwi kerep geseh karo almarhum bapakmu nang usaha kemasan. Ning kabeh wis kedadeyan kepungkur."

Alon-alon Iksan nyetir mobile metu saka Salatiga lewat Tuntang, Bawen lagi mlebu dalan tol menyang Semarang. Jane isa mlebu dalan toll saka Salatiga, ning tumuju lawang toll e kudu ngliwati kutha, samar nek macet. Luwih kepenak sisan wae mlebu toll saka Bawen. Ora suwe dheweke wis mlebu kutha Semarang lan terus nuju nang omahe Reni. Wis udakara jam loro nalika Iksan teka ana omahe Reni. Kadingaren omahe lagi sepi, ora rame kaya biyasane. Kantor CV Intan Indah Karya lagi libur. Gunarso, Suparman uga Agustan Saryadi lagi padha nang luar kota, ngerigake anggone ngrampungke proyek sing wis nyedhaki rampungan. Nek nganti telat mesthi entuk sangsi. Durung potongan-po-

tongan liyane, bisa-bisa ora nutup beaya sing wis metu.

Bu Maslikah wis siyap anggone arep mulih menyang Salatiga. Nek kesuwen mesakke Mbak Heni sing dipasrahi ngurusi usaha konveksine. Lagi akeh pesenan. Usaha konveksine sakwise kerep melu pameran sing dianakake sakwijine perusahaan BUMN, banjur saya akeh sing padha pesen. Kudu nambah tenaga. Sebageyan digarap dening ibu-ibu ana ngomah, sisan kanggo ngisi wektu. Sulaman tangan kanggo produk taplak meja, seprei, lan kerikeri iki uga gawe jilbab sulaman. Wola wali Bu Maslikah ngrembugi Reni, supaya pindhah usaha saka Salatiga wae, karo nggedekake usaha konveksine. Jane wis dicepaki kanggo modhal tambahan, kok malah dijuluk Agus nggo nutup kekurangan modal nang CV ne ana Semarang. Apa bakal kasil isa ngentengake sanggane Agus?

Udakara jam setengah loro Iksan wis kula nuwun. Reni gita-gita anggone methukake kancane lawas mau.

"Matur nuwun ya San. Nek malah ndadekke repotmu."

"Ora apa-apa Ren, aku seneng malah isa ngobrol maneh. Minggu wingi kesusu ora sempat ngobrol. Apa ibu wis siyap?"

"Ibu wis siyap wiwit mau. Ngendikani aku terus didhawuhi pindah usaha nang Salatiga wae. Nang kene kayane wis mentok dalane."

"Ya apik dhawuhe ibu ta Ren. Usaha pancen isa wae munggah mudhun. Ning kudu lantip anggone ngadhapi. Nek ora isa keseret tekan ngendi endi." Bu Maslikah bajur metu melu mbagekake Iksan sing diantu-antu.

"Nak Iksan matur nuwun ya. Kok malah dadi ngrepoti kono. Piye kabarmu, tansah apik-apik wae ta? Aku wis siyap iki nek arep budhal."

"Matur nuwun ibu, salam saking ibu kula, Bu Rahmini saking Lopait. Mbokmenawi menawi wonten wekdal lodhang badhe manggihi ibu."

"Ibu ki ora susah kesusu ta bu. Ben Iksan lungguh dhisik karo crita-crita. Alon-alon wae ora susah kesusu."

"Iya aku manut nak Iksan wae. Dheweke mesthi wis duwe rencana wektu sing maton."

Reni banjur ngladekake wedang teh karo nyamikan emping lan gedhang goreng. Pada ngobrol ana ruang ngarep. Bu Maslikah banjur ngenteni ana ruang tengah, ben ora ngganggu wong loro anggone padha ngobrol, nostalgia jaman sekolah ndhisik. Anake Reni telu telune, Rini, Reza karo Mimi, dikenalke dening ibune marang Iksan. *"Ayo dha salim ya. Iki om Iksan kancane mami jaman sekolah ndhisik nang Salatiga. Om Iksan daleme isih nang Salatiga."*

Iksan nanggapi kanthi seneng dikenalke anak-anake Reni, senajan rada kikuk. Dheweke dhewe durung tau nggulawentah anak saklawase. Mung kerep ketemu karo pelanggan sing ngajak anak-anake. Kadhankala sok gathuk karo kelompok siswa-siswi nek ana kegiatan sosial. Ananging ora ana pengalaman nggulawentah bocah ana ngomah.

Durung suwe anggone padha ngobrol, dadakan Agus Saryadi sisihane Reni teka dadakan karo kancane Gunarso lan Karman. Sajake langsung teka saka luar kota, saka lokasi proyek ing kecamatan Bringin. Sarwa kikuk lan swasana ora kepenak amarga ruangane pancen ora jembar. Enggal-enggal Iksan pamitan ngenteni ana njaba wae. Nek Bu Maslikah wis siyap karepe ben enggal budhal wae.

"Mas Agus tepungke iki Iksan, sing njemput ibu arep kondur nang Salatiga. Ndilalah kok kancaku lawas wiwit saka SMP."

"Oo iya. Tepungke ya Dhik, aku Agus, sisihane Reni. Wis suwe iki mau?"

"Njih aku Iksan Mas, nek prei sok antar jemput online. Ndilalah ketemu Reni, kanca nalika SMP lan SMA ndhisik."

"Wah mobil mewah kok nggo antar jemput apa ora eman-eman?"

"Mung dinggo kegiatan ngisi wektu nek prei kok Mas. Minggu wingi ora sengaja ketemu Reni nang Pasar Pagi, terus tak dherekke sisan mulih Semarang. Iki njemput ibu kondur nang Salatiga."

"Ya endang budhal wae. Arep ngenteni apa maneh wong ibu wis siyap."

Omongane Agus kaya-kaya rada sengkak, setengah ngusir. Mula Iksan enggal-enggal pamitan anggone budhal ngeterke Bu Maslikah mulih menyang Salatiga. Sakwise ngarasi putu-putune, lan ninggali sangu kanggo bocah telu, Bu Maslikah enggal pamitan. Iksan melu ngewangi nggawa barang-barange munggah mobil, kaya padatan nek dheweke methuk pelanggan. Kudu tansah ngladeni, senajan ya jane mung kegiyatan sampingan kanggo hiburan.

Reni ora kendhat angone matur nuwun karo Iksan karana wis gelem methuk ibune. "*Sing ati-ati ya San, tulung ibu diterke. Ora susah kesusu.*" Alon-alon Iksan karo Bu Maslikah budhal mulih menyang Salatiga. Ora kesusu, ora ana sing ngoyak-oyak. Senajan rada gela ora isa ngobrol karo Reni, Iksan tetep prasa-ja ora grusa-grusu. Sok-sok guneman karo Bu Maslikah, saksuwene laku. Nyritakke jamane dheweke isih kekancan karo Reni, kerep sok dolan nang Cebongan. Bu Maslikah capet-capet kelingan senajan wis ana meh rong puluh taun kliwat. Sore iku Iksan rumangsa mongkog atine isa ngeterke Bu Maslikah menyang Cebongan.

+++++

Wengi iku Agus kadingaren ora lunga. Ana ngomah wae karo bolak-balik tilpon, embuh tilpon karo sapa. Gonta-ganti sing ditilpon lan sing nilpon. Nyedhaki jam sanga bengi. Bocah-bocah wis padha turu ana kamar. Agus ngundang Reni supaya metu, pengin rembugan. Sepisan iki dheweke pengin omong-omong wong loro ana ruang ngarep, sing biyasane kanggo nemoni tamu urusan proyek.

"Dhik Reni, aku pengin omong-omong sithik prekara kahanane awake dhewe. Aku minangka kepala keluarga rumangsaku wis jempalikan. Endhas tak nggo sikil, sikil tak nggo endhas. Butuh dhukungan saka awakmu lan bapak ibuku, uga ibu Cebongan."
"Iya Mas Agus, aku sisihanmu. Awan bengi mung ndongakke muga-muga usahamu isa kasil lan bali ngangkat nasibe awake dhewe

kaya wingi-wingi."

"Kabeh kuwi butuh pengorbanan. Paribasan jer basuki mawa beya. Ora ana kanugrahan teka tanpa pengorbanan. Aja gampang nggresula awakmu. Iki cobane awake dhewe sakkeluwarga."

"Aku pengin omong sithik iki Mas. Aja dadi atimu. Kabeh mau ya mung usulku ben awake dhewe isa uwal saka pepeteng. Tur ya kanggo njagani tembe mburine anake dhewe, Rini, Reza karo Mimi. Mesakake bocah-bocah nek awake dhewe kahanane tintrim kaya ngene terus."

"Iya tak rungokke usulmu, ning aja nyenggol-nyenggol anggonku nglakoni prihatin nir kadonyan kaya nasehate Pak Kyai."

"Ngene lo Mas ora susah ngedir-dirke le nglakoni prihatin nir kadonyan barang. Rumiwati sing kok gandheng ngalor ngidul kuwi apa ya nggo laku prihatin?"

"Ren aja mulai ngajak rame. Iki rembug tuwa lo. Usulmu apa?"

"Ibuku kan nang kene nunggoni putune meh seminggu Mas. Wis pirsaka kabeh kahanane omah lan rumah tanggane awake dhewe. Mula banjur kagungan krenteg nambahi modhal ben awake dhewe endang uwal saka pepeteng iki."

"Iya aku ngerti Ren, tambahan modhal saka ibu tak nggo nutup utang-utang sing wis jatuh tempo iki. Mesthi bakal beres."

"Mas ibuku uga kagungan pengalaman usaha wis suwe. Ngerti banget kapan usaha isa diteruske kapan kudu ditinggal. Wose ngene usule ibuku. Awake dhewe wis ora bisa tahan tetep urip ana Semarang, wis ketutup kabeh dalane. Ibuku ndhawuhi mbok wis boyongan wae pindhah ana Salatiga, klebu kantore CV mu. Ibu nyedhiakake panggonan. Aku uga diajak ngrengkuh usaha konveksi sing lagi sukses. Akeh lengganan anyar, uga akeh order nganti saka Malaysia barang. Awake dhewe ngeboti apa tetep golek panguripan ana Semarang?"

"Hmmm. Apa kudu enggal diputusi ta Ren? Dudu prekara baen-baen pindhahan omah lan usaha iku."

"Ya pancen dudu barang cilik. Kudu direncanakake kanthi ati-ati. Nanging awake dhewe arep ngeboti apa terus manggon nang Semarang nek saben dina tansah dilarag wong nagih utang? Mesakna bocah-bocah ta Mas. Ayo sowan bapak ibu,

nyuwun dhawuh apike kepiye. Aku wis ora kuwat nglakoni merga mesakke karo bocah-bocah."

"Rumangsaku kok awakmu saiki wani madoni aku. Aku ki kepala keluarga sing duwe tanggung jawab ruwet rentenging keluarga."

"Bener Mas, prinsip ngono iku ora cukup diomongke, ning kudu ditindakke. Elingana anak-anakmu Mas, Rini, Reza karo Mimi. Dheweke duwe hak urip uwal saka sara wedi lan tintrim sabendina."

"Reni, aku ki bojomu. Paribasane nahkodhane keluarga. Aja pisan-pisan mbeguguk ngutha waton kaya ngono. Apa kono wis kena bujuk dening kancamu mau."

"Ora ana sambung rapete karo Iksan. Kanca sekolah sing lagi ketemu ping pindho iki Mas."

"Mokal Ren, ngendi ana wong mobil Fortuner anyar kok nggo antar jemput. Mesthi ana alasan sing luwih kuwat tinimbang mung antar jemput."

Reni nek wis udreg kaya ngono, isane ya mung nangis mingsek-mingsek. Ora isa sambat sapa-sapa. Mung aja nganti anake pada mangerteni nek ibune uga nandhang sedhik kang tanpa upama. Mung dongane, muga muga atine bojone, Agustan Saryadi enggal kebukak, sadhar kahanane keluargane.

+++++





BAB 8

Urip Meku Maratuwa

*W*is sakwetara suwe Agus ora mulih menyang omah. Jarene nunggoni proyek ana lapangan. Gunarso karo Suparman, kompanyone uga wis arang-arang mara ngantor nang omahe Reni. Nanging isih kerep wae ana wong nggoleki Agus, sakperlu nagih utang utawa pelunasan gaweyan proyek sing wis rampung dilakoni. Iramaning urip mlaku terus kaya adat saben. Reni tetep mulang ana sekolahan duweke Yayasan, sing uga panggonan sekolahanane anak-anake. Sekolah esempe karo Sekolah Dhasar dadi sakkompleks, ana cedhak omahe. Ing wektu senggang wayah sore, Reni padatan nampa les-lesan murid-murid esempe ana pelajaran matematika, aljabar, ilmu ukur lan pengetahuan alam. Lumayan isa kanggo tambahan butuh amarga gajine saka Yayasan uga pas-pasan.

Sakwijining sore nalika bubar menahi les, dadakan ana tamu sing dheweke wis tau ngerti. Bocah wadon nom-noman sing tau digawa Agus mulih menyang ngomah. Praupane katon suntrut. Atine Reni dheg-dhegan campur kemropok meruhi bocah wadon kuwi. Wose teka mrono, nggoleki Agustan Saryadi.

"Mbak nuwun sewu menapa Mas Agus wonten nggriya?"

"Mas Agus ora ana ngomah wis sakwetara suwe ora mulih. Lha ngeritiku kan Mas Agus runtang runtung karo kono ta Mbak?"

"Empun wonten langkung kalih wulan menika Mas Agus mboten nate ketingal. Kula mantuk wonten nggriya kula wonten Pedu-

rungan.”

“Embuh ya, aku ora ngerti urusanmu karo bapak bocah-bocah. Ngertiku kono mung runtang runtung karo dheweke.”

“Empun langkung tigang wulan kula diterke mantuk teng nggriya. Malah mpun sanjang kaliyan ibu menawi badhe pun resmekaken sekedhap malih.”

“Apa awakmu ora ngrumangsani nek Mas Agus isih duwe tanggungan keluwarga? Awakmu mung mburu senengmu dhewe, ora mikir sengsarane liyan. Sapa jenengmu Mbak?”

“Kula Rumiwati, ngantos medal saking damelan amargi pun ajak Mas Agus.”

“Aku ora ngerti urusanmu Mbak. Lha Mas Agus pamite jare arep menyang endi.”

“Namung sanjang badhe wonten proyek enggal ing Bandhung Mbak.”

“Maaf ya Mbakaku ora ngerti urusanmu karo Mas Agus. Aku ora isa aweh weruh apa-apa.”

Jane Reni ya nggregel meruhi kahanane bocah wadon iku, kok gampang temen diglembuk lan diapusi. Wis duwe gaweyan maton, amarga kepencut wong lanang bagus, kabeh ditinggal. Pungkasane ya mung kegelan, kleleran nangisi nasib. Jane ya mesakke, ning Reni dhewe ya ora isa apa-apa, dheweke duwe tanggungan anak telu sing kudu digulawentah lan disekolahke. Kebutuhane uga ora sethithik yen dibandingke karo pemetune dadi guru. Dheweke karo anake telu ya ditinggal glanggang dening Agus, mung arang adoh anggone nampa dhuwit kanggo nutup kebutuhan mburi. Malah pirang-pirang sasi iki blas ora tau nampa. Dheweke dhewe lagi bingung amarga wis telung sasi durung bisa mbayar kontrakan omah. Kontrake wis entek telung wulan kepungkur, wis omong karo sing duwe nek arep diteruske, ning nganti wayah iki durung bisa mbayari kontrak. Nyicil wae ya durung bisa babar pisan.

Wis entek dalane, dheweke pengin nemoni bapak ibu maratuwa ya Pak Kusparmana karo Bu Malekah ana Pindrikan. Sapa

maneh sing isa disambati. Sambat karo ibune dhewe wis ora tekan wong wis dikandhani nek apike pindhah usaha wae nang Salatiga. Malah ibune wis ngedhuni tambahan modhal seket yuta kanggo usahane Agus. Ilang ngono wae tanpa tanja. Upama sambat karo ibune, malah marahi susah wong tuwa.

Wolak-walike lelakon. Jaman nganten anyar urip tansah seneng, apa-apa keturunan, proyek mlaku lancar. Iki kok kaya entuk coba sing abot. Jane nek dideleng ya proyeke ana terus ning kok ora tau ana turahan babar blas sing diwenehke Agus kanggo kebutuhan keluwarga. Apa isa proyek rugi terus? Dheweke ora isa ngentha-entha wong pancen ora ngerti lakuning perusahaan. Kabeh diurusi Agus karo kancane. Luwih percaya karo kancane tinimbang sisihane. Karas ambane meh nem ewu meter ana Ngaliyan Semarang jare dinggo perumahan kok ya isa ilang blas. Kamangka nek didol lemah ngono wae regane ora mati rong milyar. Sertifikat dipasrahke kancane, percaya nganggo surat kuasa nang notaris, kok isa ilang kabeh.

Kudune saben ana unit omah sing payu, regane tanah dibayarke. Ilang babar blas amarga percaya karo kancane. Bapak Ibu ne dijaluki tanda tangan kanggo perpindahan hak milik, ning ora tau nampa bayaran rega tanah. Mung nampa sethithik rikala wiwitane proyek perumahan. Kamangka lemah iku wis suwe anggone tuku, nalika Pak Kusparmana isih aktif dadi pejabat perusahaan BUMN. Nek wis percaya karo kanca, Agus ora isa mbatesi, hak milik wong tuwa ya diculke marang kancane. Ben dianggep wah, ben dianggep tokoh senapati sing mandhegani ana ngarep, sang pemimpin.

Reni uga kelingan rikala semana Agus sok-sok kewetu crita menawa melu kumpulan sing dipimpin dening tokoh agamis sing wis kondhang. Kudu ikhlas anggone nyumbang nek pengin usahane bali moncer maneh lan rejekine lancar. Paribasan nek main dhadhu kudu kendel udhune, aja mung maju mundur ning ora tau pasang dhuwit totohane. Reni ora isa nggraita enteke dhuwit proyek menyang endi. Apa dinggo nyetori kumpulan religi-

us kuwi, apa dinggo nyubya-nyubya kanca-kancane, apa dinggo mubra-mubru karo wong wedok liya, blas dheweke ora ngerti. Embuh lah isane ya mung pasrah. Sok-sok kepikiran, aku wong wedok ya duwe hak nggo urip seneng lan bahagia. Nanging wektu iki pikirane mung piye anggone nggulawentah anak-anake.

+++++

Sore iku ndilalah pas ora ana bocah sing teka les amarga liburan. Reni ngajak anake telu mara menyang omahe maratuwa, Pak Kusparmana lan Bu Malekah, ora adoh saka omah kontrakane. Karo mlaku-mlaku wayah sore karo Rini, Reza lan Mimi. Bocah-bocah ya seneng arep ketemu eyange sing banget gematine. Reni pengin blak-blakan ngudharake kahanan sing lagi diadhepi. Arep sambat karo MbakHeni, mbakyune kandhung wis ora kepenak. Agus tau nyebrak modhal saka mbakyune, durung tau dibalekke nganti saiki. Pak Kusparmana karo Bu Malekah seneng nalika ditekani mantu lan putu putune.

"Wah seneng ya mlaku-mlaku wayah sore ngene? Piye awakmu karo anak-anakmu dha sehat-sehat kabeh ta Ren."

Bu Malekah kanthi gita-gita mbagekake. Reni dalah anak-anake, Rini, Reza lan Mimi padha ngaturi salam karo ngambung tangan. Bu Malekah trenyuh atine meruhi bocah telu kuwi, sing lagi manja manjane karo wong tuwa kok ditinggal bapake tanpa pamit.

"Pengestunipun ibu lan bapak. Lare-lare sehat mboten kirang menapa-menapa. Sinaunipun ugi lancar-lancar kemawon."

"Lagi prei ora ana les-lesan ta Reni sore iki? Dengaren kok isa ditinggal. Biyasane awakmu mesthi repot menehi les."

"Sonten menika ndilalah nembe prei Bapak Ibu, para murid nembe sami liburan kaliyan bapak ibunipun."

"Ya idhep-idhep leren dhisik awakmu ta Ren. Mosok nyambut gawe wiwit esuk nganti wengi ora tau leren."

"Injih Bapak Ibu, pas wayah liburan sekolah makaten ugi wekdal istirahat kangge para guru."



Bocah telu, Rini, Reza karo Mimi padha mlebu menyang ruang njero nonton TV dikancani eyange Pak Kusparmana. Telu-telune padha anteng anggone nonton. Pak Kusparmana unjal ambegan meruhi putu-putune. Kerep ditinggal bapake, sing ora duwe perhatian blas karo anak-anake. Reni ana ruang mburi, rembugan alon-alon karo Bu Malekah.

"Ora ana berita saka bapake bocah bocah Ren? Aku mung tau nam-pa pesen WA saka Agus, jare kok proyekan pindhah ana Bandhung."

"Sampun mboten nate nampi berita saking Mas Agus. Janipun kula kaliyan lare-lare ugi ngantu-antu sanget."

"Saksuwene bapake ora mulih, bocah-bocah ora apa-apa ta Ren. Bocah-bocah kudu dijaga aja nganti ngerti kahanan keluarga sing lagi kena rubeda, mundhak marahi bocah-bocah padha sedhih lan nglokro."

"Mekaten ibu, kula tansah njagi supados lare-lare tetep sregep anggenipun sami sinau."

"Aku ngerti kaya ngapa abote sangganmu ya Ren. Sing sabar lan tabah awakmu anggone nglakoni."

"Injih ibu, nyuwun pangapunten sanget menawi kula badhe matur. Janipun awrat lan lingsem badhe matur."

"Piyé ana apa nek aku isa melu ngewangi ngatasi masalahmu."

"Ngaten ibu, sampun tigang wulan punika, kula dereng saged nglunasi arto kontrakan griya. Sampun telas kontrakipun tigang wulan kepengker."

"Lha karepmu apa isih arep kok teruske manggon ana omah kontrakan kuwi? Kok kayane omah iku ora nggawa berkah ta ndhuk."

"Janipun pengin kula nerasaken kontrak, caket kaliyan sekolahan lare lare. Nanging kok mboten wonten artanipun."

"Aku karo bapakmu jane pengin banget mbantu. Ning aku dhewe ya lagi kepepet banget. Ndilalah SK pensiunku kok katut mlebu nggo tanggungan. Pensiune bapakmu dipotong separo suwene setaun nggo nyicil pinjaman."

"Lo kok ngaten bu. Sinten ingkang nggadhekaken SK pensiun."

"Sapa maneh nek dudu bojomu, ya anakku dhewe, Agustus Saryadi. Ngene wae ya Ren, upama dadi atimu, omah

dibalekke karo sing duwe, ora susah diteruske le ngontrak. Beaya sewa 3 sasi mengko tak bayare. Kono karo-bocah bocah pindhah wae nang ngomahku kene. Kamare ana lima kan cukup kanggo kono karo bocah-bocah telung kamar."

"Matur nuwun sanget ibu. Kula mangke nyanjangi lare-lare rumiyin. Menawi estu, dinten-dinten menika anggenipun pindhahan mumpung lare-lare nembe libur."

Sidane Reni karo anak-anake padha boyongan pindhah ana omahe Pak Kusparmana karo Bu Malekah. Dudu barang aib, urip bareng karo wong tuwa apa maratuwa, nek pancen durung isa madeg omah dhewe. Kanggone Reni, dheweke ya seneng urip karo maratuwa sing gemati karo putu putune. Luwih kepenak tinimbang urip dhewe ora disandhing bojo, wong dudu randha kok ora tau disandhing bojo.

+++++

Wis ana sakwetara sasi Agus ora tau mulih nyambangi anak bojone karo wong tuwane ana Semarang. Jare sibuk nggarap proyek anyar ana tlatah Jawa Barat. Proyek gedhe mbangun dalan antar kota. Uga ana tawaran nyetori pasir ana pabrik semen sing gedhe. Nek iki isa mlebu kabeh, bakale uripe isa moncer maneh. Sakwise punjul telung sasi ora niliki omah ana Semarang, dheweke pengin mulih. Niliki anak-anake karo nyritakke proyeke karo Bapak Ibune, uga karo sisihane Reni. Nanging kaget rikala tekan omahe, kok Reni karo anak-anake wis ora manggon ana kana. Terus mara nang omahe Bapak Ibu sing ora adoh saka kono.

Pak Kusparmana, Ibu Malekah karo Reni lagi padha jagongan and ruang tengah. Dene bocah-bocah lagi pada dolanan ana pekarangan mburi, nalika Agus dadakan teka uluk salam. Kabeh kaget nyipati tekane Agus dadakan tanpa kabar sakdurunge. Bu Malekah njola kaget, nyipati anake mbarep teka maneh. Gageya anggone methukke karo ngrangkul.

"Lho kok teka dadakan Gus. Awakmu sehat-sehat ora kurang apa-

apa to lik?"

"Aku apik-apik wae bu. Ora kurang apa-apa. Nyuwun gedhening pangapura amarga saking sibukku ngurusi proyek. Akeh proyek-ke ora mung siji."

Agus banjur nyalami bapake lan sisihane, Reni. Sikape be biyasa wae kaya ora ana kedadeyan apa apa.

"Piye ta Ren, boyongan pindhah omah kok ora ngomong-omong ki ana apa?"

"Aku bola-bali nyoba tilpun karo krim pesen lewat HP ora tau ana wangsulan saka kono Mas. Minggu wingi Rumiwati kae nggoleki awakmu."

"Rumiwati bocah Pedurungan kae ya? Wis tak terke mulih nang wong tuwane. Urusane wis rampung Ren."

"Wong nggawa anake uwong kok enak banget, mbok aja kaya ngono. Njenengan ya duwe anak wedok lo Mas."

Ngerti bapake mulih, bocah-bocah banjur padha mlayu metu methukake. Mimi sing cilik dhewe langsung lengket njaluk dibopong. Dene Rini mung dheleg-dheleg meneng. Reza bubar nyalami bapake, mingsek-mingsek nangis. Mbok menawa trenyuh ketemu bapake maneh sing dikangeni. Pak Kusparmana karo Bu Malekah alon-alon gentenan banjur mbukak rembug.

"Awakmu lunga pirang-pirang sasi tanpa kabar apa ora kangen karo anak-anakmu kuwi ta le? Bocah-bocah iku kan lagi nedheng-nedhenge pengin dimanja karo Bapake. Aja pisan pisan kok tinggal maneh ya."

"Bapak lan ibu sing tak tresnani. Aku lunga ya golek dalam padhang. Golek banyu bening kanggo keluarga lan anak-anakku. Ora tak nggo seneng-seneng dhewe. Iki laku prihatin sing kudu tak lakoni kaya ngendikane Pak Kyai."

"Ora susah kakeyan panjangka. Urip sing prasaja wae kaya lum rahe keluarga. Ora susah nganggo laku sing ora normal."

"Bapak ibu, ora ana sing ora normal. Kabeh lelaku prihatin kanggo ngranggeh kanugrahan saka Sing Gawe Urip. Jer basuki mawa beya."

"Njur kasile apa ta anggone lelaku mau? Kabeh bandha entek gusis, anak-anak karo bojomu kleleran ora kopen. Bojomu esuk sore bengi bantingan golek panguripan kanggo anak-anakmu. Ora susah adoh-adoh, lemah Ngaliyan lehku tuku saka dhuwit celengan isa ilang tanpa bekas. Apa ora kelingan nganti semono awakmu?"
"Aku iki wis mulai arep entuk proyek gedhe ana Jawa Barat. Pembangunan dalan gedhe karo nyetori pasir nang pabrik semen. Nek kuwi kasil mesthi aku bali moncer kaya wingi-wingi, Bapak Ibu. Aja kuwatir nasibe anak-anakku karo bojoku."

Pak Kusparmana, Bu Malekah uga Reni, banjur meneng tinimbang dadi gendra. Agus kaya wis ora sadhar apa sing ditindakke lan dilakoni. Angger wis muni prekara ajakane Pak Kyai, wis ora isa dirembugi. Dheweke uga ora ngrumangsani nek wis ngen tek-entekke bandhane wong tuwane. Ya karas, ya kendharaan, ya pensiun. Kanggone Reni, sing penting isih isa bertahan mlaku kanggo ngopeni lan nyekolahke anak-anake. Iku sing nomer siji saiki. Ora sempat mikir kanggo senenge awake dhewe. Direwangi melu nunut manggon ana omahe maratuwa ya ora apa-apa, wong eyange ya dha gemati kato putune.

+++++





BAB 9

Ketanggor

Wis sakwetara sasi Reni karo anak-anake manggon ana omahe Eyang Kusparmana lan Eyang Malekah. Omahe cukup ombor amarga ana kamar cacahé lima. Reni karo anak-anake nganggo telung kamar. Rini karo Reza dhewe-dhewe sakkamar. Mimi sok melu ibune, nek ora ya karo mbakyune Rini. Kabeh mlaku kaya wingi-wingi. Wis tentrem ora tau ditekani wong nagih utang maneh. Reni uga isih menehi les maneh, biyasane ana ruang ngarep. Wis mlaku kayadene wis normal kabeh. Agus mung sok-sok kirim kabar liwat pesen ringkes ana HP utawa *WhatsApp*. Jare proyekan Bandhung isih nunggu ijin warna-warna. Sesambungan antarane bocah-bocah lan Eyang Kusparmana dalah Eyang Malekah tansah cedhak lan regeng. Bocah-bocah padha seneng prasasat dimanja dening eyange. Eyang Malekah ndilalah senengane masak kanggo putu-putune.

Sakwijining sore Bu Malekah karo Pak Kusparmana sambat marang Reni nek jare ana tagihan sing kudu dilunasi, ora sethithik, kabeh ana seket yuta. Tagihan saka sakwijining BPR ing Semarang. Sertifikat omah sing dienggoni kuwi sing didadekke tanggungan. Mula wong loro bingung banget dene sertifikat omahe kok wis dinggo tanggungan njupuk utang nganti nunggak seket yuta. Lha sing menehi pinjaman sinten? Ya mesthine sing nggawa sertifikat omah kuwi ta, BPR nang kutha Semarang. Nek ora enggal disaur, sertifikat jaminan utang arep dilelang jarene.

"Lha waune kok sertifikat diparingke kangge jaminan utang niku pripun ta Bapak Ibu?"

"Omonge ya mung arep disilih sedhela wae, ya bojomu sing nembung."

"Kula mboten ngertos menapa-menapa prekawis menika lo Bapak Ibu. Kabeh niku ada-adane Mas Agus, kangge nutup usahane. Mboten wonten sambung rapet kaliyan kula kalih lare-lare. Kula tak taken-taken rumiyin kaliyan tepangan, mbok menawi wonten ingkang saged paring mergi."

"Bapak ibumu wis tuwa, wis ora isa urusan bangsa kaya ngene iki. Pasrah awakmu Ren. Wong omah rega ora mati wolung atus yuta, kok dinggo tanggungan utang seket yuta, tur ora tau dicicil. Padha wae ngedol bandhane wong tuwa tanpa rega iku."

"Sabar bapak ibu, mugu-mugu saged ditututi, uger gadhah arto seket yuta dinggo nyarutang niku."

"Ibumu ben nilpun adhine sing ana Magelang, Bulik Nunung, nek mbok menawa isa disebrak dhisik nggo mbalekne sing seket yuta iku."

"Ngaten ibu, ibu nyuwun tulung ngontak bulik Nunung wonten Magelang, lhakulataktakenkalihtepangankularumiyin. Mugu-mugu saged dipun tututi."

"Iya Ren, aku uga wis nyoba tilpon karo अधimu Etik, Jakarta. Wose dheweke ora isa melu mikir amarga lagi ora sehat. Karo maneh Etik karo sisihane Harno, wis kerep dirusuhi dening kakangne, si Agus. Dheweke ya malah mung sambat, mbok kangmase leren anggone ngrusuhi sedulur, ngrusuhi wong tuwa. Gawe susah kok ora ana enteke."

Reni uga ngerti menawa bojone, Agus wis wola-wali ngrusuhi njaluk bantuan karo adhine sing ana Jakarta, Etik. Uripe Etik pancen luwih mapan amarga sisihane, Harno nyambut gawe lan wis duwe posisi enak ana sakwijining BUMN. Etik malah sok sambat marang Reni, mbok kangmase karo dheweke isa madeg dhewe aja njagakke wong tuwa lan sedulur. Kabeh wis duwe tanggungan keluarga dhewe dhewe.

Reni kelingan nek wong tuwane salah sijine murid sing melu les dheweke, mantan perwira polisi sing tau tugas ana kepolisian propinsi ing Semarang. Dheweke takon karo muride mau apa bisa diwenehi nomer HPne bapake. Ora suwe dheweke wis entuk wangsulan saka Lisa, muride menehi nomer tilpone bapake. Reni tau ketemu sepisan pas priyayine nalika ngeterke putrine nemoni dheweke ndhaftarke arep melu les. Asmane Pak Bardi, maune ngasto ana dhinas kepolisian ing tingkat propinsi. Alon alon Reni banjur nulis weling liwat WA. Ndilalah rikala Lisa wiwitan les, Pak Bardi kerep kirim welingan WA marang Reni nakokke kemajuwane putrine mau. Reni ora patiya nggatekake nomer tilpune, wis ilang saka HPne. Mula dheweke takon marang Lisa. Alon-alon dheweke ngetik welingan liwat WA.

"Sugeng sonten Bapa Bardi. Kula Anisah Anggraeni, gurunipun les keng putri adhik Lisa. Bapak nate sesambetan langkung WA kaliyan kula sakwetawis wekdal kepengker, rikala Lisa nembe wiwitan les. Nyuwun pangapunten, menapa saged nyuwun tulung Bapa?"

Rada suwe ora ana wangsulan saka Pak Bardi. Bubar asar lagi ana wangsulan. Wose takon pitulungan apa sing dikarepake.

"Oo Jeng Anggraeni ta menika. Dangu mboten kontak, amargi Lisa sampun sae, saged nglampahi pasinaon kanthi lancar. Ibunipun Lisa ingkang ngawat-awati sakmenika. Wonten prekawis menapa jeng ingkang saged kula biyantu?"

"Nuwun sewu bapak, menika Bapak Ibu marasepuh kok pun tagih pinjaman kanthi tanggungan sertifikat griya. Menawi telat anggenipun nyarutang, griya badhe pun lelang."

"Lha sertifikatipun sakmenika wonten pundi Jeng?"

"Njih pun tahan kaliyan ingkang nyukani utangan menika wau, wonten BPR."

"Ngaten kemawon Jeng. Kula aturi tindak kantor kula, kaliyan ngasto nomer WA ingkang ngontak Bapak Ibu panjenengan, kaliyan fotokopi KTP lan kopi sertifikatipun. Benjang-enjang mbokmenawi bibar luhur ngaten."

"Matur nuwun sanget Bapa. Benjang enjang siang kula sowan dhateng kantor."

+++++

Dina sesuke Reni dikancani anake mbarep, Rini, banjur mara ana kantore Pak Bardi ana tengah kutha Semarang, perusahaan import eksport. Ora gampang nemoni mantan pejabat amarga kabeh prosedhur wis baku, kudu dilakoni kanthi telaten. Wiwit saka SATPAM nganti meja resepsionis tansah takon kartu identitas, sapa sing arep ditemoni lan apa perlune. Nanging bareng dheweke nyebut nek arep ketemu Bapak Bardi lan wis janjian wiwit wingi, petugas resepsionis rada kaget.

"Oo sampun janjian kaliyan Bapak Bardi njih? Panjenengan sinten ibu?"

"Kula gurunipun les Dhik Lisa, putranipun Pak Bardi."

"Wonten prekawis menapa badhe manggihi Bapak Bardi?"

"Badhe konsultasi kemawon, kok griyanipun marasepuh badhe pun beslag. Bapak ibu mboten rumaos utang sok sintena."

"Pun entosi sekedhap njih Bu. Bapak nembe kemawon dhahar siang kaliyan tamu saking Jakarta. Mangke mbokmenawi pun rujuk dhateng pejabat ingkang kawogan dening Bapak Bardi. Bapak taksih gadhah sesambetan sae kaliyan aparat keamanan."

Reni karo Rini, banjur ngenteni ana ruang tunggu. Pak Bardi durung kondur anggone makan siang karo tamu. Ora let suwe Pak Bardi kledhang-kledhang teka. Priyayine gagah, bagus lan gedhe dhuwur. Prapupane padhang akeh eseme. Grapyak priyayine. Tandange tansah trengginas. Nalika dilapori menawa ditunggu tamu, Bu Anisah Anggraeni, dheweke rada kaget. Mbokmenawa lali nek wis janjian. Reni banjur dipanggil petugas supaya mlebu nang ruangane Pak Bardi. Nang lawang lan mejane katulis jenenge mantan Kombes Bardi, minangka direktur utama perusahaan. Kanthi grapyak Pak Bardi mbagekake Reni.

"Wah nyuwun pangapunten Jeng Reni, rada telat, wonten tamu

saking Jakarta.”

”Mboten dados menapa Bapa. Menika kula pun kancani anak kula Rini taksih tiga SMP.”

”Wah Dhik Rini ayune kaya ibune ya. Anakku Lisa dilesi ibumu terus lancar sinaune. Matur nuwun sanget lo Bu Reni sampun mbiyantu anak kula. Wonten prekawis menapa menika Jeng.”

”Ngaten lo bapak. Bapak Ibu marasepuh punika kok pun tagih utang seket yuta, saking salah setunggaling BPR, langkung pesen WA. Kamangka mboten rumaos mendhet utang.”

”Lha boregipun menapa Jeng? Lan sinten ingkang mendhet kredit?”

”Sertifikat griya pun tahan dening BPR menika, menawi mboten saged nglunasi badhe pun lelang griya menika. Waleh-waleh menapa, mbokmenawi ingkang mendhet kredhit njih semah kawula, Mas Agus piyambak. Ananging mboten matur kaliyan bapak ibu.”

”Njih ngaten kemawon njih Jeng. Kula pasrahaken kanca ingkang tinanggenah prekawis makaten. Kathah sanesipun, mangke supados pun urus kanthi cepet.”

”Matur nuwun Bapa paringipun pambiyantu. Kula mboten saged mbales kasaenan panjenengan.”

”Sami-sami Jeng, Kula njih matur nuwun anak kula pun Lisa sampun lancar pasinaonipun sakmenika.”

Pak Bardi banjur ngebel sekretarise, supaya ngundang salah sijining staf sing dipercaya lan pengalaman nangani perkara utang piutang kaya ngono. Pak Bardi aweh instruksi supaya Reni dibantu anggone ngurus utang lan nggoleki bali sertifikat omah sing dinggo jaminan. Pak Bardi weling supaya tansah diwenehi laporan lakuning perkara sakwayah-wayah. Reni banjur diajak metu menyang kantor polisi sakperlu ndhaftarke kasus lan menehi keterangan sing tuntas larah-larahe perkara sing lagi diadhepi mau. Kabeh informasi wis diwenehke dening Reni marang petugas sing kuwagang nampa pelaporan. Jarene petugas, perkara kaya ngene pancen asring diadhepi, penangananane biyasane dipasrahke ana tingkat Polsek utawa Polres. Laporan kabeh dicathet ana komputer dening petugas mau karo kopi dokumen sing diperlokke.

Jam telu sore kabeh wis rampung, Reni entuk bukti laporan prekara. Dheweke enggal mulih amarga jam setengah lima mengko wis ana murid anyar sing arep njupuk les. Tekan ngomah leren sedhela ana kamar. Bubar adus sore, dandan sakperlune sakdurunge menehi les. Pak Kusparmana karo Bu Malekah takon urusane mau piye.

"Sampun pun laporaken sedaya Bapak Ibu. Kantun ngentosi proses kemawon. Nanging njih menika kedah siyap arto seket yuta kangge nglunasi kredhit kala wau."

"Iya Ren, aku wis tilpun karo Bulik Nunung ana Magelang, wose arep nyilihi dhuwit sing dinggo nglunasi kuwi. Muga-muga enggal ana dalan metu saka pepeteng iki."

+++++

Ing sakwijining esuk kira kira rong minggu bubar laporan prekara utang piyutang kanthi boreg sertifikat omahe Pak Kusparmana iki, dadakan Agus teka tanpa kabar sakdurunge. Bocah-bocah lagi arep padha budhal sekolah karo ibune, nalika bapake teka. Praupane aclum, kaya kurang turu wis pirang-pirang dina, awake kuru ora kopen. Mung lungguh meneng ana kursi ing teras ngarep, kaya wong linglung kurang kesadharane. Bocah-bocah padha kaget, bengok-bengok weruh bapake teka kanthi kahanan sing memelas iku. Reni enggal-enggal nggandheng bojone menyang njero, diwenehi banyu anget lan andhuk kanggo raup lan resik-resik awak. Bu Malekah krungu rame-rame banjur metu. Meruhi kahanane anak lanang mbarep atine uga ora mentala, dirangkul karo nangis.

"Ana apa ta Gus, pirang-pirang sasi tanpa kabar, kok mulih-mulih kahananmu kaya ngene, kena apa kowe?"

"Aku lagi kena alangan abot bu. Aku wis ora kuwat nglakoni."

Pak Kusparmana melu metu lan krungu kandhane Agus banjur nrambul rembug.

"Ya nek wis sadhar lelakonmu, sing penting saiki leren dhisik."

Meneng dhisik, mikir lan mbayangke prastawa-prastawa sing wis kok lakoni wingi-wingi. Apa ana sing kudu didandani nang tembe mburi. Reni karo bocah-bocah, wis dha budhal sekolah kana. Bapakmu ora apa-apa, Mengko mulih sekolah rak wis pulih maneh."

Reni karo anak-anake banjur neruske anggone budhal menyang sekolahan. Swasanane bingung tintrim, ana apa bapake kok dadi mulih linglung. Nanging senajan ana kedadeyan ora biyasane, nanging kagiyatan rutin kudu tetep lumaku kaya adat sabene. Sakwise resik-resik awak lan ganti pakeyan, ngombe teh anget karo mangan sarapan dhisik, Agus lagi isa ditakoni kanthi sareh.

"Jan-jane ana apa ta Gus? Awakmu teka saka ngendi kok kahanamu kaya ngene?"

"Iya Bu terus terang aku mulih amarga dipanggil polisi. Dina iki kudu teka ana ngomah kene. Mengko awan petugas polisi arep teka mrene."

"Lha piye kok nganti kena urusan polisi ta lik. Apa kono gawe wisuna maneh?"

"Ana sing nglaporake aku nang polisi prekara penggelapan sertifikat tanah bu. Sapa sing lapor?"

Pak Kusparmana banjur gageyan nyela rembug.

"Nek pancen kowe nglakoni nerak wewaler hukum, ya kudu wani ngadhepi ta Gus. Ora susah nggoleki wong sing lapor. Nek kowe nyidrani wong tuwamu, aku karo ibumu isa nrima, ora ketang krasa sedhik ora karuwan. Ning bareng wis nerak wewaler hukum lan nggeret wong liya, ya terang nek awakmu kudu wani ngadhepi akibate. Ora kok aku nyokurke kono, ning aku karo ibumu ora wenang maneh ngumpetke anggonmu laku nerak wewaler hukum."

"Mengko bubar luhur, petugas saka Kepolisian Semarang arep teka mrene bapak ibu."

"Ya saiki leren dhisik karo nata pikir piye mengko anggone ngadhepi."

Jam siji awan Reni karo bocah bocah durung mulih. Isih ana kagi-

yatan pawulangan ana sekolah. Pak Kusparmana, Bu Malekah karo Agus lagi padha rembugan bubar mangan awan. Ana wong uluk salam ana ngarep. Pak Kusparmana mara menyang ngarep methukke tamune. Dheweke durung kenal sapa kuwi tamune. Ana priya loro gagah gagah nggoleki Agus.

"Kula Briptu Amar saking Polsek, dene menika Pak Abu saking BPR. Kita kedah manggihi ingkang naminipun Agustan Saryadi, leres alamatipun mriki?"

"Injih leres, menika anak kula. Mangga pinarak rumiyin."

Tamu loro banjur lungguh ana ruang tamu, ngenteni Agus. Pak Kusparmana banjur ngundang Agus karo Bu Malekah supaya metu ana ruang tamu. Agus katon banget anggone wedi, cahyane pucet kaya kertas.

"Gus, iki Pak Amar saka kepolisian, karo Pak Abu saka BPR, pengin ketemu awakmu. Sing tatag wae kok udharke apa anane karo priyayi-priyayi iki."

"Sedulur Agustan Saryadi, bener ya jenengmu iki? Aku Briptu Amar saka kepolisian nampa perintah saka atasan nek kudu mriksa sampeyan. Mula bubar urusan iki digenahke, tak jaluk sampeyan melu nang kantor polisi. Mangga Pak Abu."

"Mas Agus, kula Abu minangka wakil lan petugas saking BPR. Penjenengan gadhah sambetan sampun jatuh tempo. Sedaya wonten seket yuta sakanakanipun. Menawi dinten niki arto seket yuta saged kula bekta, kanthi pun sekseni Pak Amar punika, sertifikat griya saged kula pasrahke sakmenika ugi."

Bu Malekah enggal nrambul rembug amarga ora ana duwit babar blas ana ngomah.

"Kula mboten wonten arto sak sen-sen a wonten griya. Menawi longgar kula tak tilpon adhik kula riyin sakniki wonten Magelang."

Bu Malekah gageyan tilpun adhike, bulik Nunung sing ana Magelang. Wose ngandhakake kaya sing wis dirembug wingi nek butuh dhuwit kas seket yuta. Sajake disanggupi karo bulik Nunung.

"Bapak-bapak, menika kula pun disanggupi kalih adhik kula wonten Magelang, dicepaki arto kas seket yuta. Lha mangga badhe teras dhateng Magelang dinten menika mendhet arto. Menapa kula pendhet riyin siang menika, kepanggih malih benjang enjang?"

"Langkung sae sakmenika sisan pun pendhet wonten Magelang. Kula kaliyan Pak Abu mboten kangelan damel laporan dhateng atasan."

Wong lima enggal-enggal budhal menyang Magelang sakperlu njupuk dhuwit dinggo nglunasi utang sing wis jatuh tempo ana BPR. Pak Abu nyetir mobil kijang Innova warna metalik, didham-pingi Pak Amar ana lungguhan sebelah sopir. Dene Pak Kusparmana, Bu Malekah lan Agus Saryadi lungguh ana bak mburi. Luwih cepet isa njupuk dhuwit kontan sore iki. Tinimbang njupuk dhewe, iki wis ana kendharaan, sisan Pak polisi, dadi ora ribet mikir keamanan. Paling mengko ngisi bensin lan uang lelah. Lakune kendharaan lancar, liwat dalan toll, metu Bawen terus menyang Magelang. Jam papat durung ana, wis tekan Magelang, nang omahe bulik Nunung.

Bulik Nunung karo Pak Broto wis nyiapke samubarange. Pak Broto pedagang hasil bumi ana wilayah kabupaten Magelang, dadi ora kangelan babar pisan nek disambat dhuwit kontan. Para tamu sing lagi teka saka Semarang enggal diaturi dhahar dhisik, sakdurunge rembugan. Bulik Nunung karo Bu Malekah banjur rembugan ana njero kamar, rembug serius.

"Nunung terima kasih wis kok tulungi ya. Abot-abote nglabeti anak sing lagi kena pepeteng. Iki sertifikat omah warisan Pemalang, tak hibahke awakmu. Rega paseduluran kaya sing wis dirembug wingi nang tilpon, telung atus seket juta. Aku butuh seket dhisik kanggo nebus omah Semarang sing digadhekke Agus."

"Iya Mbak lha wis piye maneh. Iki wis tak cepaki seket dhisik. Kurangane tak golekke sasi iki. Mung welingku, aja nganti omah Semarang lepas. Kuwi omah jaka lara Mbak Malekah karo Mas Kusparmana."

Bubar makan siang, tamu loro Pak Amar karo Pak Abu lungguh ana kamar tamu karo ngrahabi suguhan wedang kopi karo gedhang goreng. Dene Agus, diundang dening Pak Broto ya garwane bulik Nunung menyang kamar, disekseni Pak Kusparmana, Bu Malekah, bulik Nunung.

"Gus aku pengin ngerti, nganti kapan permainanmu arep mandheg? Wong tuwa wis sepuh isih kok gawe susah mlayu-mlayu ngurusi urusan utangmu sing ora beres? Elinga awakmu anak mbarep, kudu dadi piyandele wong tuwa kok malah dadi beban. Mbok mesakke bapak ibumu karo anak-anakmu ta. Kono wis dewasa kudune wis isa mikir."

"Wah nuwun sewu Pak lik. Wonten ing donyane bisnis, utang piyutang menika sampun biyasa. Mboten perlu lingsem. Wong tokoh bisnis kados Abu Rizal kemawon nunggak utang. Kula pengusaha alit mboten kedah lingsem Pak Lik."

"Mesakna wong tuwamu karo anak-anakmu uga bojomu. Utang-piyutang sing kok lakoni wis nerak wewaler hukum lan tata paseduluran lan bebrayan. Ora bakal ana enteke."

Antarane jam lima kliwat sethithik urusan wis rampung. Bu Kusparmana nampa dhuwit kontan saka adhine, Bu Bunung. Terus dipasrahke marang Pak Abu, disekseni briptu Amar. Sertifikat omah Semarang banjur dipasrahke marang Pak Kusparmana, karena jenenge ya katulis Kusparmana minangka sing nduweni. Bu Malekah uga masrahake sertifikat omah warisan ana Pemaalang, dihibahake dening Bu Malekah marang adhine Bu Nunung, kanthi rega paseduluran, telung atus seket yuta. Pak Kusparmana, Bu Malekah, Agus Saryadi, Briptu Amar lan Pak Abu banjur pamitan, arep mulih menyang Semarang. Reribet prekara serius paling ora wis diuculi sore iku. Kabeh pulih kaya wingi wingi muga-muga. Ning kok ndadak nganggo jasa polisi barang. Agus rumangsa lega banget, dene ora nganti mlebu dadi urusan polisi.

+++++



BAB 10

Wong Wadon Wenang Urip Seneng

Sakwise pindhah dadi siji urip karo maratuwa kahanan uripe Reni karo bocah-bocah durung ana owah-owahan sing maton. Ya mung bedane saiki ora tansah keweden dioyak-oyak wong nagih utang. Eyang Kusparmana lan Eyang Malekah tansah gemati karo putu-putune. Ewasemana kahanan urip bebojoan antarane Anisah Anggraeni karo Agustan Saryadi prasasat durung ana owah-owahan njaba njero. Kanggone Reni, dheweke saya ora ngerti tingkah polahe bojone, saya beda karo Agus sing tansah ditresnani lan dikormati rikala jaman nganten anyar dhisik. Kaya-kaya kabeh wis owah kabeh. Agus sing diweruhi saiki wis dudu Agustan Saryadi sing tansah diimpekake jaman semana, sing prasasat kaya dadi pahlawan ana sakjroning uripe, ana njero atine. Saiki kok owah dadi kaya wong asing sing dheweke ora isa mangerteni, panemune dalah polah tingkahe. Wis dadi wong liya babar pisan.

Ananging dheweke ora tau isa sambat. Ora duwe kanca cedhak. Sambat karo mbakyune, Mbak Heni, apa karo ibune ya malah kaya dielingke, arep ngeboti apa urip ana Semarang. Pamrayogane ya pindhah wae miwiti usaha anyar ana Salatiga. Mula dheweke luwih becik meneng, uneg-unege tansah disimpen rapet ana njero atine. Nanging ibune, Bu Maslikah, dalah bapak ibu maratuwane, wis nyipati dhewe kahanan uripe lan kasangsaran njaba njero sing dilakoni. Sarwa peteng lelimengan, babar blas ora ana pepadhang sakkeplasan ana dalan ing tembe mburi. Isane ya mung pasrah, nampa kahanan sing kayane wis dadi

nasibe.

Nalika dheweke ketemu kancane lawas Iksan, ana owah-owahan ing alam pikirane Reni. Senajan lagi ketemu kaping pindho sakwise meh rong puluh taun ora ketemu. Babar pisan ora ana rasa tresna ana njero atine marang Iksan, nanging mung rasa kekancan, rasa cedhak sing ngrembaka nang jroning ati. Kerep kirim-kiriman weling liwat whatsap karo Iksan, tanpa ana rasa wigih babar pisan. Sok pengin banget ngesokke isi atine, rasa sengsara ana uripe. Wose saiki duwe kanca kanggo ngetokke uneg-unege utawa curhat. Rumangsane, Iksan ya kanca sing isa dipercaya lan diugemi. Bubar prastawa utang-piutang nganggo tanggungan sertifikat omahe Pak Kusparmana iku dheweke crita karo Iksan lewat whatsap.

"San piye kabarmu. Muga-muga welingan iki kok tanpa kanthi premana. Pengin curhat liwat donya maya oleh ya San? Kono kancaku siji-sijine sing tak arep-arep isa ngrungokke uneg-unege atiku. Ning nek awakmu ora nyaman, ya omong wae terus terang ya. Mundhak dadi sanggan nang atimu. Aku kepeksa crita ngene iki ya mung karo awakmu, ora ana wong liya sing isa ngrungokke lan isa tak sambati. Tak enteni wangsulanmu. Saka Reni, kancamu tuhu saklawase."

Pangarep-arepe Reni, dina Setu sore kaya adat saben Iksan mesathi prei ana ngomah. Ora suwe ana wangsulan cekak saka Iksan.

"Anisah Anggraeni, kancaku saklawase. Ora perlu ragu nek arep curhat karo aku. Nek mbok menawa aku isa mbiyantu aku seneng banget. Ning pengalaman ku ora akeh kaya awakmu lo Ren. Aja gela nek ora isa mbiyantu ngenthengake sangganmu."

"Ngene lo San, rumangsaku uripku kok kaya wong sial ya, tansah kleru dalan, mangka aku ya tansah ngati-ati. Uripku karo Mas Agus prasasat mung kaya sandiwara. Kabeh usaha kok ora ana sing dadi, malah entek-entekan. Modhal apa wae gusis, klebu deduwen sing anggonku nglumpukke mbaka sethithik kok entek kabeh. Kapan isa bali moncer maneh ya?"

"Usaha nek dilakoni kanthi temen mesthi dadine Ren, aku pengalaman ngrengkuh usahane almarhum bapak prasasat saka ngisor maneh, saka wiwitan, amarga pas bapak seda, kondhisi keuangan usaha wis negatip. Mesthi ana dalan. Lha usahamu piye ta Ren?"

"Aku ora duwe usaha, mung dadi guru karo menahi les ing wayah sore. Ora sepiroa nanging lumayan isa dijagakke nek usahane Mas Agus macet. Iki wis pirang-pirang sasi Mas Agus ora mulih, jare proyekke pindhah ana Bandhung. Sakdurunge pindhah Bandhung, malah ngeret-eret bocah wadon. Jarene sing kongkon Pak Kyai dinggo sarat ben usahane bali moncer maneh."

"Rumangsaku kok gugon tuhon ta iku. Aku usaha saka ngisor, kabeh ya mung laku temen, tekun lan ati-ati wae sing perlu. Ora susah nganggo ritual maneka warna. Nek dianggep srana mbantu usaha, aku mung melu mbantu komunitas sing tetulung marang wong sing ora beja lan nemahi kasangsaran. Nulungi liyan padha karo dedonga ben usahane kasil Ren."

"Aku percaya karo sing kok lakoni San. Wingi ndilalah, Mas Agus ditekani polisi karo pihak BPR. Nganggo tanggungan sertifikat omah, dheweke njilih dhuwit ana BPR telung puluh yuta. Bareng jatuh tempo, pihak BPR nagih bapak maratuwa, pelunasan nganti seket yuta. Untung isa nyebrak bulike ana Magelang. Urusan utang-piutang lan penggelapan sertiifikat isa dirampungke. Aku njaluk tulung kenalan mantan polisi, Bapa Bardi. Anake melu njupuk les nang aku banjur sinaune isa lancar. Bapake seneng banget."

"Iya kudu tansah ngati-ati Ren. Nang donyane usaha, kekancan uga apik. Soale kan ora ngerti kapan awake dhewe bakal butuh pitulungan."

"San aku takon ya. Kamulyan lan urip seneng iku pilihan apa amarga mung nasib ya? Nek mikir lelakonku tumrape wong wadon, apa bener paribasan swarga nunut neraka katut iku, kaya-kaya

nek pas ambruk ana ngisor ngene iki wong wadon mung kudu pasrah, ora duwe wewenang nduweni ati seneng."

"Wah iki pitakonan sing abot. Tak jawab sakisaku. Kapisan, kamulyan lan ati seneng iku dudu nasib Ren, iku pilihan urip. Mung awake dhewe sing isa milih piye carane isa urip seneng, dudu wong liya. Kapindho, paribasan swarga nunut neraka katut panggone wong wadon wis kuna, ora jamane. Wong wadon aja mung njagakke wong lanang. Kaping telu, wong wadon uga wenang urip seneng lan ngrasakke kamulyane urip. Muga-muga jawabanku isa mangsuli pitakonanmu. Salam kekancan saklawase saka aku, Iksan."

"Matur nuwun ya San iki, wis gawe padhang pikirku. Muga-muga kapan-kapan ana wektu kanggo ngobrol ya San."

Senajan mung rembugan liwat WA nanging panemune lan welinge Iksan tansah gawe mongkoge atine. Semangate kaya ana sing ngububi. Kudu ngadeg, kudu mlaku menyang tembe mburi kanthi semangat. Aja mung pasrah karo nasib. Wong wadon uga wenang urip kanthi ati seneng lan bahagiya. Dheweke nanggung anak telu prasasat kaya ibu tunggal, *single mother*. Semangat bakal cancut taliwanda nanggung lan nggulawentah anak-anake kanthi urip seneng lan bahagiya. Ora susah ngenteni kasile tirakat Agus, bojone sing ora isa dijagakke.

+++++

Sawijining sore nalika bubar menehi les, lagi lungguhan ana teras mburi sakwise adus, ana pesen WA mlebu. Nomere kok dheweke ora kenal, saka sapa iku. Ora patiya nggape. Akeh welingan WA kerep mlebu. Wong iseng.

*"Menapa leres menika nomeripun Ibu Anisah Anggraeni?"
"Injih leres, nuwun sewu njih, menika sinten kok mboten wonten ing dhaftar kontak kula."*

"Kula Bardi Jeng, taksih kemutan ta, bapakipun Lisa, murid penjenengan."

"Oo njih Bapa Bardi, tamtu kula kemutan, mboten saged kesupen paringipun pitulungan Bapa. Kula ngaturaken gunging panuwun. Gusti ingkang saged males."

"Sampun ngaten jeng. Kula sakdermi cawe-cawe kados ingkang panjenengan kersakaken. Mugi-mugi sampun ical reribed kalawin-gi."

"Sampun beres sedaya Bapa. Bapak Ibu marasepuh njih remen lan matur nuwun sanget."

"Nuwun sewu menawi mboten sisah basa dospundi Jeng. Supados saged celak lan akrab anggen kita kekancan."

"Wah kula namung tiyang biyasa Bapa, kuwalat menawi ngoko."

"Ora apa-apa Jeng. Biyasa wae ora susah basa. Aku luwih seneng kekancan karo sliramu. Wanita prakosa, berjuang kanggo putra lan keluarga. Muga-muga anakku Lisa uga isa niru semangat panjenengan."

"Wah kok lajeng mremen ta Bapa. Kula namung sakdermi nglampahi kemawon kok. Mangke ibu menapa mboten duka menawi Bapa asring WA nan kaliyan kula."

"Ora susah kakeyan sing dipikir Jeng. Awake dhewe kan mung tukar wawasan wae. Ora mremen nang endi-endi ya."

"Matur nuwun, namung kedah ngatos-atos sanget mindhak klen-tu panampi mangke ibu."

"Sing penting Bu Reni ora kabotan kekancan ana donya maya karo aku. Aku wis seneng. Sok-sok isa rembugan liwat WA. Sokur nek isa tatap muka kapan-kapan ya."

"Matur nuwun Bapa Bardi. Ngestokaken dhawuh."

Reni kaget banget nampa welingan WA saka Pak Bardi. Setengah ora percaya, setengah mongkog lan seneng atine. Kok ana priyayi gung binathara, tau dadi manggalaning praja, kersa kontak lan ngajak kekancan karo dheweke. Dheweke sing lagi nandhang lapa, ditinggal bojo kudu bantingan nanggung anak telu. Bingung arep mangsuli kepiye marang Pak Bardi. Rumangsa beda adoh tingkatan sosiale antarane dheweke karo Pak Bardi. Nanging nang njero atine, ana rasa sir-siran sing ora isa digambarake. Pak Bardi kerep kirim welingan ana WA, biyasane nek

wayah sore utawa wengi nalika bocah-bocah wis padha turu. Dheweke banjur kerep nggethu nyimak HP nganti wengi.

"Jeng Reni, piye kabarmu dina iki? Muga muga lancar kabeh ya?"
"Pengestunipun Bapa Bardi, kagiyatan kula tansah mlampah mboten wonten alangan nir ing sambekala."

"Jeng aku duwe panyuwun tenan ya. Kok gatekke."

"Wonten menapa Bapa?"

"Sepisan, aja nganggo basa krama. Ngoko wae ben saya akrab. Kaping pindho, aja ngundang aku Bapa, kok sajak resmi banget tur rada adoh."

"Lha ngaturi dospundi? Kangmas ngaten menapa pareng?"

"Ya matur nuwun banget nimbali aku kangmas. Atiku rasane mabur nang awang-awang iki."

"Njih Mas Bardi, kula nyobi ndherek kemawon."

"Iya ning ora susah basa ta Jeng. Biyasa wae kaya karo kanca kenthel apa karo kangmasmu dhewe."

"Njih kangmas, aku ndherek wae. Sing penting isa kekancan kanthi apik. Isa tukar wawasan lan pengalaman. Aku isa sinau saka pengalaman panjenengan nang donya usaha lan donyane bebrayan."

"Lha mbok ngono ta jeng. Kan padha penake, ora ana bates antarane awake dhewe wong loro, kekancan ana donya maya."

"Matur nuwun Mas Bardi, muga-muga kekancan iki isa langgeng lan murakabi kanggomu lan kanggoku."

"Upama lho Jeng, awake dhewe patemon ngono piye? Kapan wektu sing longgar kanggomu. Ora susah suwe-suwe, maem bareng ngono."

"Wah apa ora mbabayani ya Mas. Penjenengan sakwijining tokoh publik, akeh wong sing ngerti. Nek dingerteni wong piye?"

"Kan ya mung ketemu makan malam karo crita-crita ngono lo. Kapan wektumu sing longgar?"

"Ora perlu diputuske dhisik Mas. Alon-alon wae karo dipikir sing jero. Aku biyasane longgar dina Setu sore utawa Minggu sore."

Atine Reni kaya mbungahi, sir-siran rasane, arep diundang

makan malam karo Pak Bardi. Durung diputuske kapan wektune, nanging dheweke rumangsa nek dadi wong sing ana ajine, diajani dening priyayi kondhang kaya Pak Bardi. Embuh mengkone, muga-muga dadi dalane urip dadi menungsa sing diajani. Ora ana eleke menawa takon karo sedulure sinarawedi, kanca cedhak banget senajan suwe ora ketemu, ya Iksan.

"San piye kabarmu lur? Muga-muga tansah apik-apik wae ya. Aku pengin takon San. Wingi awakmu tak critani prekara Bapa Bardi, sing paring pitulungan gegayutan karo pemalsuan kredhit lan penggelapan dening Mas Agus, sing dadi gendra wingi?"

"Kabarku tansah apik wae Reni. Tansah kelingan awakmu karo bocah-bocah. Piye ana apa karo Pak Bardi?"

"Dheweke pengin mbangun kekancan nang jagad maya karo aku. Malaharep ngajak ketemuan makan malam kapan-kapan. Aku dadi bingung. Aku saiki rumangsa ana ajine. Ora mung dadi wong wadon sing kudu ngadhepi penagih utang. Kepriye pamrayoganu San?"

"Kekancan ya apik-apik wae Reni, ning aja nganti nyebal saka norma-norma sing ana. Mundhak dadi gunjingan lan omongane wong akeh. Awakmu mesthi ngerti lan bisa nimbang dhewe, apike lan resikone. Mangga digalih lan diputusi dhewe. Welingku mung ati-ati, kudu njaga dedeg lan ajine wanita. Wanita utama. Aja kesilep pepenginan kadonyan sing sok marahi blereng."

+++++



BAB 11

Wolak–Waliking Lelakon

*W*ingi-wingi rikala uripe lagi susah-susahe, lagi ana sisih ngisor rodhaning urip, Reni ora duwe rasa percaya dhiri blas marang awake dhewe. Nanggung uripe anak telu dhewekan, tanpa ana uluran saka sisihane Agus. Ngoni isih saben-saben dilarak wong nagih utange bojone. Dheweke tansah cilik aten, kaya-kaya dadi wong kok ora ana regane. Mlaku tansah tumungkul ora wani ndhagak madhep mengarep kaya lumrahe wong. Atine tansah dedonga kapan bebendhu iki bakal liwat. Kapan bisa urip prasaja kanthi normal.

Sakwise manggon dadi siji ana omahe maratuwa, siji-siji bebendhu sangsaya suda. Wis ora tau dilabrak wong nagih utang maneh. Dheweke uga tansah sesambungan karo Iksan, kancane raket wiwit nalika sekolah. Paling ora, ana sing diajak curhat ngetokke uneg-uneging atine. Apa maneh bareng ana kontak karo Pak Bardi, bapake murid les sing dituntun pasinaone. Rumangsa mongkog lan seneng banget nalika krungu welinge Pak Bardi, awèh panuwun tanpa upama amarga Lisa wis kasil ngadhepi alangan anggone sinau ana sekolah.

Sapa sing ora seneng lan mongkog, ing atase Pak Bardi, pengu-saha kondhang kaonang ana tlatah Semarang lan Jawa Tengah, kok paring atur panuwun marang dheweke. Dheweke ki sapa ta, mung dadi wong wadon sing wingi-wingi kudu narima kahanan swarga nunut neraka katut. Kok nganti nampa panuwun lan pan-

galembana saka priyayi kondhang kaya Pak Bardi. Malah njaluk kekancan barang, njur njaluk diundang kangmas wae. Hmmm kaya wong ngimpi. Saiki dheweke dadi pulih rasa percaya dhir-ine. Senajan kabeh bebendhu durung liwat, ning prastawa mau nambah semangate anggone ngadhepi. Atine seneng krasa mak sir angger kelingan nek Pak Bardi pengen ketemu kapan-kapan, makan malam. Durung ditemtokke wektune, ning dheweke tansah ngantu-antu, bebarengan lunga metu karo priyayi kondhang, tokoh masyarakat iku.

Lagi wae rampung menahi les sore iku, wis dandan lan nunggoni anak-anake padha maem nang ruang tengah, dadakan ana welingan mlebu ana HP ne. Atine wis dheg-dhegan saka sapa iku.

"Ren, piye kabarmu? Apik-apik wae ta? Pengin nyapa wae nakkokke kabar keslametan." Reni rada kaget, sing kirim weling kanyata, Iksan saka Salatiga.

"Kahananku apik-apik wae San. Awakmu iki nang endi? Dengaren kok ngontak aku."

"Iki ya nang Salatiga ta Ren. Mung pengen ngontak awakmu wae, apa ora oleh?"

"Ya oleh lah, mung kok dengaren ora kaya biyasane. Awakmu kontak aku, mung njawab welingan saka aku, apa kangen karo aku?"

"Apa oleh dikangeni ta Ren, kanca kenthel lo awake dhewe. Apa aku isa dolan mrono?"

"Nek ora repot ya dolan wae nang Semarang, ngobrol sore-sore ngenekankepenak. Akulaginunggoni anak-anakkudhamaemsore. Mengko tak matur Bapak Ibu."

"Iya aku tak teka mrono ya Ren. Mung silaturahmi biyasa wae. Aku ya tak matur Bapak Ibu kono ben ora ana salah panampa."

Kira-kira jam setengah enem, Iksan wis mlebu ana pekarangan omah Pindrikan. Pak Kusparmana lan Bu Malekah isih lungguhan ana ngarepan, ngunjuk teh anget karo nyamikan emping. Iksan atur salam kanthi sopan.

"Nuwun sewu Bapak Ibu, kula Iksan saking Salatiga, kula sok

ndherekaken pelanggan mawi GoCar. Nate ndherekaken ibuki-pun Mbak Reni. Ndilalah kanca raket kaliyan Mbak Reni wiwit SMP.” Pak Kusparmana banjur mangsuli kanthi sareh.

“O iya nak Iksan, Reni kerep nyritakke njenengan. Seneng isa ketemu kanca lawas, ana sing isa dijak mbat-mbatan.”

“Lha iki kok teka mrene apa diwekasi dening Reni? Arep lunga menyang endi?”

“Mboten ibu, sonten menika mboten badhe dhateng pundi-pundi. Namung Reni tingkas menawi pengin kepanggih sonten menika.”

“Ya ora apa-apa nak. Mangga lenggah dhisik, Reni lagi wae rampung nyinaoni anak-anake.”

Pak Kusparmana karo Bu Malekah, pindhah ana ruang njero. Ndilalah ya pancen wis meh maghrib. Dene Iksan lungguh karo Reni ana ruang tamu ngarep. Ora jembar banget ning ya ora ciut banget. Wong loro banjur ngobrol kanthi gayeng, tanpa beban, kaya nalika isih jaman sekolah ndhisik. Iksan ora akeh guneme, mung nanggapi wae sing dikandhakke Reni. Reni luwih akeh critane, sok-sok guyune keprungu banter, persis nalika jaman sekolah dhisik. Lali sangganing urip saben dinane. Anak-anake Reni, Rini, Reza karo Mimi mung padha ngrungokke karo nggumun kok ibune dengaren isa ngguyu lepas.

Saktengahe padha rembugan ana ruang ngarep dadakan ana tilpon mlebu nang HP-ne Reni. Reni kaget setengah mati sing nilpon kanyata Pak Bardi. Dheweke tida anggone arep ngangkat. Merga ana Iksan ing ngarepe. Suwe tilpon ora diangkat. Nganti Iksan aweh tandha supaya diangkat.

“Saka sapa ta Ren, mbok diangkat dhisik, nek mbok menawa berita penting.”

“Iya nuwun sewu ya San, ketoke kok saka Mas Bardi wingi kae.”

“Sugeng sonten, menika kula Reni.”

“Iya Jeng aku, Mas Bardi. Mung pengin ngabarake, kabarmu piye?”

“Sae-sae bapak, mboten kirang menapa-menapa.”

“Lho kok ganti cengkoke. Wingi-wingi wis ora basa kok saiki ganti.”

“Wah nuwun sewu nembe repot ana tamu Bapak.”

"Kok ngundang Bapak ki piye ta? Sapa tamune?"

"Kancaku raket jaman sekolah rumiyin. Prasasat dadi sedulur. Jenenge Iksan."

"Rebat cekap wae jeng. Nek suk Setu minggu iki ketemu ana wektu? Antarane ya jam papat utawa setengah lima sore."

"Wah dereng saged mesthekke Mas Bardi. Wonten pundi?"

"Mengko dirembug keru, mung nek isa wektu diputuske saiki soale aku akeh acara. Isa nang kutha, nang Gombel apa nang dhaerah Bandhungan. Ngonu dhisik ya mengko disambung."

Rembugane Reni karo Pak Bardi dirungu kabeh dening Iksan sing kanthi sabar nunggoni ana ngarepe. Reni pancen durung mutuske undhangane Pak Bardi, perlu matur Bapak Ibu maratuwane. Iksan senajan mung meneng, rada kaget nyipati menawa Reni kok sajake wis raket karo Pak Bardi. Bubar nampa tilpon, Reni rada katon bingung senajan atine kaya-kaya mabur nang langit. Diajak makan malam karo pengusaha sugih, wong kondhang sakindhenging kutha Semarang.

"Suk Setu sore bakal diundang makan malam karo Mas Bardi. Embuh menyang endi ning kok nyebut Gombel apa Bandhungan. Durung tak iyani. Ning aku kok ya pengin ya makan malam sekali-sekali."

"Ora apa-apa Ren, nek wis mesthi, suk Setu tak terke."

"Lho kok diterke karepmu kepriye San?"

"Lha aku kan ya jasa antar jemput ta Ren. Ben kono ora susah numpak taksi"

"Lha sing diajak makan malam aku ki, kok ndadak ngajak awakmu."

"Sapa sing omong ngajak aku. Tak terke kaya padatan jasa antar jemput ngono lo."

"Dadi kono ngenteni aku makan malam karo Mas Bardi nganti rampung ngono? Wah ora kepenak aku San."

"Ora apa-apa lah. Tinimbang numpak taksi utawa ojek, nek kono tak terke nganggo mobilku kan ya luwih mentereng. Ben ora disepelekké karo sing ngundang, sapa kuwi mau?"

"Mas Bardi, pengusaha import ekspor, sing kondhang ana Semarang."

"Rebut cukup wae ya Ren, aku terus nyuwun pamit. Tulung diaurke Bapak Ibu. Dina Setu sore antara jam telu apa setengah papat aku wis siap ana kene."

"Matur nuwun banget ya San."

Reni rada kecipuhan jane. Kabeh dadakan tanpa rencana. Kabeh rembugane karo Pak Bardi uga dirungu Iksan. Nganti Iksan nawani arep diterke sisan. Kok ndadak nggawa Iksan ki kepriye. Iya nek Pak Bardi dadi atine. Upamane gela njur piye. Iksan ya mung reaksi spontan wae pengin ngeterke kanca rakete, ora pengin melu nrambul makan malam. Dheweke uga pengusaha emas lan perhiasan sing sukses. Wis bosan nek mung makan malam nang rumah makan sing mewahe kaya ngapa. Akhire Reni ya mung nampa, Iksan tujuwane mesthi apik. Pengin ngeterke dheweke, pengin njaga keslametane kanca kenthel.

+++++

Dina Setu wayah sore, kira-kira jam setengah papat, Iksan wis teka ana omahe Reni ana tengah kutha Semarang. Ndilalah hawane ora panas, mendhung ning ora udan. Iksan nganggo klambi warna krem, celana ireng karo jaket warna abu-abu lembut. Katon gagah gedhe dhuwur. Kaya bintang film Tora Sudiro. Katon mibawani, ora kakehan guneman. Reni setengah kaget nalika meruhi anggone macak Iksan. Reni pamite karo Bapak Ibu maratuwane, arep patemon karo wong tuwane muride. Diterke GoCar antar jemput sing wis kenal cedhak yaiku Iksan, saka Salatiga.

Mobil Fortuner putih metalik alon-alon banjur metu tumuju menyang salah sijining hotel bintang lima ing dalam Sultan Agung, tlatah Candhisari. Pak Badri wis menehi weruh jarene wis pesen panggonan ana restone. Panggonan resto sing eksklusip kanggo sing dhompete kandel. Ora saben wong isa mlebu mrene. Mobil mandheg ana ngarep lobi nanging Reni ragu-ragu arep mlebu

dhewe. Durung biyasa mlebu hotel lan resto mewah. Dheweke medhun ana ngarep lobi, ngenteni Iksan parkir, njaluk diterke mlebu sisan menyang resto.

"San aku kok ora mantep arep mlebu dhewekan. Tulung diterke nang restone ya."

"Ora susah wedi ta Ren, mengko rak ana petugas sing isa ditakoni lan ngeterke nang restone. Nek aku melu tekan kana apa Mas Bardimu seneng?"

"Seneng ora seneng, kan aku diterke layanan antar jemput sing ndilalah kanca raketku. Dheweke mesthi isa nampa."

"Ayo tak terke mlebu lobi, mengko tak pasrahke petugase. Rencanaamu arep tekan jam pira nang kene."

"Ora punjul jam wolu San. Aku kudu cepet mulih dienteni bocah-bocah. Tulung mengko kok tilpun apa WA ya San nek wis jam wolu."

Iksan banjur ngancani Reni mlebu ana lobi lan takon nang resepsionis panggonane resto. Kanyata restone ana lantai paling dhuwur, *roof top*. Iksan njaluk petugas *waitress* supaya ngeterke tekan restone. Kanthi rada dheg-dhegan Reni munggah liwat lift diterke dening petugas hotel. Dene Iksan banjur metu, mlakum-laku ana mall. Hotel iku kanyata gandheng karo mall. Dheweke isa blanja kebutuhan ana mall karo leren nang salah sijine *coffee shop*. Ora bakal bosen anggone ngenteni Reni, ora ana rong jam.

Tekan resto Pak Bardi wis ngenteni kanthi ati seneng, dene Anisah Anggraeni, gelem dijak patemon lan makan malam. Nunggu rada sakuntara amarga pancen teka luwih dhisik, pamite arep ana rapat bubar maghrib. Biasane nek ketemu mitra bisnis, atine tansah madhep mantep, ora tau ana rasa tida babar pisan. Sepisan iki arep ketemu karo Anisah Anggraeni, wanita prasaja sing dieringi lan dikormati, kok rada goreng atine. Dheg-dhegan kaya arep ketemu pacar jaman isih legan dhisik. Ora let suwe katon Reni diterke petugas hotel mlebu ana resto.

Kaget banget saknalika, meruhi Reni nganggo rok warna krem

lan kalung selendhang warna jambon lembut. Nang pikire Pak Bardi, Reni ki wanita sing prasaja, ora tau dandan, ora tau benge-san. Sore iku kok owah babar pisan. Kaya dewi saka kayangan. Reni bareng mlebu resto, atine wis temata. Luwih sareh, ora dheg-dhegan maneh. Ora angel nggoleki Pak Bardi sing wis ngenteni ana ruangan VIP, sing isa dinggo dhewekan. Wis suwe pancen ora ketemu Pak Bardi, rada pangling ana owah-owahan karo nalika ketemu meh setaun kepungkur. Rambute wis katon putih senajan dedeg piyadege isih gagah. Brengose tetep wae kandel kaya rikala ketemu ndhisik.

"Sugeng jeng Reni, suwe awakdhewe ora ketemu. Moga-moga kabare tansah apik-apik wae ora kurang apa-apa."

"Pangestunipun sae sedaya Pak Bardi, remen saged pepanggihan malih."

"Lho kok njur basa maneh ta Jeng. Tur kok nganggo Bapak barang ki piye?"

"Nuwun sewu Mas, lali aku, merga ora konsentrasi iki mau. Bingung nggoleki njenengan wis pinarak ana kene."

Wong loro banjur salaman kenceng. Reni rada dheg-dhegan atine. Apa maneh bareng Pak Bardi ngaras pipine kiwa karo tengen, rada kaget ning ora isa suwala. Ana rasa seneng wiwit moncer nang njero atine. Pak Bardi priyayine grapyak, sumeh lan semanak. Marahi atine Reni sangsaya jenak anggone patemon.

"Jeng langsung pesen menu wae ya ben ora kesuwen le ngenteni. Arep ngunjuk apa, terus mengko makanan pambuka, lan menu utama?"

"Kula ndherek kemawon Mas Bardi. Mboten biyasa maem nang restoran mewah kaya ngene."

"Mangga njenengan pesen apa Jeng, aku ngombene pesen Bloody Mary, jus tomat karo Tabasco tambah Wodka sithik. Startere sup jamur, menu utamane steak wagyu."

"Aku ndherek wae Mas, ning jus tomate ora susah ditambahi apa-apa."

Petugas pramusaji nyatheti pesenane, dibaleni diwaca sakdurunge mlebu menyang dhapur. Pak Bardi wiwit crita warna-warna, kaya dene donyane bisnise, sing lagi rada regeng omzette, import eksport saka Eropa lan Amerika uga saka Jepang. Kebutuhan saben dina kanggo para kalangan dhuwur. Reni isane mung ngrungokke, mung pikirane kebak pitakonan, kok wong golek dhuwit gampang temen ya, kaya duwe mesin pencetak dhuwit. Sisihane Agus akeh nampa proyek kok ora tau bathi, ora tau ana sisa, malah kebak utang. Dheweke ya mung meneng ora isa nampik, rikala Pak Bardi nggegem tangane. Rasane nang ati kaya nang awang-awang, ya seneng ya bangga ya sir-siran.

Wong loro alon-alon ngrahabi makanan sing diladekke karo crita ngalor ngidul. Anggone rembugan tansah lancar, ora ana alangan lan rasa wigah-wigih babar pisan. Tangane Reni kiwa tengen ganti-ganti digegem kenceng, sok-sok dielus-elus dening Pak Bardi, dheweke ya mung pasrah meneng wae. Ana rasa aneh nang njero atine. Dheg-dhegan campur seneng kepranan karo priya setengah umur sing mibawani iku. Udakara jam wolu kliwat sethithik ana welingan WA mlebu, ning ora dibukak. Isih seneng anggone klengenan rembug kanthi bisik-bisik karo Pak Bardi. Banjur ana tilpon mlebu, dideleng saka Iksan, nanging dheweke ragu anggone arep ngangkat. Samar nek Pak Bardi ora kepranan. Lagi pengin nikmati swasana sing tentrem lan nyaman, sing suwe ilang saka uripe.

Dumadakan petugas resto marani lan ngandhakake nek ana pethukan sing wis ngenteni Anisah Anggraeni ana lobi. Reni kaget setengah mati, banjur pamitan karo Pak Bardi.



"Mas nuwun sewu ya, aku kudu ndisik. Pethukanku wis teka, kudu cepet-cepet mulih. Matur nuwun banget makan malame ya, istimewa banget kanggoku."

"Ora apa-apa jeng. Lagi sepisanan aja nganti kapok. Kapan-kapan dibaleni ya. Awake dhewe kontak-kontakan liwat HP."

"Matur nuwun Mas Bardi, sanget gunging panuwun."

"Padha-padha Jeng, njenengan kagungan nomerku. Oja wedi-wedi kontak nek butuh bantuan apa-apa."

"Njih matur nuwun Mas. Muga-muga ketemu maneh ya."

Reni dikanthi petugas resto banjur mudhun liwat lift. Atine seneng wis kelakon nyembadani panjaluke Pak Bardi sing pengin ketemu lan ngundang makan malam. Dilakoni kanthi lancar, seneng lan ninggal kenangan sing endah. Tekan ngisor Iksan wis ngenteni. Praupane katon sabar lan anteng.

"Kepriye acarane Reni, seneng ta? Dilakoni kanthi seneng wae."

"Iya lancar kabeh San. Pak Bardi ketoke seneng banget ketemu aku. Kapan-kapan pengin ketemu maneh."

"Ora apa-apa Ren. Ya mung sing ati-ati wae. Awakmu ngerti bates-batese. Aja nganti dadi caturan wong apa dene gawe gendra antaraning keluwarga."

"Bakal tak jaga banget. Aku ora rumangsa nerak wewaler. Wong wadon ya ana hak kanggo ngrasakke seneng."

"Iya aja ragu-ragu ngundang aku nek perlu tak terke. Kareben awakmu diajeni ora disepelekke karo priyayi sing ngundang."

"Matur nuwun San. Awake dhewe kekancan raket wis puluhan tahun. Mung awakmu sing ngerti kahananku."

+++++





BAB 12

Entek Gusis

Wis sakwetara sasi Agustan Saryadi ora teka ana omahe wong tuwane ing Semarang. Kanggone Reni karo bocah-bocah, kahanan mengkono iku rada mbingungake. Ana rasa susah amarga ora tau ditiliki bojo, kepala rumah tangga, sing uga bapake anak-anake, Rini, Reza karo Mimi sing lagi butuh penggulawentah saka wong tuwa kekaro. Ananging uga ana rasa lega amarga ora ngadhepi bebendhu maneh sing gegayutan karo prekara utang piyutang. Senajan isih ana wae wong sing teka nakokke pelunasan, nanging isa diwangsulni nek dheweke ora ana gegayutan karo utang-utange CV Intan Indah Karya.

Agustan Saryadi karo CV ne wis pindhah usaha ana tlatah Jawa Barat, ananging tanpa kabar-kabar esuk uthuk-uthuk iki mau kok teka menyang omahe wong tuwane ana Semarang. Numpak sepur saka Bandhung. Reni sing mbukakke lawang. Embuh bakal ana apa maneh iki, nanging atine Reni wis tansah dheg-dhegan. Pancen saka babagan ukum, dheweke isih dadi sisihane Agus, nanging atine kok wis sangsaya adoh, kaya-kaya kok ketekanan wong liya sing durung kenal. Agus mapan turu ana kamar tamu sing tansah kothong. Dina Setu bocah-bocah padha prei ora sekolah. Mung ana murid les sing arep ditemoni Reni dina sesuke.

Jam wolu esuk Agus wis tangi, banjur lungguhan ana teras mburi. Pak Kusparmana dalah Bu Malekah esuk mau wis budhal ana kumpulan Setu esuk para warga pensiunan BUMN, istilahe kopi

esuk utawa *coffee morning* ana daleme Bapak Kepala. Embuh apa wis nguningani menawa putra mbarepe, Agustan Saryadi mulih parak esuk mau. Senajan atine wis rumangsa adoh karo Agus, Reni isih ngladeni Agus kanthi sabar, nggawekke teh karo nyepakke sarapan esuk. Ora akeh guneme wong loro, mung sakperlune wae. Reni wis sarapan luwih dhisik esuk mau bareng karo bocah-bocah.

"Bapak ibu kok ora ketok dha tindak ngendi Ren?"

"Mau ngendika arep kumpulan pensiunan kantor BUMN, nang ndaleme Bapak Kepala. Ana acara Ngunjuk Kopi Wayah Esuk. Coffee morning."

"Apa ora ngerti nek aku teka?"

"Sajake kok durung uninga Bapak Ibu. Aku mau ya lali ora matur."

"Piye awakmu ki, bojo mulih wae kok ora perhatian ta?"

"Aku emoh grejegan Mas. Pirang sasi kono ninggal aku karo bocah-bocah tanpa tembung, tanpa tinggalan, nganti diusir saka omah kontrakan."

"Ora susah rame esuk-esuk. Kancaku arep padha rene esuk iki. Mbok siyapke suguhane."

"Aku esuk iki rencana arep metu karo bocah-bocah. Dolan nang luar kota. Aku wis pesen antar jemput nganggo Iksan, kancaku jaman sekolah kae."

"Oo ngonoya, bojo mulih malah kok tinggal lunga."

"Wis tak rencana suwe, ora dadakan. Sampeyan pirang-pirang sasi ora ana kabar, teka dadakan esuk iki mau."

"Ya wis karepmu. Sing ati-ati ya aja nganti ana apa-apa."

Reni karo anak-anake enggal-enggal tata-tata, soale jam 09.00 arep dipethuk Iksan saka Salatiga. Jane Reni ora ana rencana babar pisan. Nanging bareng esuk uthuk-uthuk iki mau ngerti menawa Agus mulih, dheweke pengin ngendhani, WA marang Iksan, nek ora ana acara, mbok tulung dipethuk nang Semarang. Jane Iksan ana pesenan pethukan loro esuk iku, nanging isa digentekke nang kancane, ndilalah kok isa. Mula dheweke luwih seneng nang Semarang methuk Reni karo anak-anake. Jam

sanga kurang sithik, Iksan wis teka ana Pindrikan, cepet-cepet medhun sakperlu nemoni Reni. Nanging Reni gageyan methu-kake metu, menehi tandah menawa ora susah mlebu ngomah, dienteni wae ana mobil. Bocah-bocah uga wis siyap kabeh. Rini, Reza karo Mimi padha pamitan karo bapake, ngambung tangane bapake. Reni mung nggregel weruh prastawa mau. Dheweke tansah nggulawentah anake kudu ngajeni wong tuwa, bapak ibune, ana kahanan apa wae. Mbok kaya apa kahanane, wong tuwa kudu tetep dikormati. Agus ora kumecap, atine mbok menawa ya semedhot weruh anak-anake sing suwe ora dikaruhke. Pengin ngrangkul lan menehi sangu, nanging ora kewetu babar pisan. Blangkemen amarga tekanan batine.

Reni karo anak-anake Rini, Reza karo Mimi budhal numpak mobil putih metalik diterke dening Iksan. Ora akeh guneman amarga isih kecancang pikire marang prastawa sing lagi kedadeyan sakdurunge. Ketemu Agus, sisihane lan bapake anak-anake, kok rasane kaya ketemu wong sing durung kenal cedhak wae, kamangka wis omah-omah bebrayan puluhan taun. Kabeh owah kaya bumi karo langit. Rasane wis owah. Batine wis owah. Jane dheweke rumangsa gela lan sedhik, nanging piye maneh. Dheweke wis ngupayani sakbisane. Kabeh mlaku alami kaya ilining banyu.

+++++

Jam sepuluh luwih sethithik kanca-kancane Agus wis padha teka. Ana Gunarso lan Sukarman, punggawa CV Intan Indah Karya sing wis sakwetara kompanyon karo Agus. Karo ana wong siji meneh sing melu teka. Jenenge Hari, sing jare arep ngajak kerjasama CV Intan Indah Karya, mbukak usaha anyar ana tlatah Jawa Barat, nyetori pasir alus kanggo pabrik semen ana Cibirong. Wong papat banjur rembugan ana ruangan ngarep, kanthi serius.

"Mas Gunarso karo Pak Karman, iki dikenalke Mas Hari. Pengusaha angkutan truk, wis pengalaman suwe ana Kalimantan.

Mbok menawa cocok arep ngajak kerjasama awake dhewe CV Intan Indah Karya nang babagan angkutan pasir alus kanggo nyetori pabrik semen ana Cilegon Jawa Barat."

Gunarso karo Sukarman, sajake durung ngerti larah-larahe banjur njaluk Agus karo Hari njlentrehake rencanane mau. Gunarso dhewe karo Sukarman wis kentekan modhal disetorke nang CV Intan Indah Karya.

"Ngene lo Mas Agus, iki dudu kagiyatan baen-baen. Nanggung modhal gedhe. Aku dhewe wong loro wis kentekan modhal nang CV iki, durung isa bali kok arep mbukak usaha anyar sing awake dhewe ora pengalaman."

"Mas Gunarso karo Pak Karman, donyane usaha iku pancen ana perangan sing untung-untungan. Spekulasi, sok kasil sok wurung. Ning wong nek arep ambyur nang donyane bisnis, kudu wani nyoba, wani inovasi."

"Dinggo nyoba-nyoba kudu ana modhal Mas lan pengalaman. Nek mung angger wani, ya malah ambyar. Aku wis entek-entekan ana CV iki, senajan awake dhewe wis pengalaman ana babagan kontraktor. Apa maneh arep miwiti usaha anyar, awake dhewe pengalaman nol."

"Ora susah kedawan anggonmu mikir wong loro. Modhal tanggung jawabku. Pengalaman usaha, Mas Hari iki wis sepuluh tahun punjul usaha angkutan truk ana Kalimantan." Hari ora sranta banjur nrambul anggone rembugan.

"Baner kandhane Mas Agus. Kudu duwe kamantepan. Modhal sing golek Mas Agus. Pengalaman saka aku. Mas Gunarso karo Pak Karman, kaya adat saben pengalaman mengelola proyek. Kurang apa?"

"Lha Mas Hari kira-kira butuh apa?"

"Mas Agus, kaya nalika aku miwiti usaha nang Kalimantan, aku mung butuh truk siji kapasitas angkut seket kubik. Nek nganggo sing selawe kubik, etungane beaya bensin luwih larang."

"Aku nyoba golek truk loro. Karo golek modhal awal kanggo operasional kantor. Ora susah pesimis dhisik. Kabeh usaha ki nek dite-

meni pasthi kasil. Aja durung-durung wis wedi ndhisik, kamangka durung dicoba. Kapan le arep maju nek cara mikire kaya ngono.”
”Ya Mas aku mung manut wae. Ning aku wong loro ora duwe modhal nggo setor. Wis entek gusis aku.”

”Mas Gunarso lan Pak Karman, aku butuh pengalamanmu mengelola proyek. Ora njaluk liyane. Modhal aku sing golek. Nek wis terang kabeh, ora ana ganjelan, Mas Gunarso karo Pak Karman isa ninggal. Aku karo Hari mengko kepengin nemoni investor.”

Hari banjur diduduhke panggonan kamar tamu, ben istirahat dhisik. Agus ngenteni bapak ibune, pengin rembugan prekara modhal. Karo arep kontak adhine Etik karo sisihane Harno nek isa menehi tambahan modhal. Harno sakwijining eksekutif perusahaan BUMN gedhe ana Jakarta.

+++++

Ndungkap jam rolas awan, Pak Kusparmana karo Bu Malekah wis rampung anggone kumpulan karo kanca-kanca pensiunan. Banjur numpak taksi mulih nang Pindrikan. Sakbubare mobil ambblas nang gadheyane durung isa tuku mobil maneh. Ya kepeksa ngalor ngidul numpak taksi wae. Bandhane prasasat wis gusis kanggo nutup usahane Agus sing tansah rugi. Sertifikat omah Pindrikan, senajan wis dilunasi nganggo duwit hibah saka Bu Nunung Magelang, isih dicekel Agus nganti dina iki.

Tekan ngomah kaget banget dene ana Agustan karo kancane siji ana ngomah. Reni karo bocah-bocah uga ora ana nang ngomah, embuh padha lunga menyang endi.

”Lho kok awakmu ta Gus. Kapan olehmu teka? Reni karo bocah-bocah menyang endi?”

”Aku teka mau parak esuk bu. Sing mbukakke lawang ya Reni, apa Bapak Ibu ora diaturi? Reni karo bocah-bocah jare dolan nyang Ambarawa, diterke kancane.”

”Malah Ibu karo aku ora ngerti. Piya kabarmu Gus? Usahamu nang Bandhung lancar?”

"Yaikimumpung ora ana bocah-bocah. Aku pengin matur bapak ibu. Ana sakwetara prekara sing aku kudu matur Bapak Ibu"

"Piye ana apa muga cepet entuk dalan padhang. Bali maneh kaya wingi-wingi isa moncer awakmu karo bojomu lan anak anakmu."

"Ana rong prekara sing aku kudu matur Bapak Ibu. Sepisan iki aku arep miwiti kompanyon kanggo nglebokake setoran pasir nang pabrik semen gedhe ana Cibinong. Pasire wis ana pengepul saka Bojonegoro. Aku mung butuh tuku truk kapasitas 50 meter kubik, paling ora siji apa loro. Liyane mengko sewa wae. Kancaku Hari, mengko isa crita karo Bapak Ibu, piye pengalamane bisnis angkutan truk."

"Aku wis ora duwe apa-apa. Mung kari dhuwit 300 yuta saka bulik Nunung, kanggo hibah omah saka simbah ana Pemalang."

"Iya kuwi nek isa tak nggone bu, nggo modhal dhasar usaha angkutan. Aku mengko ya tak tilpun Etik karo Harno."

"Durung isa ngiyani aku karo ibumu. Lha prekara kapindho apa?"

"Ngene lo Bapak karo Ibu, sertifikat omah kan bubar saka Magelang ndhisik durung tak balekke. Jane tak nggo agunan njupuk kredit 500 juta. Iki awake dhewe kudu masrahke omah lan sertifikate dhisik. Mengko nek payu omahe, keluwihane saka utang dipasrahke Bapak Ibu. Etunganku isih ana turahan antarane rong atus utawa telung atus juta."

Pak Kusparmana karo Bu Malekah kaget setengah mati di-abani kudu ngosongke omahe. Kudu pindah golek kontrakan. Omah sepisanan jaka lara wiwit nganten anyar anggone klumpuk-klumpuk kok kudu diculke tanpa ngerti larah-larahe. Muspra kabeh tanpa tanja. Entek gusis tanpa sisa. Kudu siyap bali ana omah kontrakan. Omah warisan Pemalang wis dihibahke adhine, Nunung. Ya piye maneh, urip nang omah kontrakan. Pas Hari njlentrehke anggone pengalaman ngesuhi usaha angkutan truk, Pak Kusparmana ya mung ngrungokke tanpa komentar. Bu Malekah mlebu ana kamar, nangis-nangisi nasibe sing ora cetha tembe mburie.

Sore iku Agus lan Hari uga padha ngontak Harno, bojone Etik,

adhine Agus. Wose ngajak tanam modhal kanggo usaha angkutan pasir nyetori pabrik semen sing gedhe ana Jawa Barat. Jarane ora sithik mengko bathine, prasasat investasi kanggo toko mesin sing isa nyetak dhuwit. Senajan Hari karo Agus wis nyoba nerangake marang Harno karo Etik, jawabane wis mesthi. Harno karo Etik ora bakal investasi.

*"Dik Harno apa ora percaya, iki langsung karo Hari, pengusaha sing wis pengalaman puluhan tahun ana usaha angkutan truk."
"Nuwun sewu Mas Agus, ora amarga aku karo Etik ora gelem tetulung njenengan, ning aku wong loro ya kudu mikir masa dhepane bocah-bocah. Dhuwitku tak celengi kanthi ati-ati kanggo sekolahe anak-anakku."*

Agus ora gelem pasrah ngono wae. Dheweke ngomong karo Bapak Ibune, nek dhuwite arep digawa kanggo golek sewan omah karo kanggo modhal. Abot-abote nyengkuyung anak mbarep, Bu Malekah masrahke dhuwit hibah omah Pemalang, rong atus seket juta nang Agus. Nyisakke seket yuta kanggo cekelan. Pancen abot banget rasane Pak Kusparmana karo Bu Malekah sakloron.

"Kapan anggonmu kasil maneh ta Gus, bebendhu kok ora ana enteke. Sedulur-sedulurmu sing luwih enom padha urip mapan karo anak bojone, kok awakmu isih ngalor ngidul. Aku pengin weruh kono karo keluwarganu madeg maneh."

+++++

Reni karo bocah-bocah tekan omah wis meh maghrib, diterke Iksan. Nembe wae dolan ana Ambarawa lan Bandhungan. Bocah-bocah padha seneng isa dolan pas liburan, senajan mung karo ibune lan diterke Om Iksan kancane ibune. Lancar ora ana reri-bet apa-apa, anane mung guyon sakdawaning laku. Iksan uga isa mapanake awake. Senajan dheweke kanca raket karo Reni, tetep ngladeni bocah-bocah kaya dene pelangganane. Apa-apa dituruti, malah kepara rada loma anggone njajakke bocah-bocah. Tekan ngomah kaget banget Reni meruhi Bu Malekah mripate mbendhul mentas nangis. Pak Kurparmana mung meneng wae

ana emper mburi, dheleg-dheleg ora isa diajak guneman.

"Siyap-siyap pindhah Ren karo anak-anakmu. Omah iki kudu dipasrahke karo sing menehi utangan. Diboregke limang atus juta karo bojomu. Dhuwit semono aku ora duwe."

"Lha kok saged pripun ta Bapak Ibu, kening menapa kok sertifikat mboten pun asto piyambak, malah pun pasrahaken Mas Agus?"

"Iki mau teka karo kancane, arep bukak usaha angkutan truk pasir, nyetori pabrik semen nang Cibinong."

"Lajeng kados pundi Bapak Ibu?"

"Ibumu karo aku wis tuwa, ora isa kedhungsangan ngurusi prekara iki. Mung diwenahi wektu rong minggu nggo ngosongake omah. Agus janji arep golek kontrakan, dhuwit rong atus seket juta saka bulik Nunung uga dijaluk."

"Bapak ibu, kula mboten saged mesthekaken, nanging kula tak-en Pak Bardi, pengusaha mantan perwira polisi, bapakipun murid kula."

"Ya embuh kono Ren, bapakmu karo ibumu isane ya mung pasrah. Bebendhu kok ora ana enteke."

Bocah-bocah uga padha kaget meruhi simbahe sakloron kok katon sedhah banget. Padha isa mikir sajake ana apa-apa gegayutan karo tekane bapake. Angger teka nang ngomah kok mesthi gawe susah lan gendra. Nek ora karo bojone, ya karo wong tuwane. Reni wengi iku uga alon-alon banjur kirim weling marang Pak Bardi, menawa lagi ana prekara rumit ing keluwargane. Bapak Ibune maratuwa kudu masrahake omah Pindrikan marang BPR sing menehi kredit. BPR wis nawani arep dirampungke kekeluwargaan kanthi mbalekke dhuwit pinjaman sing macet, apa arep liwat jalur hukum. Sajake Agus wis njaluk keringanan pembayaran lan pengunduran wektu pembayaran, ning pihak BPR ora gelem menehi kalonggaran maneh.



"Nuwun sewu Mas Bardi, aku Reni ngrepoti ya?"

"Piye ana apa jeng Reni kok dengaren gelem kirim WA ndhisik. Biyasane nek ora dikirimi welingan apa tau ngirimi weling dhisik karo aku."

"Nuwun sewu Mas Bardi, iki daleme bapak ibu maratuwa kok kudu dipasrahke marang BPR ki genahe piye? Apa ora isa rembugan dhisik? Mbok nyuwun tulung nek panjenengan isa cawe-cawe saka mburi ya Mas. Mesakke Bapak Ibu, wis sepuh ketula-tula kudu pindhah omah lan kelangan bandha jaka lara. Nyuwun tulung sakestu. Matur nuwun kangmas Badri."

Ora let suwe ana wangsulan saka Pak Badri, sing wose nyanggupi arep golek sisik melik dhisik, ning durung isa janji menawa bakal isa ngudhari prekarane. Kabeh gumantung marang kasuse. Wong lagi wae ngedhunke kredit kok wis dikongkon mbalekake.

"Jeng Reni, iki tak usahakake saka mburi golek info ndhisik ya Jeng. Mengko statuse piye lagi isa menahi saran. Dina sesuk tak takokne nang kantor-kantor sing kajibah nangani. Rong dina engkas awake dhewe ketemu, sore-sorean wae. Nek isa teka dhewekan wae ora susah ngajak kanca. Nuwun Mas Bardi."

Reni seneng atine dene Pak Bardi isih kelingan lan rumangsa cedhak banget karo dheweke. Atine mongkog, seneng, selak kepingin ketemu mantan perwira polisi sing kondhang sing saiki dadi pengusaha gedhe ekspor impor. Isih bingung apa menahi weruh Iksan, apa meneng-menengan wae ya? Sing penting ketemu Pak Bardi, muga-muga isa mbiyantu ngudhari ruwet renteng keluwargane.

+++++





BAB 13

Ambyar

Sore iku hawane kepenak, ora panas babar pisan. Sunaring srengenge wis ora sumelet kaya awan mau. Angin semilir lembut ing antarane wit-witan ana sakubenging kawasan perumahan. Acara dina iku kanggone Reni wis rampungan kabeh. Rini, Reza karo Mimi wis padha adus sore lan lagi padha maem ana ruang tengah ditunggoni eyange sekalian. Murid sing melu les wis padha mulih. Ana sing mung mlaku, ana sing dipethuk kendharaan. Pancen muride Reni semebar saka sakindhenging tlatah Semarang, ana sing cedhak lan ana sing adoh. Mung kari ana acara siji sing dheweke wis nyanggupi, yaiku nemoni Pak Bardi. Ana rasa seneng bakal ketemu Pak Bardi, amarga dheweke sing butuh ketemu, nakokake prekara omahe Pak Kusparmana lan Bu Malekah sing dinggo tanggungan utang. Mung diwenahi wektu rong minggu kanggo ngothongake omah lan masrahke marang pihak BPR. Mula ya kudu nemoni Pak Bardi sore iku, sakperlu njaluk pitulungan.

Reni wis siyap budhal menyang panggonan anggone arep ketemu Pak Bardi, ana restoran hotel bintang lima ana tlatah Simpang Lima. Dheweke dijanjeni ketemu jam lima. Mbok menawa ora suwe wong mung ngandhakake apa kasile anggone golek sisik melik prekara utang piyutange Agus sing nganggo tanggungan omah Pindrikan iku. Senajan tida apa perlu menahi weruh Iksan, pungkasane dheweke menahi weruh liwat weling WA, ngandhakake wektu lan panggonan le arep ketemu Pak Bardi.

Uga peta lokasine wis dikirimke pisan. Embuh ngapa kok ndadak menahi weruh Iksan. Mung kanggo tamba gela, amarga dheweke ngugemi penjaluke Pak Bardi, ora susah diterke kanca. Reni banjur pamitan karo Pak Kusparmana lan Bu Malekah.

"Bapak ibu, badhe nyuwun pamit manggihi Pak Bardi, ingkang badhe mbiyantu pados sisik melik prekawis utang piyutangipun Mas Agus."

"Ya sing ngati-ati ya Ren, aja wengi-wengi mulihe. Muga-muga ana kasile, omah ora dibeslag. Aku wong loro wis pasrah, urip kari sedhela. Bojomu Agus ya isih ana Semarang iki, mau kirim WA karo ibune jare isih ngrembug kerja sama nyewa truk sing arep kanggo ngusung pasir."

"Nyuwun pangestu Bapak Ibu, mugi-mugi wonten kasilipun. Rini tulung adhi-adhimu diawat-awati ya Ndhuk, ibu mung lunga sedhela."

Mara menyang hotel nganggo taksi, ora butuh wektu suwe wis tekan panggonan sing dituju. Ora adoh ana tengah kutha sing dadi jujugane wong akeh. Kadingaren sore iku dalane ora macet. Tekan hotel Reni wis luwih tatag, ora kaya pas sepisanan patemon kae. Saiki luwih mantep. Dheweke nganggo rok dawa warna biru langit karo selendhang warna lembut. Sore iku ora kaya padatan, Reni nganggo lipstick lan wedhak manda-manda. Katon luwes lan ayu, pancen umur-umrane lagi arep nyandhak patang puluh. Nedheng-nedhenge anggone katon ayu lan luwes, menawa ora nandhang sanggan batin sing abot. Biyasane ora nate dandan, apa maneh pupuran lan bengesan. Lagi sore iki dandan, amarga arep ketemu Pak Bardi, pengusaha kondhang ana Semarang. Aja nganti gawe wirange sing ngundang. Diajak ketemu ana hotel bintang kok dandanane lusuh, isa dibatin wong mengko.

Pak Bardi sore iku ngenteni ana lobi. Pengin mesthekake nek Reni ora diterke wong kaya pas patemon sepisanan kae. Muga-muga isa kepenak lan taneg anggone rembugan, ora kesusu dipapag. Mak dheg dhadhane nalika meruhi Reni sing dandan

ayu. Ora ngimpi nek bakal ketemu karo wong ayu, prasasat kaya widadari, Anisah Anggraeni. Kanthi trengginas Pak Bardi methukake Reni, salaman nggegem kenceng tangane. Ora lali karo ngaras pipine Reni kiwa tengen. Cipika-cipiki padatan santun kanggo ngormati kanca putri sing wis raket. Reni rada kaget nalika disun pipine, brengos kandle Pak Bardi nyenggol pipi marahi mengkirig nang githok. Ning ya wis ben wae, ora papa angger kasil rembugane. Wong loro banjur mlebu nang lift nuju resto ana lantai sing paling dhuwur, utawa *rooftop*. Angine semribit, pandelenge cetha jembar njangka tlatah kutha Semarang saka ndhuwur. Pak Bardi pesen minuman *Virgin Mary*, Reni njaluk *orange juice*.

"Jeng Reni, iki aku wis entuk sisik melik saka njero. Aja dadi atimu, matura Bapak Ibu sing kagungan dalem ya. Aku ndherek prihatin, kasuse iki angel nek arep ditututi. Ana pemalsuan dokumen sing dinggo dhasar kredit. Pancen tanggungane sertifikat omah ana kabeh ora dadi masalah."

"Terus isa ditututi ora Mas?"

"Ngene jeng, pas dipriksa kanyata ana dokumen sing dipalsu. Ya iku alasan arep kanggo apa dana saka kredit mau. Jare arep kanggo modhal awal ngongkosi proyek nyetor pasir nang pabrik semen. Nanging dokumen proyeke dipalsu. Pabrik semen sing kawogan ora rumangsa duwe proyek karo CV iku. Mbokmenawa isih proses negosiasi."

"Lha njur enake piye Mas?"

"Pihak BPR tinimbang repot ana tembe mburi, banjur mbatalake kredite lan njaluk supaya dhuwite dibalekke wae. Pemalsuan dokumen proyek dhewe wis mlebu ranah perbuatan melawan hukum. Mbok menawa dokumen sing dipalsukan ditarik lan diganti sing asli, nanging apa wis ana kontrak karo pabrike? Nek wis ana ora masalah. Utawa kaya usule BPR, kredhit dibatalke angger dhuwit sing wis metu isa bali kabeh. Kudune nek proyek durung wiwit, kan dhuwit isih aman disimpen ana bank. Mangga Bapak Ibu karo keng raka piye. Aku mung nggambarake masalahe, ora isa melu ngudhari prekarane."

"Bapak ibu ora tau diajak rembugan karo Mas Agus, sisihanku. Upama arep ditakoni larah-larahe ya mesthi angel tur mbulet."

Reni katon banget anggone kagol, kuciwa amarga dhodhok selehe prekara kabeh sarwa peteng. Ora ana katrangan sing gumathok saka Agus, apa dhuwite isih ganep limang atus juta, apa wis ana kontrak resmi karo pabrik semen. Mesthi nek ditakoni mung ngedir-dirke anggone nglakoni tirakat kaya piwulange Pak Kyai. Ora tau ana informasi sing maton. Dheweke meneng kepikiran anggone bakal menahi weruh Bapak Ibu maratuwane sing kagungan omah. Kaya ngapa sedhihe nek omah jaka lara kok nganti disita bank. Reni rasane pengin sambat lan nangis, ning ora ana sing disambati. Sing nang ngarepe ya mung Pak Bardi sing dieringi iku. Pak Bardi isane ya mung meneng ndeleng Reni dheleg-dheleg. Lungguhe wong loro ndilalah ora adhep-adhepan keletan meja, nanging cedhak adhep-adhepan ana iringing meja. Pak Bardi nywara alus.

"Ya pilihane mung kuwi Jeng, mangga bapak Ibu karo njenengan sing luwih ngerti kahanane. Aku ora isa apa-apa minangka pihak saka njaba."

Reni isih meneng dheleg-dheleg, gulune krasa serak nanging omben-omben *orange juice* ora isa ngurangi serake lan rasa sesek ana dhadhane. Mripate kembeng-kembeng, kok kaya-kaya bebendhu tansah teka nang keluwargane, saiki kudu ninggal omah sing dheweke melu manggon karo anak-anake. Omah kagungane Bapak Ibu maratuwa. Embuh sapa sing miwiti, alon-alon tangane Pak Bardi nggegem tangane Reni. Reni ora suwala, malah pengin nangis lan ganti nggegem sakkencenge. Batin atine, pengin banget ana sing bisa menahi pangayoman marang dheweke lan keluwargane.

"Jeng Reni, muga-muga tansah sabar lan tabah. Kabeh mesthi ana dalane metu saka pepeteng."

"Iya Mas, wis mataun-taun urip ana pepeteng. Tansah peteng lelimengan. Kapan isa uwal saka keruwetan iki?"

"Ora perlu nggenteni tekane pitulungan Jeng, menungsa kudu wani gawe putusan ngentaske awake dhewe saka bebendhu. Njeningen luwih ngerti kahanan sing sakbenere. Aja putus asa."

Rada sakuntara Reni anggone dheleg-dheleg. Ora sadhar tangane isih digegem lan dielus-elus Pak Bardi. Rasane kaya-kaya ana sing ngayomi, ana bayangane wektu iku. Nanging donya kanyatan ana njaba isih panggah peteng lan pait. Cedhak karo Pak Bardi, kaya-kaya ana rasa aman, rasa seneng ing sore kang endah iku. Ora saben dina isa ngalami kahanan tentrem kaya ngene senajan mung saktleraman. Kaya nang impen, fatamorgana. Wis ben wae, paling ora isa nglalekke sedhela kahanan sedhieh saknyatane. Saya kenceng anggone nggegem tangane Pak Bardi karo sok-sok diselingi unjal ambegan dawa. Wong loro gentenan anggone unjal ambegan dawa, ing antarane semilire angin wayah surup.

*"Wis yuk dha pesen dhahar Jeng Reni, wis cukup le crita."
"Aku ndherek panjenengan wae Mas, arep dipesenke apa."*

Wong loro banjur neruske anggone makan malam. Pesen daging *steak wagyu* sing misuwur. Reni durung nate ngrasakke, anggone ngrahabi alon-alon karo neruske rembugan kanthi lembut bisik-bisik. Ora isa omong banter amarga isih kegawa rasa ngedhelong ana njero atine. Rampung sugatan utama *steak*, banjur pesen sugatan pungkasan, pesen *tiramisu*. Rasane seger enak, nggawa rasa nikmat ora mung nang ilat ning uga ngresep tekan njero ati. Tangane wong loro isih padha nggegem kenceng, sok-sok tangan sijine melu ngelus-elus. Tanpa sadhar Reni banjur nyendhekake raine ana bahun Pak Bardi. Ana rasa aneh. Rasa tentrem lan aman ana sing ngayomi, sing durung nate dirasakke sakdurunge.

+++++

Sore iku Iksan ana ngomah wae. Atine rada goreng ora jenjem. Jane pengin ngeterke Reni nang acara patemon karo Pak Bardi. Ananging Reni luwih seneng mangkat dhewekan. Luwih longgar isa ngobrol karo Pak Bardi. Nanging Reni wis menahi weruh

panggonan hotel lan restone, jam lima paling tekan jam pitu. Nek sela Iksan dijuluk supaya ngebel dheweke sakubare jam pitu. Supaya ora wengi-wengi enggal mulih. Sore iku Iksan mung ngrungokke musik ana ngomah. Kala-kala ngajak ngobrol ibune, Bu Rahmini. Dheweke cedhak banget karo ibune sakwise bapake tilar donya.

Kaya welinge Reni, sakubare jam pitu bengi dheweke banjur kirim pesen WA marang Reni. Nakokake wis rampung durung anggane rembugan. WA sepisan kok ora diwangsul, banjur dibaleni kaping pindho, ora ana tandha menawa pesene wis diwaca. Diwanek-wanekke ngangkat tilpon marang Reni. Jebul tilpune mati, apa embuh dipateni. Atine goreng ora karuwan gek-gek ana apa-apa. Ning dheweke ya rumangsa ora duwe hak arep tumindak ngluwahi tilpon. Kalah cacak menang cacak, dheweke tilpon nomer hotele, njaluk disambungke karo Reni. Operator hotel aweh wangsulan menawa tamu sing ditilpon ora gelem nampa tilpune. Atine rada kaget. Pancen ora ana janji karo Reni menawa arep tilpun liwat nomer hotel.

Atine saya mbingungi. Akhire dheweke nyoba tilpun menyang omahe Reni. Sing nampa Pak Kusparmana, ngandhakake menawa Reni lagi ana perlu metu urusan penting, ora isa dihubungi wiwit mau. Saya bingung dheweke takon nomer tilpune Agustin Saryadi. Pak Kusparmana menehi nomer tilpune Agus sakwise ngerti nek sing tilpun Iksan, kancane Reni.

"Matur nuwun Bapak, kula Iksan kanca raket Mbak Reni ingkang asring ndherekaken."

"Iya Mas Iksan, Reni lagi ana perlu penting. Iku nomere bojone, si Agus."

"Njih ngestokaken dhawuh Bapak."

Iksan krasa abot banget arep kirim weling menyang Agus. Dhasare apa ngontak Agus? Dheweke ora ana urusan karo bojone Reni. Nek dheweke menehi weruh Agus, menawa Reni lagi patemon karo Pak Bardi apa ora jeneng kadurakan? Gek-gek

malah nyilakakke Reni mengko. Bingung pikirane kebak pang-graitan warna-warna. Nek dinengke isa ana prastawa sing ora kepenak antarane Reni karo Pak Bardi. Skandal sing nyebar nang endi-endi. Nek diomongke Agus, apa dheweke isa tumindak kanthi tlesih ora gawe wirang sapa wae. Tansaya bingung, dheweke mupus, nek Reni ana apa-apa kan ya melu gela. Diwanek-wanekke ngirim weling marang Agus nganggo nomer sijine.

"Sedulur Agustan Saryadi. Nuwun sewu rebut cukup, mung menahi weruh nek sisihanmu, Anisah Anggraeni, lagi patemon penting karo Pak Bardi ana resto hotel Bintang Lima ana tlatah Simpang Lima. Iki lo peta lokasine. Sumangga pasrah sampeyan apike kepriye. Saka aku sing tansah mikirke keslametane Reni."

Agus lagi wae teka ana omahe Bapak Ibune ana Pindrikan nalika nampa welingan kuwi mau. Atine saknalika muntap nesu lan emosine ora isa dibendung. Keluwarga lagi nandhang prekara abot kok malah seneng-seneng makan malam ana hotel.

"Bu iki mau Reni pamit nang endi kok durung mulih wis yahmene?"
"Ora susah grusa-grusu, Reni lagi nemoni Pak Bardi, pensiunan polisi arep njaluk tulung bab omah iki. Lha mbok awakmu dhewe ya usaha ta Gus. Bapak ibumu wis tuwa kok diculke ngurus prekara abot kaya ngene."

"Wis Bu ora susah dipikir jero kabeh wis diproses ana dalane. Aku tak nyusul Reni wae iki karo Gunarso lan Pak Parman. Reni ben endang mulih."

Agus, Gunarso karo Parman wong telu banjur numpak taksi mara menyang salah sijining hotel bintang lima ana laladan Simpang Lima. Ora angel anggone nggoleki. Wayahe wis meh jam sanga bengi nanging isih rame. Kanthi rada kesusu wong telu nemoni petugas keamanan sing lagi jaga. Njaluk supaya ditemokke tamu sing lagi ana resto ndhuwur, jejenge Pak Bardi karo Anisah Anggraeni, supaya medhun menyang lobi.

Pak Bardi karo Reni isih gayeng anggone padha jagongan, bisik-bisik ana pojok ruangan sing lampune wis disetel remeng-re-

meng. Lungguhe jejer ana sofa, tangane Pak Bardi ngrangkul Reni, dene Reni sumendhe manja ana bahuné Pak Bardi. Lali ruwet renteng sing lagi diadhepi, anane mung rasa seneng, nyaman, lan ati tansah sir-siran. Petugas Satpam alon-alon nyedhaki karo menehi weruh.

"Nuwun sewu Bapak kaliyan Ibu, asma Bapak Bardi kaliyan Ibu Anisah Anggraeni injih."

Wong loro njondhil kaget setengah mati. Ananging Pak Bardi isa nata atine, nyoba njawab kanthi tatag. Ora nggumunake dheweke mantan perwira polisi.

"Bener aku Pak Bardi lan priyayi putri iki Ibu Anisah Anggraeni. Ana apa kok gawe kaget?"

"Nuwun sewu bapak kaliyan ibu, wonten piyantun badhe manggihni panjenengan kekalih wonten lobi."

"Sapa ya Mas, aku ora ana janji karo sapa-sapa, kok ngganggu acarane wong liya ki sapa?"

"Nyumanggakaken bapak, asmanipun Agustan Saryadi."

Pak Bardi wis isa nata atine. Nyruput omben *Virgin Mary*. Banjur awèh tandha menawa dheweke arep mberesi urusan karo kasir dhisik, lagi arep medhun. Banjur nilpun sopire diprentah supaya enggal nusul nang resto. Tagihan restoran enggal diberesi karo kasir. Reni katon wedi banget, raine pucet njejet. Pak Bardi rumangsa mesakake lan mrentahake sopire supaya ngeterke Reni mulih. Ora perlu mampir ngomah dhisik, aja nganti nyonyahe ngerti. Mau pamit karo Bu Bardi arep rapat karo tamu saka luar negri.

"Bu Anisah Anggraeni iki tulung kok dherekke kondur ya Man. Nek wis mengko lagi bali methuk aku mrene. Aku isih ana rembugan ana lobi. Ora perlu mampir ngomah, aja matur ibumu."

"Siyap Bapak, kula ngestokaken dhawuh. Mangga ibu kula dherékaken kondur."

Petugas keamanan hotel, Pak Bardi, Reni karo Man sopire Pak

Bardi barengan medhun liwat lift. Kabeh mung meneng ana nje-rone lift. Swasanane tintrim, goreh arep ana prastawa apa mengko nek ketemu adu arep karo Agustan Saryadi. Pak Bardi nyoba tetep tenang, aja nganti ketok keweden ngadhepi Agus. Babar pisan ora ana kedadeyan sing nerak ukum, antarane dheweke karo Anisah Anggraeni. Kabeh arep diadhepi kanthi tatag. Uga kudu ngayomi Reni, wanodya ayu sing katon ringkih ana sandhinge.

+++++



BAB 14

Sesongaran Karo Bojo

Senajan wis dikancani Pak Man, sopire Pak Bardi, petugas jagabaya hotel, dalah Pak Bardi, atine Reni tetap lap-lapan medhun menyang lobi, nemoni Agus karo kancane. Jaman pacaran lan nganten anyar, Agus ora nate tumindak kasar lan emosional. Ananging wis sakwetara taun iki rikala usahane saya mundur, dheweke kerep uring-uringan, embuh marang Reni apa anak-anake. Tansah sesongaran ora empan papan. Uga asring wani madoni ibu karo bapake. Sing didir-dirke ya ajarane Kyaine kaya adat sabene. Tenan metu saka lift Agus katon anggone nesu, raine mangar-mangar. Swarane seru ngagetke tamu-tamu sing ana lobi.

"Lanyah kowe Reni, bojo kerja bantingan, awakmu seneng-seneng karo wong lanang liya."

Tanpa isa nahan emosine, Agus mbalangeke tase marang Reni. Untung ana Pak Man, sing isa nyandhak tas sing isine abot iku. Upama kena mesthi isa ndrawasi. Kurang lega anggone mbalange tas ora kena, Agus isih mara tangan ngaplok raine Reni. Pak Man cepet-cepet nggeret Reni metu saka lobi gageyan menyang mobil sing diparkir ana ngarep lobi. Gunarso karo Karman ora entek-entek anggone ngerih-erih Agus supaya sabar. *"Istifar Mas Agus, istifar."* Agus banjur mbengoki Pak Bardi kanthi sora.

"Wong lanang laknat, gawene ngganggu rumah tanggane wong, sampeyan ndhul. Dirampungke nang njaba ayo, padha lanange."

Pak Bardi rada kepancing, muntap saknalika.

"Jeng Reni nemoni aku njaluk tulung gegayutan karo omah Pindrikan sing arep dibeslag ki sanak. Sampeyan sisihane jeng Reni?"

"Iya aku bojone Reni wis meh rong puluh taun, aja pisan-pisan nggodha dheweke."

"Ora ana wong nggodha, dheweke teka nang aku njaluk tulung golek info kanggo nylametke omah Pindrikan. Kabeh informasi wis ana tangane Jeng Reni, sampeyan isa nakoni lan piye anggongone arep ngudhari."

Agus durung isa ngendhoni nesune, isih misuh-misuh warna-warna. Gunarso, Karman lan petugas jagabaya ngerih-erih supaya lilih, ning ora kasil. Pak Bardi enggal njupuk *handphone*, sajake nilpun marang sing kawogon ing babagan keamanan. Jagabaya ngajak tamu-tamu sing padha regejegan iku menyang *coffee shop*. Arep diusir metu saka lobi malah sangsaya ndadra anggongone misuh-misuh, ngarani jarene hotel mesum barang. Ora suwe ana petugas kepolisian saka Polsek lan Briptu Amar, polisi sing tansah disambat Pak Bardi, nek ana rubeda.

"Bapak-bapak mangga tindak kantor wae, aja gawe gendra ana panggonan umum nang kene."

"Aku arep nuntut liwat jalur hukum, perselingkuhan antarane wong lanang nggombal iki karo bojoku."

"Iya Pak, mangga dirembug lan diproses ana kantor wae. Aja regejegan nang kene, ngganggu tamu hotel liyane."

Agus, Gunarso karo Karman, banjur numpak mobil patrol bukakan polisi. Briptu Amar karo Pak Bardi banjur mlebu mobil, ngejutke mobil patroli. Pak Bardi uga katon anggongone nesu, digawe isin ana panggonan umum, dipisuh-pisuhi Agus mau.

"Mas Amar, mangga dituruti wae karepe arep ngapa wong iku. Aku ya rumangsa diwirang-wirangke nang panggonan umum. Aku uga duwe hak legal kan?"

"Siyap bapak."

Tekan kantor Polsek, kabeh sing ana padha ditakoni dening petu-

gas sing kajibah jaga. Ditlesih piye larah-larahe. Agus ngguguk mutawaton menawa Pak Bardi wis laku selingkuh karo sisihane, Reni. Tindakan nglanggar ukum. Dheweke wose pengin supaya kasuse diproses terus ana jalur ukum. Petugas sing tinanggenah mriksa banjur nerangake kanthi gamblang.

"Kita kudu mriksa kabeh seksi Mas, karo nglumpukke bukti-bukti sing ana. Ning nek ndeleng kronologise, kok kita ragu nek isa mbuktekake saka sisi ukum. Kudu ana bukti utawa seksi sing nyatakake nek kagiyatan selingkuh utawa dhemenan wis kedadeyan."

"Nuwun sewu apa sampeyan ahli hukum bapak. Nganggo logika menungsa normal, nek wis glenikan wong loro sing dudu mukrime ana resto, ya mesthi wis kedadeyan anggone dhemenan ta Pak."

"Ora gampang kaya ngono Mas. Ora isa mung nganggo logika, ning kudu ana bukti, saka saksi apa saka bukti-bukti nek prastawa dhemenan wis kedadeyan. Kayata isa dibuktekke ana cairan lanang ana panggonan clana dhalem. Apa njenengan duwe saksi sing isa nyatakke nek wis kedadeyan dhemenan iku?"

"Wah iki proses pemeriksaan abot saksisih Pak. Aku ora trima."

"Mangga wae, nek ora isa mbuktekke nang pengadilan, terlapor isa nuntut balik. Apa panjenengan wis siyap. Apike iki dirampungke kanthi apik-apik wae Mas. Ning nek ora isa nampa, sisihanmu ya kepeksa dipanggil polisi."

Pak Bardi ya ditlesih dening petugas polisi. Akeh sing ngerti menawa dheweke mantan pejabat tinggi kepolisian ana propinsi. Anggone nlesih sopan banget. Kronologise ditlesih kanthi tuntas.

"Aku rumangsa diwirangke Mas, wong dijaluki tulung kon nguruske prekara omah sing arep dibeslag bank, kok piwalese kaya mangkono."

"Nuwun sewu sapa sing kagungan krenteg ngundang wanita mau teka ana resto nang hotel?"

"Iya aku, areptak temoni nang omah ora mungkin. Apa maneh nang kantor. Aku kudu menahi katrangan status utang piyutang nganggo boreg omahe wong tuwane. Aku ora mapag wanita, Mbak Reni kuwi, ning dheweke sing mara dhewe menyang hotel. Njur makan

malam. Wis titik. Apa isa tak teruske nang jalur ukum ya Mas.”
”Ya isa wae Bapak. Ana bukti saka CCTV hotel, isa dipirsani. Ning apa ora kedawa-dawa. Mlebu koran barang, senajan ora kabukten ana prastawa slingkuh, kan isa wae koran nulis sing aneh-aneh. Pengusaha kondhang, mantan perwira polisi, kecekel gendhulak-gendhulik karo wanita sing duwe bojo ana hotel. Saka sisi ukum kuat ning saka sisi sosial berat Pak. Apike kok dirembug apik-apikan wae, dirampungke kanthi paseduluran.”

Jam sewelas bengi papriksan wis rampung. Pihak loro-lorone nandha tangani surat pernyataan menawa ora bakal regejegan maneh ana ruang publik. Kudu isa nahan emosi ora mung gawe rame bengak-bengok. Agus sangsaya mengkeret bareng dikandhani menawa ana cathetan kepolisian nek dheweke lagi ngadhepi papriksan amarga pemalsuan dhokumen.

+++++

Jam setengah rolas Agus wis tekan omah. Jane atine isih murub, isih muntap geneya sisihane Reni kok gendhulikan karo pengusaha sugih. Kenale saka ngendi? Sing marahi sapa? Tekan omah dheweke nggoleki bojone sing wis mlebu kamar. Alon-alon kamare bojone dithothok, aja nganti mbribeni bapak ibune apa dene anak-anake. Reni isih lungguh ana pinggir kasur. Katon menawa mentas nangis. Pipine biru amarga ditabok ana hotel mau.

”Aku pengin ngerti larah-larahe anggonmu kenal lan srawung selingkuh karo pengusaha mau, sapa jenenge? Kowe ora duwe perasaan blas Ren, bojo lagi susah kok malah seneng-seneng karo wong lanang liya.”

”Aja gampang mitenah Mas Agus. Aku kenal Pak Bardi amarga anake, Lisa melu les aku. Dheweke sing tak jaluki tulung nalika omah kok nggo boreg njupuk kredit kapan kae. Iki ana prekara anyar, menawa omah arep dibeslag BPR menawa ora isa mbalekke dhuwit 500 yuta. Aku golek sisik melik njaluk tulung Pak Bardi maneh.”

"Lha kok ndadak ketemu nang hotel? Apa ora ana panggonan liya?"
"Lha nang endi, nang daleme ora mungkin. Nang ngomahe dhewe apa kersa teka mrana. Aku sing usul ketemu ana resto wae."
"Nek ngono awakmu ora rumangsa salah ana prastawa iki mau nang hotel?"

"Babar pisan ora, aku didhawuhi Bapak Ibu, golek dalam nek omah isa ditututi. Mung diwenehi wektu rong minggu kanggo ngothongake. Apa kono ya ora rumangsa salah ninggal masalah karo priyayi sepuh, bapak ibu nganti kudu ngeculke omahe amarga polahmu. Tanpa omong, tanpa tembung, tinggal glanggang colong playu. Endi tanggung jawabmu minangka wong lanang, bandhane wong tuwa nganti entek gusis?"

"Aja omong sakkepenakmu Reni, aku bojomu sing kudu kok kurmati. Aja kumawani ngajak padu."

Agus ora isa ngampet emosine. Dastere Reni ditarik, tangane diseret dijorogake nganti tiba ngantem lemari. Saking kagete, Reni setengah njerit, tanpa sadhar. Anak-anake padha mlayoni mlebu nang kamar karo nangis.

"Aja Pak aja Pak. Ibu sakit."

"Ora susah melu-melu, bocah-bocah kana dhe metu nang njaba."

Krungu rame-rame, Pak Kusparmana lan Bu Malekah banjur tangi lan nggenahke dhodhok selehe. Reni pamit menyang kamar mandhi dhisik sakperlu raup amarga raine njarem biru, karo ketambahan iki mau siraha dibenjutke karo lemari. Wong loro ditakoni tlesih ana apa.

"Wong bengi-bengi ngene kok regejegan ana apa ta Gus karo Reni?"

"Kula pun pilara kaliyan bapakipun lare-lare, bapak ibu, wiwit nalika wonten hotel kala wau."

"Tenan ta Gus, aja cengkilingan nek karo bojo, ngedohke rejekimu."

"Ben wae wong dikandhani kok maneni. Malah nemoni wong lanang nang hotel barang. Palanyahan."

"Aja kesusu ndakwa awakmu. Reni pancen tak kongkon goleh sisik melik lan pitulungan prekara omah iki. Mung diwenehi wektu rong minggu kanggo ngothongake. Kowe omah dinggo tanggung utang ya ora tau ngomong karo bapak ibumu. Tanggung jawabmu minangka anak mbarep endi? Tanggung jawabmu minangka kepala keluarga endi? Aku karo ibumu sing njaluk Reni golek sisik melik lan pitulungan."

Reni karo mingsek-mingsek omong karo Pak Kusparmana karo Bu Malekah. Wose ngandhakake nek dhweke wis ora kuat nglakoni urip ana Semarang.

"Bapak ibu badhe matur, menawi kula sampun mboten kiyat gesang wonten Semarang. Menawi lare-lare sampun inggah-inggahan kelas, kula badhe pindhah dhateng Salatiga kemawon, kaliyan ngancani ibu kula."

"Apa ibu Salatiga ya wis mangerteni kahananmu?"

"Kula mboten nate matur, nanging ibu sampun ngertos piyambak amargi bapakipun lare-lare ugi asring nyebrak dhateng ibu kaliyan Mbak Heni."

"Ya muga-muga uripmu enggal diparing dalan padhang karo bocah-bocah. Pepeteng seprana seprene kok ora ilang-ilang ta ndhuk."

+++++

Bubar patemon sing pungkasan karo Reni, atine Pak Bardi tansah goreng ora isa tenang. Ketok-ketoken bayangane Reni sing alus. Isih cetho wela-wela meruhi Reni ditabok bojone Agus ana ngarepe wong akeh. Uga kelingan anggane Reni sambat ngresula prekara omah sing kudu dikothongke saksuwene rong minggu. Melas banget atine mikir Reni. Apa maneh pas kelingan Reni nyendhekake siraha ana baune. Kaya-kaya wong pasrah golek pangayoman. Perasaane marang Reni mung cedhak, eman lan mesakake. Platonik. Babar pisan ora ana krenteg arep golek kesempatan kanggo perselingkuhan. Umur-umurane Reni pantese sakumure anake. Mula pengin arep ngulurake tangan nek mbok

menawa isa ngurangi kasangsarane Reni karo keluwargane.

"Jeng Reni, piye kahananmu? Aku nyuwun ngapura pas ana Hotel kae, ora isa aweh pangayoman kanggomu. Muga-muga tekan ngomah ora tambah rame. Urusanku karo Agus wis dirampungake ana Polsek. Embuh nek dheweke arep nempuh dalam liya."

"Matur nuwun Mas Bardi, aku uga nyuwun ngapura, amarga aku sing nyuwun tulung kok malah panjenengan sing entuk wisuna ora mekakat."

"Jeng Reni, aku ora turah bandha, aku uga duwe tanggunggan keluarga. Ning apa isa aku melu urun kanggo ngrampungke prekara utang piutang mau?"

"Aku durung wani metu saka ngomah Mas, raiku isih biru kabeh. Mengko nek wis rada suda aku tak nemoni njenengan. Aku mara nang kantor PT ne wae ya Mas?"

"Iya tak enteni tekamu, nek teka mbok digawa sertifikat omah sisan ya. Mengko ben diperiksa pegawaku."

Let telung dina sakwise weling WA iku, Reni manek-manekke teka ana kantore Pak Bardi karo nggawa sertifikat omah. Jare Pak Bardi pengin melu ngentheng-ngenthengke sanggan abot sing lagi disandhang keluwargane Reni. Reni ngenteni ana ruang tamu rada sakwetara amarga isih ana rapat. Bubar rapat jam 11 awan Pak Bardi ngajak Reni mlebu ana kamar kerjane. Potokopi sertifikat omah banjur dipriksa dening salah sijining pegawaine ben isa neksir kira-kira pengaji pira omah sakpekarangane iku.

"Mas Bardi aku matur nuwun nek panjenengan arep ngulurke asta kanggo nulung aku karo keluwargaku."

"Aku dudu wong brewu ning upama aku nyoba skema ngene piye jeng. Matura bapak ibu sing kagungan ya. Dhuwit 500 yuta mbalekke anggane kredhit tak setorke nang rekeninge BPR apa liwat Bapak Ibu. Dadi wis ora bakal dioyak-oyak BPR. Nanging sertifikat diwenehke aku. Manut tak sirane pegawaku, omah iku pengaji kira-kira antara 900 yuta tekan 1.1 milyar. Aku ngaturi uang kontan kagem bapak Ibu 400 yuta. Mangga sakkersa arep ditambahi kagem tuku omah maneh nang tlatah Ngaliyan, mbok

menawa isih ana sing rega antarane 400 yuta nan. Ning upama arep manggon nang omah iku, ya mangga tak aturi wektu rong taun. Ning dhuwit 400 yuta aja nganti muspra. Kan mesathi ya isih ana celengan ora ketang sethithik kanggo nambah."

"Jare ibu isih kagungan rong atus seket yuta saka hibah omah warisan Pemalang."

Reni selak pengen cepet-cepet mulih matur Bapak Ibune. Ora sida ditundhung saka omah jaka lara mara tuwane. Senajan tetep kelangan omah, nanging Pak Bardi isih menehi tambahan susuk 400 juta. Kapan ana wong teka naksir pengajine omah ya mung wani 500 juta mung cukup kanggo mbalekke utang. Reni nangis amarga lega dene ora sida ditundhung karo anak-anake lan maratuwane. Dheweke ora kendhat anggone matur panuwun marang Pak Bardi. Ora tida-tida ngrangkul Pak Bardi karo nangis.

"Gusti sing isa males kabecikanmu Mas. Aku dalah bapak ibu ngaturke panuwun sing tanpa upama."

"Aja mikir adoh-adoh Jeng, aku sayang lan eman karo penjenengan. Nanging ora ana krenteg apa-apa. Aku wis seneng isa tetulung kanggo wong sing tak sayangi. Enggal metu seka pepeteng ya Jeng. Donga dinonga."

Awan iku Reni diajak makan siang ana kamar kerjane Pak Bardi, karo guneman alon-alon. Reni jane selak pengen mulih, menehi weruh Pak Kusparmana karo Bu Malekah. Ana pitulungan saka Gusti kanthi liwat tangane Pak Bardi. Muga-muga pepeteng enggal sirna saka uripe lan anak-anake.

+++++





BAB 15

Sabar Ana Watese

*P*ak Kusparmana karo Bu Malekah awan iku lagi jagongan ana teras mburi, ngadhepake taman sing kebak taneman kembang sing diopeni dening Reni. Hawane ora patiya panas kaya biyasane. Angine semilir lembut gawe tentreme sapa wae sing nyipati. Nanging ora isa ditutupi menawa kahanane Pak Kusparmana lan Bu Malekah isih sedhik lan goreh, mikirke kudu ngonthongke omah lan masrahke sertifikat nang kreditor sakjroning wektu rong minggu. Ora maido, sanggane mesthi abot kanggone priyayi pensiunan yuswa sepuh kok isih kudu kedhungsangan ngurus kontrakan omah barang. Kabeh wis kasep, salah dalam amarga sakdurunge urusane tansah dipasrahke anak mbarep Agustan Saryadi. Mung wong sakloron esuk iki mau isih ana pangarep-arep, amarga Reni jare isih arep golek dalam saktapise. Reza karo Rini lagi padha pit-pitan sakubenging perumahan. Mimi sing cilik turu ana kamar sakwise mangan awan mau. Dadakan ana swara undang-undang seru. Swarane Reni kamiso-solen karo menggeh-menggeh.

"Bu beres. Bapak beres."

"Sing sabar ndhuk. Disrantekke dhisik. Ditata atimu. Ngombe dhisik ben sareh, ndhuk."

Bu Malekah banjur njupukke banyu putih ben diombe Reni. Bareng wis leren sedhela, wis temata atine, Reni banjur wiwit crita.

"Wonten kanugrahan Gusti, bapak ibu. Mboten perlu ngothongaken griya punika."

"Kanugrahan piye ta ndhuk?"

"Estu kanugrahan Gusti langkung Pak Bardi. Piyambakipun kawalawau kersa mundhut griya punika kanthi regi umum, sangang atus yuta. Ingkang gangsal atus kangge mangsulaken arto sambutan. Ingkang sekawan atus badhe pun transfer dhateng rekeningipun Bapak."

"Lha terus kepriye genahe masalah proses resmine?"

"Aktejual beli, pun urus dening staffipun Pak Bardi kanthi mlampah. Kita taksih saged manggen wonten mriki ngantos kalih taun."

"Dadi kasare omah dituku ya. Ya wis piye maneh iku dala sing paling apik, tinimbang kelangan hak kepemilikan."

"Arto tirahan sekawan atus juta taksih saged kangge tumbas griya wonten Ngaliyan Pak. Sokur menawi pun tambahi arto hibah saking bulik Nung kangge dalem warisan Pemalang."

"Iya mengko dirembug maneh. Isa tetep duwe omah maneh. Aja nganti kleleran kaya wong ora duwe gaweyan."

Bocah-bocah bareng wis mulih anggone dolan, diwanti-wanti enggal resik-resik adus. Mengko sore arep diajak metu. Suwe ora dolan-dolan sore njajakke bocah-bocah. Senajan kaya ngapa susahe, bocah-bocah iku duwe hak kanggo urip tentrem lan seneng. Aja nganti keweden merga dioyak-oyak *debt collector* sing padha teka ana ngomah. Reni matur Pak Kusparmana karo Bu Malekah, menawa pengin ngajak mlaku-mlaku metu bocah-bocah.

Tanpa beban, Reni ada-ada ngandhakke pawarta seneng mau marang Iksan. Ya mung saking senenge, saking legane dene wis ora kudu diusir saka omah. Ora kedhungsangan amarga polahe bojone, Agustan Saryadi. Suwe lagi ana wangsulan saka Iksan.

"Piye kabarmu San. Apik-apik wae ta?"

"Sepurane ya Ren, ora mbukak HP amarga isih ngawasi wong dha nyambut gawe. Piye ana kabar apa?"

"Akeh kedadeyan ning ora perlu tak critakke nang kene. Critane

dawa. Mung pengin aweh kabar wae, menawa ora sida diusir saka omah. Omah dinggo boreg utang. Kudu mbalekke. Jane kudu ngonthongke omah sakjroning rong minggu."

"Lha terus piye kahanane saiki?"

"Wis ana dalan kok San, mula aku pengin ngabari awakmu. Wingi-wingi nganti ora wani kabar-kabar merga stress banget. Omahe dituku karo Pak Bardi terus sebageyan gedhe, luwih saka separo, dinggo nyaur utang. Sisane ana patang atus yuta arep ditransfer nang rekeninge bapak maratuwa."

"Wingi-wingi aku ora nyoba ngubungi awakmu Ren, swasanane repot banget nang kene. Apa aku isa teka rono sore iki?"

"Aku pancen rencana arep mlaku-mlaku ngajak bocah-bocah, wis suwe padha tansah melu keweden, bolak-balik ditekani wong urusan omah."

"Aku bubar iki tak mulih, adus dhisik. Jam-jam setengah lima tekan kono ya."

"Apa ora ngrepoti awakmu ta San, aku isa nyewa antar jemput ana Semarang kene."

"Ora babarpisan Ren, wis sakwetara wektu ora ketemu. Mengko tak nyuwun pamit ibu."

+++++

Jam papat luwih sethithik, Iksan wis teka nang Pindrikan. Alon-alon markir mobil ana halaman, banjur kula nuwun. Reni karo anak-anake wis padha dandan, siyap arep metu mlaku-mlaku golek angin sore. Gageyan Reni mbukakake lawang karo manggakake supaya mlebu nang ruang tamu. Reni wis rumangsa kulina karo Iksan, kancane lawas. Nanging tetep wae rumangsa seneng ketemu sore iku sakwise sakwetara dina ora ana kabar. Pak Kusparmana lan Bu Malekah isih lenggahan ana teras mburi. Reni rumangsa seneng.

"San seneng ketemu awakmu sore iki. Kok cep klakep ora ana warta sakwetara wektu ana apa?"

"Aku ndilalah kok repot banget Ren, akeh pesenan sing kudu dilayani. Sepurane aku ora isa aweh kabar. Awakmu piye Ren?"

"Critane dawa, mengko karo leren tak critani. Ayo pamitan Bapak ibu ndhisik."

Wong loro banjur mara marang teras mburi, nemoni Pak Kusparmana karo Bu Malekah sing lagi ameng-ameng ana ngarep taman.

"Bapak Ibu, badhe nyuwun pamit medal kaliyan lare-lare. Pun teraken Iksan saking Salatiga."

"Mas Iksan, piye kabare kok dengaren ngetok. Wis sakwetara dina ora tau mrene."

"Injih Bapak Ibu, punika wau pun kabari kaliyan Reni, lajeng sowan mriki. Badhe ngeteraken mlampah-mlampah."

"O iya tulung bocah-bocah diajak metu, golek angina sore. Aja wengi-wengi ya."

"Injih Bapak ibu, badhe teras nyuwun pamit."

Iksan nyetir mobile alon-alon, sakjroning atine dheweke selak pengin ngerti critane Reni. Mesthi ana kedadeyan sing wigati saksuwene dheweke ora kontak karo Reni. Pungkasan dheweke nyoba kontak Reni, nalika Reni patemon karo Pak Bardi ning ora gelem diterke. Rikala semana Iksan ora isa nyambung karo tilpune Reni ana wektu sing wis dikandhakke Reni sakdurunge. Banjur Iksan ngubungi tilpune Agustan Saryadi. Bubar iku dheweke ora ngerti babar pisan prastawa apa sing kedadeyan. Dheweke rumangsa gela ora isa mangerteni apa kedadeyan sakwise iku.

Mobil mlaku alon-alon tumuju Pantai Marina. Bocah-bocah seneng banget isa mlaku-mlaku nang pesisir ing wayah sore. Angine semribit kepenak. Ndeleng angslupe srengenge ana ing langit sisih kulon. Warna abrang mbranang ngebaki langit gawe endahe swasana sore iku. Saksuwene bocah mlaku-mlaku wis diwanti-wanti supaya ati-ati lan aja pisahan. Reni karo Iksan banjur leren ana sakwijining pondhok utawa gazebo sing rada sepi, sinambi pesen minuman entheng sing akeh didol ana kono.

Tanpa tedheng aling-aling Reni nyritakke kabeh kedadeyan sing dialami wiwit nalika patemon karo Pak Bardi ana hotel, terus dilarag lan dipilara bojone, Agustan Saryadi ana omah. Uga pra-

stawa rikala kudu ngothongke omah dening BPR utawa mbalek-ke utange Agus sing gunggungé nganti limang atus yuta. Untunge ana pitulungan saka Sing Gawe Urip, liwat tangane Pak Bardi. Dheweke crita kanthi renes larah-larahe nganti Pak Bardi awèh tetulung marang dheweke lan bocah-bocah, uga karo Bapak Ibune maratuwa. Kabèh rampung tanpa ikatan antarane dheweke karo Pak Bardi. Reni setengah bangga anggona crita marang Iksan.

"Aku gelà Ren kok ora takon wartamu pas kedadeyan iku. Kaya-kaya pet klakep ora kontak babar pisan. Upama aku ngerti mbok menawa isa melu nyengkuyung."

"Ora apa-apa San. Prastawa iki pancen dadi coba kanggoku karo bocah-bocah. Aku lega amarga ora sida kedhungsang-dhungsang golek kontrakan omah."

"Lha rencanamu pindhah usaha ana Salatiga piye?"

"Aku kok mikir ping pindhho, nek kudu pindhah karo Mas Agus menyang Salatiga. Mbok menawa mung mindhah keruwetan lan kasangsaran wae. Ora ana dalan padhang."

"Lha terus piye Ren kok kaya ora ana dalan metu ngono. Jane nek Mas Agus isa kok bujuk metu saka komunitas agamis Pak Kyai kuwi mbok menawa isa menehi dalan."

"Ora mungkin San. Aku wis nyoba pirang-pirang taun. Bapak ibu uga wis ora kurang kuranga anggona ngandhani. Wis ora ana dalan, alon utawa cepet tak kira kudu mlaku nang dalane dhewe, aliyas urip dhewe-dhewe. Bocah-bocah wis ngerti, ora ana pangarep-arep maneh."

"Sing ghedhe sepuramu ya Ren, aku ora isa melu temandang rikala ana kedadeyan kuwi. Aku sing menehi weruh Mas Agus menawa awakmu lagi pateman karo Pak Bardi. Jane mung pengin ngendhegke anggonmu patemon amarga wis kliwat jam. Nanging HP mu kok pateni. Uga nalika ana kedadeyan omah arep dibeslag barang, aku ora ngerti babar pisan."

"Kabèh wis kliwat San. Ora perlu digelani. Dudu salahmu ning pancen kahanane lagi ruwet kaya ngene. Aku nampa pitulungan saka Pak Bardi ya tanpa ikatan apa-apa. Rumangsaku isih ad-

hedhasar etungan dagang, wong dheweke ya ora rugi."

"Nuwun sewu ya Ren. Antarane aku karo awakmu minangka kanca lawas. Aku pengin omong. Ora pengin ndhisiki antarane kono karo Mas Agus. Ning nek awakmu dadi legan maneh, aku siyap ngancani Ren."

"Lho kok ngono San. Awake dhewe srawungan kekancan puluhan taun. Semangate kekancan. Apa isa urip bareng mbangun katresnan."

"Ora perlu kok jawab dhisik, awakmu ya isih ana talen bebrayan karo Mas Agus. Aku mung pengin menehi weruh nek nganti arep legan maneh, aku siyap ngancani. Katresnan isa dibangun bareng karo momong bocah-bocah."

Wong loro karo bocah-bocah banjur enggal-enggal mulih sakwise jajan makan sore. Ora akeh guneme, senajan bocah-bocah tetep crita rame anggone nyritakke langit abang mbranang nang Marina. Reni kaget lan mikir jero ngapa kok Iksan omong blak-blakan kaya ngono. Apa isa uwal saka Agus ben uripe luwih temata?

+++++

Agustan Saryadi wis sakwetara dina klinteran ana Semarang. Embuh ana apa. Proyeke sing ana tlatah Jawa Barat kayane durung bisa mlaku lancar. Isih akeh syarat-syarat sing durung bisa diganepi, klebu armadha truk sing bakal kanggo muat pasokan pasir. Jane wis entuk lahan sumber pasir alus sing disyaratake. Mung kabeh kudu wis lengkap syarat-syarat administrasine, klebu kontrak karo perusahaan utawa perorangan sing duwe angkutan truk. Dheweke balik nang Semarang sakperlu golek kompanyon karo sing duwe truk apa perusahaan sing isa nganakke paling ora rong puluh truk. Dheweke arep rembugan prekara modhal kanggo golek truk ana Semarang, nang nggone wong tuwane.

"Bapak Ibu, aku kepeksa matur Bapak Ibu amarga proyekku nang Jawa Barat sajake ana kendhala."

"Kendhala apa maneh ta le, seprana-seprene kok anane mung

alangan wae. Ora ana kasile sing positip ngono."

"Ora susah angel-angel Bapak Ibu, nang endi-endi wong usaha ki butuh modhal. Dadi supplier pasir perusahaan gedhe ki ya kudu duwe modhal. Iki syarate kudu duwe truk angkutan pasir."

"Lha terus karepmu piye? Wingi urusan omah arep dibeslag ya mung kok tinggal mlayu ngono wae. Ora ana tanggung jawab babarpisan saka awakmu. Bandhane Bapak Ibu wis entek gusis kok kono isih tegel arep njaluk modhal maneh ki mbok mikir ngono lo. Anak-anakmu dhewe mung kok tinggal tanpa tanggung jawab."

"Bapak ki ora susah kena pangaruh wong-wong sing ora ngeriti. Aku pancen ya usaha ya melu komunitas agamis melu Pak Kyai. Kanggo nyelengi mbesuk nang akherat, kudu ikhlas ngetok-ke Pak."

Bu Malekah ora sranta melu nyuwara. Kayane pikirane Agus wis kesumpelan swara sing ora bener. Wong tuwa bandhane wis entek-enteken, kok isih wae njaluk modhal kanggo usaha sing ora teges. Ora tau ana etungane, ora ana etungan untung rugine, ya duweke wong tuwa, sedulur, maratuwa.

"Kapan leh mu usaha arep ketok kasile to Gus? Delengen sedulur-sedulurmu, padha tekun anggone cekel gawe, ora ana sing kedhungsangan, ora ana sing ngentekke bandhane wong tuwa. Aku karo bapakmu wis tuwa, kari ngenteni wektu, kok isih kok tambah renggan ngurusi modhal sing ora ana juntrunge kuwi."

"Wong ki dalane dhewe-dhewe Bu ora isa dipadhakke kabeh. Aku pancen lagi prihatin, tirakat, ning ana sing diarep-arep. Ana panjangka, ana beya. Jer basuki mawa beya Bu."

"Apa kowe ngerti anggone bojomu bantingan nguripi anak telu iku. Wingi pas omah arep dibeslag ya untunge ana Reni sing isa ngedolke omah iki. Dadi ora sida kelangan. Ning apa upayamu mbiyantu wong tuwa sing kedhungsang-dhungsang merga polahmu? Rungokna dhewe saka Reni kedadeyan sing pungkasan wingi."

Reni banjur diundang dening Bu Malekah supaya nggabung rem-

bugan. Jane Reni wis wegah banget rembugan karo Agus. Mesthi ora tau ketemu nalar anggare wis muni jarene Pak Kyai. Kanthi sareh dheweke nyritakke kedadeyan nalika omahe arep dibeslag nek ora bisa mbalekke dhuwit silihane Agus nang BPR, limang atus yuta. Reni banjur nyritakake anggone patemon karo Pak Bardi ana kantore, lan Pak Bardi sanggup nuku omah kanthi rega sangang atus yuta. Sing limang atus yuta kanggo nutup utangan nang BPR. Sisane dikirim nang rekeninge Pak Kusparmana. Dheweke uga nerangake upama antarane dheweke karo Pak Bardi ora ana sesambungan apa-apa, mung kekancan biyasa.

"Ren pancen awakmu ki wong murahan, mula sapa sing jenenge Pak Bardi ya gampang ngeculke dhuwite. Ora idhep isin kowe dadi wong wedok."

"Kosik to Gus, Reni kan mung nglantarke ben omah iki isa payu sakrega. Akeh calon pembeli padha niliki, ning bareng padha ngerti nek bermasalah padha mundur. Anane nyang-nyangan ya mung tekan limang atus yuta. Lha kok kono malah ora ana upaya apa-apa ning mung maido."

"Ngene lo bu, amrih apike turahane dhuwit sing patang atus yuta tak gawane, karo turahan dhuwit hibah omah warisan Pemalang saka bulik Nunung Magelang kae."

"Sepisan iki aku ora isa nyarujuki usulmu Gus. Aku karo bapakmu wis ora isa percaya. Dhuwit mesthi entek tanpa ana genahe."

"Ya wis nek ngono Bapak Ibu. Aku ora perlu suwe-suwe nang ngomah kene. Aku tak balik nang Bandhung wae."

"Reni aja pisan pisan kowe dadi wong murahan dodol awakmu. Kowe isih terikat tali perkawinan karo aku."

Reni wis ora ngrungokke swarane Agus. Dheweke mlebu kamar karo dheleg-dheleg. Atine nek serik ya serik. Nek sedhik ya sedhik diuneni bojone kaya ngono. Nalika ketemu Pak Bardi, uga ketemu Iksan, dheweke rumangsa minangka wong wadon isih diajeni. Ora mung dianggep wanita palanyahan kaya anggepane Agus. Atine wis mantep arep ngadeg dhewe. Kudu wani ganti dalan. Dheweke sakubare ketemu Pak Bardi lagi duwe

rasa percaya dhiri. Mesthi bisa ngentasake nasibe awake dhewe. Nek dudu dheweke sapa maneh. Ngarep-arep Agustan Saryadi tangeh lamun, malah mung urip dioyak-oyak utang. Dheweke mantep golek dalam anyar. Anggone dadi guru senajan dheweke seneng, ning kasile ora sepiroa, kejaba anggone menehi les karo murid-murid iku. Dheweke mikir jero lelaku sing arep diangkahi.

+++++





BAB 16

Poto Nyalawadi

*W*ulan-wulan pungkasan iki, saya akeh murid sing melu les karo Anisah Anggraeni. Pancen ing babagan matematika, ilmu pasthi lan pengetahuan alam dheweke bisa diarani guru sing mumpuni lan winasis. Wis luwih rong puluh taun menehi wulangan tambahan kanggo murid-murid, wiwit rikala isih mahasiswa ana Malang dhisik. Mbimbing lan ndhampingi murid sing kangelan ngadhepi wulangan-wulangan mau. Ana rasa seneng lan mongkog ing jroning atine nalika nyumurupi murid isa ngudhari pepalang anggone nyinaoni piwulang ing babagan ilmu pasthi lan pengetahuan alam.

Ana murid anyar loro, kakang adhi sing wiwit melu njupuk les marang Reni sakwetara minggu iki. Jenenge Ira karo Ani, kelas siji lan kelas loro esempe saka tlatah Candhi Semarang. Pendhak Setu sore, Ira karo Ani, diterke sopir mara nang omahe Reni sakperlu melu les. Sok-sok ibune dhewe sing ngeterke. Reni durung kenal cedhak karo ibune, mung sok-sok wawan rembug rebut cukup nek pas dadakan ketemu. Kabeh mlaku kanthi lancar. Ibune Ira karo Ani, sakwijining notaris sing lagi moncer ana tlatah Semarang lan Jawa Tengah. Asmane Bu Sri Martuti. Pelanggane akeh ora mung saka kutha Semarang, nanging uga saka tlatah Jawa Tengah. Ndilalah Bu Sri Martuti kapatah dening kantor BPN kanggo urusan legalisasi status tanah sing kliwatan proyek dalan sepur Kedhungjati Ambarawa. Kantore sangsaya dina sangsaya rame, senajan wis ana pegawai telu sing mbantu.

Reni durung tau wawan rembug mligi karo Bu Sri Martuti, durung ana kelonggaran wektu antarane dheweke karo Bu Sri. Wektune tansah tlisipan. Ananging Bu Sri mangerteni kemajuwane putri-putrine sakwise melu les karo Reni. Dheweke pengin ketemu lan rembugan luwih raket karo guru les sing jenenge Anisah Anggraeni. Sakwijining dina Setu sore, Bu Sri wis kirim weling marang Reni menawa arep ngajak dheweke metu, patemon ana njaba sedhela wae sakbubare les. Karo bocah-bocah pisan. Sore iku Reni karo anak-anake, Rini, Reza karo Mimi, dipapag barengan karo Ira lan Ani dening sopire Bu Sri. Ketemu ana mall ing tengah kutha, ana dhaerah Simpang Lima. Wis dipesenke panggonan ana salah sijining resto. Banjur gayeng anggone padha rembugan. Bocah-bocah wis ora perlu dikenalke, wis padha grupyuk crita karepe dhewe.

"Matur nuwun Bu Reni, kersa tak aturi ketemu karo aku lan bocah-bocah."

"Injih matur nuwun sanget ibu Sri, panjenengan kok sae sanget ndadak repot-repot nimbali kula kaliyan lare-lare."

"Mbak Reni, aku ngaturke panuwun dene anakku Ira karo Ani, wis katon banget kemajuwane saksuwene ndherek les panjenengan. Aku ngaturi Mbak wae ya, awake dhewe sakumuran."

"Kasinggihan Bu Sri, kula ugi rumaos remen dene Ira kaliyan Ani saged nututi piwulang wonten sekolahan. Kula ndherek remen lan mongkog."

"Panjenengan apa wis suwe maringi les Mbak Reni?"

"Langkung kalih dasa taun, wiwit kula taksih kuliah wonten Malang. Ndilalah kula mendhet jurusan MIPA."

"Oo ngono ta, mula kok wasis banget sliramu."

"Kanca-kanca kula wonten sakwetawis ingkang sami mucal wonten Malaysia. Kala semanten janipun kula njih katampi wonten test, nanging lajeng kesesa emah-emah ibu."

"Injih Mbak Reni, aku seneng meruhi putra-putramu sing aktif lan sehat sehat. Mesthi gathekan ana sekolahan. Omong-omong aku durung nate nyumurupi keng raka, ngasto ana ngendi?"

"Bapakipun lare-lare usaha kontraktor bu. Sampun dangu wiwit

rikala manten enggal. Nanging sampun sakwetawis taun menika nembe seret, prasasat macet. Malah bapakipun sakmenika wonten Jawi Kilen, wonten Bandhung. Sampun awis-awis mantuk.”
“Oo ngono njih. Bisnis mesthi ana munggah mendhune. Sing penting kudu temen lan sabar. Ora mlumpat-mlumpat. Diadhepi bareng.”

Bu Sri karo Reni, banjur crita kanthi gayeng lan renes kahanan keluwargane dhewe-dhewe. Bocah-bocah padha crita karepe dhewe ana meja sebelah. Reni nyritakake kahanan keluwargane wektu-wektu pungkasan iki lan ruwed rentenging usahane. Dheweke ngakoni menawa kudu urip dhewe, mung njagagake honor guru ora tetap saka Yayasan lan pemetu saka anggone menehi les. Ya mung kuwi sing isa dijagakke. Bu Sri ngandhaka-ke nek dheweke butuh tenaga administrasi ana kantore. Isa dilakoni kanthi paro wektu, apa arep saben dina kebak wektu. Reni matur nuwun anane kasempatan kuwi. Arep dipikir alon-alon, amarga senajan mung guru honorer, dheweke wis mataun-taun melu Yayasan. Dene anggone menehi les, ora bakal ditinggal, prasasat kuwi sing dadi kasenengane lan andelane.

Anggone crita ora krasa nganti wis meh jam wolu bengi. Sowang-sowang mulih kanthi ati seneng. Bu Sri nyetir mobile karo putrine loro. Dene Reni karo anak-anake, diterke sopir mulih menyang omah Pindrikan. Sakwise rembugan karo Bu Sri sore iku, Reni saya tambah percaya karo awake dhewe. Nyatane isa menehi les kanthi kasil sing apik, dheweke kudu luwih giyat anggone nglakoni, ora mung pasrah ngenteni rejeki saka bojo. Wong wadon kudu isa madeg dhewe. Dheweke mikir dawa apa enake mundur wae saka anggone dadi guru honorer ya. Senajan seneng anggone nglakoni profesine ning honore, ora mingsra. Ora isa kanggo nutup butuh ngopeni anak telu. Kanthi njlimet dheweke ngetung-etung piye carane anggone ngatur wektune ben isa manfaatke kanthi luwih apik.

+++++

Tekan ngomah wis meh ngancik jam setengah sanga bengi. Bocah-bocah wis kesel, bubar resik-resik banjur padha mlebu kamar, mapan turu. Seneng ditraktir Bu Sri karo putri-putrine, Ira karo Ani. Mung dha klesikan nang kamar, ngomongke kok enak ya uripe Ira karo Ani, isa kerep dolan nang mall dikancani ibune. Ibune dhewe ora kok ora sayang marang Rini, Reza karo Mimi, nanging wektune wis entek kanggo bantingan golek rejeki. Ora ana sing wani takon karo Reni, kabeh ngerti nek ibune kerja esuk nganti bengi kanggo bocah telu iku.

Reni bubar resik-resik karepe arep mlebu kamar nusul anak-anake. Nanging dadakan ana welingan WhatsApp mlebu nang tilpun genggame. Dideleng nomere, saka Agustan Saryadi. Atine dheg-dhegan ana apa kok kadingaren bengi-bengi kirim pesen. Apa ngirimi dhuwit kanggo bocah-bocah? Bareng wis mlebu kamar, alon-alon welingan WA mau dibukak. Isine poto-poto, ana lima cacahé. Kaget ora karuwan sarta umob atine rikala meruhi poto-poto mau. Poto-poto mesra antarane bojone, Agustan Saryadi karo wong wadon liya. Ora mung poto-poto mesra wong loro kuwi ning uga ana poto loro sing wis kliwat wates, poto syuur wong loro lagi adus bareng wudo. Ana welingan katulis ing pungkasané poto-poto mau.

"Delengen ya Ren, nek nuruti nepsu aku ya isa main-main karo wong wadon liya. Ora baen-baen iki wanita kinurmat, tokoh partai politik ana tlatah Bandhung. Awakmu ora susah bangga wis divedhaki genthone Bardi kae."

Dheweke ora bisa apa-apa mung atine sedhih lan nesu. Raine abang mbranang, jantungé dheg-dhegan, unjal ambegan dawa. Rasane seseg lan getem-getem. Nanging arep sambat karo sapa? Karo Bu Malekah ya ora mungkin. Maratuwane sakloron wis padha anteng sare ana kamar. Akhire dheweke ngirim liwat WA poto-poto iku marang mbakyune, Mbak Heni ana Salatiga.



Baumgartner
2022

"Mbak Heni, nuwun sewu ya nek aku sambat karo njenengan. Aku ora kuwat Mbak, ora ana sing tak sambati ana kene. Aku lagi wae kena rubeda abot, omah barang arep dibeslag bank, Mas Agus babarpisan ora nglawehi, kok malah iki kirim poto mesra karo wong wadon liya. Jare tokoh politik ana Jawa Kulon. Kapan kae ya nggawa mulih wong wadon, jare arep dirabi, ditinggal ngono wae, njur nggoleki nang ngomah. Aku wis ora isa nglakoni maneh Mbak. Abot kanggoku."

Ora let suwe Mbak Heni banjur tilpun wose ya ngerih-erih supaya sabar dhisik.

"Reni kok sabarke dhisik ya. Nek isa muliha nang Salatiga rene, dirembug bareng apike piye."

"Nek ibu ngerti apa ora marahi pikiran Mbak?"

"Sedulur-sedulur prasasat kabeh wis ngerti kelakuane bojomu. Ora perlu ditutupi. Sing luwih penting keputusanmu anggonmu bakal mlaku nang tembe mburi. Arep ngenteni nganti Agus sadhar bali kaya biyasane wong lanang normal, embuh kapan wektune, apa wani gawe pilihan liya."

"Aku jane wis mantep nek arep golek dalam dhewe Mbak. Aku wong wadonyaduwehakgaweputusansingpalingapikkanggoawakkulan anak-anakku. Aku berhak bahagia Mbak."

"Ya sesuk tak enteni teka rene nang Salatiga. Saiki disrantekke sing sabar."

Wengi iku Reni uga kirim weling marang Iksan. Wose ngandhakake menawa dheweke butuh mulih dadakan ana Salatiga ketemu Mbak Heni. Uga kepingin ketemu karo Iksan menawa ana wektu. Ana prekara wigati sing dheweke pengin crita.

"San sesuk upama aku pengin nang Salatiga ketemu Mbak Heni lan ketemu awakmu, apa ana wektu?"

"Ora apa-apa Reni, sesuk esuk jam wolu aku wis teka ana Semarang. Arep nang Lopait ketemu Mbak Heni, apa nang Cebongan ketemu ibu?"

"Loro-lorone ne San. Aku ya pengin omong-omong karo awak-

mu. Kono kancaku sing paling cedhak lan ngerti masalahku San."

+++++

Jam wolu esuk Iksan wis teka ana omah Pindrikan, parkir ana pelataran ngarep. Banjur uluk salam ana ruang tamu ngarep. Reni wis siyap, bubar wae sarapan karo anak-anake. Mung sing cilik si Mimi sing arep diajak sowan budhene nang Lopait kaso simbahe nang Cebongan Salatiga. Bubar sarapan cepet-cepetan dheweke pamit marang Pak Kusparmana lan Bu Malekah.

"Kok dadakan nemen to Ren lunga menyang Salatiga. Mau bengi ora rasanan babar pisan."

"Mila mekaten ibu, panci nembe kala dalu kula sesambetan kaliyan Mbak Heni, kula kedah kepanggih piyambakipun kaliyan ibu dinten punika."

"Kok ana sajak wigati jan-jane ana apa to Ren. Ora mesakke anak-anakmu prei-prei kok tinggal. Oo iya mau bengi ana kiritan paket saka Bandhung."

"Mimi kula ajak ibu, kula mangke saksaged-saged wangsul jam tiga. Jam sekawan wonten janjian badhe kepanggih kanca."

"Ya sing ati-ati ya. Salam saka Bapak Ibumu kagem ibu nang Salatiga karo Mbak Heni."

Reni enggal-enggal budhal dikancani Iksan nganggo mobile putih, Fortuner. Metu saka kutha Semarang ngliwati dalan tol sing sepi lan endah. Lakune mobil ora banter, prasasat diematke anggone padha bebarengan numpak mobil. Ora akeh gunemane mung sok-sok Iksan nakoni Reni.

"Kok dengaren ta Ren dadakan mulih menyang Salatiga, apa urusan sing penting banget?"

"Aku kudu ketemu mbakyuku karo ibuku San, aku ora kuwat nek kudu tak ampet lan tak lakoni dhewe. Aku ya butuh sambat. Nang Semarang ora ana sing tak sambati."

"Lha ana apa ta Ren, mbok rada sabar sethithik. Mesakke bocah-bocah. Iki Mimi nganti keturon nang mobil amarga isih ngantuk."

"Iya San, aja kleru tanpa nek aku bares marang awakmu. Aku ora pengin nggeret awakmu ana reribet iki. Ning aku dhewe wis ora kuwat nglakoni."

"Nek awakmu ikhlas, isa crita nang aku. Embuh apa aku isa mbiyantu apa ora, paling ora wis ana dalan ngetokke uneg-unegmu."

"Iya San, aku mau bengi bubar dolan lan maem sore karo Bu Sri Martuti, notaris ana Semarang, sing putrane padha melu les aku. Seneng isa ngobrol ngalor ngidul prekara profesi lan tanggung jawabe wong wadon ana keluwarga. Tekan ngomah kok dadakan ana WA saka Mas Agus, isine poto-poto karo wong wadon. Poto-poto mesra lan poto saru amarga poto adus bareng. Jare kuwi tokoh politik ana Jawa Kulon. Dheweke ngancam aku, nek dheweke ya isa main-main karo wong wadon kinurmatan, nek aku ana main karo Pak Bardi. Sumpah aku ora ana apa-apa karo Pak Bardi."

"Yangenewaeta Ren, ikitan masalah keluwargamu. Dirembug sing genah piye apike nang tembe mburi. Aja mung sambat. Kudu wani gawe putusan kanggo tembe mburi sing apik."

"Mas Agus wis ora bisa diajak rembugan. Isane ya mung misuhi karo milara aku. Mula aku pengin krungu panemune Mbak Heni karo ibu. Aku ora suwe nang Salatiga. Sore mengko kudu wis mulih ana Semarang."

"Iya ora apa-apa Ren, sing penting sing sareh anggonmu mikir. Sokur bareng ketemu Mbak Heni karo ibu, isa gamblang pikiranmu. Aku ora duwe hak nyampuri urusanmu, ning nek menawa awakmu sakwayah-wayah butuh aku, aku siyap."

"Iya aku matur nuwun banget dene awakmu sisih setya semangat kekancan karo aku San."

"Ora mung kekancan Ren, aku siyap ngancani urip mengarep, menawa reribed iki wis isa diudhari. Kono wis isa merdika."

Tekan Lopait, terus njujug ana omahe Mbak Heni. Mbak Heni dina iku sengaja ora lunga-lunga. Mas Afandi uga ora ana acara ceramah ana njaba. Dadi nang ngomah kabeh. Rebut cukup Reni sambat karo mbakyune prekara poto sing ditampa dheweke mau bengi saka bojone Agustan Saryadi. Karo nangis Reni nyritakake isine poto karo welingane Agus. Mbak Heni meksa njaluk

diwenehi weruh poto sing dikirim lewat WA iku. Uga Mas Afandi. Wong loro kesimpulane padha. Kabeh dipasrahake marang Reni dhewe, arep ngenteni marine Agus apa arep njupuk pilihan liya. Tembe ngarep isih dawa. Kudu wani gawe putusan tumrap uripe dhewe ing tembe mburi. Malah Mbak Heni aweh kategasan, menawa keluwarga wis rumangsa isin karo tingkah polahe Agus. Reni kudu bisa golek pilihan sing apik, njaga kehormatan keluarga lan njaga tembe mburi kanggo dheweke lan anak-anake.

Sakwene rembugan, ora patiya suwe, Iksan mung ngenteni ana njero mobil. Karo setengah ngantuk ngrungokke musik. Ning atine jane ya melu goreng, kok kedawa-dawa nemen re-ribe sing disandhang Reni. Mbok enggal rampung. Kabeh wong duwe masalah, kudu bisa mrantasi masalahe dhewe-dhewe. Ora kedawa-dawa, ora ngambra-ambra. Rampungan anggane ketemu Mbak Heni karo Mas Afandi, Reni enggal-enggal tumuju menyang Cebongan nang daleme ibune, Bu Maslikah. Iksan usul mbok menawa Mimi wis luwe, nek isa leren sarapan dhisik. Wong telu banjur leren ana sakwijining rumah makan ing dalan Diponegoro, cedhak kompleks Kota Baru. Akeh rumah makan sing murwat sakdalan-dalan.

"Wis lega ketemu Mbak Heni, karo Mas Afandi Ren?"

"Kabeh mung masrahake marang aku. Arep ngenteni marine Mas Agus, apa arep golek dalan dhewe. Keluwarga ya padha isin nyipati polah tingkahe Mas Agus."

"Aja kesusu, dipikir sing tlesih Ren, kabeh pilihan ana resikone. Pilih sing resiko kanggomu lan tembe mburie anak-anakmu paling entheng."

Bubar sarapan alon-alon nuju daleme Bu Maslikah ing laladan Cebongan. Bu Maslikah kaget kok putrine ragil dadakan teka tanpa aweh kabar. Enggal-enggal diarak mlebu ana ruang njero. Dene Iksan ngenteni ana ruang tamu. Reni ora isa crita akeh-akeh. Anane mung mingsek-mingsek, sambat nek wis ora kuwat maneh nglakoni urip kaya sing lagi dilakoni. Bu Maslikah ora kendhat anggane ngeneng-eneng supaya sabar. Ning ngen-

dikane tegas menawa sedulur-sedulur wis padha kisinin karo kelakuane Agus. Senengane utang ning ora tau nyaur.

"Nek awakmu arep mulih menyang Salatiga karo anak-anakmu, bakal tak tampa kanthi rasa ikhlas lan asih. Aku rumangsa duwe tanggung jawab melu nggedekke anak-anakmu. Ning uluranku marang Agus karo awakmu nek arep pindhah usaha ana kene wis cuthel. Lha wong dimodhali ora ketang mung sithik, ya ra ana juntrunge, ora ana tembunge, terus karepe piye?"
"Aku mung nyuwun pangestune ibu karo Mbak Heni, nek aku wis gilig pengin madeg dhewe. Nyatane wis pirang pirang taun iki aku ya madeg dhewe, ora ana sing takjagakake saka Mas Agus."
"Ya aku karo mbakyumu mung isa nyengkuyung Ndhuk, putusan kabeh ana nang tanganmu."

Awan iku Reni wis mantep atine. Bakal madeg dhewe minangka wong wadon. Nggedekke anak anake, ora ngarep arep pemetune bojone sing ora ana genahe. Mengko bakal matur bapak-ibune maratuwa pisan, nek wis ora isa ngarep-arep Agus. Ora ana sing diarep-arep. Poto-poto sing dikirim Agus mau wis mesthekke dalan sing kudu dipilih. Iksan alon-alon nyopiri mobile bali ngeterke Reni menyang Semarang. Ora liwat Tuntang karo Bawen, ning mlebu dalan toll saka lawang toll Salatiga sing cedhak saka Cebongan. Wong loro mung meneng-menengan sakdawaning dalan. Ning wis padha ngerteni kahanan lan posisine dhewe-dhewe. Ora perlu kesusu nubras-nubras gawe putusan ekstrim. Saka sithik prekarane dipetani lan diangkahi kanthi sabar lan telaten. Iksan bakal sabar anggone ngenteni. Dheweke ya wis sabar urip legan puluhan taun. Saiki duwe pengarep arep anyar ngenteni kancane raket Anisah Anggraeni. Embuh kapan wektune, ning atine wis kebacut krasa tentrem lan ayem.

+++++





BAB 17

Madeg Dhewe

Wis mataun-taun Reni rumangsa urip dhewe, ngopeni anak telu. Nyangga sanggan abot kanggo nyekolahke lan ngopeni bocah-bocah, tanpa ana uluran tangan saka bojone Agustan Saryadi. Wis wola-wali nek padu bojone mesthi mara tangan, utawa paling ora metu omongan kasar misuhi dheweke jare wong wedok murahan. Kamangka Agus dhewe sing wis nglakoni sedheng karo wanita liya, ora mung sepisan, ning wola-wali. Alesane jare kanggo tirakat, kaya sing dikandhakke Pak Kyaine, kareben usahane bali moncer maneh. Paling pungkasan saya gawe atine sedhik lan muntab nesune, rikala Agus ngirimi poto-poto panas karo wanita tokoh politik ana Jawa Kulon.

Pikire mantep nek arep madeg dhewe minangka ibu tunggal sing mandhiri, ora susah njagakke welas asihe bojo sing ora isa diboti. Kudu wani madeg dhewe, uwal saka panguwasane Agus. Banjur ngumpulke lan maca syarat-syarat ngajokke rapak utawa gugat cerai. Kaya-kaya wis cukup alesan kanggo ngajokke rapak, ora direngkuh lan dinafkahi wis rong taun, kerep dipilara fisik lan dipisuhi kasar, karo pungkasane bojone laku sedheng ora mung sepisan. Wis ana buktine. Dheweke banjur golek penasehat ukum sing mligi ngurusi dredah rumah tangga lan pegatan. Ketemu ana jeneng pengacara wanita ana internet, jenenge Lina SH. Reni banjur ngubungi njaluk ketemu kanggo konsultasi.

Bubar menahi les sore iku Reni nemoni Bu Lina SH ana kantore

ing dhaerah Pleburan. Bu Lina, priyayine grapyak, sumeh, udakara sakumuran karo dheweke. Reni wis rumangsa cocok nalika wawan rembug karo wanita profesional iki. Dheweke nyritakake kabeh sing dialami karo bojone, kanthi nggawa dokumen syarat sarta bukti poto-poto sing dikirim dening Agus. Bu Lina uga aktivis hak-hak perempuan.

"Iki wis cukup bukti kanggo ngajokake rapak Bu Reni. Ning apike dipikir jero dhisik, aja gawe putusan kanthi emosi."

"Njih Bu Lina, aku ora emosi, wis tak pikir jero. Aku wis mantep penginuwalsakaikatannikahsingnyiksaati, lan madeg urip dhewe."

"Ngene wae ya bu, tak wenehi wektu rong minggu, dipikir-pikir sing tenan, nek wis mantep lagi dijokake nang pengadilan agama."

"Aku jane wis mantep Bu Lina. Nek kesuwen malah kema mengko amarga kesibukan saben dinane."

"Iya ning apike ngenteni rong minggu dhisik, atine lerem, karo surat-surate wiwit tak siyapke. Udakara sakwetara dina suwe-suwene ya rong minggu, mengko tak tilpon ya."

+++++

Reni nyoba kontak karo Bu Sri Martuti, notaris ibune Ira karo Ani, muride les. Dheweke kelingan menawa kantore Bu Sri Martuti butuh tenaga administrasi, isa paruh wektu utawa kebak wektu. Bu Sri mratelakake supaya gawe lamaran, lan apike paruh wektu dhisik wae. Mengko ndeleng kemajuwane nek arep wutuh wektu nang kantore. Reni blaka suta menawa arep mundur saka Yayasan perguruan anggone dheweke mulang, ning mbok menawa butuh wektu sakwetara minggu ben isa masrah-masrahke karo guru sing nggenteni dheweke. Surat lamaran nang kantor Notaris Bu Sri Martuti wis disiyapake kari masrahke. Uga surat pengunduran dhiru nang Yayasan perguruan sing dheweke dadi guru honorer wis disiyapke. Isa dipasrahake sakwanci-wanci.

Esuke layang pengunduran diri nang pengurus Yayasan dipasrahke ana kantore ing sekolahan, Surasane cekak aos.

"Kanthi nawala punika, kula, Reni Anggraeni, ngunjuk atur men-

awi badhe nyuwun palilah jengkar saking tugas minangka guru honorer ing paguron mriki. Mboten sanes kula ngaturaken gunging panuwun, dene sampun pun parengaken ndherek makarya wonten paguron ngantos mataun-taun. Menawi wonten kalepatan sakdangunipun makarya wonten paguron, kula nyuwun gunging pangaksami datheng sedaya pengurus. Nuwun rahayu."

Kepala administrasi kantor sing nampa surat iku ya kaget kok dadakan Reni arep mundur. Dheweke kandha menawa surat iku arep diteruske marang Ketua Yayasan, Pak Randhi Narwanto ana Jakarta. Pak Randhi biyasane cepet awesh wangsulan, se-najan mung liwat WA. Nanging atine Reni wis mantep. Seneng dadi guru, ning honore ora mingsra, urip tansah kecingkrangan. Ndilalah bocah-bocah sangsaya gedhe mesti bakal butuh beya ora sithik kanggo pasinaone. Esuk iki mau Reni nampa welingan saka sekretarise Bu Lina SH, menehi weruh menawa berkas-berkase wis siyap. Pas jam istirahat mangan awan, Reni nglegakake lunga menyang kantore Bu Lina SH ana Pleburan. Bu Lina SH wis siyap, lagi bubar mae nemoni tamu.

"Mbak Reni, kabeh berkas-berkase wis siyap. Tak aturi menggalih sepisan maneh, arep diteruske nang Pengadilan Agama, apa arep mendheg ndhisik dienteni nek mbok menawa ana owah-owahan."

"Sampun mantep madeg piyambak kok Bu Lina. Pun terasaken kemawon sedaya kula tapak astani."

"Aku mung melu putusanmu Mbak. Sing ngerteni kahanan sakbenere kan Mbak Reni dhewe. Mengko nang Pengadilan Agama, ya panggilan sepisanan mesthi ditujokke kanggo nggolek dalam mupakat nek mbok menawa isa dhamai, sakdurunge proses gugatan resmi."

"Kula sampun mantep pun terasaken wonten Pengadilan Agama kemawon, sampun mboten ragu malih. Gesang madeg piyambak, mboten pun reh tiyang ingkang mboten gadhah rasa eman lan ering kaliyan kula."

Reni cepet-cepet balik menyang sekolahan. Isih ana piwulang nganti mengko awan. Dheweke ngrampungake anggone mulang, banjur cepet mulih amarga isih ana murid les sing bakal teka sore

iku. Nalika wis rampung anggone menahi les, sore iku dheweke ngancani bocah-bocah maem ana ruang makan. Rasane wis urip tanpa beban, tanpa sanggan abot, merdika golek rejeki, ora perlu wigah-wigih angon rasa marang wong sing ora duwe rasa welas lan asih marang dheweke. Kabeh wis kliwat. Kari tembe mburi kudu berjuwang kanggo nguripi lan nyekolahke anak-anake. Bocah ora kena keganggu sekolahe amarga ruwet rentenging bebrayan. Kudu maju terus sekolahe. Dheweke uga rumangsa marem wis isa mundur saka anggone dadi guru honorer.

Dadakan ana welingan WA mlebu. Saka Ketua Yayasan Paguron, Pak Randy Narwanto. Surasane rada gawe kaget.

"Jeng Reni, iki saka aku Randhi Narwanto, Jakarta. Piye kabarmu? Aku kaget nampa surat pengunduranmu Jeng. Mbokmenawa aku sing kleru ora ngawati-awati kahanan kanthi teliti. Apa isa digalih maneh?"

"Kabar kula sae-sae kemawon Bapak. Kula sampun mantep badhe mundursaking Yayasan, sampun cekap langkung sedasataundados guru honorer wonten Yayasan."

"Aku rumangsa kleru ora ndeleng kahanan kanyatan kanthi teliti. Nek prekarane mung prekara status guru tetap apa honorer, kabeh isa dirembug Jeng."

"Matur nuwun sanget Pak Randhi. Kados sampun kula manah-manah. Kula sampun mantep estu badhe mundur. Namung badhe mucal wonten les-lesan kemawon."

"Ngene wae jeng. Iki guru-guru lan pegawai tetap yayasan padha arep anjang sana menyang Taman Mini Jakarta suk Jumat. Nginep ana Jakarta rong dina. Nek ana wektu meluwa rombongan. Sesuk ben diurus karo pegawai Yayasan."

"Matur nuwun sanget Pak Rendhi, kula manah-manah rumiyin njih."

"Ya ora papa jeng, sing penting menyang Jakarta wae, mengko ketemu dirembug ya."

Esuke Reni rikala ana sekolahan, diparani karo pegawai Yayasan sing mratelakake nek dheweke kudu melu anjangsana menyang

Taman Mini, Jakarta. Budhal Jumat sore bubar maghrib numpak bis turis. Dina Setu mubeng-mubeng ana Taman Mini, karo ana Ancol. Minggu bengi balik nang Semarang. Dheweke mikir-mikir penake melu apa ora. Ora lali kirim pesen marang Bu Sri Martuti, pamitan menawa ora isa menehi les dina Setu, amarga ana kebutuhan dadakan menyang Jakarta. Wengi iku ora lali dheweke krim weling marang Iksan, ya mung awesh kabar menawa arep menyang Jakarta, anjangsana ana Taman Mini.

"San sidane aku wis ngajokke layang undur dhiri saka Yayasan. Aku mundur anggone dadi guru. Wis punjul sepuluh taun isih mung status honorer wae. Aku butuh panguripan sing luwih mapan kanggo anak-anakku ing tembe mburi."

"Iya Ren, kabeh gumantung kono. Awakmu sing paling ngerti kahanan sing kok adhepi. Kudu kok putusi, kene kan isane mung elik-elik. Kudu ati-ati aja nganti kepleset sangsaya adoh."

"Aku ya wis nglamar ana kantor Notaris Sri Martuti, kantore ana Candhi. Disaranke njupuk gaweyan paruh wektu dhisik. Sing penting isih isa menehi les ana ngomah."

"Iya Reni, kudu isa ngatur wektumu, soale kursus apa gaweyan kantor nang kantor Notaris kan butuh wektu, ora isa disambi saka ngomah."

"Dina Jumat iki aku kudu melu anjangsana karo guru-guru tetap menyang Taman Mini, Jakarta. Kamangka jane aku kan wis ngajokke layang undhur dhiri. Ning Pak Randhi Narwanto ndhawuhi supaya aku melu nang Jakarta. Ana sing arep dirembug. Dheweke sing nulungi aku nalika Mas Agus njupuk utangan menyang Yayasan. Aku pancen rumangsa merdika saiki. Ora nandhang sanggan abot kudu manut lan ngladeni Mas Agus. Layang rapak wis tak tandhatangani iki mau."

"Iya Ren, awakmu kudu tetepati-ati. Aja ngantikaton mbedhal kaya sato ucul saka kerangkeng."

"Ora bakal ana apa-apa San. Aku mung luwih krasa mantep, percaya dhiri, merdika tanpa sanggan."

+++++

Dina Setu esuk wis tekan ana hotel Santika, Taman Mini, istirahat sedhela ana kamare dhewe-dhewe sakdurunge sarapan. Jam setengah wolu wis padha mudhun sarapan. Ana wong rong puluh saka Semarang, guru-guru lan pegawai Yayasan. Jam sangga arep mlebu ana Taman Mini, sore mlaku-mlaku ana Ancol. Budhal saka Semarang mau bengi jam pitu. Lakune bis angler kepenak, metu dalan tol. Mung mandheg sepisan ana dhaerah Pematang. Ngerti-ngerti wis mlebu Jakarta.

Pak Randhi Narwanto minangka Ketua Yayasan, methukke rombongan ana hotel Santika pas acara sarapan. Pidhato sedhela sing wose, menahi ucapan sugeng rawuh marang para guru, muga-muga anjangsana isa nambahi kawruh para guru tumrap wawasan Nusantara. Pak Randhi sengaja nggoleki Reni pas acara esuk iku.

"Terima kasih ya Jeng, kersa melu anjangsana. Aku ana sing arep tak udharke nang sliramu."

"Matur nuwun sanget Bapak, kula ngertos dadakan bibar nampi welingan penjenengan."

"Ora apa-apa Jeng. Esuk iki mlebu nang TMII, terus bubar makan siang mengko nang Taman Impian Jaya Ancol. Ana rencana apa bengi iki?"

"Benjang enjang kula nuweni adhik wonten Bekasi, dalu menika mboten wonten acara."

"Ngene wae nek ngono ya Jeng. Bengi iki tak pethuk kira-kira bubar maghrib. Awake dhewe rembugan kanthi sareh lan sabar. Sesuk esuk ben diterke sopir nek sliramu ora kabotan."

"KulanamungndherekkemawonPakRandhi. Maturnuwunsanget."

"Apike kok ora susah basa ta Jeng. Kareben luwih cedhak lan merdika."

"Matur nuwun. Kula panci merdika madeg piyambak kok Pak Randhi."

"Karepmu piye Jeng?"

"Nuwun sewu salah matur kula Pak Randhi. Ketrucut."

"Ora susah basa ya Jeng. Ora apa-apa."

"Matur nuwun Mas Randhi. Salah anggonku matur."

"Lha rak ngono, ora susah basa. Mengko bar maghrib tak pethuk ya Jeng."

"Ndherek aku Mas. Matur nuwun."

Jane Reni pekewuh diajak lungguh sakmeja karo Pak Randhi. Pekewuh karo kanca-kanca guru sing luwih senior. Nanging banjur dipupus, toh dheweke wis ngajokke surat pengundhuran dhiri. Ora perlu ewuh-kepewuh maneh. Rumangsa wis merdika. Esuk iku ora lali kirim weling marang anak-anake liwat Mbak Tini sing dipasrahi ngawat-awati bocah-bocah, menawa dheweke wis tekan Taman Mini kanthi slamet. Balik Semarang dina Senen esuk. Bubar sarapan bali ana kamar, Reni kirim weling marang Iksan.

"San dina libur iku, awakmu ana rencana apa. Sing ati-ati ya San. Andum slamet, aku wis ana Santika TMII esuk iki mau. Pas sarapan ditemoni Pak Randhi. Mengko bengi diajak ketemu maneh bubar maghrib, jare ana sing arep dirembug. Sesuk esuk aku niliki adhike Mas Agus, Dhik Etik ana Bekasi, diterke sopire Pak Randhi. Sore bubar maghrib budhal bali Semarang, parak esuk teka Semarang."

"Seneng nampa kabar saka awakmu Ren. Welingku mung siji. Tetep kudu ati-ati aja nganti katalompen. Awakmu durung biyasa urip merdika. Senen esuk nek perlu tak pethuk nang panggonan rombongan medhun. Ya mung sakperlu ketemu wae. Aku wiwit nang pabrik kan jam wolu esuk."

+++++

Setu sore bubar mlaku-mlaku karo rombongan ana TMII terus nang Taman Impian Jaya Ancol, rasane awak wis kesel. Durung sempat resik-resik awak, wis kebacut keturon. Ndungkap magrib ana tilpun liwat HP, kaget banget. Pranyata saka Pak Randhi. Ana swara alus kepenak liwat HP-ne.

"Jeng Reni, lagi apa? Aja lali tak pethuk jam pitu ya. Ora ana owah-owahan rencana ta wengi iki?"

"Keturon Mas Randhi, bubar mlaku-mlaku. Aku tak adus karo ganti dhisik. Panjenengan rawuh aku wis siyap. Piyambakan Mas?"

"Iya aku ora diterke sopir. Sesuk wae sopir ben sedina ngladeni sliramu."

"Apa aku ora gawe repot ta Mas? Ning ora susah diglembuk bali maneh nang Yayasan ya? Nek aku isih statuse pegawai Yayasan, ya ora wani ta diajak makan malam karo boss. Ning nek aku wis ora ana Yayasan, kan luwih merdika Mas."

"Iya ora apa-apa. Ora susah sumelang. Aku meng pengin menehke tandha mata, tandha panuwun saka aku."

"Ora susah digawe repot Mas. Aku isa ketemu wae wis seneng lo. Kahananku wis ora kaya wingi-wingi."

"Lho ana apa ta Jeng? Kok nganeh-anehi."

"Critane dawa, mengko wae nek ketemu tak critani. Aku tak adus dhisik."

"Mangga nek arep siram dhisik. Ora perlu dikancani ta?"

"Ya nek arep ngancani mangga, angger tanggung jawab. Ora susah kakehan panjangka lan pangentha-entha Mas. Urip ki barang kanyatan."

Pak Randhi Narwanto rada gela dene durung-durung Reni wis omong nek ora arep mbalik dadi guru pegawai Yayasan. Uga rada kaget omongan Reni kok ceplas-ceplos ora kaya biyasane ki ana apa. Gek-gek ana owah-owahan sing dheweke ora ngerti. Ora isa dipaido, Yayasan akeh pegawene, ora isa monitor siji-siji. Jam pitu kurang dheweke wis tekan hotel Santika TMII. Banjur nyoba tilpun HP-ne Reni.

"Jeng Reni, aku wis nang lobi. Wis siyap?"

"Durung je Mas. Isih udakara lima las menit. Lagi wae bubar adus. Tak dandan dhisik. Arep ngenteni ana lobi apa arep mung-gah mangga sakkersa."

Reni jane wis rampung anggone dandan. Mung kari wedhakan lan sanggulan. Sengaja nganggo pakeyan wengi warna biru, dawa tekan ngisor dhengkul. Karo nganggo scarf warna peteng, cocok karo warna ngisorane. Rambute nek pas mulang ora tau katon, amarga ketutup hijab. Wengi iku disanggul dhuwur, katon anggone luwes merak ati. Ana swara bel saka lawang. Diinceng

saka bolongan kaca, Pak Randhi wis ana ngarep lawang. Mawa jaket warna klawu.

"Mangga Mas Randhi, lenggah dhisik. Aku wis meh rampung. Mirsani tv dhisik apa arep mirsani lehku dandan, mangga sakkersa."

"Sliramu kok ceplas-ceplos ora kaya adatsabeneta Jeng. Ana apa?"

"Ora ana apa-apa sing aneh Mas Randhi. Aku rumangsa merdika, wis ora dadi guru ana Yayasan. Wis ora kudu ngawula bojo sing ora ana juntrunge. Wis madeg dhewe dadi wong wadon. Ibu tunggal kanthi anak telu. Wis ora peduli maneh. Aku madeg dhewe nang tembe mburi."

"Aja kleru tanpa ya Jeng, aku mung pengin ngaturke panuwun kagem sliramu dene wis sepuluh taun melu ngrengkuh pagurone yayasan."

"Njih Mas, ora perlu kleru tanpa antarane awake dhewe. Panjenengan wis tau paring tetulung marang aku rikala sisihanku nyilih dhuwit nang Yayasan. Aku rumangsa kanteb lan isin. Ora tau dijaluki ijin dening pegawai Yayasan, kok ngerti-ngerti aku dipotong honorku. Honor kuwi kanggo urip aku karo anak-anaku. Ning panjenengan banjur paring tetulung sing ora isa tak lalekke nganti saiki."

Wong loro meneng-menengan. Ambune parfum kembang melati gawe tentrem nang ati. Wong loro banjur barengan medhun liwat lift. Pak Randhi tansah nganthi tangane Reni kanthi sabar, alus. Reni rumangsa diajeni, rumangsa digemateni. Atine mongkog, seneng lan sir-siran. Semono uga Pak Randhi, kaya-kaya kudu aweh panyengkuyung marang wanita luwes sing mlaku nang sandhinge. Ora ana swara kumecap, mung swara ambeگان landhung priya lan wanita sing lagi ketaman rasa aneh, rasa sir-siran nang njero atine.

+++++



BAB 18

Kebablasen

Anisah Anggraeni karo Pak Randhi Narwanto metu saka lift barengan langsung njujug panggonan parkir nang lantai ngisor dhewe. Embuh sapa sing miwiti, mbok menawa ya padha-padha refleks alamiah, wiwit nang njero lift wis gandhengan tangan. Mlaku ana parkirana, prasasat rangkulan tumuju mobile Pak Randhi. Alon-alon mobil metu saka hotel. Angine semilir, ora sumuk babar pisan. Pak Randhi wola-wali unjal ambegan, ambune kembang melati marahi gawe sir-siran nang ati.

"Nang pesisir Ancol ya Jeng. Hawane pas kepenak. Isa makan malam nang pinggir laut."

"Aku ndherek wae Mas Randhi, aku kan durung tau lunga tekan kene. Durung tau turu nang hotel bintang."

"Iya ana hotel bintang sing nyedhiakke pavilion utawa cottage nang pinggir laut. Mesthi seneng njenengan."

"Ndherek aku Mas. Mung aku mengko pengin ngebel anak-anaku dhisik ya. Mundhak ora padha sinau."

Tekan hotel bintang sing dikandhakke Pak Randhi, langsung milih salah sijine *cottage* ana pinggir laut. Kamar eksekutif sing mewah. Reni kaget nyipati kamar kok mewah banget. Nang ngarep ana berandha sing bisa ndeleng laut lepas. Wong loro banjur pesen makan malam, masakan ikan laut, supaya diterke menyang berandha *cottage* wae. Reni rada dheg-dhegan amarga durung nate makan malam nang panggonan mewah lan

sepi kaya ngene. Tangane Pak Randhi tansah nggegeng tangane dheweke. Rumangsane Reni mung ana rasa ayem lan tentrem, kaya ana priya sing awes pangayoman marang dheweke. Ana bau sing isa disendheni, wingi mataun-taun wis ora tau ngrasakke. Reni pamit sedhela arep nilpun Rini, anake mbarep. Apa wis padha sinau kabeh sore iku? Dijawab dening Rini, menawa wis rampung anggong sinau lan nggarap PR.

"Mengko nek arep bubuk sikatan dhisik karo wisuh tangan lan sikil ya wuk. Adhimu kabeh diajak." Pak Randhi kanthi ati-ati nge-tokke kothak cilik saka tase. Embuh isine apa.

"Jeng Reni aku pengin ngaturke cindhera mata kagem sliramu ya, minangka rasa panuwunku anggonmu melu ngrengkuh paguron sepuluh taun iki."

"Aku ora ngarep-arep tekan semono, Mas. Ora susah repot nggalih aku."

"Iki wis ana kok Jeng. Nuwun sewu tampanana."

Bareng kothak dibukak, tibake isine jam tangan gaweyan Swiss merk Titus, cilik cekli ning katon menawa barang larang. Ana sepuhan emas nang pinggire. Kanthi ati-ati, Pak Ramdhi ma-sangke jam tangan ana tangane kiwa Reni. Reni ora isa suwala. Mung matur nuwun ora entek-entek tembung. Reni uga ora isa suwala nalika Pak Randhi ngrangkul dheweke, malah kepara dheweke sing ambruk ana dhadhane Pak Randhi sing pengkuh. Lagi iku sakwise pirang-pirang taun ora tau drangkul lan dielus-elus sisihane.

"Matur nuwun sanget paringane jam tangan Mas Randhi. Tak nggo pengeling-eling saklawase anggonku aku mulang ana paguron."

"Iya Dhik aku gela dene njenengan wis ora isa terus nang Yayasan. Jane nek ora nang Yayasan sliramu isa melu ngurus PT-ku nang pertambangan. Mbok menawa luwih mingsra tinimbang gaji guru."

"Aku wis kasep nglamar ana kantor Notaris Mas. Seminggu engkas tak wiwiti. Mbok menawa separuh wektu dhisik."

Pesenane masakan ikan laut wis teka. Kepara renes, ya ana ka-

kap merah, ana udhang, ana cumi cumi lan ca kangkung. Ora lali ana anggur putih kanggo ngiringi masakan iwak laut iku. Wong loro alon-alon ngrahabi makan malam ana berandha *cottage* kanthi dikancani angin pesisir sing semilir lembut. Bubar makan malam isih padha klesikan nang berandha. Pak Randhi nilpun restoran, njaluk supaya makanan diundurke, wis rampung. Mung pesen tiramisu loro. Alon-alon wong loro nglaras nikmati tiramisu sing rasane legi tur alus. Tanpa kanyana udan teka deres banget. Swarane kemrosak bareng karo angin.

Wong loro enggal mlebu kamar. Pak Randhi ngebel bocah peladen supaya nutupi lawang *cottage*. AC disetel kira kira 26–27°C, ora adhem ya ora panas. Reni sambat ngantuk banget amarga anggur putih mau. Ngebrukke awake nang kasur ukuran amba, kanthi isih nganggo pakeyan malam lan sepatune. Roke miyak tekan ndhuwur. Semono uga Pak Randhi ora isa ngampet rasa ngantuke. Wis jam sepuluh bengi. Mau pamite saka ngomah arep mulih antarane jam sepuluhan. Ning iki isih udan deres, ragu-ragu arep mulih. Rasane ngantuk banget, melu ambruk nang sisihe Reni, sing pakeyane wis morat marit. Wong loro kaya ke-setrum magnit. Raket anggone rangkulan lan aras-arasan. Ambegan landhung gentenan. Kamar hotel nganggo tempat tidur sarwa kepenak, ana AC lan music ringan.

Tangi-tangi padha kagete. Pak Randhi sing luwih katon anggone panik. Mau pamit arep mulih jam sepuluhan. Iki kok nganti parak esuk keturon bareng karo Reni. Reni luwih tatag, ndilalah wis suwe ora nglakoni. Mula ya luwih etel wae atine. Pokoke diterke bali nang hotel Santika TMII. Esuke wis janjian arep mara menyang omahe adhine Agus, Etik. Arep dipethuk jam sanga esuk dening sopire Pak Randhi. Rada kesusu Pak Randhi ngeterke Reni bali menyang hotel. Wis jam telu esuk liwat.

*"Wah nyuwun sepuramu ya Jeng kok iki mau kebablasen."
"Ora susah dipenggalih Mas. Ora perlu digelani. Awake dhewe mung manut ilining banyu."*

"Sliramu ora rumangsa gela?"

"Apane sing kudu tak gelani? Aku ora tau nglakoni wis pi-rang-pirang tahun. Awake dhewe nglakoni padha geleme, padha ngertine, ora ana sing kepeksa apa dipeksa."

"Njih aku matur nuwun ya Jeng. Selamat istiahat. Sopirku methuk jam sanga. Alamat nang Bekasi ana?"

"Ya ana Mas, kayane ora adoh banget saka kene."

+++++

Jam wolu Reni wis tangi. Awake krasa seger. Atine lega lan seneng. Ngrasakke kedadeyan sing wis ilang mataun-taun. Ora karo priya sembarangan. Priya gagah pideksa bagus, mung kacek sakwetara taun umurane karo dheweke. Rumangsa kebablasen. Ning dipupus wusanane. Barang wis kebacut, ora perlu digelani. Padha geleme, padha butuhe. Dheweke sarapan cepet-cepetan. Kanca-kanca guru lan pagawai Yayasan wis padha budhal gasik, acara bebas dina iku. Mengko bengi mulih menyang Semarang.

Jam sanga persis kendharaan sak sopire sing disedhiakke Pak Randhi wis siyap. Reni metu pisan saka hotel, ben mengko bengi isa langsung budhal melu bis. Mulih menyang Semarang. Minggu esuk, dalan-dalan ora patiya macet. Mobil mlaku alon-alon nuju tlatah Bekasi. Alamat wis diwenehke marang sopir. Kira-kira sak jam wis tekan ana perumahan panggonane Etik karo bojone Harno. Harno nyambut gawe ana PLN, kariere moncer cepet munggahe. Bola-bali pindhah ning bojone, Etik karo anak-anake, Rani karo Rangga tetep ana Jakarta. Ben ora keganggu anggone sekolah. Rani karo Rangga wis ana esema kelas telu karo kelas loro.

Tekan omahe Etik, dheweke wis ditunggu. Kabeh ana ngomah ngerti nek bulike arep teka. Kaget banget Reni ketemu karo Etik. Wis setaun punjul pancen ora tau ketemu. Etik karo Harno pungkasan teka nang Semarang wis punjul setaun kepungkur. Wis setaun iki Etik tansah mlebu metu rumah sakit amarga lelarane. Nanging dheweke ora tau ngabari wong tuwane. Samar nek gawe susahe wong tuwa. Rumangsane Etik, Bapak ibune wis

cukup sedhik ngadhepi kelakuane kangmase, Agustan Saryadi.

"Piye ta Tik, kok awakmu nganti kaya ngene, ora tau ana kabar. Kamangka ora ketemu ya mung kira-kira karo tengah taun."

"Ora apa-apa kok Mbak Reni, kabeh wis diatasi. Aku wis nglakoni khemo karo radhiasi. Mung karo anggone mlaku, sikilku kaya pepes, lemes ora isa diobahke."

"Dik Harno apik-apik ta kahananmu karo Rani lan Rangga?"

"Apik-apik wae Mbak. Aja diaturke Bapak karo Ibu ya kahanane Etik. Wis isa diatasi. Pas nedheng-nedhenge khemo, sing ngo-peni ya anak loro kuwi, Rani karo Rangga. Rani wis arep ujian akhir esema iki."

Kantheni alon-alon Etik banjur crita menawa dheweke didhiagnose nandhang kanker paru. Wis nyebar ana tulang belakang. Khemoterapi lan penyinaran wis dilakoni. Rumangsane Etik perkembangane wis lumayan apik. Reni ngrongokke critane Etik, karo mbrebes mili. Etik ngerti kahanane urip bebrayan antarane Reni karo Agus. Wis wola-wali Etik anggone ngelingake Reni, aja mung pasrah karo Agus. Kudu duwe dalan dhewe sing merdika. Alon-alon dheweke menehi weruh Etik.

"Tik aku melu prihatin ndeleng kahanan kesehatanmu. Isaku mung melu ndonga muga-muga enggal diparingi waras dening Sing Gawe Urip."

"Matur nuwun Mbak Reni. Kabeh prosedhur pengobatan wis rampung tak lakoni Mbak. Isaku ya mung dedonga. Muga-muga diparingi waras maneh. Nek nganti ana apa-apa, aku ya wis siyap Mbak Reni. Anak-anakku kabeh wis tak wenehi pengerten kahananku. Kudu siyap, kabeh mau gumantung karo Sing Gawe Urip."

Reni nangis mingsek-mingsek krungu tembung Etik. Dheweke rumangsa cedhak banget karo Etik, adhine ipe. Nalika prahara wiwit nerak rumah tanggane, dheweke sing kerep disambati ya mung Etik. Sakwise diampet wiwit mau dheweke kepeksa blaka tumrap hubungane karo Agus.

"Tik aku teka mreng nggawa warta sing ora kepenak. Nuwun sewu mumpung ketemu tak wenehi weruh ya."

"Iya ora apa-apa Mbak Reni, aku wis bisa ngira-ira apa sing arep kok udharke. Cepet apa suwe kedadeyan iku bakal teka. Aku babar pisan ora mbelani kangmasku."

"Iya Tik, waleh-waleh apa, minggu kepungkur aku wis nandha tangani layang gugatan rapak nang Pengadilan Agama. Njaluk pangapuramu sing gedhe ya Tik. Aku wis ora kuwat dipilara ati lan awak dening Mas Agus."

"Aku wis ngira suwe Mbak. Ora ana wong wadon kuwat nglakoni kaya sing kok alami. Hakmu gawe keputusan sing paling apik kanggo njenengan karo bocah-bocah. Ora susah wedi menawa aku bakal mbelani kangmasku. Ora babar pisan. Pitakonku apa njenengan wis blakasuta karo Bapak Ibu."

"Kuwi sing abot kanggoku. Aku durung matur Bapak Ibu. Wis tak anggep wong tuwaku dhewe. Kudu tak wanek-wanekke matur bubar iki."

"Iya Mbak Reni, Bapak Ibu mesthi isa nampa. Lha wis piye maneh."

Bareng udakara wis nyandhak awan, Reni pamit arep metu sedhela, ngajak ponakan loro, Rani karo Rangga. Arep mampir ana toko nggolek oleh-oleh digawa mulih ana Semarang. Reni ngajak Rani karo Rangga, maem awan sisan. Uga nukokke kebutuhane Etik, kayata buah-buahan. Reni uga pengin mampir nang omahe sedulure ana kompleks perumahan cedhak kono. Usahane sedulure mau wis lumayan kasil. Gawe perhiasan neruske usahane wong tuwane dhisik, ya pakdhene Reni, ana Salatiga. Jam papat persis dheweke wis mulih maneh ana omahe Etik lan Harno. Reni leren sedhela nunut adus karo ganti pakeyan sing kepenak kanggo nang bis mengko, mulih menyang Semarang. Nyedhaki jam lima Reni pamitan. Karo nangis sesenggrukan dheweke ngrangkul adhine ipe, Etik. Rasane sedhih kok nganti Etik kena lelara abot kaya ngene. Reni tanpa sadhar krasa menawa iku patemon sing pungkasan karo Etik.

"Semangat ya Tik, muga-muga enggal diparingi waras. Apa aku

oleh matur Bapak karo Ibu prekara kahananmu?"

"Ora perlu Mbak. Mengko nek wis wancine Bapak Ibu tak aturi. Ben ora melu nandhang susah mikir kesehatanku. Bapak Ibu wis susah mikir Mas Agus."

"Tansah donga-dinonga ya Dhik Etik lan Dhik Harno. Coba kok kaya-kaya ora ana enteke ya."

Tekan hotel Santika TMII wis meh jam enem. Bis wis siyap, budhal mengko bubar isya. Kira-kira jam pitu. Reni ngenteni nang lobi. Barang-barange ora akeh, dadi ora repot. Mung kudu ganti pakeyan sing kepenak kanggo lunga adoh numpak bis. Rasane ngantuk mbok menawa kurang turu, mau bengi turu kebablasen karo Pak Randhi nang Ancol. Wis ora susah dipikir. Wis kelakon, wis kliwat, ora isa dibaleni maneh.

+++++

Wengi iku bis budhal saka hotel Santika TMII antarane jam pitu bengi. Lakune anteng, lancar ora ana alangan sawiji apa. Mandheg sepisan ana tlatah Cirebon, leren lan makan malam. Ora lali Reni wis ngabari anake menawa lagi ana ndalan nuju Semarang. Nek upama tekane ibune telat, Rini karo adhi-adhine kudu tetep kudu budhal sekolah. Reni uga menehi kabar marang Iksan, menawa lakune tansah lancar ora ana alangan sakwiji apa. Sajake Iksan ya tansah ngendhang lakune Reni. Welingane Reni tansah diwangsulil langsung. Senajan Reni rumangsa cedhak karo Iksan, apa-apa sambat marang Iksan, ning nang njero atine rasane mung kekancan raket. Reni ngerti menawa Iksan pengin duwe sesambungan batin karo dheweke sing luwih jero. Ning dipeksa-peksa kok tansah panggah wae, menawa rasa nang atine mung sesambungan kekancan.

Jam setengah enem esuk, bis wis mlebu ana tlatah kutha Semarang. Penumpang kabeh diudhunke ana sekolahan, lagi padha dipethuk saka ngomah. Ana sing ngundang taksi apa Ojol. Iksan wis siyap ngenteni ana pekarangan sekolah. Mung arep methuk lan ngeterke Reni mulih. Ana sing luwih wigati, pengin ngerti ana

crita apa nang Jakarta.

"Ren piya kabarmu? Seneng ana Jakarta?"

"Iya San aku ketemu Etik, adike Mas Agus. Mesakke lara abot. Melu sedhik aku."

"Muga-muga diparingi enggal sembuh. Piye anjanganane? Seneng ta?"

"Mlebu Taman Mini Setu esuk. Setu awan nang Ancol. Loro-lorone nyenengake. Kebak pangeling-eling. Minggu aku sedina mbethetet tilik Etik nang Bekasi."

"Oo ya sokur. Ketemu Pak Randhi piye?"

"Ora ana apa-apa San. Setu bengi makan malam karo Pak Randhi. Malah aku diwenehi jam tangan merk Titus iki. Makan malam nang Ancol uga."

"Wah mesthi seneng ya Ren isa dolan-dolan."

"Aku lagi krasa dadi wanita merdika San. Pengin tak nikmati kesempatan seneng. Ora teka saben dina. Wong wadon ya duwe hak seneng kan?"

"Ora maido Reni. Kita kudu tetep ngati-ati. Aja nganti kedlarung-dlarung, mundhak gela tembe mburine."

"Ora San aku wanita wis diwasa, mateng pengalaman urip. Isa mbedakke endi sing mawa resiko, endi sing ora. Awake dhewe kekancan raket wis suwe, matur nuwun nek tansah diemutke."

Senajan isih pengin omong, nanging Iksan luwih seneng meneng. Ana benere Reni, antarane dheweke karo Reni mung sesambungan kekancan. Ora ana ikatan lan janji apa apa. Embuh mengkone.

+++++





BAB 19

Ganti Profesi

*W*is ana sakwetara sasi iki Reni nyambut gawe ana kantore Bu Sri Martuti, notaris sing lagi moncer jenenge amarga tinanggenah dening kantor BPN kanggo urusan dol tinuku lemah kanggo perluasan dalan sepur Kedhungjati Ambarawa. Kantore lumayan rame wiwit esuk nganti sore, ngladeni para pelanggan sing sakperangan gedhe malah saka saknjabane kutha Semarang. Reni wiwitane mung setengah wektu, karo nyinaoni proses administrasi akte pindhah jeneng dol tinuku lemah. Bareng wis lanyah udakara telung sasi dheweke wani wiwit kerja kebak wektu. Mung dina-dina pungkasane minggon, Setu lan Minggu, dheweke isih menehi les. Ora tegel arep ninggal murid-murid sing wis kebacut cocok sinau karo dheweke, klebu Ira karo Ani, putrine Bu Sri.

Reni wis seneng lan semangat ngayahi tugas anyar. Ngladeni para pelanggan kanthi latar wingking sosial ekonomi maneka warna. Kabeh diladeni kanthi sareh. Rumangsa seneng lan mongkog nalika nyipati para pelanggane padha atur panuwun amarga proses dol tinuku tanah lan pindhah jeneng sertifikat, mlaku kanthi lancar tanpa alangan. Pak Efendi, pejabat saka kantor BPN tansah melu ngawat-awati proses sing kudu diliwati ana kantor BPN, saengga ora ana alangan proses dol tinuku lan pindhah jeneng sertiifikat. Yuswane udakara wis setengah umur, nanging isih katon sehat lan gagah.

Wiwitane Reni rumangsa bingung amarga Pak Efendi ana kantor

notaris iku disedhiyani ruang mligi kanggo dheweke. Antarane Bu Sri karo Pak Efendi kayane ana sesambungan istimewa. Kantor kaya-kaya dipandhegani dening priyayi loro kuwi. Ananging dheweke ora wani takon larah-larahe marang pegawai liyane, apa maneh marang Bu Sri. Bu Sri lan Pak Efendi katon kaya pasangan sing cocok, mandhegani lakune kantor. Tanpa wigah-wigih, Pak Efendi kerep menehi parentah marang para pegawai, tumrap syarat-syarat kanggo alih jeneng sertifikat lemah. Reni mung meneng wae, sing penting dheweke nglakokke proses sing kudu diliwati. Reni uga kerep kudu ngurus menyang kantor BPN, kanggo nglanyahake proses administrasi.

Pak Efendi ora kurang-kuranga anggone mbiyantu Reni ben gampang ketemu karo pejabat sing kawenang. Reni uga kerep kudu melu turne ngancani Bu Sri ana tlatah kabupaten Semarang lan Salatiga, menawa ana kegiatan lapangan. Asring kudu nginep barang. Sok-sok Pak Efendi uga melu turne, lan kudu nginep. Pas acara turne lan nginep iku, Reni nyipati dhewe anane sesambungan wigati antarane Bu Sri karo Pak Efendi. Nanging dheweke ya mung meneng wae. Babar pisan ora tau cemuwit nakokake. Urusan adminisitrasi sing kudu diayahi dhewe ya njlimet, ora isa disambi-sambi. Reni nglakoni tugase kanthi seneng.

Sakwijining sore bubar kantor Bu Sri ngajak Reni, metu ana sakwijining rumah makan ana cedhake rumah sakit Elizabeth. Rumah makan Jepang. Mung wong loro, diterke sopir. Banjur omong-omong kanthi sareh.

"Piye Mbak Reni, tak deleng gaweyanmu wis lanyah saiki. Seneng ngayahi gaweyan anyar?"

"Wah remen sanget Bu Sri, kathah pengalaman enggal, ngladosi para pelanggan maneka warna."

"Awake dhewe prasasat sakumuran, mbok ora susah basa ta Mbak. Ben isa bebas kaya kanca wae. Mung nang urusan kantor aku pancen sing mandhegani."

"Injih matur nuwun Bu Sri, aku ndherek."

"Mbak Reni, mbok menawa awakmu mbatin kahananku karo

Pak Efendi ana kantor ya. Piye maneh apike aku tak waleh timbang dadi pitakonan."

"Aku ndherek dhawuhe Bu Sri. Mangga arep ngendika apa."

"Aku pengin menehi weruh kahanan keluwargaku, lan sesambunganu karo Pak Efendi."

"Injih aku midangetake Bu Sri. Ora bakal tak bukak metu karo sapa wae."

"Piye maneh ya Mbak tak wenehi weruh, ora susah kaget. Uga ora susah menehi weruh kanca-kanca ana kantor, tak kira kabeh wis nyumurupi. Sepisan, aku wis sakwetara wektu ngajokke gugat cerai marang bojoku, asmane Pak Dedhi Arman. Minggu wingi wis medhun layange. Dadi aku resmi wis legan. Kaping pindhone, aku karo Pak Efendi wis duwe rencana arep omah-omah. Dheweke wis legan suwe, garwane wis ora ana sakwetara taun kepungkur."

"Njih Bu Sri, muga-muga kabeh mlaku kanthi lancar ora ana alangan apa-apa."

"Mula aku ya njaluk pangertenmu menawa Pak Efendi ana kantor sok-sok paring dhawuh marang pegawai. Mbok menawa amarga dheweke ya rumangsa nduweni kantor iku. Sakperangan gedhe pelanggan ya saka pernahe dheweke."

"Injih Bu Sri, aku isa mengerteni. Muga-muga ora ana alangan apa-apa."

"Aku pengin menehi weruh Mbak Reni ngapa aku nganti ngajokke gugat cerai marang Pak Dedhi. Pak Dhedhi mantan dhosenku nalika aku isih kuliah dhisik. Umur-umuranku kaceke meh ana rong puluh taun. Aku ora kurang-kurang anggonku ngawula dheweke, amarga ya wiwit sepisanan aku tresna banget karo sli-rane. Nanging bareng usahane wis kasil, dadi brewu, kok sipate banjur owah. Dheweke gonta-ganti ngajak wanita liya dolan-dolan nang endi wae nganti tekan luar negeri. Klebu wong-wong sing aku cedhak. Malah ana pegawaiku sing tau diajak lunga nang Singapur barang. Aku wis wola-wali omong blak-blakan karo dheweke, ning kok ora ana owah-owahane. Mula aku karo anak-anakku banjur metu saka omah. Upama ora ana alasan sing maton, kan ora bakal wong wadon ninggalake omah sing prasasat kaya kraton. Aku ya rumangsa nduweni omah iku am-

arga aku sing ngawasi pembangunane. Ananging aku ora nun-tut gana-gini. Pasrah dheweke Ani karo Ira arep diparingi apa.”
”Aku ndherek prihatin bu. Muga-muga tembe mburi luwih padhang dalane.”

”Aku mung pengin weling karo njenengan, ati-ati nek dikon-tak Pak Dhedhi. Priyayine duwe kharisma istimewa. Ora ana wanita isa omong ora marang dheweke. Apa maneh bandhane wis turah-turah.”

”Tak estokke pangandikan penjenengan Bu Sri. Aku dudu wong sing culika. Aku rumangsa kepotangan budi karo panjenengan.”

”Aku njaluk tulung arep ngedhunke kredit saka bank, tulung berkas-berkase kok siyapake Mbak Reni. Antarane sak milyar, gedhe-gedhene aja punjul rong milyar.”

”Njih Bu Sri, upama njupuk siji ndhisik wae piye, ben ora abot anggone nyicil. Aku ngerti pira mlebone dhuwit mengko tak etungke pira cicilan sing ora ngabotake.”

”Iya matur nuwun Mbak Reni, saksuwene proyek karo BPN tansah mlaku lancar, tak kira awake dhewe aman-aman wae. Aku mung pengin ngrombak omah karo kantor iku ben luwih ngrasanke. Waleh-waleh apa, omah karo kantor iku ya paringan saka Mas Dhedhi. Dheweke wis kewetu ora bakal nguthik-uthik amarga mbesuk kanggo Ira karo Ani.”

”Aku pengin takon sepisan iki Bu Sri. Embuh mengkone, upama nganti Pak Dhedhi ngontak aku, takon-takon sing magepokan karo panjenengan, aku kudu piye?”

”Ora susah diladeni. Prekara antarane aku karo Pak Dhedhi, kudu langsung karo aku lan dheweke, ora perlu liwat wong liya.”

”Eman rumangsaku, omah-omah wis punjul limalas taun, usaha moncer kabeh Pak Dhedhi karo Bu Sri, kok akhire pisah sowang-so-wang.”

”Ya kabeh kanca karo sedulurku ya padha omong mangkono. Ning wong urip ora mung ngoyak numpuk bandha. Senajan urip brewu, ning meruhi bojo gonta-ganti wong wedok apa ora ngenes. Rumangsaku aku ya ora kalah ayu karo wanita-wanita simpenane Pak Dhedhi. Isaku ya mung pasrah momong Ira karo Ani.”

”Aku suwalike karo panjenengan Bu Sri. Usaha ora kasil, prasasat

bangkrut, apa-apa gusis, ning isih disambi madon karo wong liya. Jare dalane anggone tirakat ben usahane bali moncer maneh kaya sing disyaratke Pak Kyai, gurune bojoku. Aku lagi ngajokke rapak, wis bola-bali diundang sidhang ning kok durung ana keputusan nganti saiki."

"Ya dienteni karo sabar Mbak Reni, sing penting urip kudu mlaku terus. Aja nganti kleleran, apa maneh kanggone bocah-bocah, aja keganggu sekolahe."

+++++

Awan iki mau ana kantor swasanane kok lagi rada tegang. Uru-san karo para pelanggan wis rampung nganti awan mau. Bubar wayah istirahat awan Pak Efendi teka diterke sopire saka kantor. Kaya biyasane kabeh pegawai wis dipanggil lan ditakoni gawey-ane dhewe-dhewe. Ning sajake lagi ana rembugan sing ora lancar karo Bu Sri, embuh prekara apa. Wong loro padha rembugan ana njero ruang, ora ngerti apa sing dirembug. Nanging metu saka kamare Bu Sri, Pak Efendi katon anggone nesu, raine mangar-mangar, terus mlebu nang ruangane dhewe. Nalika Reni mlebu kamare Bu Sri njaluk tandha tangan, ketara banget menawa Bu Sri mentas nangis.

"Mbak Reni, tulung menawa mengko Pak Efendi nemoni kono, aku pasrah anggonmu ngenahke. Aku ora isa mikir. Pasrah awakmu wae. Kan kono ya ngerti situasi keuanganku."

"Urusan apa Bu Sri?"

"Mengko rak ngerti dhewe, ora perlu tak jlentrehke ana kene. Aku pasrah marang Mbak Reni, keputusane."

Jam telu sore, sedhela engkas Reni wis siyap-siyap arep mulih. Dadakan dheweke dipanggil Pak Efendi supaya meyang kamare. Sajake ana wigati penting amarga swarane ora rame kaya biyasane. Reni wis siyap menawa ana kawigaten sing dheweke kudu melu ngadhepi babagan prekara kantor. Pak Efendi mung menahi daftar rega sepedha motor sport balap 250 cc ana ngarepe supaya dideleng dening Reni.

"MbakReni, awakmu minangka stafsing wis dipercaya karo ibu ngurus administrasi kantor ya."

"Injih leres Bapak, prekawis urusan kantor, kula panci kedah kula sinaoni ngantos tlesih supados mboten wonten sanggan awrat kangge kantor."

"Iki dhaftar rega motor balap sport 250 cc. Anakku Bima kan wis dadi pembalap suwe. Wis wayahe dheweke mlebu golongan professional. Mula karepku dhaftar rega kuwi pelajarana, terus diproses kanggo kelas 250 cc. Sesuk aku ngenteni panemumu. Wektune ora akeh amarga balap motor Jawa Tengah wis kawiwitan sasi ngarep."

Reni ora awèh katrangan akeh-akeh. Dheweke nggawa dhaftar rega kuwi nang kamare. Kaget setengah mati nalika, meruh regane sing atusan yuta iku. Apa isa dilakoni tuku nganggo dhuwit kantor? Amarga Bu Sri uga lagi mroses kredhite ora sethithik. Dheweke ngetung-etung mlebu metune dhuwit lan ghedhene cicilan sing kudu dibayar pendhak sasine. Dietung tenan aja nganti gegedhen empyak kurang cagak. Ora isa nutup mbayar cicilan saben wulane. Nganti mulih prekara kuwi tansah dadi pikirane. Dheweke ngetung ora bakal isa nyicil kredhite Bu Sri, nek kudu mbayari rega motor balap.

Dina sesuke Reni nemoni Pak Efendi, wose njlentrehake menawa keuangan kantor ora cukup kanggo mbayar rega motor balap sing rega atusan yuta iku. Dheweke uga nerangake menawa Bu Sri nembe mroses kredit bank kanggo mbongkar omah karo kantor. Pak Efendi ora nywara akeh mung ngresula.

"Wong wis digolekke proyek akeh, kok dhuwite malah kanggo kredit mbangun omah. Aku ora ngerti prekara kredit bank iku Mbak."

"Nuwun sewu, menawi kahanan ngaten panci mboten saged blanja tumbas motor balap mawi uang kantor. Prayogi pun rembag malih kaliyan ibu. Utawi mundhut motor balap ingkang alit kemawon, 150 cc namung 30 yuta."

Sore iku Bu Sri marani Reni lan ngandhakake menawa isa tuku motor balap sing cilik wae, 150 cc. Dhuwite ora ngebot-boti keuangan kantor. Reni melu seneng dene dheweke isa melu ngatasi prekara antarane Pak Efendi karo Bu Sri. Malah Nu Sri ngandhakake menawa minggu ngarep iki, Bu Sri karo Pak Efendi arep lunga nyekar nang Wonogiri. Reni uga kudu turne nang Boyolali minggu sesuk. Bu Sri ngajak menawa urusan Boyolali rampung, terus wae menyang Wonogiri. Sisan ben kenal karo keluwargane Pak Efendi. Reni dijuluk ngancani Bu Sri ketemu sedulur-sedulure Pak Efendi.

+++++

Sore iku Reni lagi wae rampung anggone mrenahke bocah-bocah padha nonon TV sakwise rampung anggone sinau ana ngomah. Ana weling ana WhatsApp saka nomer sing dheweke durung ngerti.

"Menapa leres punika nomeripun Ibu Anisah Anggraeni ingkang ngasto wonten kantor Notaris Sri Martuti?"

Reni wis biyasa nampa weling utawa tilpon saka nomer sing ora dingerteni. Ya biyasane para pelanggan sing nakokke proses sertifikat tanah lan syarat-syarat dol tinuku lemah. Mula dheweke gageyan aweh wangsulan ben ora nggelani pelanggan.

"Kasinggihan, leres. Kula Anisah Anggraeni. Panjenengan sinten."
"Menapa saged tilpun, kula Dhedhi Arman?"

"Pak Dhedhi Arman sinten njih, kula dereng mangertos panjenengan."

"Kula Dhedhi Arman, garwanipun Bu Sri Martuti. Menapa saged tilpun panjenengan Bu Reni."

"Menawi gegayutan prekawis kaliyan Bu Sri Martuti, parentahipun ibu kedah kontak langsung kaliyan Bu Sri."

"Kula namung betah tilpun, mboten magepokan kaliyan Bu Sri."

Sedhela maneh ana tilpun mlebu. Kanthi ngati-ati Reni nampa

tilpun mau. Wose Pak Dhedhi pengin ketemu Reni.

"Nuwun sewu gawe kagetmu Mbak Reni. Aku Pak Dhedhi Arman. Ya mantan garwane Bu Sri. Aku pengin ketemu njenengan minggwa iki. Ana sing aku pengin ngetokke uneg-uneg marang wong sing dipercaya karo Bu Sri."

"Wadhuh awrat Pak Dhedhi. Ibu sampun paring parentah kula mekaten. Rak ateges kula mboten amanah ta Pak."

"Aku ora pengin nyeret sliramu mlebu nang prekarane antarane aku karo Bu Sri. Mung aku butuh informasi sithik."

"Kula manah-manah rumiyin. Benjang kula aturi malih."

Nganti wengi Reni dadi bingung apa kudu ngiyani ajakane Pak Dhedhi anggone pengin nemoni dheweke. Dheweke wis rumangsa diprentah karo Bu Sri, menawa urusan antarane Bu Sri karo Pak Dhedhi, kudu dirembug langsung dening Pak Dhedhi karo Bu Sri. Ora isa liwat wong liya. Saking bingunge Reni wengi iku nilpun Iksan, njaluk pamrayoga enake kepriye. Kabeh dicritakke marang Iksan. Wangsulane Iksan uga dikirim lewat WA, ringkes.

"Aku ora isa aweh pamrayoga Ren sakwise krungu critamu mau. Mung welingku kudu ati-ati amarga ana rong prekara sing kudu kok pikirke. Sepisan, awakmu wis nampa jejibahan saka Bu Sri, ora susah ngladeni Pak Dhedhi Arman. Urusan antarane Pak Dhedhi karo Bu Sri, kudu dirembug karo Bu Sri, ora perlu liwat wong liya. Nek nganti Bu Sri ngerti menawa kono ketemu Pak Dhedhi meski akibate serius. Awakmu wis dianggep cidra nang Bu Sri. Kaping pindhone, kono uga kudu ati-ati aja cedhak-cedhak Pak Dhedhi. Wis kondhang ing antarane para kanca pengusaha, nek dheweke iku thukmis, ora ana wong wadon sing isa nolak rayuane. Ati-ati Reni."

+++++



BAB 20

Ketemu Pak Dhedi

*D*ina Setu sore Reni wis meh rampung anggone menehi les marang Ira karo Ani, putrane Bu Sri Martuti, ana ruang ngarep. Dadakan ana tamu uluk salam saka lawang ngarep. Ora mung Reni sing kaget, muride sing lagi tata-tata arep mulih uga kaget. Wis biyasa Reni nampa tamu ana ngomah sing padha nakokake prekara urusan sertifikat tanah. Ning sepisan iki dheweke kaget banget amarga tamune dudu pelanggan kantor Notaris.

"Panjenengan sinten Bapak, kula dereng rampung anggen kula ngelesi murid-murid punika."

"Nuwun sewu Jeng Reni, aku bapake Ira karo Ani, Dhedhi Arman."

"Menapa badhe mapag Ira kaliyan Ani, biyasanipun wonten sopir ingkang mapag"

"Setu karo Minggu, Ani karo Ira giliran melu aku. Dhik Ani, Mbak Ira, ndherek Bapak kondur ya."

"Papi, Ani karo Ira durung matur ibu je. Tak matur ibu dhisik njih, ndak digoleki."

"Iya cah ayu, tilpun ibumu dhisik. Matur nek mulih karo Bapak. Sesuk sore tak terke nang mami."

Ira banjur tilpun ibune, nyuwun palilah menawa arep mulih karo papine, Pak Dhedhi Arman. Ibune, Bu Sri Martuti rada kaget, banjur njaluk disambungake karo Reni.

"Mbak Reni, kok papine bocah-bocah nemoni mrono ana apa?"

"Lha aku dhewe ya kaget Bu Sri, dadakan kok teka ana panggonan-

ku pengen ketemu karo Ira lan Ani. Babar pisan aku ora ngerti, lagi iki meruhi priyayine. Lha kepriye Bu Sri, aku ndherek panjenengan, arep diparengke ndherek papine apa ora."

"Ya piye maneh. Ben wae, mung apa dha nggawa salin Ani karo Ira ya?"

"Njih mengko tak urusane, sing penting diparengke ndherek papine njih."

Bubar nampa tilpun saka Bu Sri, Reni enggal-enggal mrenahake Ira karo Ani.

"Ira karo Ani, apa wis nggawa salin lan piranti liyane. Apa ora perlu mulih dhisik?"

"Mung tekan sesuk sore, apa perlu nggawa salin njih Bu Reni? Bolak-balik entek wektune."

Ira dhasare mbok menawa ya kangen karo papine, ora sranta pengen ndherek papine mulih nang omah sing jaman cilikane dheweke karo Ani lan ibune manggon urip seneng. Jaman semana dheweke karo adhine mung ngrasakke seneng senajan sok kangen ditinggal Bapake tindak luar kota.

"Bapak menawi kepareng Ira kaliyan Ani, kula teraken rumiyin pados salin kaliyan pirantos sanesipun wonten toko."

"Njih mangga Bu Reni, matur nuwun banget. Ben diterake sopir wae, Ira karo Ani ndherek kono sak mobil."

Reni karo Ira lan Ani banjur numpak mobile Bu Sri sing biyasane kanggo methuk, lunga menyang toko serba adha sing cedhak ana kono. Mung sakperlu golek salin karo uba rampe kanggo nginep ana omahe Papine, Pak Dhedhi Arman. Ora butuh wektu suwe, kabeh kebutuhan sing diperlokke wis ganep kabeh, klebu pakeyan sport kanggo salin. Ira karo Ani, terus melu Pak Dhedhi, mulih menyang omahe ana tlatah Kawi cedhak rumah sakit Elizabet. Reni diterke sopire Bu Sri mulih menyang omahe. Tekan ngomah lagi arep leren, wis ana welingan saka Pak Dhedhi ana whatsapp.

"Matur nuwun Jeng Reni, wis diparengke ngajak Ira karo Ani melu aku."

"Sanes kula Bapak, ibukipun keng putra, Bu Sri ingkang maringi palilah."

"Matur nuwun jeng, aku tetep pengin ketemu sliramu nek ana wektu."

"Prekawis sesambetan kaliyan Bu Sri, bapak kedah langsung kepanggih Bu Sri kemawon. Parentah ingkang kula tampi, Bu Sri mboten marengaken kula manggihi panjenengan prekawis urusan ingkang magepokan kaliyan Bu Sri ngaten."

"Ya Jeng, gampang mengko liya wektu."

+++++

Dina-dina sakbanjure Reni sangsaya temen anggone ngayahi tugas ana kantor Notaris Bu Sri Martuti. Dheweke wis dipercaya ngurusi administrasi kabeh proyek sing ana, kalebu proyek saka BPN sing mlebu saka Pak Efendi. Sakbisa-bisa Reni pengin golek proyek perumahan saka pembangun utawa developer liya. Ben ora mung njagakake proyek sing mlebu saka BPN liwat Pak Efendi. Ndilalah kok Pak Broto, garwane bulik Nunung Magelang, adike Bu Malekah, maratuwane, ya lagi arep mbukak perumahan ana Ambarawa lan Salatiga. Wis diparani wola-wali ana Magelang, akhire sarujuk nganggo kantor Notaris Bu Sri.

Malah Pak Broto wis ketemu dhewe karo Bu Sri, pas nalika ana Salatiga. Patemon ora sengaja. Pas Reni karo Bu Sri turne nang Salatiga, Pak Broto karo bulik Nunung ya lagi ana Salatiga. Banjur janji ketemu makan siang ana sawijining restoran cedhak kampus Satyawacana. Pak Broto serius angone takon-takon marang Bu Sri, prekara tatacara urusan pemecahan tanah, urusan sertifikat lan dol tinuku. Pungkasane Pak Broto setuju masrahke urusan pemecahan lan dol tinuku lemah marang kantor Notaris Bu Sri. Arep dijajal dhisik isa lancar tenan apa ora. Ana seket unit nang Ambarawa lan seket unit nang Salatiga. Lumayan ana 100 unit omah sing bakal diurus dening kantor Notaris Bu Sri. Reni melu seneng banget lan ngaturke panuwun kang tanpa up-

ama karo paklik Broto.

Sakwijine dina, isih kepara rada esuk, lagi jam sanga luwih sethithik, ana tamu teka ana kantor Notaris Bu Sri arep ketemu Reni. Rada kaget amarga ora ana janji babar pisan karo pelanggan dina iku. Bareng ditemoni, Reni kaget setengah mati amarga sing teka kuwi Pak Dhedhi Arman. Diterke karo punggawane lan sopir. Kanthi sareh dheweke nemoni Pak Dhedhi ana ruang tunggu.

*"Wonten kersa menapa Bapak ngantos tindak wonten kantor mriki?"
"Jeng Reni, tekaku mrene sepisan arep ketemu sliramu. Kaping pindhone aku pengen weruh kantor lan omah iki. Wis suwe ora niliki. Aku sing mbangun omah karo kantor iki ndhisik mosok ora oleh niliki?"*

"Kula namung saged manggihi Bapak prekawis damelan Bapak. Prekawis gegayutan kaliyan Ibu Sri, mangga kula mangke matur ibu rumiyin."

Reni banjur mlebu ana kamare Bu Sri lan menehi laporan menawa Pak Dhedhi nembe wae teka ana kantor, apa Bu Sri kagungan wektu kanggo nemoni. Bu Sri ya ora kurang kagete, nyata-nyata nek bingung dheweke.

"Bu Sri aku gelem nemoni Pak Dhedhi menawa urusan gaweyan. Nek prekara urusan antarane Bu Sri lan Pak Dhedhi kan aku ora pareng pisan-pisan melu campur. Mula apike ditemoni wae, mesakke uwis ngenteni."

"Iya Mbak Reni, patemon ngene iki sing aku paling anyel, tanpa janji, langsung dadakan njaluk ketemu adu arep."

Pak Dhedhi banjur mlebu ana ruang tamune Bu Sri Martuti. Reni diprentah Bu Sri supaya melu nemoni Pak Dhedhi. Nanging kanthi alus Reni nolak, nek mbok menawa ana prekara wigati sing perlu dirembug antarane Pak Dhedhi karo Bu Sri. Sepisanan ya mung rembug rebut cukup, nakokake piye kabare. Suwe-suwe nggepok prekara luwih pribadhi.

"Surat keputusan wis dak tanpa sakwetara minggu saka Pengadilan Agama. Matur nuwun ya Dhik. Ora ana rasa gela sliramu."

"Nek diarani gela, ya mesthi gela, ning aku kan wis matur wola-wali ta nek aku ora isa digawe gela terus. Ora susah dirembug, kabeh wis kepungkur, wis kliwat. Muga muga Ira karo Ani lancar sekolahe. Untung entuk guru les kaya Mbak Reni sing tlaten."

"Iya Dhik muga-muga bocah loro tansah lancar sekolahe. Mbok menawa ya padha gela merga wong tuwane pisah. Aku janji tetep tuhu nanggung anak-anakku nganti diwasa. Titip kok gulawentah sing apik ya Dhik. Tekaku rene aku ya kepengin ketemu Mbak Reni nek entuk palilahmu Dhik."

"Mangga wae angger aja dijak ngomongke prekarane awake dhewe. Ngene wae tak undange Mbak Reni mreng, nek arep rembugan prekara gaweyan nang ngarepku."

Bu Sri banjur ngundang Reni mlebu ana ruangan, arep rembugan prekara gaweyan.

"Iki Pak Dhedhi kepengin ketemu awakmu, Mbak Reni. Embuh prekara apa? Mangga Mas Dhedhi."

"Jeng Reni, kaya sing tak aturke nang tilpun, aku ngaturke panuwun tanpa upama dene sliramu wis isa mbiyantu sinaune Ira karo Ani."

"Punika sampun dados pedamelan kula minangga guru les. Kula njih remen dene Ira kaliyan Ani tansah lancar piwucalipun."

"Iya Mbak Reni, lehmumu nyambut gawe mbantu Bu Sri sing tlaten ya. Bu Sri ki mantan murid ku, dheweke kudu ana sing ndhampingi."

"Kasinggihan Pak Dhedhi, kula mireng Pak Dhedhi badhe bikak perumahan enggal wonten tlatah Ungaran menapa leres?"

"Oo iya lagi ngurus ijin UKL/UPL, wis sakwetara sasi kok durung medhun. Muga-muga endang medhun. Ngene wae Mbak Reni, mangga nemoni punggawa sing ngurus PT ne. Tak wenehi kartu namane wae ya. Janjian dhisik ana ngendi. Kantor PT ne ana Ungaran."

"Matur nuwun Pak Dhedhi, wonten pinten unit ingkang badhe pun

bangun wonten Ungaran?"

"Mbok menawa ana satus unit karo kompleks pertokoan."

"Mugi mugi kersa ngagem kantor Notaris Bu Sri Pak Dhedhi."

"Gumantung anggonmu ngglembuk Direkture, duduhna kartu namaku. Omong wae nek Mbak Reni sing rekomendhasi aku."

"Matur nuwun sanget Pak Dhedhi. Kula estokaken."

Pak Dhedhi umur-umurane mbok menawa sewidak punjul sithik. Nanging isih katon gagah, pengkuh, kanthi brengos ketel. Nek omong diatur banget metune, ora ana gagape babar pisan, tansah katon mibawani. Reni seneng isa wawan rembug karo Pak Dhedhi esuk iku. Mung sedhela nanging rumangsane dheweke wis entuk akeh banget, ngluwihi saka sing dikarepke. Kayane bakal entuk proyek satus unit perumahan mengkone, kamangka lokasine perumahan, sumebar ana ngendi-endi. Bu Sri mung meneng wae meruhi rembugane Reni karo bekas sisihane ya Pak Dhedhi mau. Nanging rasane kok ora enak arep nimbrung. Wiwit nalika isih bareng, nalika miwiti kantor Notaris dheweke tansah entuk fasilitas saka Pak Dhedhi sing ya mantan dhosene mau.

Dina iku Reni rumangsa seneng atine, bakale isa nglebokke pelanggan ana kantore rong atus unit perumahan. Nek sak unit jasa notaris rata-rata patang yuta, bakale isa nglebokke kanggo kantor wolung atus yuta, embuh pira suwene. Ning rumangsa mantep amarga ora njur mung njagakke proyek BPN liwat Pak Efendi, kancane raket apa pacare Bu Sri. Wengi iku dheweke lagi leyeh-leyeh nalika ana welingan WA saka Pak Dhedhi.

"Jeng Reni, dina Jemuwah esuk, teka ana kantor Imigrasi ya jam sanga ya ben diterke sopirku"

"Wonten menapa Pak Dhedhi kula mboten libur."

"Pamit sedhela kan bisa. Nggawa KTP ya kanggo ngurus paspor. Ora susah bingung, diurus ben minggu ngarep wis isa dadi."

"Lha paspor kangge napa Pak Dhedhi?"

"Mengko rak ngerti dhewe ta Jeng."

"Kula mboten pareng sesambetan kaliyan panjenengan dening Bu Sri."

"Dudu prekarane Bu Sri karo aku. Antarane sliramu karo aku."

Dina Jumat esuk Reni sida dipethuk dening sopire Pak Dhedhi mara menyang kantor Imigrasi ana Kembangarum. Tekan kana wis ana agen sing methukke, terus ngurus administrasi langsung potu. Jare petugase dina Senen esuk wis isa dijupuk. Rampung urusan imigrasi Reni diterke menyang kantor. Bu Sri lagi mentas wae mlebu ana kantor. Biyasane nek esuk isih ana omah mburi mriksa-mriksa berkas lan nandha tangani dhokumen-dhokumen sing wis rampung diproses. Rada kaget nalika meruhi menawa Reni lagi teka diterke mobil mewah warna ireng. Ning arep takon ora kepenak. Mung dibatin wae ana njero atine. Kok kaya mobile bapake bocah-bocah ya, Ina karo Ari. Apa Pak Dhedhi nemoni Reni ana njaban kantor?

+++++

Dina Selasa sore sakwise menehi les kanggo murid-muride, Reni kaget ana kiriman paket kilat kanggo dheweke. Ora ngerti sapa sing kirim, jeneng lan alamat kok sakwijining biro perjalanan. Bareng dibukak isine kanyata paspor sing lagi wae rampung. Mung mikir, paspor ya arep dinggo apa wong dheweke ora tau lan ora ana rencana arep nang luar negeri. Ora kakehan mikir paspor kuwi banjur disimpen ana laci meja tulise. Bocah-bocah lagi wae padha maem sore nang ruang tengah. Pak Kusparmana lan Bu Malekah lagi pada lungguhan ana berandha mburi. Reni nunggoni anak-anake anggone padha mangan karo nako-kake piye sinaune dina iku. Kabeh lancar ora ana masalah babar pisan. Ana welingan mlebu saka WhatsApp. Bareng dibukak jebul saka Pak Dhedhi.

"Piye kabarmu karo putra-putra Jeng? Apik-apik wae ta?"

"Sae-sae Bapak, mboten kirang menapa. Wonten prekawis punapa ingkang saged kula biyantu?"

"Ya mung nakokke kabar keslametan Jeng. Ani karo Ira ya apik-apik wae kok."

"Wonten wigati menapa Bapak kok paring welingan wonten WA?"

"Ngene Mbak Reni, Jumat sore jam 17.00, tak jak nang Singapur ya. Mung acara akhir pekan wae, makan malam. Siyap-siyap ya."

"Dospundi ta Bapak, kula Jumat lan Sabtu taksih kedah nyukani les murid-murid."

"Kok atur dhewe lah, digeser-geser ngono. Mulih Semarang Minggu esuk dadi sorene isih ana wektu menahi les."

"Kula dereng saged matur, kula manah-manah rumiyin Bapak. Kula njih kedah matur Bu Sri."

"Tiket wis disiyapke Jeng. Penerbangan langsung saka Semarang nang Singapur. Ora susah kakeyan sing dipikir. Ati-ati nek arep matur Bu Sri, kok pikir sing tlesih."

"Injih kula manah-manah rumiyin Bapak."

"Jam telu mobil travel wis siyap Jeng, suk Jumat ya."

Anisah Anggraeni mung dheleg-dheleg bubar nampa welingan iku. Dheweke bingung arep kepriye. Kudu ngatur jadwal les kanggo murid-muride. Kudu mulih kantor luwih gasik dina Jumat. Apa ora marahi curiga? Dipupus ndhisik. Isih ana wektu telung dina kanggo mikir. Ning dheweke wis ancang -ancang arep nyiapake apa wiwit sesuk. Kudu menahi weruh anak-anake, maratuwane, karo murid-muride. Kabeh isa dilakoni kanthi gampang. Ning le arep pamit gasik ana kantor suk Jumat kepriye?

Esuk iku wiwit nglakokake rencanane. Anak-anake diwenahi weruh menawa dheweke kudu nginep nang luar kota saka dina Jumat sore nganti dina Minggu esuk. Mesthi padha percaya menawa iku urusan kantor. Dheweke ora lali matur Pak Kusparmana lan Bu Malekah, menawa arep tugas nang luar kota nganti rong bengi.

Dina Jumat awan jam loro, Reni pamitan saka kantor menawa arep mulih gasik. Ana urusan nang omah sing kudu dirampungake. Kabeh urusan kantor dina iku wis dirampungake kabeh, dadi Bu Sri ora bakal nggoleki. Wiwit mau bengi wis disiyapake sing perlu digawa lunga menyang Singapura, mung rong bengi, ora perlu nggawa pakeyan akeh. Mung kanggo acara makan malam, mlaku-mlaku, karo pakeyan turu. Nggawa tas cangklong wae,

entheng isa dicangking. Atine dheg-dhegan, amarga lagi pisan kuwi dheweke lunga menyang luar negeri. Jam telu kurang ana mobil travel methuk, mobil mewah. Budhal menyang bandhara sakwise pamitan karo anak-anake lan mara tuwane. Atine semedhot ninggal anak-anake ana ngomah. Ning piye maneh kah-anane pancen kudu lunga dhewekan dina iku.

Tekan bandhara kabeh wis diurusi dening petugas travel. Reni langsung diterke menyang ruang tunggu eksekutif, wis ana Pak Dhedhi ngenteni. Kaya biyasane Pak Dhedhi gawane pancen anteng mibawani. Reni kanthi kormat nyalami Pak Dhedhi. Kaget lan kikuk nalika Pak Dhedi ngaras pipine, cipika-cipiki.

"Jeng Reni, ora sah ragu-ragu. Mung dolan sedhela nang Singapur. Tase ben mlebu nang bagasi wae ora kabotan ngotong-otong." Pak Dhedhi banjur mrentahake petugas travel supaya ngurus bagasi nang kelas bisnis.

"Matur nuwun Pak Dhedhi. Janipun mboten menapa-menapa kula tenteng kemawon."

"Ya nek lunga karo aku aja nenteng tas lah. Ben wis ana sing ngurusi. Dinikmati wae acara relaks akhir pekan Jeng."

Mung sedhela nunggu ana ruang anjungan kelas bisnis. Reni isih sempat makan siang ana kono amarga lali mau kesusu durung mangan awan. Pak Dhedhi wola-wali tansah tilpun punggawa-punggawa perusahane, sajake nakokake kemajuan sakjroning minggu iku. Kayane kabeh mlaku lancar, ora ana prekara serius. Isa leren nang Singapur kanthi tentrem. Mung dolan rong bengi. Mlaku menyang pesawat Pak Dhedhi tansah nggandheng tangane Reni kanthi raket. Reni ora suwala mung manut wae. Digandheng priyayi gagah bagus sapa sing ora seneng. Batin atine, dheweke ya duwe hak kanggo nyenengke atine. Iki kanugrahan liwat Pak Dhedhi sing loma. Ana pesawat Pak Dhedhi tetep nggegem tangane Reni, ora akeh guneme. Wola-wali mung ngandhani Reni, supaya atine digawe seneng lan mantep wae.

"Aja dipikir abot Jeng. Sing sareh lan mantep wong mung dolan

akhir pekan. Aku ora duwe krenteg apa-apa , mung pengin seneng kok kancani."

"Njih Pak Dhedhi, kula ndherek kemawon. Asring tindak Singapur bapak?"

"Ora sah basa karo aku. Biyasa wae Jeng. Ya ora ketang sepisan aku mesthi lunga pendhak akhir pekan. Singapura, HongKong, Bangkok apa Kuala Lumpur. Nek sliramu seneng, ora apa-apa nek arep ngancani, ora susah wedi wong aku ora ngapa-ngapa."

"Wah kikuk je Pak nek arep ngoko durung biyasa."

"Suwe-suwe mengko rak biyasa ta Jeng."

Tekan Singapura wis jam pitu wengi, mampir sedhela ana per-tokoan bandhara Changi. Tuku kebutuhan kanggo nang hotel. Rini uga ditukokke tas lelungan anyar ben luwih gampang. Tuku *T-shirt* kanggo mlaku-mlaku sesuk. Metu saka bandhara njupuk bagasi terus wis ana mobil sing disewa. Wong loro nuju hotel bintang ana tlatah Orchard. Pak Dhedhi wis pesen *suite*, isine ana kamar tidur loro karo ruang amba, isa kanggo rapat, man-gan, nonton televise, lan liya-liyane. Reni durung nate weruh fasilitas hotel kaya ngono. Dheweke mung sakmanut wae nalika ditari Pak Dhedhi.

"Jeng ana kamar tidhur loro. Aku nang kamar tidhur utama. Njenengan nang kamar tidhur sing cilik. Ning nek ora kepenak isa gabung nang nggonku, ana bed loro gedhe-gedhe. Bebas wae. Saiki arep siram dhisik, makan malam nang restoran apa arep njaluk dikirim mrene?"

"Aku tak adus lan resik-resik dhisik Mas. Pengin nang restoran wae karo ndeleng-ndeleng."

"Iya mengko bubar makan malam isa mlaku-mlaku sedhela nang Orchard. Ning aku ora kuat mlaku-mlaku suwe. Sesuk acaramu terserah mbok menawa aku ora isa ngeterke, aku tak leren nang hotel wae. Sliramu nek arep mlaku-mlaku saktanegmu, akeh travel nang ngisor."

"Injih sesuk gampang Mas, tak takon-takon ana ngisor."

Bubar adus lan resik-resik wong loro gandhengan metu saka ka-

mar, nuju menyang restoran sing ana ruang paling dhuwur ana njaba ngadhep langit kang diarani *rooftop*. Akeh tamu ana restoran bukakan iku, ning ora kebak banget. Karo ngrahabi makan malam wong loro pating klesik padha rembugan. Sedhela-sedhela Pak Dhedhi nggegem tangane Reni. Reni lungguh mepet ana sisihe Pak Dhedhi karo nikmati musik ringan. Jam sewelas wengi wong loro medhun bali ana kamar. Tuntunan kanti raket, kaya donya mung duweke wong loro. Senajan wis sewidak luwih umure Pak Dhedhi isih pengkuh. Tangane tansah ngrangkul Reni. Wis padha ngantuke, apa maneh mau padha ngombe anggur pas makan malam, lakune rada gloyoran. Mlebu kamar wis ora sempat arep omong-omong, langsung padha turu.

+++++



BAB 21

Kasep Pisahan

*R*eni kari ngenteni Surat Keputusan saka Pengadilan Agama, wis wola-wali diundang sidhang. Sing dadi seksi ya ibune karo mbakyune dhewe, Bu Maslikah karo Mbak Heni. Agustan Saryadi ora nate teka ana sidhang, embuh apa surat panggilan sidhang tekan apa ora nang dheweke. Bareng Surat Keputusan pisahan wis ditampa saka Pengadilan Agama, Reni lagi wani matur marang maratuwane, Pak Kusparmana lan Bu Malekah. Atine susah banget nalika arep matur lan pamitan nek arep pindhah omah. Pak Kusparmana lan Bu Malekah prasasat wis dianggep wong tuwane dhewe, wis urip bareng lan ngladeni mataun-taun. Pak Kusparmana karo Bu Malekah nampa warta mau kanthi sedhik lan kaget.

"Aku ora isa nyalahke awakmu Reni, kahanane pancen abot kanggomu. Ya piye maneh wong awakmu wis pirang-pirang taun ngenteni, nanging anakku Agus ora ana marine. Ning nek isa mbok ora susah pindhah omah ngono piye. Aku karo ibumu ora isa pisah karo putu-putuku, Rini, Reza karo Mimi."

"Kula nyuwun pangapunten saestu Bapak Ibu. Kedadosan punika mboten kula sedya saestu. Nanging kahanan kok lajeng mboten saged pun sengkuyung malih. Kula kaliyan lare-lare, taksih wonten Semarang mriki, wonten Pandhean Lamper, mboten tebih. Kula kaliyan lare-lare tansah badhe wira-wiri sowan mriki."

"Apa bapake bocah-bocah wis ngerti kedadeyane?"

"Kula tansah kintun warta langkung WhatsApp, nanging mboten

nate pun wangsuli. Mbok menawi njih sampun mangertos.” Bu Malekah, karo neteske eluh anggone semaur marang ature Reni.

"Awan bengi aku tansah nyenyuwun karo Sing Gawe Urip, ben awakmu sakkeluwarga enggal pulih maneh kaya wingi-wingi. Lha kok akhire kedadeyane kaya ngene ta Ren. Ya aku karo Bapakmu dingapura dene ora isa melu mbiyantu pulihe keluwar-gamu. Awakmu ngerti dhewe nek aku wis ora duwe apa-apa, kabeh tak culke ben awakmu karo Agus isa bali kaya wingi-wingi. Kabeh wis dikersakake karo Sing Gawe Urip. Menungsa mung sakderma nglakoni."

+++++

Anggone nyambut gawe ana Kantor Notaris Bu Sri Martuti dilakoni kanthi lancar. Ora ana reribet apa-apa. Saiki malah wis isa nyelengi barang. Akeh pelanggan sing sok menehi tips marang Reni nek urusane beres. Anggone menehi les wayah sore isih tansah dilakoni. Ora bisa ditinggal. Sesambungane karo Pak Dhedhi mlaku kanthi sidhem, ora rame-rame, tur ya ora kerep. Mung sok-sok diajak ngancani Pak Dhedhi lunga menyang njaba kutha, embuh menyang Bali, Jakarta, Bangkok, Kuala Lumpur. Wis ora dipikir maneh, dianggap acara rutin pungkasane Minggu. Nek pas dheweke lunga luar kota, ana asisten rumah tangga sing mbiyantu ngopeni bocah-bocah. Pak Dhedhi uga ora kabotan nek Reni ngajak anak-anake nek pas plesir. Ora ngerti apa Bu Sri ngerti menawa dheweke kerep lunga bareng karo Pak Dhedhi menyang luar kota. Ngertine ya mung ana sesambungan antarane Reni karo Pak Dhedhi.

Sakwijining dina Reni diajak Bu Sri Martuti menyang Wonogiri. Ana kedadeyan wigati tumrap sesambungane Bu Sri karo Pak Efendi. Dina Minggu sesuke Bu Sri arep dikenalake karo sedulur-sedulure Pak Efendi. Wis sakuntara ana sesambungan mirunggan utawa istimewa antarane Bu Sri lan Pak Efendi. Sajake arep ngrembaka dadi bebrayan resmi. Mula Pak Efendi duwe krenteg arep dikenalake karo sedulur-sedulure. Anisah Anggraeni diajak

Bu Sri ngancani anggone ketemu keluwargane Pak Efendi. Ani karo Ira ora diajak, amarga lagi giliran melu minggon Bapake.

Reni karo Bu Sri sempat mampir ana Salatiga, nang omahe ibune Reni, Bu Maslikah ana ing Cebongan. Bu Sri kesengsem meruhi usahane Bu Maslikah ana ing babagan konveksi. Bubar iku banjur-banjur padha leren maem ana rumah makan lan omong-omong kanthi alon.

"Bu Sri apa wis mantep tenan arep mbangun urip bebrayan karo Pak Efendi?"

"Ya dilakoni wae ta Mbak, timbang urip dhewekan ora ana sing diajak mbat-mbatan nek pas ana masalah."

"Apa penjenengan ora getun ninggalake Pak Dhedhi?"

"Apa sing kudu tak getuni Mbak Reni? Dheweke seneng madon ngajak wong wadon liya dolan menyang ngendi-endi. Wis wola-wali tak elingke. Aku urip karo Pak Dhedi wis limalas taun luwih ora ana marine anggone seneng selingkuh."

"Apa bener Pak Dhedhi seneng selingkuh ta Bu. Apa apike ora digalih maneh sakdurunge mutuske arep urip bareng karo Pak Efendi? Tak kira Pak Dhedhi ora bejat kaya sing dikira."

"Lha kok njenengan ngerti apa tau lunga bareng karo Pak Dhedhi?"

"Apa Bu Sri ora tau lelungan bareng liburan karo Pak Dedhi ta bu?"

"Ya mung sepisan utawa ping pindho nalika nganten anyar pas bocah-bocah isih cilik. Ning rasane kok kaya aneh ta."

"Aneh piye ta Bu Sri?"

"Rasane aneh kanggoku. Sepisan dheweke bekas dhosenku, kaping pindhone kaceke umur antarane rong puluh taun. Dadi aku rumangsa kok kaya aneh lan isin lunga bareng karo Pak Dhedhi. Senajan dheweke pancen gemati tenan."

"Nuwun sewu Bu Sri, aku ora matur panjenengan. Ning aku sok diajak Pak Dhedhi liburan ana njaban kutha. Ya mung dikon ngancani wae. Dheweke mung butuh dikancani Bu Sri. Apa njenengan wis nate nyoba ngancani?"

"Kepriye anggonku arep ngancani ta. Aku wis nyekel surat cerai resmi saka Pengadilan Agama Mbak Reni. Ora baen-baen kuwi."

"Layang kan ya mung paribasan perangkat administrasi wae. Menawa njenengan karo Pak Dhedhi isih ana rasa cocok, kabeh isa diurus maneh. Aku nyuwun pangapura dene sok diajak Pak Dhedhi liburan menyang luar kota. Kudune njenengan sing ngancani. Dheweke kasepen, wong nang hotel ya mung mligi nang kamar hotel wae."

"Wah saya angel Mbak Reni. Iki kudu mlangkah kenalan karo keluwargane Pak Efendi. Nek gagal mesthi dheweke isa dhendham. Kamangka akeh proyek Kantor Notariske sing mlebu saka dheweke."

"Aja dipikir angel Bu Sri, nyatane lagi sedhela wae kan wis isa entuk calon pelanggan perumahan nganti rong atus unit. Mesthi isih akeh liyane. Ora perlu mung nggantungke saka kantor pemerintah, aku isa golek dalam uga nembus birokrasi."

"Iya Mbak Reni, rumangsaku rikala semana pedhot saka Pak Dhedhi, tembe mburiku mung bakal gumantung karo Pak Efendi. Kaya dene dewa sing medhun arep paring tetulung aku."

"Ora susah dipikir abot bu. Sing penting nek panjenengan isih ana rasa cocok mangga aku tak dadi penghubung antarane panjenengan karo Pak Dhedhi. Sing uwis ya uwis aja mung nuruti emosi."

Tekan Wonogiri wis wayah sore, Bu Sri karo Reni banjur njujug ana hotel. Jane wis dicepaki kamar ana omahe Pak Efendi, nanging wong loro rumangsa luwih bebas nek nang hotel wae. Acara lagi wiwit mengko bengi bubar Isya, isih ana wektu kanggo mlaku-mlaku ndeleng kutha Wonogiri. Sore iku Bu Sri tilpun Pak Efendi menawa dheweke ora njujug omahe nanging nginep ana hotel. Mengko wae kira-kira jam pitu bengi diparani menyang hotel, amarga sopire durung apal kutha Wonogiri. Sore iku bubar adus Bu Sri karo Reni mubeng-mubeng kutha Wonogiri. Kuthane sepi, temata peni lan resik, gawe tentrem lan senenging ati wong sing lagi sepisan nguningani kutha Wonogiri. Ndungkap magrib bali maneh menyang hotel. Ana welingan menawa ana tamu nggoleki, jenenge Pak Efendi. Mengko arep teka maneh kira-kira jam setengah pitu.



Bunfer
2022.

Jam setengah pitu kliwat sithik Pak Efendi wis teka ana hotel. Terus njujug kamar sing dienggoni Bu Sri karo Reni. Wong loro wis rampung anggone dandan. Prasadat padha dedege, padha ayune lan meh padha anggone milih jarik lan kebaya. Nalika Pak Efendi ndodhog lawang arep mlebu ana kamar, dipenggak dening Bu Sri menawa dheweke ana kamar karo Reni, diaturi ngen-teni nang lobi wae. Rampung dandan, Bu Sri ditutke Reni mara menyang lobi. Pak Efendi jane rada gela gene Bu Sri ora gelem nginep ana omahe dheweke, malah turu nang hotel. Diparani nang hotel kok manggon sak kamar karo asistene, Reni. Arep muntap ning diampet, mundhak ngrusak swasana.

"Dhik Sri budhal karo aku sak mobil wae. Mengko Reni ben nganggo mobilmu karo sopir."

"Aku pancen njaluk dikancani Reni kok Mas, ben wae aku dadi sak mobil karo dheweke. Ben aku ora nratap lan isa tentrem atiku. Njenengan ngagem kendharaan dhewe wae."

Pak Efendi sangsaya ngendhelong atine. Karepe arep methuk Bu Sri, ben disopiri anake lanang, Bima, ning kok malah Bu Sri luwih seneng sak mobil karo Reni. Ora ana kalodhangan kanggo omong lan nggegem tangane Bu Sri, wong sing diarep-arep bakal dadi sisihane. Tekan omahe Pak Efendi, sedulur-sedulur wis padha kumpul. Ora akeh mung sedulur cedhak wae. Acara makan malam lan perkenalan antarane keluwarga Pak Efendi karo calon sisihane, Bu Sri Martuti. Sakwise kumpul kabeh acara diwiwiti dening Pak Efendi, menawa dheweke pengin ngenalake calon sisihan sambungan sing wis digadhang-gadhang, ya Sri Martuti. Wose nyuwun idi pangestu ben kabeh mlaku lancar ora ana alangan siji apa. Bubar Pak Efendi, Bu Sri kudune ya ngadeg nepungake. Nanging dheweke ora siyap. Malah ndhredheg ora karu-karuwan. Mula Reni enggal-enggal njupukake wedang anget ben diombe langgo nentremke atine. Bareng wis sakwetara, Bu Sri karo Pak Efendi banjur rembugan klesak-klesik. Bu Sri rumangsa ora kuwawa omong, mula njaluk Pak Efendi apa Reni sing makili.

"Nyuwun gunging pangaksami, ibu kula Bu Sri Martuti gerah dadakan. Kula Anisah Anggraeni, pun dhawuhi makili matur du-matheng panjenengan sedaya para pinisepuh dalah keluwarga ageng saking Bapak Efendi. Mugi-mugi sesambetan pasedher-ekan saged langgeng saklaminipun kaliyan keluwarga sedaya."

Bubar ngaturake panuwun, Bu Sri karo Reni banjur gageyan nyuwun pamit. Nyuwun pangapura ora bisa ndherek kembul bujana amarga kahanan awake lagi ora sehat babar pisan. Pak Efendi ya mung kaget isane lenger-lenger, nyipati kedadeyan kang ora kanyana. Melu ngeterke Bu Sri ana mobil karo ujar.

"Digawe sareh ya Dhik penggalihe. Ora susah mikir warna-warna. Mengko nek wis rampungan tak susul ana hotel."

"Ora susah gawe repot Mas. Aku mung butuh istirahat dhisik. Sajake kekeselen. Lagi iki nandhang kahanan kaya kene."

Bu Sri karo Reni alon-alon numpak mobil mulih menyang hotel. Embuh apa alasane, Bu Sri pengin mulih cepet-cepet wengi iku uga. Sokur nek isa langsung mulih Semarang, nek ora ya nginep Solo apa Salatiga. Wancine wis ngancik wengi, wis jam setengah sanga. Upama terus mulih menyang Semarang, mbok menawa parak esuk lagi tekan. Mengko ndeleng sopire, wani terus mulih nang Semarang, apa arep mendheg Solo apa Salatiga. Pungkasane tekan Salatiga wis ngancik tengah wengi. Banjur mlebu hotel ing tengah kutha. Arep nginep nang Cebongan, omahe Reni, samar nek gawe kaget. Luwih kepenak nginep ana hotel. Sakwise resik-resik awak, sakdurunge mapan turu Reni, duwe krenteg kirim weling marang Iksan.

"San iki aku karo bosku, Bu Sri nginep ana hotel Wahid. Sesuk esuk kira-kira jam setengah wolu isa ketemu sisan karo sarapan ya." Ora sedhela ana wangsulan saka Iksan.

"Kok dengaren kirim warta Ren. Suwe ora ana kabar saka awakmu. Iya sesuk esuk aku teka nang hotel. Ana wigati?"

"Ora ana prekara wigati San. Ya mung pengin ketemu wae, ngobrol. Kenalan karo Bu Sri, mesthi kono seneng."

Esuk jam nem Bu Sri wis tangi, ngajak mlaku-mlaku metu sedhela. Salatiga hawane isih adhem, krasa banget yen wayah esuk. Kepenak rasane nek mlaku-mlaku ing wayah esuk. Reni ngandhani Bu Sri menawa dheweke ngundang kancane raket, kanca wiwit esempe ya Iksan, sing duwe usaha perhiasan. Jam setengah wolu wong telu wis ketemu gayeng ana restoran. Ora patiya rame, isa ngobrol kepenak.

"Bu Sri, iki kancaku raket Iksan. Wis kekancan saka jaman esempe. Nek pungkasane minggu aku sok pesen antar jemput dheweke. Pengusaha perhiasan ning nek libur, seneng antar jemput para warga sing butuh."

Bu Sri setengahe rada kaget ketemu dadakan karo Iksan, priya pawakane lencir, gagah, dhuwur. Anteng lan mibawani, omon-gane alon ora grusa-grusu.

"Pun tepangaken ibu, kula Iksan kanca raketipun Reni. Sampun dangu sanget wiwit rikala esempe ngantos sakniki."

"Njih remen tepangan kaliyan panjenengan. Nuwun sewu upama ngoko wae piye ya Mas?"

"Kasinggihan ibu, ndherek kemawon. Rada kikuk lagi tepungan kok kudu ngoko."

"Aku nyambut gawe sak kantor karo Mbak Reni, notaris. Panjenengan ngasto apa Mas?"

"Usahaku nang babagan perhiasan emas lan perak bu. Nerusake usahane bapakku almarhum."

"Nek ngono panjenengan mesthi pinter gawe perhiasan njih. Apa isa pesen?"

"Isa wae arep ngasto apa. Tak gawekke miturut kepinginan panjenengan."

"Mengko tak golek modele ya, leontin, anting-anting, gelang, karo ali-ali. Nganggo batu mulia, panjenengan kagungan batune? Nek ora aku wis duwe set watu mulia. Kapan-kapan tak gawa rene."

"Mengko gampang bu. Nek perlu ben Iksan dolan nang Semarang. Kerep nang Semarang dheweke."

"Iya Bu Sri tak estokake, kapan-kapan tak sowan Semarang."

Nomer tilpunku ana nang Reni."

Bubar sarapan enggal sowang-sowangan. Reni karo Bu Sri sisan niliki lokasi pembangunan jalur sepur ana Nggagadalem. Awan mengko terus mulih menyang Semarang. Ora akeh sing dirembug sakdawaning dalan. Mung Bu Sri weling karo Reni prekara Iksan.

"Kapan kapan aku dielingke ya Mbak, tak ndandakke set penganggo saka watu mulia menyang Mas Iksan. Aku kok krasa cocok."

"Iya Bu mengko tak dherekake, apa ben dheweke teka Semarang wae. Seneng mesthitekanang Semarang. Aku kerepnjalukdheweke ngeterke lelungan nek dina prei."

"Aja ah, mesakke nek nganti kudu nang Semarang. Awake dhewe isa teka nang Salatiga, karo mampir nek pas kudu nang lapangan."

"Bu mbaleni usulke wingi kae. Piye nek aku tak kontak Pak Dhedhi nek mbok menawa pengin liburan nang njaba karo Ira, Ani lan ibune? Dheweke mesthi seneng merga butuh kanca"

"Aja grusa-grusu Mbak. Aku durung tentu isa. Isih ana trauma nang atiku. Upama kepeksa lunga ya kudu kok kancani ya."

"Mengko gampang bu. Aku isa wae ngeterke njenengan. Aja kuwatir."

+++++

Dina Jumat awan Reni budhal ngancani Bu Sri karo putri-putrine Ira lan Ani liburan ana Singapura. Barengan karo Pak Dhedhi. Dina-dina pungkasaning minggu, wektune Ira karo Ani nginep ana omahe papine Pak Dhedhi Arman. Nanging karo Reni, Pak Dhedhi karo mantan sisihane Bu Sri Martuti, diglembuk supaya gelem barengan ngeterke Ira karo Ani, liburan pungkasaning minggu ana Singapura. Bu Sri maune ya bekah-bekuh ora gelem. Semono uga Pak Dhedhi. Alesane gampang, wong wis pisahan, ana surat cerai kok liburan barengan. Iki kanggo bocah-bocah, Ira karo Ani. Bu Sri akhire lumer atine, gelem liburan barengan karo Pak Dhedhi anggare dikancani Reni. Reni kudu ninggal anak-

anake lan nitipake marang tangga sing wis kulina ngurusi bocah-bocah menawa dheweke pas kudu lunga nang luar kota.

Budhal saka bandhara Ahmad Yani Semarang isih awan, transit ana Jakarta sedhela, terus menyang Singapura. Tekan Singapura wis jam pitu bengi, langsung menyang hotel sing dipelesen ana Orchard Road. Pesen telung kamar kanggo wong lima. Banjur padha golek restoran Indonesia, acara makan malam. Malem Setu mula restoran kaya adat saben kebak pelanggan. Rombongane Pak Dhedhi kudu nunggu sakwetara wektu sakdurunge entuk lungguhan. Pak Dhedhi karo Bu Sri isih durung akeh gunemane. Mbok menawa isih padha kikuke. Biyasana Ira karo Ani sing dadi penghubung, sok-sok Reni. Batin atine Reni, kaya-kaya kudu momong wong sing lagi jothakan. Nanging dheweke rumangsa seneng menawa Pak Dhedhi isa omongan kaya dene ora ana apa-apa. Ngenteni rada suwe, Pak Dhedhi sing miwiti omong.

"Sabar ya Dhik Sri, sedhela engkas rak wis ana meja sing kosong."

"Ora papa Mas, mung wis ngelih banget rasane. Ira karo Ani, mau awan kan ya cepet-cepetan ora sempat maem awan."

"Sabar sedhela kan endang ana tamu sing wis rampung. Sekali-sekali ngampet luwih Dhik."

Reni rumangsa seneng dene Pak Dhedhi karo Bu Sri wis wiwit gelem sapa aruh. Ira karo Ani mung omong-omong dhewe, ora nggagas apa sing kedadeyan antarane papi karo mamine. Mung seneng isa liburan bareng-bareng. Bubar makan malam, mulih menyang hotel. Nonton musik urip kanthi penyanyi saka Filipina karo pesen pasugatan. Bu Sri wis gelem saya cedhak karo Pak Dhedhi, lungguhe mepet sok-sok sumendhe nang baune Pak Dhedhi. Ora akeh omongane, mung sok-sok unjal ambegan dawa. Ira karo Ani luwih akeh ngobrole karo Reni. Ndungkap tengah wengi lagi bali ana kamar. Ira karo Ani turu sak kamar. Reni karo Bu Sri sak kamar. Pak Dhedhi turu dhewe.

"Bu Sri apike kok njenengansare bareng karo Pak Dhedhi wae. Mum-

pung ana kesempatan cedhak."

"Aku wis pisahan Mbak Reni, rasane kok aneh nek kudu turu bareng karo dheweke."

"Orasusah dipikir adoh, dilakonidhisik wae upama anak renteg. Saiki rame-rame nang kamare Pak Dhedhi wae, ngobrol-ngobrol dhisik."

"Aku wis ngantuk Mbak Reni, pengin turu dhisik."

"Ora sah kesusu bubuk Bu Sri, iki liburan, sesuk isa tangi awan."

Reni banjur ngebel Pak Dhedhi, takon apa wis arep sare. Dijawab jare isih ngontak punggawa-punggawa perusahaanane, lan ngecek laporan-laporan. Nek arep teka nang kamar ora apa-apa. Mengko pesen minuman saka bar. Reni karo Bu Sri banjur mlebu nang kamare Pak Dhedhi. Padha omong omong ngalor ngidul ora ana juntrunge. Ya jane pancen wis ngantuk. Bu Sri wis theklak-thekluk ora konsentrasi anggane omongan. Ora ngrungokake omongane Pak Dhedhi karo Reni amarga wis ngantuk banget.

"Mbak Reni, ditinggal kene wae Bu Sri, mengko tak kancani. Tulung dikemuli nang bed kuwi."

"Injih Pak Dhedhi, sajake ibu sayah banget. Tak papanke dhisik ben kepenak le bubuk. Tulung AC ne dicilikke njih."

Reni alon-alon bali ana kamare. Batine krasa lega, muga-muga Bu Sri isa istirahat kepenak sak kamar karo mantan sisihane, Pak Dhedhi. Dheweke mapan turu nang kamare kanthi ati sing seneng. Sakblek saknyet langsung bablas turu.

+++++



BAB 22

Pedhote Katresnan

*R*ada kerinan Reni anggone tangi esuk iku. Lali menawa dheweke lagi ana Singapura. Wis meh jam pitu nalika ditilpon Ira. Rada gragapan dikira anake si Rini sing nggugah. Isih ayub-ayuben. Resik-resik rai dhisik, isih aras-arasen arep adus. Wong telu karo Ina lan Ari banjur medhun ana restoran, sarapan dhisik. Mung nganggo celana jin karo kaos *T-shirt* longgar, ben luwih bebas.

"Papi karo Mami kok durung katon Bu Reni, gek-gek ana apa-apa?"

"Ora susah kuwatir, Papi karo Mami mau bengi rembugan nganti wengi. Mami nganti keturon jam loro esuk mau. Terus tak tinggal."

"Acarane esuk iki nang endi Bu?"

"Aku manut Mamimu, mbok menawa pengin mlaku-mlaku. Sing baku mengko bengi makan malam bareng-bareng karo Papi."

"Papi ora gabung awake dhewe?"

"Embuh ya, biyasane Papimu mung nang hotel, ngrungokke musik. Paling banter renang karo gym nang hotel."

Bubar sarapan wong telu bali munggah menyang kamar. Reni pengin adus dhisik nek mbok menawa esuk iki arep mlaku-mlaku metu karo Bu Sri. Tekan ndhuwur, Bu Sri menehi weruh menawa dheweke lagi pesen sarapan ana kamar karo Pak Dhedhi. Bubar iku mengko siyap-siyap nek arep mlaku-mlaku. Kahanan njaba wis sangsaya padhang, sunare srengenge wis nerangi jagad. Swara kendharaan wis wiwit rame. Saka jendhela katon

akeh wong padha mlaku-mlaku ana taman. Jam sepuluh Reni, Bu Sri, Ira karo Ani, budhal mlaku-mlaku. Ndeleng taman-taman kutha nang Singapura sing asri, resik lan kopen. Isa kanggo ngleremake ati, ngurangi rasa kemrungsung. Pak Dhedhi ora melu mlaku-mlaku, dheweke pancen luwih seneng ana hotel, ora gelem diganggu dening sapa wae. Nglremake ati saka urusan perusahaan. Kabeh wis ana sing kajibah ngrengkuh, ya mung kudu sok-sok dikaruhke.

+++++

Dina Minggu esuk Reni bubar sarapan bareng-bareng karo Ira lan Ani. Pak Dhedhi karo Bu Sri luwih seneng pesen sarapan ana kamar. Reni nembe wae tilpun anake mbarep Rini, ngabarake kahanane bocah-bocah ana ngomah. Menehi weling menawa awan mengko udakara jam telu wis tekan Semarang. Lagi wae tata-tata karo siyap siyap arep mlaku-mlaku metu, nalika ana welingan WhatsApp saka Bu Malekah, ibune mantan bojone Agustan Saryadi.

"Inallilahi wa ina illahi rojiun. Rebut cukup Ren, lagi wae nampa pawarta sripah saka Harno Jakarta. Ngabarke menawa adhimu Etik wis kapundhut bali sowan ing ngarsane Gusti. Aku karo bapakmu pengin nguntapke adhimu, dimakamke nang Pernalang."

Reni kaget banget, entek atine kelingan Etik, adhike Agus, kok jare tinggal donya. Dheweke cedhak banget karo Etik. Etik uga sing tansah aweh semangat supaya dheweke tetep sabar ndhampingi Agus. Dheweke uga sing menehi panemu rikala dheweke arep ngejokke rapak nang pengadilan agama. Nek pancen wis ora kuwat ya piye maneh Mbak, wong kan mung usaha. Atine Reni les-lesan, balunge kaya dilolosi. Ketemu pungkasan karo Etik kira-kira karotengah taun kepungkur. Dheweke lunga menyang Jakarta niliki, Etik wis wiwit ora sehat. Kok cepet temen uripmu ya Tik, ora nyangka babar pisan. Pancen antarane Reni karo Etik ana sesambungan sing raket, senjata adhi ipe, rasane wis kaya adhine dhewe. Reni dheleg-dheleg lungguh ana kursi,

awake lemes dumes karo mingsek-mingsek nangis. Mung marang Etik dheweke isa ngetokke unek-unekke atine nalika ditinggal Agus karo wanita liya.

Bu Sri kaget nalika nyumurupi kahanane Reni. Raine pucet, awake lemes dumes tanpa daya. Mung mingsek-mingsek karo nutupi raine. Sakwise ngombe banyu adhem, lagi Reni isa nyritakake prastawa sedhik sing lagi kedadeyan.

"Adhikkuipe, Etik sing ana Jakarta tinggal donya esuk iki mau Bu. Aku kudu melu nguntapke dheweke. Ketemu pungkasan karo tengah taun kepungkur."

"Awake dhewe tekan Semarang udakara jam telu. Arep di makamke nang endi?"

"Durung ngerti sing mesthi Bu, mbok menawa nang Pemalang. Embuh bapak ibu piye le budhal menyang Pemalang."

"Ngene wae Reni, pesthekna ndhisik acara pemakaman. Saka Semarang nang Pemalang mengko golek kendharaan. Nek perlu tak takon Pak Dhedhi."

"Nuwun sewu aja matur Pak Dhedhi. Aku ngerti Pak Dhedhi ora kersa diribeti prekara kaya ngene. Aku tak takon nang Ibu Malekah apa nang Dhik Harno, sisihane Etik."

Reni enggal-enggal kirim weling WhatsApp marang Harno, wose ndherek belasungkawa lan takon rencana pemakamane. Banjur disambung tilpun liwat WhatsApp. Harno isih kaya wong bingung, durung isa ditakoni tlesih. Mula banjur nakoni anake Etik, Ranga karo Rani. Rani karo mingsek-mingsek sempat ngandhani menawa arep diangkatke nang Pemalang. Mbok menawa tekan Pemalang sakubare magrib. Rada lega bareng wis ana katrangan lengkap prekara acara pemakaman. Lagi arep ngurus kendharaan sing arep dinggo menyang Pemalang saka Semarang. Ora mungkin njaluk pitulungan Iksan. Mula diwanek-wanekke kirim WhatsApp marang Pak Bardi, bapake Lisa murid les e.

"Ngaturi sugeng Pak Bardi. Lagi kesusahan, adhik ipe sing ana Jakarta tinggal donya. Arep di makamke nang Pemalang, pe-

makaman bakda maghrib. Aku lagi ana Singapura karo Bu Sri lan putri-putrine. Tekan Semarang kira-kira jam telu. Terus karo Bapak Ibu budhal menyang Pemalang. Nuwun sewu banget ngrepoti panjenengan, upama nyuwun ngampil kendharaan saksopire apa bisa?"

Ora let suwe wis ana wangsulan saka Pak Bardi, wose nyatujoni panjaluke Reni.

"Iya ora apa-apa Dhik, ndherek belasungkawa saka aku sakkeluwarga. Tak kontak sopir, mengko jam telu ben siap nang bandhara. Nuwun sewu aku karo nyonya ora isa layat nang Pemalang. Diaturke wae atur belasungkawaku."

Wis rada lega atine Reni, prekara transport Semarang-Pemalang wis diatasi. Kari menahi weruh Pak Kusparmana lan Bu Malekah ben ora kesusu ndhisiki budhal nang Pemalang. Isih krasa bingung lan les-lesan. Etik kok cepet temen kapundhut dening sing gawe urip. Rasane prasasat kaya kelangan adhine dhewe. Kapedotan tresna karo sedulur sing cedhak nang atine, senjata ta adhi ipe.

+++++

Tekan bandhara Ahmad Yani Semarang ngancik jam telu sore. Sopir sing dikirim Pak Bardi wis siyap ngenteni. Malah digawani surat dening Pak Bardi. Pak Dhedhi nalika ngerti menawa Reni wis dipethuk sopir karo kendharaan liya lagi nggenahake larah-larahe. Banjur dicritani dening Bu Sri.

"Kok aku ora diomongi. Ana mobil telu nang garasi nganggur kan isa dinggo. Sopir nek ora ana gaweyan ya mung padha turu wae."
"Ya wis Papi, Mbak Reni ora wani ngganggu njenengan. Dheweke sajake wis apal lageyanmu nek pas liburan nang luar kota'.

Pak Dhedhi rada kaget diomongi Bu Sri. Ning ora digagas. Dudu masalah kanggone dheweke nek kerep lunga karo Reni, wong mung ngancani wae. Nang hotel kamare beda, acarane ya mlaku dhewe-dhewe. Saka bandhara pisah sowang-sowangan. Pak

Dhedhi karo Ira lan Ani sak mobil mulih menyang omahe Pak Dhedhi. Dene Bu Sri dipethuk sopir mulih menyang omah nang Candhi. Ira karo Ani, nyoba mbujuk mamine supaya gabung wae bengi iku. Ning sajake Bu Sri pengen nglembur nggarap gaweyan bengi kuwi.

Reni saka bandhara banjur mulih dhisik nang omah ing Pandhean Lamper. Menehi weruh anak-anake menawa dheweke arep layat menyang Pemalang. Bulik Etik wis kapundhut sing Gawe Urip. Arep nang Pemalang karo Eyang Kusparmana lan Eyang Malekah. Amplop saka Pak Bardi dibuka, kanyata ana weling ndherek bela sungkawa lan dhuwit sakwetara lembar warna abang. Iki arep diaturke Bu Malekah wae mengko. Enggal-enggal budhal, ngampiri Pak Kusparmana karo Bu Malekah ana Pindrikan. Reni lamat-lamat isih emut Pak Man sopire Pak Badri.

"Kula kados sampun nate kepanggih sampeyan njih."

"Njih Bu Reni, sampun nate, pas radi gendra wonten Resto kala rumiyin punika."

Reni kaget krungu omongane Pak Man. Kelingan ontran-ontran pas dheweke makan malam karo Pak Bardi rikala semana. Ora pengen ngeling-eling maneh. Wis kliwat. Pak Kusparmana lan Bu Malekah wis siyap budhal, nanging pasangan priyayi sepuh ki katon banget anggone bingung ditinggal putrine sowan ing ngarsane Gusti. Mobil disetiri kanthi ngati-ati dening Pak Man nuju Pemalang. Ora akeh rembugan sakdawaning dalan.

Tekan Pemalang wis liwat magrib. Jenazah saka Jakarta durung teka. Ndungkap wayah Isya mobil jenazah saka Jakarta lagi teka. Harno melu mobil jenazah, dene anak-anake Rani karo Rangga, ngetutke ana mobil liya karo sopir. Jenazah dileremke sedhela ana salah sijining omah tinggalan leluhur. Para sedulur padha asung pakurmatan. Reni ora kuwat ngampet sedhihe, nangis ngguguk meruhi kerandha sing isine jisime Etik sing ditresnani. Senajan sedulur ipe, nanging Etik prasasat dadi adhik kandhunge dhewe. Bu Malekah lan Pak Kurparmana, kaya wong

bingung, ora isa kumecap apa-apa nalika disalami bela sungkawa para sedulur. Wong Etik ora tau sambat kok ngerti-ngerti wis lara nemen ora ketulungan maneh. Pancen wis meh rong taun, almarhumah ora tau teka neng Semarang, alasane ana wae. Tibake amarga lara kanker.

Wayah Isya jenazah digawa menyang masjid, bubar sholat Isya padha melu ndonga sholat jenazah kanggo almarhumah. Nyedhaki jam wolu jenazah dimakamke ana pemakaman keluwarga kanthi lancar. Reni ndilalah Bu Malekah lan Pak Kusparmana, padha ngetutke acara pemakaman nganti rampung. Mung gumune Reni, kok Agus ora katon ana pemakaman. Kanyata jare Bu Malekah, Agus isih ana ndalan saka Bandhung sore mau. Sakwise omong-omong sedhela karo sedulur-sedulur sing padha kumpul, Reni pamitan mulih. Bu Malekah karo Pak Kusparmana keru ana Pemalang. Harno sisihane almarhumah Etik, karo anak-anake, ya si Rani karo Rangga, arep nginep nang hotel ana kutha. Reni ngrangkul karo mingsek-mingsek anak-anake Etik, weling supaya tetep tabah lan sing sregep anggone padha sinau. Menawa kangen ibune, diweling aja ragu-ragu kontak budhe Reni.

Rikala Reni mlaku menyang panggonan parkir mobil, kaget ketemu Agustan Saryadi sing lagi wae teka saka Bandhung. Kaya wong linglung. Ketemu Reni tanpa sadhar banjur ngrangkul karo nangis ngguguk.

"Kok Etik cepet temen ya Dhik ninggal Bapak Ibu karo awake dhewe. Rumangsaku isih cetha wela-wela rikala asring kumpul seneng-seneng karo awake dhewe."

"Sabar Mas, Etik wis entuk panggonan kepenak."

Reni semedhot nalika dirangkul dening Agus. Dheweke rumangsa sedhih, merga kelangan Etik, uga kelingan rikala isih rukun lan isih jaya, kerep kumpul seneng-seneng karo Etik lan Harno jaman semana. Ning kabeh mau mung kari dadi pangling-el-ing, wis kliwat ora isa dibaleni maneh. Etik wis kapundhut. Agus

wis urip karo wanita liya. Dheweke uga wis dudu sisihane Agus maneh. Mung rada ngungun lan kebak pitakonan nang njero atine. Apa Agus durung nampa Surat Keputusan saka Pengadilan Agama ya?

+++++





BAB 23

Talak Rujuk

Wis sakwetara sasi anggone liburan bareng-bareng nang Singapura karo Bu Sri lan Pak Dhedhi. Ora ana kedadeyan sing aneh antarane Reni, Bu Sri Martuti karo Pak Dhedhi. Kabeh mlaku kaya adat saben. Kabeh mlaku nglakoni iramaning urip kanthi sabar. Mung Bu Sri kok wektu-wektu pungkasan iki kerep lunga dhewe ora ngajak Reni. Jarene Pak Sarmin, sopire, kerep lunga menyang Salatiga. Kala-kala malah nginep barang. Ning Reni ora kepenak arep takon. Ndak diarani nyampuri urusane liyan. Mung sakwijining sore Reni nampa welingan WhatsApp saka Iksan, kancane sinarawedi. Rada kaget amarga suwe ora tau kirim kabar.

"Ren kancaku temen sing tak sayangi. Aku pengin menehi weruh awakmu, ning aja dadi atimu ya. Wis sakwetara wektu iki aku kerep kontak lan patemon karo Bu Sri notaris pandhuwuranmu. Jane maune ya mung biyasa wae, nanging sajake kok saya suwe saya raket antarane aku karo dheweke. Semono uga dheweke rumangsa cocok karo aku. Kanthi weling iki aku menehi weruh nek mbok menawa sesambunganku karo Bu Sri dadi sesambungan katresnan, aja dadi kagetmu. Aku menehi weruh amarga awakmu kanca raket sing paling cedhak karo aku. Isa tak sambati lan tak blakani kedadeyan sing penting kanggoku, prasasat wis dadi sedulur."

Reni rada kaget ana welingan kaya ngono saka Iksan. Nanging

dipupus bareng kelingan nek dheweke karo Iksan pancen ora ana sesambungan asmara. Mung kanca raket, ora tau ana janji lan tetalen apa-apa. Sah-sah wae Bu Sri sesambungan raket karo Iksan, sesambungan katresnan. Mung ana rasa gela ana njero atine, kok dheweke sing luwih cedhak karo Iksan suwe, durung ana krenteg mbangun sesambungan katresnan babar pisan. Urip pancen aneh nek dipikir. Cedhak karo Iksan suwe tekan ngendi-endi ya ora tau ana rasa greng apadene sir-siran nang ati.

"Iksan kancaku temen. Aku melu seneng dene awakmu karo Bu Sri isa cocok, lan bisa miwiti sesambungan sing luwih wigati. Muga-muga ing tembe mburi lakuning uripmu bareng karo Bu Sri tansah rukun lan seneng."

Dheweke bubar nampa welingan saka Iksan mau jane pengin nemoni Bu Sri, mung pengin nyatakke bener orane. Gek-gek mung gedhening rumangsan saka Iksan wae. Ananging dheweke dhewe ndeleng wis sakwetara minggu iki Bu Sri tansah katon seneng, praupane tansah seger, eseme ora tau keru nek nyapa karyawan. Mung disidhem dhisik pepenginan nemoni Bu Sri, ben mengko Bu Sri sing mbukak wae. Nek dheweke sing nakokake malah isa diarani nyampuri urusane liyan. Sore iki mau Bu Sri mara nang mejane Reni.

"Mbak Reni, bubar kantor nek ora repot metu bareng yuk. Ana sing arep tak omongke karo Mbak Reni."

"Ngestokake dhawuh Bu Sri, tak ngrampungke gaweyan dhisik. Sesuk arep ditandha tangani dening para pelanggan."

Jam papat luwih sithik, Reni metu bareng karo Bu Sri nuju restoran Jepang ana cedhak rumah sakit Elizabet. Numpak mobil bareng alon-alon disopiri Pak Sarmin. Ora akeh omongan ana njero mobil, mung Bu Sri katon jenjem ora jenak, bola-bali unjal ambegan. Ananging katon menawa atine lagi seneng, sedhela-sedhela ndeleng njaba karo rengeng-rengeng lirik. Ora isa ditutupi pratandha wong kang lagi nandhang kasmaran, senjata

ora jenjem ning praupane katon seneng. Mbok menawa atine wis mabur nang ngawang-awang. Tekan rumah makan Jepang, njupuk lungguhan ana ngarep jendhela. Isa ndeleng kahanan njaba sing asri lan nentremake. Sakubare pesen masakan sing dikaremi, karo ngenteni tekane masakan, Bu Sri wis miwiti rembug.

"Mbak Reni, mbok menawa wis dikandhani dening Mas Iksan ya, menawa aku karo dheweke sajake wis padha mantep lan duwe krenteg arep mbangun sesambungan sing luwih raket. Aja dadi atimu Mbak Reni, menawa aku ora omong luwih dhisik, lagi wani omong saiki sakwise oleh kapesthen saka Mas Iksan."

"Bu Sri, babar pisan ora ana rasa kuciwa utawa serik, saka aku. Aku karo Iksan pancen cedhak amarga kanca lawas, wiwit sekolah ana esempe. Aku malah melu seneng dene Iksan wis gelem sesambungan katresnan karo panjenengan. Iksan prasasat wis dadi sedulur karo aku. Nek dheweke seneng, aku ya melu seneng. Terus rencana nang ngarep kepriye Bu Sri?"

"Aku kudu ngomong karo anak-anakku, Ira lan Ani. Uga karo keluargaku, Bapak Ibuku lan sedulur sedulur. Nyuwun berkah pangestu menawa arep mbangun bebrayan maneh karo Mas Iksan. Muga muga diparingi dalan padhang dening Gusti."

"Aku mung ndherek nyengkuyung Bu Sri muga-muga panjenengan tansah kaparingan berkah urip seneng karo priya sing kok tresnani lan nresnani panjenengan."

"Kuwi dongaku awan bengi Mbak Reni. Mung aku pengin takon blak-blakan karo awakmu. Apa tenan ora ana sesambungan batin apa-apa antarane Mbak Reni karo Mas Iksan ya. Dheweke kayane kok ora bisa nglalekake awakmu."

"Kaya sing tak aturke Bu Sri, sesambunganku karo Iksan mung paseduluran, ora ana sesambungan sing luwih saka iku. Paling ora saka aku. Tak sengkuyung nek Bu Sri arep urip bebarengan karo Iksan. Kita tetep paseduluran. Aku tansah ana cedhakmu Bu Sri."

"Matur nuwun Mbak Reni, aku nyuwun pangertenmu muga-muga Mas Iksan isa netepi janjine, arep urip bebarengan karo aku."

"Injih Bu Sri tak estokake dhawuhmu. Banjur sesambungan karo

Pak Efendi piye? Karo Pak Dhedhi kepriye?"

"Aku wis matur Mas Dhedhi, nyuwun pangestu menawa aku arep omah-omah maneh. Dheweke ora kabotan babar pisan. Mung weling menawa karo Iksan isa urip seneng lan tentrem, diteruske wae. Ning mbok menawa ora kaya sing diarep-arep, Pak Dhedhi isih ngantu-antu tekaku jare. Kanggoku putusan arep omah-omah utawa arep pisahan ora isa kanggo dolanan, kudu dilakoni kanthi mantep. Sing tak jaluk uripku isa seneng karo Mas Iksan. Aku durung isa mangsuli prekara sesambunganku karo Pak Efendi. Cepet utawa suwe aku kudu menehi weruh dheweke. Mbok menawa aku bakale butuh bantuanmu, awakmu ngerti kabeh urusanku karo Pak Efendi."

"Njih Bu Sri, aku bakal nyengkuyung lan ngancani Bu Sri ben kabeh sesuwunan mau isa dadi kanyatan. Menungsa isane mung nglakoni lan ngupayani, Gusti sing ngersakake kasile."

Reni rumangsa lega nanging uga bingung bareng ngerti sesambungane Bu Sri karo Iksan. Senajan dheweke ora ana rasa tresna karo Iksan, ning wis ora bisa maneh guyon sembranan kaya wingi-wingi. Iksan wis dadi duweke liyan, duweke Bu Sri pandhuwane. Kudu isa ngerem lan nyirep pepenginane anggone sok wadul lan sambat karo Iksan. Rada ngungun atine nek mikir nganti tekan kono. Nek Iksan urip seneng, dheweke ya kudu iklas melu seneng. Iksan wis dadi sedulure. Pancen sakwise pisah karo Agus, dheweke duwene kanca ya mung Iksan kanggo wadul lan sambat. Saiki wis ora isa kudu ditampa lan dipupus. Urip bakal sepi maneh. Nggulawentah anak telu sing dadi hiburane. Senajan asring kontak karo Pak Bardi, apa dene karo Pak Dhedhi lan Pak Randhi, ning rasane mung ana njaba wae. Ora tekan njero ati.

+++++

Swasana gaweyan ana ing kantor Notaris prasasat ora ana owah-owahan. Reni ngayahi tugas kaya biyasane. Sesambungan karo Bu Sri ya tetep raket kaya wingi-wingi. Bedane mung dheweke ora isa wadul utawa sambat marang Iksan, senajan

Iksan isih sok-sok kirim kabar. Ning mung kanggo tepa slira wae, ben ora kapedhotan anggone kekancan. Reni nek wis bubar kantor ya mung akeh ana ngomah, nunggoni anak-anake anggone padha sinau. Rini, Reza karo Mimi pancen sregep anggone sinau, ndemenakke. Sakwijining sore dadakan nampa welingan liwat WhatsApp saka Pak Dhedhi. Kaya biyasane ukarane mesthi teges, tanpa wigah-wigih. Sok-sok nek ora biyasa kaya ukara prentah wae.

"Reni, kahananmu apik-apik wae ta? Rebut cukup, aku pengen ketemu mengko bubar magrib. Awakmu dipethuk sopir persis bubar magrib ya."

"Njih aku ndherek Pak Dhedhi. Ana kawigaten apa kok dengaren butuh nemoni aku?"

"Ya ana prekara sing aku pengen takon karo awakmu. Ora susah sumelang."

"Njih arep ketemu nang endi Pak Dhedhi. Mbok ora susah metu nang ndalem wae nek kersa."

"Iya mengko gampang, nang omah dhisik ya ora apa-apa."

"Apa aku perlu matur Bu Sri dhisik?"

"Ora susah wong aku karo dheweke ya wis pisahan resmi. Loro-lorone wis bebas."

Jam enem luwih sithik mobil sing dikirim Pak Dhedhi wis teka. Reni pamit karo anak-anake menawa ana undhangan makan malam. Mung sedhela, ora nganti wengi. Sopire jenenge Pak Yono, wis kulina karo Reni. Jare Pak Yono, dienteni Bapak ana ing dalem Tembalang. Dalem anyar sing lagi wae dislupi sesasi kepungkur. Tekan Tembalang, Pak Dhedhi wis ngenteni ana ruang tamu. Omahe jembar gilar-gilar. Pekarangane amba kebak taman sing asri. Medhun saka mobil wis ana jagabaya sing methukake lan ngeterke nang ruang tamu.

"Aja kaget ya Ren, tak undang mrene. Aku durung tau wengi mara mrene. Lagi sepisan iki. Butuh kanca aku kelingan awakmu."

"Matur nuwun Pak Dhedhi, kaget aku ditimbali. Kudu ninggal anak-anakku. Nek bisa ora susah suwe-suwe."

"Iya ora perlu suwe-suwe Ren, mengko makan malam nang kene. Wis disiyapake senajan masakan saka rumah makan. Karo nek awakmu arep ndeleng kahanane omah iki, lagi wae dislupi."

Pak Dhedhi banjur ngeterke Reni ndeleng kahanane omah. Pancen ngresepake omah gedhe kanthi arsitektur Itali. Ana taman sing asri ing plataran mburi. Bubar ndeleng kahanane omah anyar, wong loro banjur mara nang ruang makan. Ana asisten rumah tangga loro sing ngladeni dhahar.

"Sri kapan menehi weruh aku menawa arep urip nglakoni omah-omah maneh karo wong Salatiga. Jare nekancamuraket, apabener?"

"Iya Pak Dhedhi. Kuwi kancaku lawas, jenenge Iksan. Iksan lan Bu Sri wis ngudharake rencanane marang aku uga. Pengin mbangun urip bebrayan. Jare wis padha cocoke lan padha mantepe."

"Hmmm. Pas bareng-bareng nang Singapur kae, Sri prasasat mesra banget karo aku. Jare pengin ngajak balen urip bareng maneh. Nglalekke prekara sing wis kliwat."

"Injih Pak Dhedhi. Aku ya nyipati dhewe. Ning digalih sing kepenak, aja grusa-grusu. Mbok menawa kudu ngliwati proses sing kaya ngono. Pak Dhedhi karo Bu Sri wis pisahan resmi kan?"

"Iya aku ngerti. Kabeh gumantung marang Sri, karepe kepriye."

Bubar maem wong loro banjur lungguhan ana emper mburi, ngadhepke taman. Angin wengi semilir nggawa hawa adhem. Reni kemulan slendhang Pashmina sing digawa mau. Jane dheweke selak pengin mulih ngelingi anak-anake sing ditinggal ana ngomah. Ning tansah dicandhet dening Pak Dhedhi.

"Ora perlu kok putusi saiki Reni. Aku duwe pepenginan nek awakmu isa urip bareng karo aku, mendah kaya ngapa senengku."

"Matur nuwun, apa aku mung bakal dadi sulihing Bu Sri?"

"Aku pancen tresna tenan karo Sri, wis urip bareng luwih li-malas taun karo dheweke nganti ana momongan anak loro, Ira karo Ani. Ning dheweke wis duwe kekarepan liya, aku isa apa?"

"Pangarep-arepku awakmu isa ngganti dheweke nang uripku. Anak-anakku, Ira karo Ani ya wis cedhak karo awakmu. Pikiren

sing dawa ya. Piye apike kanggo awake dhewe wong loro, anak-anakmu lan anak-anakku. Ora mung golek senengku dhewe babar pisan. Awakmu ya ngerti tindak-tandukku senjata durung suwe.”
“Injih matur nuwun. Aku nyuwun wektu mikir Pak Dhedhi.”

Reni banjur enggal pamitan, wis ngancik jam setengah sanga. Selak kepengin ngancani anak-anake. Pak Dhedhi ngeterke menyang ngarep karo nimbali sopire, Pak Yono. Didhawuhi ndher-ekke Reni mulih menyang Pandean Lamper. Tangane nggegem kenceng tangane Reni. Ngrangkul Reni karo mbisiki, *“Aja kok tampik ya Ren panyuwunku.”* Reni ora suwala nalika dirangkul lan diaras Pak Dhedhi. Isane ya mung sumendhe ana dhadhane Pak Dhedhi. Pasrah. Alon-alon mulih nang omahe ketemu anak-anake. Apa Pak Dhedhi ya isa nampa lan gemati karo Rini, Reza karo Mimi? Kuwi sing luwih akeh nyanthel nang pikirane. Dadi sisihane Pak Dhedhi? Nek dipikir ya seneng, ning ya tida-tida. Pengin mikir-mikir dhisik.

Ora kepengin kesusu mutusi panjaluke Pak Dhedhi, anggone pengin urip bareng. Reni isih mikir-mikir kabeh untung lan resikone. Sing jelas nek anggone nembung mau pancen wigati lan tulus, Reni isa njagakke sekolahe anak-anake ing tembe mburi. Wis mesthi kejamin, ora perlu bantingan awan bengi nggolekke butuh kanggo anak-anake. Ning apa isa sakteruse? Gekgek anggone nikahi dheweke mung kanggo lantaran arep balen karo mantan sisihane, Bu Sri Martuti. Nek pancen ana rencana mengkono, terus dheweke karo anak-anake mengko piye? Apa bakal kebuwang ngono wae. Reni pengin konsultasi pengacara putri sing mligi, nangani prekara rumah tangga, utamane urusan nikah lan pisahan.

Entuk jeneng pengacara sing wis kondhang ana Semarang saka internet. Jenenge Bu Marlina SH alamat ana Pleburan. Nyoba golek wektu kanggo ketemu. Bubar saka kantor Notaris dheweke mara nang kantore pengacara Bu Marlina SH. Tanpa wigah-wigih Reni banjur ngandharake dhodhok selehe prekarane gegayutan karo penjaluke Pak Dhedhi.

"Iya pancen bener Jeng Reni, nek pasangan wis pisahan resmi, talak telu, ora isa balen ngono wae. Kudu omah-omah dhisik karo wong liya, lagi isa balen maneh. Wose prekara nikah lan pisahan iku prekara wigati sing kudu dipikir dawa lan dilakoni kanthi mantep."

"Injih mangertos Bu Lina. Ananging pihak ingkang dipun kangge lantaran punika hak-hakipun kados pundi? Punapa saged pun pisah ngaten kemawon kaliyan sisihan, amargi badhe rujuk kaliyan mantan sisihan?"

"Ora ngono Jeng Reni. Ora ana pernikahan lantaran. Pernikahan karo pasangan anyar uga kudu dilakoni kanthi teliti, ora kanggo dolanan amarga mung arep balen karo mantan sisihan sing wis talak. Nek pancen nikah sing kapindho iku mau marahi urip seneng lan bahagia kanggo loro lorone, lha ngapa ndadak pisahan maneh. Ya diterusake wae ta."

"Punapa wonten jaminan menawi kula pun nikah kaliyan Pak Dhedhi, mangke mboten pun tilar siya-siya amargi badhe rujuk kaliyan Bu Sri?"

"Kabeh isa direncanakake kanthi teliti saka babagan hukum. Mbok menawa sakdurunge mutusake nikah maneh, loro-lorone kudu gawe janji prekara hak lan kuwajibane, klebu upama nganti kepeksa pisah maneh. Sing penting Mbak Reni mantep ora, tresna ora, cocok ora karo Pak Dhedhi. Nek wis diantepi tak gawekke layang perjanjian sing kudu disetujoni dening sliramu karo Pak Dhedhi."

Reni rumangsa mantep lan bakal nemoni Pak Dhedhi kapan-kapan nek pas lodhang. Kudu ana perjanjian resmi tumrape hak lan kuajiban. Apa dheweke tresna karo Pak Dhedhi? Iya ya iya, ora ya ora. Dheweke pancen rumangsa simpati, nyipati Pak Dhedhi tansah dhewekan kasepen nyepi ana hotel, leren anggone mikir urusan bisnise Ora ana sing ngancani. Mung sok rada kebablasen nek kongkonan kaya kongkonan andhahane wae. Apa dheweke tresna karo Iksan? Ora ana rasa tresna, mung cedhak kekancan wae. Ning embuh bareng Bu Sri mbangun tresna karo Iksan kok dheweke rada kegelan.

+++++





BAB 24

Undhangan Warna Ungu

*K*aya adat saben Reni teka ana kantor rada gasik wayah esuk. Dina iku akeh pelanggan sing bakal teka ana kantor nju-puk dokumen akte dol tinuku lemah apa dene sertifikat sing wis rampung pindhah jeneng. Reni kudu ngecek kabeh isine dho-kumen aja nganti ana sing kleru, utamane tulisan jeneng, no-mer, alamat lan sakpanunggalane. Nek ana kesalahan buntute isa dawa soale dadi dhokumen hukum saka Notaris. Rada kaget nalika nyumurupi ana undangan ing ndhuwur mejane. Bareng dibukak kanyata undhangan pernikahan antarane Bu Sri karo Iksan. Minggu esuk ana Magelang. Krasa semedhot nalika maca undhangan iku. Kok cepet temen ya kelangan kanca sing isa dinggo sambat lan wadul, Iksan. Isane mung ndonga, muga-muga tansah lancar. Undhangane warna ungu. Kanggone Reni rada aneh, ning dipupus ora dipikir dawa. Bareng rada awan Bu Sri mlebu nang ruang kerjane Reni.

"Mbak Reni karo kanca-kanca suk Minggu tak arep-arep nang Mertoyudan ya. Mung acara climen antarane sedulur-sedulur karo kanca raket."

"Njih Bu Sri, aku mesthi tekane. Embuh mbak-mbak liyane. Mengko tak takonane, nek ora ana acara liya, apike ya teka rame-rame. Acara istimewa iki kanggone dhewe."

"Matur nuwun Mbak Reni, tulung kanca-kanca liyane dikoordhinir ya mengko mangkate. Mertoyudan kan ya cedhak. Acarane jam sepuluh esuk."

"Ngestokake dhawuh Bu Sri, kita rame-rame ngestreni mengko. Kita kabeh melu seneng lan mongkog. Muga-muga lancar sakk-abehane njih."

Bubar guneman karo Bu Sri, rada ngungun atine Reni. Rumangsa ditilapake, kamangka Iksan kanca raket banget prasasat sedulur dhewe kok ora aweh weruh. Ujug-ujug undhangan warna ungu mau wis teka nang mejane. Dheweke ya banjur lerem, ora susah digawe abot nang pikir. Hak-e Iksan arep menehi weruh dheweke apa ora. Kabeh wis ana dalane dhewe-dhewe. Ana tilpun mlebu saka Iksan. Ditampa kanthi sareh.

"Ren, mesthine wis nampa undhangan saka Jeng Sri Martuti ya? Tak arep-arep tekamu. Ora mung aku sing ngarep-arep, Jeng Sri lan Ibuku ya ngarep-arep awakmu banget lo Ren."

"Iya San mesthi tak legakke mengko. Mangkat bareng-bareng karo kanca kantor. Aja sumelang aku sedulurmu sinarawedi, mesthi teka."

"Nuwun sewu nek rada dadakan, kabeh sarwo kesusu oyak-oyakan. Aku nyuwun donga pangestumu ya Ren."

"Iya San, aku bakal teka, aja sumelang. Dongaku tansah kanggo awakmu karo Bu Sri muga-muga rukun saklawase, urip tentrem lan seneng."

Atine semedhot nalika nampa tilpune Iksan. Iksan sing biyasane tansah omong kanthi sareh sinambi guyon, kok rumangsane kaya lagi mikir abot. Omongane ora lancar kaya biyasane, rada madeg mangu. Reni banjur mupus, mbok menawa ya mung perasaane dheweke dhewe. Apa merga Iksan lagi repot nyiapake acara suk dina Minggu, ya ora ngerti. Arep takon nlesih kok ora prayoga, Iksan wis dadi duweke Bu Sri Martuti, pendhuwurane.

+++++

Dina Minggu Reni bareng-bareng karo kancane pegawai kantor Notaris, nglegakake lunga jagong menyang Mertoyudan. Budhal saka Semarang ana wong papat, diterke mobil sing nyarter Pak Dhedhi. Reni ditawani Pak Dhedhi nek arep budhal, arep dikirim

mobil sak sopire. Budhal saka Semarang jam pitu esuk. Tekan Magelang isih rada gasik, durung ana jam sepuluh. Mubeng-mubeng sedhela nggoleki panggonan acara. Ana tlatah Mertoyudan, panggonane isih kepara sepi. Ing daleme wong tuwane Bu Sri, dalem modhel Jawa nganggo pendhapa lan pekarangan amba gilar-gilar.

Tamu wis padha rawuh, sakperangan lenggah ana njero pendhapa, liyane ana tratag njaba. Ira karo Ani mapagake Reni kanthi grapyak. Reni sakrombongan banjur ngaturi sugeng Bu Rahmini, ibune Iksan dalah rombongan sing lenggah ana pendhapa. Uga ngaturi sugeng marang Rama Ibune Bu Sri Martuti. Barang keluarga pinanganten kakung lan putri wis siyap kabeh, uga ana tamu undhangan sakwetara, acara banjur diwiwiti. Pidhato saka keluwarga penganten putri, uga saka penganten kakung. Terus acara nikah kawiwitan. Iksan katon anteng nalika nglakoni acara nikah. Ning anggone awèh wangsulan ijab *nikah* katon anggone groyok swarane, tangane ndredheg nalika salaman karo pengulu nikah saka KUA.

Reni nyekseni upacara nikah karo nglambrang pikirane. Kelingan nalika upacara nikah karo Agus, kabèh sarwo endah jaman semana, ananging suwening suwe kok ora langgeng. Ilang kabèh impèn endah nalika nikahan, ambyar amarga kakehan anggone ngimpi kurang ngidak lemah. Bubar acara nikah, para tetamu awèh salam marang pasangan penganten, mangayubagyo anggone nyawiji urip bebrayan.

"San, salam landong saka aku. Muga-muga tansah seneng lan tentrem karo Bu Sri, pasangan ideal."

"Matur nuwun Ren, aku wis dikenalke karo Jeng Sri. Tak lakoni kanthi seneng lan iklas nyawiji karo Jeng Sri."

Reni meh wae lali, arep ngrangkul Iksan, nanging cepet eling bareng nglirik, meruhi Bu Sri sing praupane katon seneng lan sinungging mesem manis ngujiwat.

"Ngaturi sugeng Bu Sri. Muga-muga tansah seneng lan tentrem"

saklawase karo Iksan, sedulurku. Dheweke mesthi tansah setya ngancani panjenengan."

"Iya matur nuwun banget ya Mbak Reni, wis nggawa Iksan nang uripku. Aku sumpah urip bareng saklawase karo dheweke."

Bubar acara nikah, salaman mangayubagya penganten banjur kembul bujana, dhahar siang. Reni sakkanca banjur enggal nyuwun pamit. Ira karo Ani nggondheli, pengin ben sempat ngobrol karo ibune. Karo guyon, Reni wangsulan menawa aja nganti ngganggu wektune ibune, mesthi Bu Sri karo om Iksan pengine ben endang sepi. Ben endang isa lelangen asmara. Aja nganti keganggu. Iksan pancen isih jaka lara mbok menawa ya rada kikuk. Ning Bu Sri mesthi wis pengalaman. Ora susah dikuwatirke, mesthi mlaku lancar. Ya mung dheweke krasa sumedhot, kelangan kanca nggo sambat lan wadul. Reni sakkanca alon-alon mulih menyang Semarang.

Mampir ana kopi Eva, Bedhono, ngombe kopi karo leren. Ana crita gegayutan karo restoran kopi Eva, jare isih ana sambung rapete karo Pak Broto garwane Bulik Nunung, Magelang. Rikala jaman perang kemerdekaan nak dulure Pak Broto, sing asmane Kresna, dalah bapake Pak Carik Bedhono, maratuwane Pak Lurah Bedhono lan kangmase ipe, tiwas diperjaya Gurkha. Wadyabala Sekutu lagi mundur saka Magelang tumuju Ambarawa. Konvoi dicegat laskar pemudha pimpinane Kresna, kontak senjata ora imbang. Kresna sakkanca tiwas, wong tuwane, maratuwane lan kangmase ipe katut diperjaya Gurkha.

+++++

Tekan Semarang wis wayah sore. Reni enggal-enggal leren leyehe-leyeh ana kamar sakwise ketemu anak-anake. Lagi ngalamun mbayangke Iksan karo Bu Sri sing lagi tengah-tengahe lelangen asmara, dadakan ana weling saka Pak Dhedhi, ngandhakake menawa arep tilpun, ana prekara sing perlu ditakokke jare.

"Piye Reni, isih kesel awakmu?"

"Iki nembe waeteka Pak Dhedhi, kesel lagi leyehe-leyeh ana kamar."

"Piye Jeng Sri Martuti ketok seneng pas nikahan."

"Ketoke ya ngono Pak, katon seneng lan semringah. Embuh nang njero atine."

"Mengko bar magrib, awakmu tak enteni ya, ben dipethuk sopir."

"Ora isa sesuk-sesuk ta Pak Dhedhi, jane isih kesel aku."

"Aku kudu ketemu awakmu wengi iki, wis nunggu pirang-pirang sasi Reni. Tak enteni arep nang omah Semarang apa nang ndhuwur nang Tembalang?"

"Nang Semarang wae ora apa-apa, sing cedhak ora kelangan wektu nggo munggah."

"Iya mengko ben dipethuk Yono ya. Saiki leren dhisik."

Jam setengah pitu sore, wis dipethuk Pak Yono nganggo mobil Mercedes-e Pak Dhedhi. Biyasane dheweke ora tau dipethuk mobil iku, isih anyar lagi wae sakwetara minggu teka. Reni wis ngandhani anak-anake Rini, Reza lan Mimi, menawa dheweke ana undangan makan malam karo pelanggan. Rini anak sing gedhe dhewe takon.

"Kok mobile apik banget ya bu, kagungane sapa? Apa kagungane Pak Dhedhi Arman?"

Reni mung meneng wae, bareng sopire Pak Yono medhun, bocah-bocah dadi ngerti nek sing methuk pancen mobile Pak Dhedhi.

"Aku mengko dioleh-olehi ya Bu." Mimi sing cilik ngomong karo manja. Mbok menawa ya merga kangen, wiwit esuk ditinggal ibune jagong, kok mbengi isih ditinggal maneh.

"Iya aja dha bubuk ndhisik, mengko tak oleh-olehi."

Ora suwe wis tekan omah sing dijujug ing tlatah Kawi. Pak Dhedhi wis ora sabar le ngenteni. Gita-gita methukake diajak mlebu nang ruang njero. Kahanan omah ndilalah sepi, mung ana Yono sopir, karo asisten rumah tangga Bik Yah. Bik Yah banjur ngaturke unjukan teh karo gedhang goreng. Pak Dhedhi ora sranta anggone pengin ngrungokke critane acara nikahan ana Mertoyudan.

"Kabeh mlaku lancar kok Pak Dhedhi. Bu Sri Martuti ya katon seneng, semringah, tansah ngumbar esem. Mung Iksan sing katon ora jenjem."

"Nek ngono Jeng Sri pancen wis mantep lan seneng ya nikah karo kancamu, sapa jenenge, Iksan ya."

"Kurang luwihe kaya ngono Pak Dhedhi. Ning aku ora ngerti njeroning atine."

"Ya ora apa-apa, pancen Jeng Sri isih enom. Entuk pasangan jaka isih enom mesthi seneng banget."

"Ora susah digelani Pak Dhedhi, kabeh wis kliwat. Nang tembe mburi wae diati-ati."

Wong loro banjur nuju ana meja makan, wis ditata lan dicepake dening Bik Yah. Bubar makan malam wong loro bali lunggahan ana sofa ruang tengah. Kahanane sepi nyenyet, mung ana swara jam bandhul gedhe karo swarane ambegane Pak Dehdhi. Kadangkala Reni unjal ambegan dawa. Tangane Pak Dhedhi tansah nggegem tangane Reni. Reni ora suwala, mung pasrah nalika diremet tangane. Suwe suwe saya ndadra, dheweke mung sumendhe ana dhadhane Pak Dhedhi.

"Reni awakmu kudu isa mangsuli panjalukku. Wis pirang-pirang sasi anggonku nunggu. Kono wis kulina karo tindak-tandukku."

"Pak Dhedhi nek bisa mbok aku nyuwun wektu maneh, dak pikir-pikire dhisik. Anakku telu, aku ora isa gawe putusan kesusu. Aku janji ora bakal noleh marang priya liya."

"Arep ngenteni apa ta Reni. Iksan sing ngenalke karo jeng Sri ya awakmu. Wis padha senenge, anggone arep urip bebrayan. Lha awake dhewe piye? Apa cukup mung lelangen asmara kaya ngene. Aku butuh wangsulanmu, piye genahe."

Reni ora suwala nalika Pak Dhedhi ngruket dheweke. Saya suwe saya ngrasakke kepenak. Ambegane wong loro saya landhung dawa, unjal ambegan saut-sautan. Banjur mlebu ana senthong utama sing gawene nggo sare Pak Dhedhi. Mung ana rasa seneng, kaya mabur nang awang-awang. Sepi nyenyet ora ana ing ngaru biru. Swara jarum jam kesilep dening swara ambe-

gane wong loro. Pungkasane keturon bareng, sidhem, tentrem kepenak nang ati. Ngerti-ngerti tangi wis wayah wengi. Kliwat jam sepuluh. Reni enggal-enggal nggugah Pak Dhedhi sing turu kepenak ana sandhinge.

"Mas Dhedhi wis wengi Mas, aku tak nyuwun pamit ya."

"Ngapa ndadak kesusu, mbok wis nginep kene wae. Ngancani aku nganti esuk."

"Jane ya pengin, nanging aku dienteni anak-anakku. Malah mau njaluk oleh-oleh sing cilik."

"Mengko ben diterke Yono, mampir golek oleh-oleh ya."

"Matur nuwun Mas."

"Wengi iki aku nganggep awakmu wis mantep aweh wangusulan nek arep ngancani uripku Ren. Ora susah kok selaki maneh. Awake dhewe wis nglakoni kayadene wong bebojoan kanthi sadhar, ikhlas lan seneng."

Reni ora suwala, mung ana rasa trenyuh nang njero atine, nyipati semono gedhene niyate Pak Dhedhi arep ngrengkuh dheweke. Kabeh wis ora ana wates, kabeh wis dilakoni kayadene wong bebojoan. Ora isa mundur. Kudu mlaku terus senajan alon-alon. Pak Dhedhi ngrangkul kenceng dheweke kanthi seneng, nalika dipamiti.

+++++

Reni lagi ana kantor awan iku nalika nampa warta sing gawe kaget. Ana weling WhatsApp saka Pak Kurparmana, bapake Agus. Ngabarake menawa Bu Malekah kondhisine wis nemen, lan tansah nakokake mantan mantune Anisah Anggraeni, karo putu-putune.

"Nek ana wektu legakna mampir nang omah ya Ren. Ibumu kahanane wis nemen. Nakokake awakmu karo anak-anakmu. Wis pirang-pirang dina lara. Tak enteni ya."

Welingan mau diwangsulni kanthi ati dheg-dhegan. Pancen wis rada suwe ora ngabarake Pak Kusparmana lan Bu Malekah,

sakbubare ditinggal saklawase putrine sing ana Jakarta, Etik. Batine mung ndonga muga-muga ora ana kahanan sing abot. Bubar kantor dheweke cepet mulih. Adus sedhela banjur ngajak anak-anake niliki eyange ana Pindrikan. Tekan kana kaget banget meruhi kahanan kesehatane Bu Malekah. Mung turon ana ruang tamu, panggonane reged kaya suwe ora diresiki. Weruh Reni karo putu-putune, Bu Malekah mung muwun.

"Wis suwe tak arep-arep awakmu Ren, karo anak-anakmu. Aku krasa saya ora duwe daya. Saya dina saya lemes."

"Kok ngantos kados ngaten, menapa mboten pun priksakaken?"
Reni takon setengah ora percaya, amarga biyasane nek ora sehat banjur nang Puskesmas, panggonane ana ngarepan omah, mung perlu nyabrang dalan.

"Aku wis krasa Ren, nek wektuku ora suwe maneh. Mula pepenginkanku ketemu awakmu karo anak-anakmu."

"Ampun ngendikan ngaten ibu. Kedah saras malih kados wingi-wingi."

"Aku wis pasrah Ren, kesel nggonku ngenteni, kapan bapakne anak-anakmu bisa pulih kaya ndhisik. Bola-bali janji arep moncer kaya wingi-wingi. Ning tak delok kok malah saya adoh. Dingapur ya Ren aku karo bapakmu. Ora isa ngrengkuh uripmu karo Agus. Wis mlaku nang dalane dhewe-dhewe."

Bu Malekah ngendikan karo kaca-kaca. Semono uga Pak Kusparmana. Reni katut trenyuh atine, melu nangis sesenggrukan. Senajan mung manten maratuwa, dheweke wis nganggep kayadene wong tuwane dhewe. Urip cedhak puluhan taun. Pas ngadhepi kahanan sing abot ditinggal lunga Agus, ya mung maratuwane kuwi sing ngancani lan nglipur atine. Gentenan mbaka siji, putu-putu, Rini, Reza karo Mimi asung salam kanggo eyange, Bu Malekah lan Pak Kusparmana. Bu Malekah ngendikani alon-alon, supaya sing sregep le sinau, aja kendhat anggone nglakoni ibadah.

Reni trenyuh banget meruhi prastawa iku, kelingan wektu rikala isih kumpul bareng urip seneng lan tentrem karo maratu-

wane. Reni karo anak-anake, banjur ngewangi resik-resik lan nata omah. Biyasane ana tangga sing disambat ngewangi masak lan resik resik, Mbak Tini, ning wis pirang-pirang dina ora mlebu amarga lagi nandhang lara.

Bubar anggone resik-resik, lagi wae Reni arep masakke bubur kanggo Bu Malekah, dadakan ana taksi mandeg nang ngarepan omah. Agus karo wanita sing mbopong bayi mlebu omah. Sarwo ora kepenak kanggone Reni. Bingung ketemu karo manten bojone, wis nganthi wong wadon mbopong bayi. Apa anake Agus, batin atine. Agus nyalami dheweke karo anak-anake, ora akeh guneme.

"Iki adhimu Ren, Mamik, tak kira kono durung kenal."

"Iya aku lagi wae masak bubur, tulung diaturke ibu. Durung dhar wiwit awan."

Reni enggal-enggal pamitan karo Pak Kusparmana lan Bu Malekah. Batine kebak pitakonan sapa wong wadon iku. Apa sisi-hane Agus? Ning kok dudu sing potone dikirim Agus saka Bandhung, sing jarene pengurus partai kae. Mbopong bayi apa anake Agus? Disigeg kanthi sareh pitakonan-pitakonan nang batine, ngelingi nek dheweke wis pisah karo Agus. Wis dudu urusane, arep Agus urip karo sapa.

+++++





BAB 25

Ditinggal

Sakwetara dina sakwise niliki Bu Malekah, ibune Agustan Saryadi manten sisihane, Reni nampa kabar sedhik menawa Bu Malekah wis kapundhut Gusti Sing Maha Kuwasa. Warta liwat WhatsApp iku dikirim dening Pak Kusparmana. Senajan ora dadi kageting atine, ananging pawarta mau tetep gawe sedhihe Reni. Bu Malekah prasasat wis dianggep wong tuwane dhewe, ibune dhewe. Mung kahanan bebrayan karo Agus sing marahi dheweke kudu urip pisah karo Bu Malekah, senajan sesambungan rasa tansah cedhak. Reni mung bisa ndedonga karo mupus, dene Bu Malekah wis uwal saka nandhang sengsara. Wis tentrem ana ing alam kelanggengan. Ora tansah ngimpi ngayawara kapan wektune uripe anak lanang, Agustan Saryadi, isa bali moncer maneh kaya wingi-wingi. Kabeh pepenginan lan kasangsaran ditinggal kanthi tentrem lerem marak ing ngarsane Gusti.

Bu Malekah bakal dimakamke sore iku ana pemakaman keluarga ana ing Pemalang, nuruti penjaluke almarhumah. Pengin disarekke ana sisihe makame Etik, anak wedok sing banget ditresnani. Reni mantep pengin nekani prastawa pemakaman. Enggal-enggal ngontak Pak Dhedhi njaluk pitulungan kendharaan. Bubar ngrampungu gaweyan kantor, dheweke budhal menyang Pemalang. Wis disedhiyani kendaraan dening Pak Dhedhi. Dheweke ngajak Rini, Reza karo Mimi layat menyang Pemalang. Bocah-bocah kudu nekani pemakamane eyange putri. Prastawa kang pungkasan nderekake Eyange. Ora baen-baen Pak Dhed-

hi ndhawuhi Yono, sopire supaya nggawa mobil Mercedes Benz anyar, ngeterke Reni karo bocah-bocah. Tekan Pemalang wis kliwat Ashar, langsung njujug ana omahe ponakane Bu Malekah. Ana ing omah gedhe tinggalan saka wong tuwane Bu Malekah. Jenazah dilerenke dhisik sakwetara wektu ana omah gedhe, mehehi wektu sedulur-sedulur Pemalang sing arep layat lan asung pakurmatan.

Pak Kusparmana lan Agus karo sedulur-sedulur saka Semarang wis teka luwih dhisik. Reni karo anak-anake atur bela sungkawa marang Pak Kusparmana.

"Ibumu dingapura ya Ren, wis sareh saiki sowan ngarsane Gusti ora nunggu pengangen-angen maneh." Tembunge Pak Kusparmana karo nangis.

"Ingkang tabah Bapak. Ibu sampun sae kondur wonten kalanggengan. Sampun uwal saking sedaya panandhang wonten donya."

"Ibumu wola-wali isih omong pengin ngenteni kapan kabeh isa pulih kaya wingi-wingi. Ning banjur dipupus, jare wis dipethuk adimu Etik."

"Pun ikhlasaken Bapak, Ibu sampun lerem sakpunika. Sampun kempal malih kaliyan Dhik Etik."

Agus uga gageyan nemoni Reni karo anak-anake. Embuh piye nalare, dheweke ngrangkul Reni karo ujar.

"Matur nuwun ya Ren, wis gelem teka anggone nyarekke ibu. Iki adhimu Mamik malah ora isa melu mreng, cilikane lagi ora sehat mau." Reni ora semaur mung kewetu guneme cekak. *"Ndherek belasungkawa."* Agus isih neruske anggone omong senajan Reni wis nyoba ngandhani.

"Wah awakmu diterke mobil mewah duweke sapa Ren. Mesthi sing duwe juragan gedhe ya? Muga-muga lancar, andum slamet."

Reni rada kaget krungu guneme Agus, bingung anggone arep aweh wangsulan, mung nywara lirih, matur nuwun. Rini, Reza karo Mimi padha ngaturke salam marang Eyange lan bapake. Eyang Kusparmana katon anggone semedhot disalami putu-pu-

tune. Karo sesenggrukan ngendikani wayahe.

"Yangti wis seda, sok dha kerep niliki aku ya. Kangen isa kumpul kaya ndhisik kae. Ning saiki Yangti wis ora ana."

Reni ora kuwat ngampet tangise krungu ngendikane Eyang Kusparmana. Nganti sedane, Bu Malekah isih ngantu-antu janjine putrane, nek arep bali moncer maneh. Ning kabeh wis kebacut, wis ora isa dibaleni maneh.

Reni karo anak-anake melu ngeterke layon tekan pemakaman. Ketemu sedulur akeh sing wis suwe ora ketemu. Ora ana sing isa dirembug kejaba mung atur belasungkawa karo kabar keselamatan. Ning akeh pitakonan kok Reni karo anak-anake diterke mobil mewah, apa wis ana calon sing mesthi arep ngisi uripe Reni?

+++++

Dina-dina sakbanjure bali normal maneh, Reni tansah ngayahi tugas ana Kantor Notaris kanthi tlaten. Kabeh mlaku kaya adat sabene. Isih ajeg menahi les marang murid-murid ing wayah sore. Klebu marang Ira karo Ani, putrane Bu Sri Martuti karo Pak Dhedhi Arman. Bu Sri sakbubare nikahan karo Iksan, isih bolak-balik Semarang-Salatiga. Gentenan sok Iksan sing nang Semarang apa Bu Sri sing mara nang Salatiga. Ora dadi prekara angel, jer kabeh kudu ngayahi tugase dhewe-dhewe sing ora gampang anggone mindhah ngono wae. Bu Sri kantore ana Semarang, dene Iksan kudu nglakokke usaha babagan perhisan ana Salatiga.

Sakwijining esuk Reni nampa warta liwat WhatsApp, sing gawe kaget. Iksan mlebu rumah sakit mbok menawa merga ketularan lelara Covid-19.

"Mbak Reni, iki mau bengi Mas Iksan mlebu rumah sakit. Panas lan seseg."

"Kena apa Bu Sri? Piye kahanane, stabil ta?"

"Rong dina kepungkur layat tangga sing tiwas marga Covid 19."

Mbok menawa ketularan merga ketemu wong akeh. Wingi mulai sambat awake panas, gerok karo watuk. Terus mlebu ana gawat darurat nang rumah sakit"

"Kahanan fisike piye Bu Sri, apa nemen banget."

"Aku wingi sore niliki mrana kok wis ndrawasi banget. Wedi aku Mbak Reni. Dheweke mau bengi dipasang ventilator. Dongakna ya Mbak Reni, muga-muga kahanane Mas Iksan ora tambah abot."

Reni nyoba sareh nyipati kabar mau. Nanging ora isa diapusi menawa atine banget anggone kuwatir awit larane Iksan, sedulure sinarawedi. Dheweke ngerti menawa pasien nek wis diterapi nganggo ventilator, biyasane panjangka anggone isa mari maneh ya mung paro-paro. Kudu karo ndonga muga-muga diparingi palilah karo Gusti ben isa mari maneh. Obat-obat sing dianggep mujarab mesthi wis diwenehke karo dhokter sing ngrawat. Nalika mbukak tilpun genggame ana welingan sing mlebu, sing kliwatan anggone maca. Saka iksan, tulisane pedhot-pedhot.

"Reni, aku sesek banget rasane. Wis ora kuwat. Pamit ya. Andum slamet. Iksan." Reni mangsuli ringkes, embuh apa Iksan isa nampa wangsulane.

"San, dikuwat-kuwatke ya. Aja pasrah. Mesthi kuat mengko kumpul maneh karo Bu Sri lan kanca kabeh."

Maca warta mau sangsaya ajur atine. Wedi, kuwatir lan bingung kudu ngapa. Isane ya mung ndonga. Muga-muga kancane raket, Iksan, ya sisihane Bu Sri sing lagi urip bebrayan durung ana rong sasi, isa ketulungan saka lelara Covid-19. Arep tilik menyang Salatiga rasane wedi. Pageblug Covid-19 pancen nggegirisi, esuk lara sore pralaya. Akeh keluwarga sing kelangan sedulur sing ditresnani amarga Covid-19, klebu atusan petugas kesehatan lan dhokter.



Pungkasane pawarta sedhik iku teka. Gawe kaget, tintrim lan sedhik. Iksan wis kapundhut karo Gusti. Senajan kabeh pengobatan wis diupayani dening dhokter, jiwane ora isa dislametake. Iksan tiwas amarga Covid-19, layone diupakara dening rumah sakit kanthi protokol Covid-19. Ora isa digawa mulih. Digawa menyang pemakaman kanthi protokol ketat. Keluarga mung isa nyekeni saka kadohan. Mung Bu Sri Martuti, Bu Rahmini, Reni lan sedulur cedhak saka Salatiga sing nguntapke layon ana acara penguburan. Reni diterke Yono sopire Pak Dhedhi. Bubar acara penguburan Reni mampir menyang daleme ibune ana tlatah Cebongan. Mung ngaturi pirsane ibune, Bu Maslikah, menawa kancane Iksan ninggal donya amarga Covid-19.

"Pageblug Corona iki gawe sedhihe wong akeh. Wis diati-ati ya ana wae korban sing ketularan. Muga-muga arwahe nak Iksan ditampa kanthi apik nang ngarsane Gusti."

"Aku ora nyana babarpisan Bu menawa arep kelangan sedulurku Iksan. Mendah susahe Bu Sri Martuti sing lagi dinikahi sakwetara minggu iki."

Bu Sri Martuti keru nang Salatiga. Ngenteni nganti telung dina. Ira karo Ani mulih menyang Semarang, sakuntara turu nang omahe papine ana ing Kawi. Reni asring ngendhang bocah loro kuwi menyang omahe Pak Dhedhi. Bocah loro pancen wis kulina karo Reni, wis nganti kaya ibune dhewe, ora mung dadi guru les e. Ana rasa was-was nang atine Reni, iki Bu Sri wis legan maneh status e, gek-gek mengkone bakal balen karo Pak Dedhi ya? Ning rasa kuwatir iku kapupus dhewe. Balen karo Pak Dhedhi ya kareben, angger padha geleme.

+++++

Dina-dina mlaku kanthi lancar nurut iramaning urip. Senajan kadhangkala ana prekara dadakan sing gawe horeg, nanging sakwise prastawa liwat kahanan pulih kaya adat saben. Manungsa mung nglakoni dalaning urip sing wis dipilih dhewe. Semono uga Anisah Anggraeni, isih labet ana kantor notaris Bu Sri Martu-

ti. Mung ana owah-owahan sethithik. Sakwise ditinggal sisihane Iksan, Bu Sri luwih akeh meneng. Arang-arang rembugan karo Reni kejaba mung nek ana urusan gaweyan sing kudu ditangani. Semono uga Reni, bareng Iksan wis ora ana, dheweke tanpa sadhar rumangsa gela setengahe maido Bu Sri kok nganti Iksan isa ketularan Corona genahe piye. Nanging kabeh mau banjur dipupus kareben ora ngebot-boti pikiran.

Mung pas ndeleng kalender kanggo ngecek jadwal akte jual beli pelanggan lagi kelingan menawa dheweke durung nglakoni haid. Kudune wis teka, ning wis telat sakwetara dina. Karepe mengko sore bubar kantor arep periksa nang dhokter sing dheweke kenal. Pengin konsultasi dhisik. Sore saka kantor dheweke tumuju menyang klinike dhokter kandhungan iku. Dheweke wis ndaftarke esuk mau. Tekan klinik ora suwe, banjur langsung dipriksa dhokter. Bubar priksa dhoktere ngandhani, menawa gejalane durung jelas, nanging hasil test urin nandhakake menawa negatip. Disrantekke dhisik wae.

Mulih ngomah rasane bingung dheweke. Nyoba ngontak Pak Dhedhi, dikandhani kudu sareh ora susah wedi. Pak Dhedhi uga wis siyap nek pancen ngandheg lan kudu tanggung jawab. Reni dhewe sing rumangsa ora siyap, piye anggone arep ngomong karo anak-anake. Bengi iku ndeleng iklan ana internet. Akeh iklan terlambat datang bulan. Ana nomer sing katone mantep amarga saka sakwijining klinik. Dheweke nilpun nomer kuwi. Ana tlatah Jakarta. Wose sanggup ngobati ning aja kesuwen ben gampang anggone ngupayani. Informasi ditampa kanthi gamblang dening Reni. Reni banjur ngontak Pak Dhedhi, pengin menyang Jakarta priksa ana klinik mau.

"Apa perlu tak kancani Dhik nang Jakarta?"

"Ora susah repot Mas, aku isa lunga esuk mulih sore mengko."

"Lha mosok arep lunga dhewekan priksa kaya ngono. Kudu ngati ati."

"Aku mengko ben dikancani anakku Rini wae."

"Ya wis mengko tiket dipesen dhisik wae. Apike apa ora nginep wae ben karo istirahat. Mengko pesen kamar hotel pisan."

Dina Setu esuk Reni dikancani Rini, budhal menyang bandhara Ahmad Yani diterke Yono, sopire Pak Dhedhi. Numpak pesawat tumuju bandhara Halim Perdanakusuma. Tekan Jakarta isih kep-ara esuk, mampir ana Kafetaria dhisik sakperlu sarapan. Banjur ngontak nomer tilpun sing diwenehke saka klinik. Kanyata petugas saka klinik wis siyap methuk ana bandhara. Banjur gageyan tumuju klinik sing ora adoh saka bandhara kanthi numpak mobil pethukan mau.

Atine dheg-dhegan banget arep nglakoni prosedur papriksan ana klinik. Ananging petugas wola-wali ngandhani mung prosedur entheng, babar pisan ora abot. Mung butuh wektu udakara limalimas menit. Terus isa langsung mulih, ora susah mondhok. Dhoktere katon sabar anggone ngladeni lan mriksa Reni. Pancen bener prosedhure entheng. Ora krasa apa-apa. Ora nganti setengah jam wis rampung kabeh. Rini ngenteni ibune ana ruang tunggu karo nonton televisi. Bareng arep mbayar ana kasir, ana informasi sing geseh. Maune mung diabani limang yuta, ning kok iki beayane nganti pitung yuta. Ora ana katrangan apa-apa saka kasir. Reni banjur njaluk nomer rekeninge lan ngontak Pak Dhedhi.

"Iki kok beayane dadi sakmene Mas, maune jare mung limang yuta. Nyuwun tulung langsung kok transfer ya." Ana wangsulan liwat WhatsApp saka Pak Dhedhi.

"Ora susah kuwatir, langsung tak kirim iki. Nek uwis langsung istirahat mlebu nang hotel."

"Jane aku isa terus nang bandhara golek pesawat bengi iki nang Semarang."

"Ora sah kesusu. Arep mulih saiki ya ngoyak apa. Istirahat dhisik wae nang hotel. Sesuk mulih Semarang."

Pak Dhedhi pancen katon gemati wektu iku. Dheweke wanti-wanti tenanan supaya Reni istirahat dhisik ana hotel. Ora susah dipikir abot. Kabeh wis beres ora ana sing perlu dikuwatirake. Esuke jam sepuluh wis nang bandhara Halim, numpak pesawat jam 12 menyang Semarang. Tekan Semarang wis dipethuk Yono.

Guneme Yono sabar ngandhani nek wis dienteni Pak Dhedhi.

"Pun dhawuhi Bapak, Bu Reni pun tengga wonten dalem Tembalang."

"Wadhuh anak-anakku dhewe nang ngomah Mas Yono. Tulung mampir ngomah dhisik ya, ngampiri anak-anakku."

"Siyap Bu Reni. Menawi panjenengan mboten kersa dhateng Tembalang, kula ingkang pun dukani Bapak."

"Ya ayo mampir ngomah dhisik."

+++++



BAB 26

Kelangan Biyung

Sakbubare ditinggal tilar donya dening garwane, Pak Kusparmana kahanane sangsaya mundur. Pikirane ora isa teliti lan terang, akeh laline malah kepara sok kaya wong bingung. Angel dhahar lan awake dadi saya kuru, saya garing kaya wong ora kopen. Wiwit nalika isih jaya dadi pejabat ana salah sijining BUMN, dheweke tansah dikancani Bu Malekah. Bu Malekah sing aweh semangat anggone ngayahi kuwajiban. Ditinggal Bu Malekah, kaya wis kelangan sakkabehane, ora duwe semangat urip. Ora isa diselaki menawa Pak Kusparmana pancen sakwijining priya sing setya karo sisihan, ora tau menggak-menggok, apa maneh sesambungan karo wong wadon liya. Akeh priya kaya Pak Kusparmana, sing ora kuwat nandhang sedhik nalika ditinggal sisihan. Sisihan kayadene sumber semangat lan wahyu kanggo ngayahi tugas. Ditinggal bojo, ilang semangat uripe, nglokro.

Ndilalah Pak Kusparmana urip bareng karo anak lanang Agus lan sisihane anyar Mamik, sing ora gemati babar blas karo wong tuwa. Dadi ya tambah nelangsa uripe. Jaman urip karo Reni, kabeh diurus dening Reni, gematine karo mara tuwa prasasat wis kaya karo wong tuwane dhewe. Reni kaget banget nalika niliki Pak Kusparmana sakwetara minggu sakbubare ditinggal Bu Malekah. Kahanan fisik lan psikise Pak Kusparmana wis anjlog banget. Dhahare mung sakanane, kerep mung digawekke mie instant. Kuru aking lan setengah linglung. Pas ditiliki pitakonane marang Reni wis ora gathuk.

"Lha bojomu mau nang endi Ren. Kaya mentas ana kene kok njur ngilang."

"Mboten sisah nggalih kathah-kathah Pak, kangge istirahat kemawon. Dhaharipun ingkang sae"

"Aku ora doyan mangan. Nek esuk sok ditukokke bubur. Mengko awan apa bengi mung mi instan wae. Agus lunga terus."

Rikala semana Reni ngomong karo Mamik lan Agus, mbok sing gemati anggone ngopeni wong tuwa. Nanging Mamik dhewe ya repot ngurusi bocah cilik sing ora sehat. Jarene cacad jantung wiwit lahir. Bola-bali kudu nang dhokter. Agus wis ora duwe wektu ngrumati bapake, akeh lungane golek pangupa jiwa. Senajan ora tau srawung cedhak karo Mamik, Reni rada kaget lan klincutan nalika Pak Kusparmana nggrendem.

"Mantu loro kok meh padha rupa lan pawakane, ning kok beda temen atine, le nggemateni wong tuwa."

Mamik krungu banjur mlengos mlebu kamar, ning Reni isih sempat weling.

"Tulung Bapak diopeni ya Dhik, wong tuwa kari siji, aja nganti kleleran."

Let sakwetara minggu, sing dikuwatirake Reni kedadeyan tenan. Pak Kusparmana tilar donya. Ngerti-ngerti esuk-esuk ditiliki wis ora ana. Bengine jare sambat sesek karo watuk. Acara pemakaman kudu manut protokol Covid-19. Reni, anak-anake, sedulur sedulur dalah tangga-tangga ana Pindrikan mung isa ndeleng saka kadohan. Omah disemprot, sing manggon kudu isolasi suwene rong minggu. Bubar iku wis ora tau ketemu karo Agus lan Mamik. Urip mlaku kanthi protokol kesehatan sing kenceng.

+++++

Sakbubare ditinggal sisihane Iksan, sing lagi rong sasi anggone nikahan, Bu Sri katon menengan ana kantor. Ora tau ngobrol karo Reni lan pegawe liyane. Uga ora patiya nggatekke Pak Efen-di maneh. Bu Sri wis mangerteni, menawa pelanggan Kantor

Notarise, ora mung saka proyeke Pak Efendi, nanging akeh sing digawa dening Reni, saka PT ne Pak Dhedhi sing lokasine ana tlatah Ungaran lan saka paklik Broto garwane Bulik Nunung, sing ana tlatah Ambarawa lan Salatiga.

Pak Efendi tambah anggone ngati-ati, ora sesongaran kaya maune, dumeah wis isa nglebokke Kantor Notaris Bu Sri ana ing proyek pelebaran dalan sepur Ambarawa Kedhungjati. Saiki luwih nyondhoh marang Reni uga marang Bu Sri. Apa maneh nalika wadine kebukak, nek dheweke kuwi dudu dhudha ditinggal mati bojone, anaging statuse isih duwe bojo ana Wuryantoro. Sisihane isih sehat mung pancen cacad sikile amarga tiba saka sepedha motor. Iki uga sing marahi Bu Sri banjur noleh milih nikah karo Iksan, kancane Reni. Reni kerep omong blak-blakan karo Pak Efendi, nek dheweke ora bakal campur urusan pribadhi, nanging urusan gaweyan kantor babagan proyek karo BPN, kudu ditangani kanthi profesional. Reni setengah ngancam menawa dheweke uga duwe kenalan para pejabat BPN. Isa nglaporke Pak Efendi nek nganti ana urusan sing dienggokake.

Bu Sri luwih akeh menenge. Ora gampang rembugan karo Pak Efendi. Mung kala-kala sok nyedhaki Reni, sambat anggone kelangan Iksan sing ditresnani. Ora maido, senajan mung sedhela ning wong pancen wis urip bebojoan. Mesthi talining batin ya kuwat. Reni isane ya mung ngerih-erih.

“Kudu ikhlas Bu Sri, kabeh wis ana dalane dhewe. Iksan wis urip tentrem ana kalanggengan. Ora susah digelani.”

Tanpa disadhari sok ana rasa kuwatir nang atine Reni, gek-gek ditinggal donya Iksan, Bu Sri bakal bali sesambungan maneh karo Pak Dhedhi. Ning kayane kok ora mangkono. Pak Dhedhi kadhangkala tilpun Bu Sri, ngabarake anak-anake wae Ira karo Ani. Malah Pak Dhedhi luwih kerep tilpun Reni katimbang Bu Sri, kerep ngajak ameng-ameng wayah sore ana pesisir.

+++++

Senajan wis pisah karo Agus, Reni isih panggah melu WhatsApp grup brayat saka simbahe Agus, Mbah Kaji Syahal Yasin. Ora isa ninggal ngono wae amarga pancen wis krasa cedhak anggone pasuduluran. Agus malah ora melu nang grup iku nanging duwe grup dhewe karo kanca-kancane, klebu karo grup keagamaan. Grup keagamaan iki sajake primpem anggone nyidhem kagiyatane. Kudu setor dhuwit kanggo sumbangan. Ning Reni ora mikir babar pisan wis dudu urusane dheweke. Urusane Agus.

Sakwijining dina ana nak ndulur sing ngabarake menawa Agus lagi nampa coba abot. Anake sing umur-umurane lagi sakwetara sasi dikabarke tinggal donya merga kelainan jantung gawan lahir. Jane wis dipriksakke lan diupakara dening dhokter ahli jantung anak, ananging pranyata Gusti Sing Gawe Urip ngersakake liya. Reni ora ngerti babarpisan le ngubur ana ngendi, omahe ana ngendi amarga Agus karo Mamik wis pindhah kontrakan maneh. Mung sing rada gawe kagete nang jejaring grup WhatsApp mau kok ana sing nulis.

"Mbok Agus ki pisah karo Mamik, bojone saiki lan balen karo Reni wae."

Akeh tandha jempol saka sedulur-sedulur klebu saka Bu Nunung Magelang, adhike Bu Malekah almarhum. Reni mung unjal ambegan. Dheweke ora bakal balen karo Agustan Saryadi. Wis cuthel ora isa dirembug maneh. Malah nang njero atine, tanpa sadhar rumangsane dheweke kaya-kaya wis dadi sisihane Iksan nanging banjur ditinggal mati. Gelane ora kaya-kaya, mbok maune upama dheweke sing nikah karo Iksan, mbok menawa Iksan isih urip nganti saiki. Geneya wektu iku dheweke ora nyoba ngendhegake rikala Bu Sri blak-blakan ngomong arep nikah karo Iksan. Gelane tekan njero ati nganti saiki. Nggawa beban rasa kayadene dadi randhane Iksan.

+++++

Esuk uthuk-uthuk ana tilpun mlebu, saka Mbak Heni. Gawe lan kagete prasasat kaya disamber bledheg. Ibune, Bu Maslikah, wis

bali sowan ing ngarsane Gusti. Serangan jantung dadakan esuk iki mau. Lagi wae bubar sholat subuh, bali posisi sujud ning ora tangi maneh. Sing ngonangi asisten rumah tangga.

"Aja dadi kagetmu ya Dhik. Ibu wis bali sowan ing ngarsane Gusti, esuk iki mau." Reni njerit-njerit sajak ora percaya. Bareng wis ngombe banyu anget sing menehi Rini, anake, dheweke lagi isa nata atine.

"Ana apa ta Mbak. Rumangsaku ibu ora tau sambat."

"Iya Dhik aku ya mentas ketemu sakwetara dina kepungkur. Saben dina mesthi tilpun. Wis sakwetara dina iki kok mesthi sambat kesel banget. Karo dhadhane krasa abot. Wis mertambanang Puskesmas."

"Terus rencanane dina iki pye Mbak Heni."

"Aku isih durung bisa mikir. Ngenteni Mas Afandi, sedhela engkas teka wis tak kabari. Aku esuk iki tak ngabari sedulur-sedulur."

Rini, Reza karo Mimi banjur digugah lan diwenehi weruh menawa Eyang Maslikah wis seda. Karo nangis sesenggrukan, Reni banjur tilpun Pak Dhedhi Arman, ngandhani menawa lagi kesripahan ibune, seda dadakan lagi wae. Pak Dhedhi ndherek belasungka-wa lan ndhawuhe sopire, Yono, supaya ngeterke Reni sakkeluwarga menyang Salatiga, esuk iku uga.

"Yono iki nuju nang nggonmu, ben ngeterke sliramu karo bocah-bocah nang Salatiga esuk iki. Mobil karo sopir ben nang kana dhisik, nggonen ora susah pekewuh."

Esuk iku uga Reni karo anak-anake budhal nang Salatiga nganggo mobile Pak Dhedhi. Tekan Salatiga isih esuk banget jam setengah enem. Omahe ibune ana Cebongan wis dipasang gendera putih. Tangga-tangga padha sibuk masang tendha. Reni karo anak-anake langsung marani kunarpane Bu Maslikah. Ora kuwat nahan tangis, Reni karo anak-anake ngarasi suryane Bu Maslikah. Katon lerem mesem, mung katon menawa nandhang kesel. Meruhe praupane ibune sing katon sayah banget, Reni rumangsa gela, kena apa kok wingi-wingi ora pindhah wae nang Salatiga, nglakokke usahane ibune.

Ibune wis kepara sepuh wis wayahe leren, puluhan tahun wis bantingan ngurusi usaha konveksi, wiwit nalika Reni karo Heni isih cilik, nalika Pak Harno ninggalake tanggung jawab kepala keluarga lan rabi maneh karo wanita sing luwih enom. Bu Maslikah minangka ibu tunggal, berjuwang kanggo nggulawentah lan nyekolahake anak wedok loro, Heni karo Reni. Reni rumangsa dosa, rumangsa gela nglirwakake welinge ibune, dikon mulih usaha ana Salatiga nglakokke usaha konveksine. Babar pisan durung bisa mbales perjuwangane ibune.

Pak Harno, bapaké Reni, karo sisihane ya layat lan belasungkawa marang Mbak Heni karo Reni. Nanging Reni saya tambah sedhik lan keranta-ranta meruhi Bapaké karo sisihane ana ing antarane para pelayat.

"Sing tabah ya Ndhuk, Heni karo Reni, muga-muga ibumu ditampa karo Gusti ana alam kelanggengan." Reni mangsuli karo nangis. *"Ibu wis kepenak Pak, uwal saka nandhang sedhik sing ora ana enteke. Wis tentrem ana alam kelanggengan."*

Acara pemakaman mlaku kanthi lancar. Bu Maslikah disarekke nang pemakaman keluarga ana tlatah Cebongan. Dikumpulake karo pasareyane para leluhur, Bapak, Ibu sarta Eyang-Eyange. Rasane nggrantes meruhi jasade ibune wis disarekake ana sandhinge Eyange. Kaya-kaya bali maneh kumpul dadi siji karo Rama Ibune, sambat anggone nandhang sedhik saklawase ana ngalam donya. Nalika Bu Maslikah ditinggal Pak Harno, Eyang kakung karo Eyange Putri isih sugeng, melu ngrasakke sedhihe Bu Maslikah. Saiki kabeh wis kumpul, kari dheweke karo Mbak Heni sing wajib nglestarekake tinggalane leluhur, ya nggedhekeke lan nggulawentah anak-anake. Mbah Heni uripe luwih mapan, seneng tentrem karo sisihane Mas Afandi. Dheweke janji nang njero atine arep nerusake perjuwangane ibune nganti rampung, nglestarekake usaha konveksine.

Agustan Saryadi, manten sisihane ora ketok ana acara pemakaman. Mung ana welingan WhatsApp, wose ngucapke ndherek

bela sungkawa. Ana rasa gela lan ngendhelong nang atine Reni. Nganti wektu-wektu pungkasan Bu Maslikah isih menggalih piye carane nulungi usahane Agus, nganti ditawani pindhah Salatiga lan diwenehi modhal nggo pindhahan seket yuta. Kok bareng ibune tilar donya babar pisan ora ana kawigaten. Dipupus wae, ora ana apike digelani. Kabeh wis ana dalane dhewe.

Mung nalika ditilpun Pak Dhedhi, dheweke sambat nek isih bingung arep ngapa.

"Dinggo istirahat dhisik Dhik Reni. Awakmu lagi kesusahan. Ora susah kesusu mikir gaweyan. Mengko dirembug kanthi sareh nek wis rampungan anggone kesripahan."

"Iya Pak Dhedhi, aku pengin leren sakwetara dina ana Salatiga. Bocah-bocah wae ben mulih dhisik nang Semarang."

"Iya Yono kok kandhani butuhe kapan lan arep menyang endi, ben dheweke siyap sakwayah-wayah."

Reni pengin leren dhisik. Ning wis mantep nek kudu neruske usahane ibune. Kudu pindhah menyang Salatiga. Mungkin karo nggenteni unggah-unggahan kelas bocah-bocah. Kelangan biyung kayadene kelangan katresnan, kelangan pengayom.

+++++





BAB 27
Langite Tetep Mendhung

Sakploke ditinggal ibune, Ibu Maslikah kanthi dadakan, Reni nandhang tekanan batin sing ora sakbaene. Banjur pamitan apik-apik karo Bu Sri, menawa arep bali manggon nang Salatiga kaya welinge ibune pas isih sugeng. Dheweke alon-alon neruske usaha konveksine almarhum. Lagi isa ngrasakke abote ngurusi usaha konveksi. Mula rikala isih sugeng, Bu Maslikah asring sambat supaya Reni enggal pindhah wae menyang Salatiga karo mbantu ngurusi usaha konveksi iku. Nanging kabeh wis kasep. Ora isa dibaleni maneh.

Wektu mlaku kanthi ajeg, ora ana mandhege. Wong mlaku nang dalane dhewe-dhewe. Ora dirasa wis sakwetara taun iki Reni ditinggal ibune, wis luwih telung taun. Nanging rasa gelane dene ndhisik ora manut penjaluke ibune, isih ngendhelong ana jroning ati. Upama dheweke wektu iku manut pindhah nang Salatiga, mbok menawa ibune isih sugeng nganti saiki. Ibune kabotan dhewekan ngurusi usaha iku. Nganti direwangi ngedhunke duwit modal seket yuta marang Agus, karepe ben gelem pindhah usaha ana Salatiga, kok malah ilang gusis. Kapusan karo mantune dhewe wektu iku. Reni sangsaya sedhik lan trenyuh menawa ngelingi prastawa iku. Ora kendhat anggone dedonga lan nyekar sareyane ibune. Nggawa kembang klengenane ibune rikala isih sugeng, sedhep malem, mawar karo melathi. Dongane kanggo ibune, muga-muga anak-anake isa urip tentrem ing tembe mburi.

"Ibuku sing tak tresnani. Muga-muga ibu tansah kaparingan katentreman ana ing alam kalanggengan ana ngarsane Gusti. Matur nuwun banget panggulawentahe ibu marang aku lan bocah-bocah. Nyuwun pangestu muga-muga anak-anakku isa urip tentrem lan seneng ing tembe mburi ya Bu. Aja nganti nurun nasibe awake dhewe. Ibu ditinggal bapak rikala aku karo Mbak Heni isih cilik. Aku kudu pisahan karo Mas Agus, amarga katut wong wadon liya. Kok kaya nasib turun-temurun ya Bu. Muga-muga anak-anakku aja nganti ngadhepi lelakon kaya lelakonku. Sungkem lan sayang Ibu."

Mung merga anak-anake, Reni isih semangat nyambut gawe, ben anak-anake isa rampung sekolahe. Anake mbarep wis kelas telu SMA, jare pengin neruske sekolah ana Yogya. Bakal butuh dhuwit akeh kanggo mondhok lan keperluan sekolah. Semono uga Reza karo Mimi, senajan sekolahe ora mondhok, nanging tetep ana kebutuhan sing kudu disedhiyakke. Reni semangat anggone nyambut gawe ya mung merga pengin anak-anake isa kasil lan urip seneng ing tembe mburi.

Dheweke malah wis ora mikir awake dhewe arep ngapa. Umure wis ana tengah-tengah patang puluhan, arep ngapa maneh. Wis ora tau mikir maneh. Senajan akeh priya sing nggodha lan pengin nyedhak, ora tau digape. Ora maido, amarga dedeg piyadege gagah teji, rupane uga ayu tansah narik kawigatene priya. Wis umum priya ki, embuh serius embuh mung iseng, menawa ana randha enom tur seksi mesthi ketarik lan gawe ulah golek kawigaten.

+++++

Sesambungane karo Bu Sri isih panggah apik. Pas pamitan sepisanan ya rada ana kahanan ora kepenak. Bu Sri isih sedhik ditinggal donya sisihane sing lagi wae anggone nikah, Iksan. Rada kegelan nalika Reni pamitan arep pindhah bali ana Salatiga. Bu Sri njaluk supaya aja ditinggal ngono wae. Para pelanggan wis kadhung kulina karo Reni. Uga punggawa-punggawa kantor

pamarentah wis akeh sing ditepungi Reni. Ora kangelan menawa ngurus ijin. Kok dadakan Reni arep ninggal. Nganti sakwetara sasi suwene Reni isih wira-wiri bali nang Semarang mbiyantu Kantor Notaris Bu Sri, paling ora rong dina seminggune.

"Aja ditinggal ngono wae ya Mbak Reni. Aku durung kuwagang ngurus sakkabehane. Karo awakmu kudu marahi sing ngganti."
"Iya Bu Sri, aku wulan-wulan iki tak wira-wiri dhisik, ngendhang urusan Kantor Notaris. Anak-anakku ya ngenteni le unggah-unggahan le pindhah nang Salatiga."

Bareng Reni wis pindhah manggon ana Salatiga, Bu Sri katone ya banjur raket maneh karo Pak Efendi. Reni nyipati sesambungan antarane Bu Sri karo Pak Efendi, nalika isih wira-wira menyang Kantor Notaris nang Semarang. Nanging wis ora digape maneh. Dudu urusane. Wektu semono dheweke ya ngrasakke gela, mentas ditinggal mati Iksan, kok cepet temen anggone raket maneh karo Pak Efendi. Mbok menawa ya kahanan sing marahi. Reni wis ora ndhampingi Bu Sri saben dinane ana kantor. Anane ya mung Pak Efendi, mula isa bali raket maneh karo priya sing isih duwe bojo iku. Bu Sri nate omong blak-blakan karo Reni jaman semana.

"Mbak Reni, aku butuh ngomong blak-blakan karo awakmu. Embuh omonge wong kepriye, aku kok mantep mbaleni sesambungan karo Pak Efendi. Aku arep nikah resmi karo dheweke."
"Sumangga Bu Sri, aku ora wenang ngaturi. Kabeh gumantung marang Bu Sri lan Pak Efendi. Mung pitakonanku, kok ora sida balen karo Pak Dhedhi?"

"Wis tak pikir-pikir Mbak Reni, ketoke kok luwih logis nek aku karo Pak Efendi wae, kanggo urusan gaweyan uga, senajan Pak Efendi ki jan-jane isih ana sisihan ana ndesa. Ning isa diatasi kanggo proses nikah mengko. Aku ora mantep balen karo Pak Dhedhi, dheweke seniorku, mantan dhosenku. Upama ana wong liya sing arep urip bareng karo Pak Dhedhi aku ya ora perduli."

Reni kaget rikala semana krungu rembuge Bu Sri, kaya-kaya kok

nyindhira sesambungane dheweke karo Pak Dhedhi. Ning ya ora susah dipikir dawa. Dheweke karo Pak Dhedhi cedhak, ning durung ana putusan apa-apa saka dheweke. Sesambungan raket biyasa.

Bareng Reni pindhah Salatiga, dheweke malah cedhak karo Bu Rahmini, ibune Iksan. Kaya entuk ganti wong tuwa. Tansah ngendhanghi Bu Rahmini, karo ngawat-awati anggane ngurusi usaha perhiasan sing ditinggal Iksan. Bu Rahmini senajan wis sepuh, ora kikuk ngurusi usaha perhiasan, amarga jaman enome wis biyasa ngurusi usaha iku karo sisihane ya bapake almarhum Iksan. Bu Rahmini seneng asring diendhanghi Reni, kancane cedhak putrane.

"Mbak Reni, aku seneng dene awakmu asring ngendhanghi aku rene. Ning aja nganti dadi sanggan kanggomu ya."

"Mboten babar pindhah ibu. Panjenengan kula anggep sulihipun ibu kula. Panjenengan taksih sehat sanget lan tlatos sanget ngawasi perusahaan. Mugi-mugi mboten kawraten menawi kula asring sowan."

"Ora babar pisan Mbak Reni, malah seneng nek awakmu asring ngendhanghi aku rene. Wolak waliking jaman. Keluwargamu, bapakmu, karo bapake Iksan almarhum, ndhisik seneng saingan usaha. Saiki awake dhewe wong wadon saka generasi beda, malah isa rukun."

"Kasinggihan ibu. Perusahaan ibu sampun kagungan sistem langkung-langkung mapan. Sampun saged mlampah piyambak. Usaha ibu almarhum taksih kedah pun kiyati ibu."

Reni malah rumangsa kelangan banget ditinggal donya Iksan. Dheweke isih asring nyekar ngancani Bu Rahmini. Atine Reni kaya ora isa ditinggal Iksan, senajan nyatane dheweke maunung mung kanca raket biyasa, dudu randhane Iksan. Randhane Iksan, Bu Sri wis urip seneng karo bojone saiki, ya Pak Efendi. Rasane kaya-kaya dheweke sing dadi randhane Iksan.

+++++

Pak Dhedhi tetep urip legan. Durung ana rencana arep krama maneh. Mung akeh kanca putri. Kanca biyasa, platoonik, ora ana sesambungan asmara utawa fisik. Mung kanggo tamba sepi ing kalane nganggur saka kesibukan bisnise. Pak Dhedhi uga krungu menawa manten sisihane, Bu Sri, sakbubare ditinggal donya sisihan sambungane Iksan, banjur nikah maneh karo Pak Efendi. Babar pisan ora gawe gelane Pak Dhedhi. Dheweke ya sadhar menawa wis ora bakal isa urip karo Bu Sri. Yakin menawa sing jenenge Efendi iku ora bakal isa madhani dheweke, nyukupi butuhe Bu Sri. Senajan akeh wanita liya sing nyedhaki Pak Dhedhi, dheweke ora ana krenteg babar pisan arep omah-omah maneh. Nanging bareng ketemu Reni, banjur kenthel ora isa pisah apa dene nglalekake. Reni ngerti banget aten-atene Pak Dhedhi, kapan kudu nyedhak lan aweh dhukungan, kapan kudu ngadoh. Pak Dhedhi mung ngantu-antu, kapan Reni gelem dijak omah-omah bareng. Gelem diajak liburan, gelem cedhak kepara raket banget, ning angger ditakoni diajak urip bebrayan kok mesthi ana wae alasane. Apa wae dinggo alasan.

Reni saiki wis ana Salatiga, nanging ora ngalang-alangi anggone sesambungan. Kerep kontak karo Reni, liwat WhatsApp. Asring Reni dipapag sopire Pak Dhedhi supaya teka nang Semarang, makan malam bareng, apa lelangen ana pesisir, apa nginep nang omah Tembalang utawa omah Kawi. Sore iku Pak Dhedhi ngundang Reni supaya liburan nang Semarang wae, ngajak anak-anake pisan Rini, Reza karo Mimi. Rini karo Reza wis ana esema, Mimi wis meh lulus Sekolah Dhasar. Dene Ira karo Ani, uga wis ana esema. Sakwise ibune, Bu Sri, nikah karo Pak Efendi, Ira karo Ani, banjur ngedoh saka ibune, luwih cedhak ngancani bapake.

Dina Setu sore, Yono sopire Pak Dhedhi wis siyap ana omah Cebongan Salatiga. Perlu methuk Reni karo anak-anake lunga arep nginep nang Semarang. Nuju neng omahe Pak Dhedhi ana Tembalang. Rini, Reza lan Mimi seneng banget amarga bakal ketemu Ira karo Ani. Wis janji bengi iku arep dolan nyang

mall ana Simpang Lima. Jam papat sore wis teka ana Tembalang. Bocah bocah banjur padha njegur kolam renang ana taman mburi omah. Swarane rame saking senenge. Bocah-bocah katon rukun, seneng wis sakwetara wektu ora ketemu. Ira karo Ani wis ora njupuk les maneh karo Reni. Nanging loro-lorone rumangsa wis cedhak banget karo mantan guru les-e iku. Nek curhat prasasat kaya karo ibune dhewe. Pak Dhedhi karo Reni, lungguhan ana berandha pekarangan samping. Sinambi ngunjuk teh karo gedhang goreng sing diladekke Bik Yah. Mung ana asisten rumah tangga Bik Yah karo jagabaya ana omah kono.

"Piye dik Reni, urusan usaha konveksimu lancar-lancar wae ta?"
"Pangestune Pak Dhedhi, kabeh lancar pesenan teka terus, malah wis tekan Malaysia barang. Mung rada keponthal-ponthal le nyukupi."

"Mbok ora susah ngundang Pak, njur aku rumangsa tuwa banget. Ning ana sing mbantu awakmu ta nggo urusan konveksi kuwi?"
"Ya ana sih, ning kan kudu nyinaoni. Aku ya sinau saka wiwitan. Mung sok sedhik nek kelingan almarhum ibu ndhisik. Bola-bali ngajak aku pindhah nyambut gawe nang Salatiga, karo ngewangi ngurusi konveksi. Ibu wis ora kawogan anggone ngurus. Wis pengin leren, ning aku ora tanggap."

"Ya ora susah digelani. Wis liwat. Ibu wis tenang ana alam kelanggengan. Wis punjul telung taun aku ngenteni awakmu, aja mbok tundha-tundha anggonmu njawab, mundhak kepancal kaya karo penjaluke ibu. Aku ya pengin banget kok kancani. Anak-anakku, Ira karo Ani mesthi seneng banget. Wis nganggop awakmu kaya ibune dhewe."

"Matur nuwun Mas. Aku isih abot arep mutusi saiki. Akeh pertimbangan sing kudu dipikirke"

"Pertimbangan apa maneh kuwi?"

"Ana sakwetara sing penting. Saiki anak-anakku karo Ira lan Ani, prasasat wis raket kaya sedulur kandhung. Nek awake dhewe nganti nikah resmi, kan kaya-kaya malah mecah status bocah-bocah."

"Lha kok isa kepriye? Ora bakal ana masalah antarane anak-anak-

ku karo anak-anakmu. Kabeh wis tak pikir jero, lan wis tak pas-rahke marang Notaris lan Pengacara Hukum nek mbok menawa ana apa-apa. Terus ana apa maneh?"

"Rumangsaku urip kaya saiki kanggoku wis kepenak banget. Awake dhewe karo bocah-bocah bisa ketemu saben wektu. Bu Sri nate kewetu nek dheweke ora ana rasa serik babar pisan menawa aku cedhak karo njenengan."

"Iya bener, ning urusane wis ora gegayutan karo Dhik Sri, prekarane antarane aku karo awakmu, nek wis padha senenge, padha mantepe arep ngenteni apa maneh? Aku wis ngenteni luwih telung taun."

"Bares Mas, atiku isih durung bisa nglalekake Iksan. Aku dudu randhane Iksan. Aku yakin rikala semana dheweke pengin urip bareng karo aku. Bareng ora takanggapi banjur gathuk karo Bu Sri. Nuwun sewu Mas Dhedhi, nganti kapan aku isa ngalekkke Iksan. Padha gelaku nalika nglirwakke dhawuhe ibu almarhum, uga nglirwakke tresnane Iksan marang aku karo anak-anakku."

"Wektuku mbok menawa ora dawa Dhik. Mula aku pengin banget awakmu isa ngancani urip bareng karo aku karo bocah-bocah."

"Lha saiki awake dhewe kurang apa ta Mas. Wis cedhak, kapan kangen bisa ketemu, bareng karo bocah-bocah. Ora terikat. Apa isa nambah tentrem upamane awake dhewe resmi bebrayan?"

Rembungan nganti wengi. Nganti bocah-bocah mulih saka dolan nang mall, wong loro isih glenikan nang berandha samping. Dielingke karo Bik Yah, menawa wis disiapake dhahar bengi ana ruang makan. Wong loro alon-alon anggane tuntunan pindhah nang ruang makan. Dhahar kembul wong loro, masakane Bik Yah karemane Pak Dhedhi. Tahu kupat seger. Reni mung nurut wae. Bubar makan malam mlebu nang ruang tengah. Bocah-bocah padha nonton film ana kamar. Ngerti menawa Pak Dhedhi karo Reni wis ana ruang tengah, siji-siji padha marani pamit arep nang kamar, karo ngrangkul Pak Dhedhi lan Reni.

"Apa awakmu ora krasa seneng lan trenyuh ta Dhik, dirangkul anak-anake dhewe pamitan arep dha mlebu kamar."

"Ya jelas seneng ta Mas. Mula pitakonku wong wis kepenak kaya ngene, guyup rukun, kena apa ndadak ganti status. Apa kudu mangkono?"

"Kanggoku kok penting, ana ikatan resmi. Awake dhewe bareng bebrayan momong bocah-bocah nganti rampungan."


"Aku durung isa gawe putusan Mas. Isih butuh wektu kanggo nata uripku. Aku pengin nerusake usaha konveksine ibu, aja nganti mandheg. Aku uga isih pengin cedhak karo Bu Rahmini, ibune Iksan. Rasaku cedhak banget sakwene ditinggal ibuku."

"Ora susah dipikir abot. Kabeh mengko isa diatur. Semarang-Salatiga ora adoh. Awakmu isa wira-wiri nang Salatiga ngawasi. Ben dilakokke wong liya. Sesambungan karo Bu Rahmini isa terus lestari, aja khuwatir. Gumantung awakmu arep akeh nang Semarang apa nang Salatiga."

"Matur nuwun Mas Dhedhi, aku nyuwun wektu sedhela maneh ya. Tak suwun panjenengan kersa sabar sithik maneh. Wektu iku mesthi bakal teka, awake urip bebrayan, ning aja saiki, aku durung siyap."

Wong loro banjur gandhengan mlebu kamar gedhe. Bareng turu kebak impen sing endah. Mung ngenteni wektu sedhela maneh anggone bakal resmi urip bebrayan. Wektu iki Reni durung siyap. Uripe prasasat isih kasaput mendhung angendanu. Pak Dhedhi senajan wis ora kanti, isih tetep sabar ngenteni wangsulane Reni.

"Anisah Anggraeni, aku mung ngenteni wangsulanmu. Uripku mung kanggo awakmu, karo anak-anake dhewe. Aja nganti kok lirwakke penjalukku, mumpung isih ana wektu kanggo urip bebrayan bareng."



Bumfor
2022

+++++



BAB 28

Langite Wiwit Sumilak

*W*is sakwetara taun Reni ngupakara usaha konveksi neruske ibune almarhum. Wis sangsaya ngrembaka bareng kerep melu pameran, sing dianakake dening sakwijining bank nasional kanggo nyengkuyung usaha kecil. Wis tau melu pameran ana Bali, ana Yogyakarta, lan ana Jakarta. Maune ya rada tida kok ndadak melu pameran apa ora malah marahi repot. Nanging bareng melu sepisan, pesenan pakeyan Islami, uga taplak lan seprei bordiran tambah ajeg lan akeh. Mula Reni isa nggedheka-ke kanthi nambah mesin lan nambah tenaga. Saiki tenagane wis ana wong selawe. Proses prodhuksi lan pemasaran padha-padha lancare. Mung isih perlu mbangun sistem manajemen sing luwih kuat. Prasasat ora ana kesempatan mikir awake dhewe, kabeh mung disokke kanggo nyengkuyung usaha tinggalane almarhum Bu Maslikah.

Bareng urusan perusahaan konveksi wis kepara mapan lagi wiwit isa mikir urip pribadhine. Wis ora kurang sakwijiji apa. Anake mbarep, Rini wis mlebu ana pamiyatan luhur Gadjah Mada ing Ngayogyakarta, Fakultas Ilmu Budhaya. Mondok cedhak kampus. Ora kendhat anggone tansah wanti-wanti marang anake wedok, supaya ati-ati anggone srawung ana paran. Senajan katelah Kutha Budhaya, ora kurang-kuranga kedadeyan sing suwalike karo budhaya adiluhung ana tlatah Ngayogyakarta. Kedadeyan kaya klithih, tawuran, copet ana panggonan kerameyan, obat-obat larangan lan sakpanunggalane asring tinemu ing

tlatah Ngayogyakarta. Angger tilik Rini, ora lali tansah aweh wejangan supaya ati-ati.

"Rini, Ndhuk anakku, awakmu kudu tansah ngati-ati anggonmu srawunganaparanya. Akeh wisuna, akeh kedadeyan sing ndrawasi ana kutha Ngayogyakarta."

"Iya Bu, aku wis mahasiswa. Ngerti endi sing ala lan endi sing apik. Aku tansah ngati-ati srawung karo kanca."

"Aja katalompen ya Ndhuk, ora gampang kaya nang omongan. Reribed isa teka sakwayah-wayah. Ana wong gampang keterak wisuna amarga gegayutan karo prastawa sing wis kepungkur."

Rini saya ora mudheng omongane ibune. Kok mung tansah was-was saka dina-dina.

"Aku ora mudheng Ibu, kok gegayutan karo kedadeyan sing wis kepungkur ki piye ta genahe?"

"Simbahmu sing ana Salatiga, Eyang Harno, ya bapakku dhewe rikala isih timur, usahane kemasane banget anggone moncer. Jamane semane prasasat dadi saudagar sugih nang Salatiga. Merga dhuwite turah-turah asring motangke dhuwit kanggo modhal usaha para pawongan cilik. Salah sijine wong sing utang, sakwijining petani kanggo modhal nandur pari. Ning sawahe puso, ora panen wola-wali. Numpuk utange banjur osa isa mbalekke. Wong tani mau masrahke anake sing isih umur limalas taun, supaya dirabi karo Eyang Harno, kanggo nglunasi utange. Eyang Maslikah almarhum ora isa nampa, banjur pisah. Ngopeni aku karo budhe Heni."

"Lha sambung rapete karo aku apa ta Bu?"

"Ngene lo Ndhuk, kabeh prastawa ki ana karmane. Awakmu bocah wadon, aja nganti kesiku kena karma saka Eyang Harno. Aku karo Bapakmu rumangsaku apik-apik wae kok dadakan Bapakmu ninggal lunga tanpa pamit, urip karo wong wedok liya."

"Apa ana sambung rapete karo aku ta Bu?"

"Ngene lho Ndhuk, aku mung njaluk awakmu supaya ngati-ati. Aja pisan-pisan nganti salah srawung karo priya. Awakmu mbok menawa isih nggawa sepata karmane Eyangmu anggone ninggal Eyang Maslikah. Ngrabi bocah wadon sing ora duwe daya

kanggo nyarutang utange wong tuwane. Gusti lan alam semesta nyekseni kaculikaning menungsa. Piwales bakal teka ing mbesuke."

"Injih Bu, aku tansah bakal ati-ati. Aku kurang percaya karma kuwi. Bapak urip karo wong wadon liya, ya merga kepencut mesthine. Mung alasan wae jare kanggo tirakat kaya kandhane Kyaine. Aku wis kuliah, srawung kanca akeh. Ngerti banget kelakuwane wong lanang nek arep selingkuh, alasane isa apa wae."

Batin atine Rini ora percaya ana karma temurun iku. Mbok menawa ya mung kedadeyan barengan sing jane ora ana sambung rapete. Nanging dheweke mung meneng, mundhak gawe pikiran ibune. Wis sakwetara taun ibune bantingan nyambut gawe dinggo bea sekolah dheweke karo adhi-adhine.

+++++

Pak Dhedhi sakwise pisah karo Bu Sri, tetep urip dhewekan. Bu Sri tanpa kanyana wis omah-omah maneh karo Pak Efandi, sing jane iya isih duwe sisihan ana ndesa ing tlatah Wuryantara. Pak Dhedhi mung ngarep-arep Reni, krenteg omah-omah maneh mung nek karo Anisah Anggraeni. Nanging senajan wis kerep runtang-runtung bareng, kerep nginep bareng, Reni isih durung gelem menawa arep resmi dinikahi dening Pak Dhedhi. Ana wae alasane, endi sing isih durung bisa nglalekake almarhum Iksan kancane sing wis almarhum, endi sing kuwatir mundhak marahi congkrah antarane anak-anake dhewe karo anak-anake Pak Dhedhi, Ira karo Ani.

Alasan maton ngapa kok durung gelem dinikahi Pak Dhedhi ora cetha. Mung tansah ragu-ragu. Menawa ndeleng kahanane Pak Dhedhi sing brewu bandha turah-turah, dedeg piyadeg gagah ora kurang yen sinawang, mokal ana wong wadon nganti nolak dilamar Pak Dhedhi. Malah akeh wanodya sing nyoba nyedhaki, ning ora tau digape, mung dilayani kanthi entheng. Pancen dheweke seneng srawung karo wong wadon kanggo seneng-seneng. Wis dadi watake. Padha senenge, padha lilane, tanpa ikatan. Mung

seneng-seneng dolan bareng tanpa janji apa-apa.

Nanging karo Anisah Anggraeni, dheweke pengin nikah resmi. Kudu ana ikatan resmi menawa durung bisa nikah. Ora cukup mung dolan bareng, nginep bareng, makan malam bareng. Kirim weling marang Reni.

"Dhik Reni, wis sakwetara wektu aku ngenteni wangsulanmu sing maton. Piye genahe awake dhewe? Apa bisa dirembug sepisan maneh?"

"Iya Mas Dhedhi, aku Setu iki arep niliki anakku Rini nang Ngayogyakarta, durung bisa ketemu."

"Ngene wae, Jumat sore tak kancani lunga Ngayogyakarta, tak ampiri. Bocah-bocah diajak sisan."

"Ora apa-apa Mas, aku wis kangen Ira karo Ani. Rini mesthi seneng ketemu Ira karo Ani."

"Apa ora kangen karo bapakne?"

"Awan bengi tansah tak kangen panjenengan Mas Dhedhi."

Dina Jumat sore, Pak Dhedhi karo Ira lan Ani, ngampiri Reni karo anak-anake, Reza lan Mimi, lunga menyang Ngayogyakarta. Jam papat wis teka ana Cebongan, Salatiga. Reni karo anak-anake wis siyap. Pak Dhedhi, Ira karo Ani, diterke sopire, Yono. Nganggo mobil rada gedhe, Mercy Wagon, ben isa kamot kabeh.

Ketemu Ira karo Ani, Mimi karo Reza senenge ora jamak. Mimi ngrangkul Ira karo Ani gentenan, terus gapyuk anggone crita. Ira karo Ani seneng ndeleng pekarangan sing edhum kebak wit-witan. Pak Dhedhi medhun alon-alon saka mobil, ngrangkul Reni karo omong pengin ndeleng kahanane panggonan produksi konveksine. Mung sedhela anggone nonton, wis lumayan tatanane. Nanging isih kudu diapikke fasilitas kanggo buruh, nek arep melu ekspor nang Eropa.

"Dhik wis cukup apik sarana prodhuksine. Mung fasilitas kanggo karyawan, kaya toilet, kamar mandhi, jendhela, ruang makan/minum perlu diapikke."

Budhal menyang Yogya liwat Kopeng. Mobil mlaku alon-alon, sinambi nikmati pemandhangan alam sakdawaning dalan ing pereinging Gunung Merbabu kang endah lan asri. Tekan Ngayogya wis meh jam nem sore, terus mlebu hotel ana tlatah Palagan. Hotel Hyatt sing jembar lan asri. Reni terus diterke Pak Yono methuk anake Rini, ana pondhokane ing tlatah Karangwuni. Jane Rini arep diajak kanca-kancane sakjurusan wengi iku, diskusi prekara sejarah kuna tlatah Mataram. Nanging dheweke wis pamit ora isa melu merga ibune teka saka Salatiga.

Wengi iku kumpul makan malam bareng ana tlatah Palagan, akeh kafe lan rumah makan apik sing isa dipilih. Padha makan malam sedhela banjur mulih menyang hotel. Pak Dhedhi ngandhakake menawa wengi iku pengin kumpul-kumpul ana hotel, ana wigati sing perlu dirembug. Jam setengah sanga bubar saka rumah makan, banjur ngumpul ana kamare Pak Dedhi. Ana ruang pertemuan sing omber amarga manggon ana kamar *Presidential Suite*.

"Dhik Reni karo anak-anakku kabeh. Ira, Ani, Rini, Reza karo Mimi. Ana sing perlu tak omongke karo awakmu kabeh wengi iki. Tak jaluk Ibu Reni ora kabotan menawa aku mbukak prekara iki karo anak-anakku, Ira karo Ani, lan putra-putrimu, Rini, Reza karo Mimi."

"Ana wigati apa ta Bapak Dhedhi, kok sajak penting banget ki." Reni semaur sajak gumun.

"Pancen prekara wigati, kanggoku karo anak-anakku, uga kanggo putra-putrimu Dhik Reni. Aku wis tuwa, wis suwe anggonku ngenteni wangsulanmu." Pak Dhedhi semaur karo unjal ambe-gan dawa. Katon menawa dheweke nahan perasaane.

"Anak-anakku kabeh sing dak tresnani. Aku pengin omong blaka-suta karo awakmu kabeh. Wis arep ngungkap diwasa, mesthine isa ngerti prekara sing bakal tak rembug iki. Aku karo ibumu, Bu Reni wis sesambungan batin sakwetara taun. Kabeh mesthi wis padha ngerti. Mbok menawa padha takon, kok Bapak karo Bu Reni tansah mung runtang-runtung wae ana apa?"



Pak Dhedhi mandheg sedela anggone guneman karo unjal ambegan. Kanthi sareh diteruske rembugane.

"Wis wiwit udakara patang taun kepungkur, jane aku wis nari Bu Reni, tak jak nikah urip bebrayan momong anak-anakku kabeh. Nanging Bu Reni tansah semaya, jare durung siap. Iya ngono ta Dhik Reni." Reni kaget nalika didadak pitakonan kaya ngono, dheweke ora siap njawab sakjane.

"Iya Pak Dhedhi aku rumangsa durung siap. Wong ngene wae wis lancar ora ana rubeda apa-apa, ngapa ndadak nganggo resmi nikah? Aku isih butuh wektu. Durung isa gawe putusan wektu iki."

"Bocah-bocah kabeh, iki lo wangsulane Ibu, Bu Anisah Anggraeni. Priye prayogane? Aku pengin krungu pamrayogamu Rini karo Ira lan Ani."

Rini, Ira karo Ani rada bekah-bekuh ditakoni rembuge kepriye. Rini miwiti wangsulan.

"Kula remen sanget menawi Bapak kaliyan Ibu kula badhe sesambetan bebrayan kanthi resmi. Namung kula mboten saged meksa ibu kula. Sedaya gumantung Ibu."

"Aku karo Ani, uga seneng banget upama Papi arep resmi omah-omah karo Bu Reni, aku sakloron uga rumangsa wis cedhak banget. Ning ya gumantung marang Bu Rini apa kersa enggal-enggal krama."

Pak Dhedhi meneng sedhela, banjur nerusake rembuge.

"Aku sabar ngenteni, nganti Bu Reni siyap mlangkah urip bareng. Ning aku butuh pepesthen. Kudu ana pepesthen sing isa kanggo cekelan. Aku wis nyepake sepasang cincin kanggo tukar cincin saiki. Apa sliramu isa nyarujuki Dhik Reni? Ben disekseni bocah-bocah mumpung padha kumpul kabeh."

Rini trenyuh banget rikala nyipati nganti sakmono kemantepane Pak Dhedhi anggone kepengin urip bareng karo dheweke. Isane ya mung pasrah nalika Pak Dhedhi masangke ali-ali emas putih lan berlian ana drijine. Dheweke uga balik masangke pasangan ali-ali nang drijine Pak Dhedhi. Bocah-bocah padha seneng banget ngrangkul lan ngambungi Reni, nyalami Pak Dhedhi. Pak Dhedhi banjur ngrangkul Reni karo ngarasi wanita sing ditresnani kuwi, Anisah Anggraeni nang ngarepe bocah-bocah.

"Ana siji sing kurang Dhik Reni. Kudu ana pernyataan katulis lan seksi-seksine, menawa awake dhewe wis resmi tunangan."
"Iya Mas isa konsultasi karo pengacara sing mligi prekara rumah tangga lan keluarga. Aku ana kenalan, Bu Murlina SH. Mengko isa dikontak, alamat ana Semarang."

Bocah-bocah banjur padha pamitan arep dha nang kafe non-

ton musik. Reni karo Pak Dhedhi isih neruske anggone rembugan ana kamar *suite*. Ora suwe anggone omong-omong, pating klesik karo ndeleng langit wengi. Padhang mbulan, langit gumebayar kebak lintang. Atine wong loro melu nganglang langit kebak impen endah. Dudu impen jaka karo prawan, nanging impen dhudha karo randha, ning ya padha wae tetep endah gawe senenge ati sing lagi kasmaran.

+++++





BAB 29

Kena Gara–Gara

*M*ulih saka liburan ana Ngayogyakarta karo Pak Dhedhi Arman lan bocah-bocah, kahanan wis ganti kanggone Anisah Anggraeni. Senajan mung disekseni anak-anake, Rini, Reza karo Mimi, uga anak-anake Pak Dhedhi, Ira karo Ani, tanpa acara mirunggan, dheweke sakjatine wis kaiket dening Pak Dhedhi nganggo ring emas putih tinatah berlian. Krasa seneng, ning ya bingung. Dheweke dhewe ora mangerteni. Nek pengine Reni, lha wong ngene wae wis mlaku lancar kok, ngapa ndadak nganggo tukar cincin barang? Arep dolan bareng, arep turu bareng, arep mangan bareng, kabeh isa dilakoni tanpa ribet.

Mung rumangsa trenyuh nyipati gedhene pangarep-arepe Pak Dhedhi, anggone pengin nikah resmi lan urip bebrayan karo dheweke. Sakjatine dheweke durung siyap nek kudu nglakoni bebrayan dadi sisihane Pak Dhedhi. Sakuntara iki ya ben tukar cincin wae dhisik. Tetalen tukar cincin banjur dikuwatake kanthi layang janjian sing digawe dening pengacara Bu Murlina SH saka Semarang. Reni nandha tangani surat janjian resmi karo Pak Dhedhi. Manut wae ora susah suwala ndak malah dadi rame.

Babagan usaha konveksi maju terus. Paling ora setaun sepisan apa ping pindho, dheweke melu pameran, disponsori dening perusahaan-perusahaan BUMN. Ing pungkasaning wulan iki uga arep melu pameran ana Jakarta, dipandhegani dening perusahaan BUMN gedhe sing kantor pusate ana Jakarta. Pamer-

an bakal dianakakke ana Taman Mini, katujokake marang masyarakat umum lan para wakil negara-negara ASEAN. Urusan administrasi lan pendhaftaran wis dirampungke kabeh kari nunggu keyaking acara. Reni malah banjur kenal cedhak sawijining pejabat sing tinanggenah menehi bimbingan lan panyengkuyung kanggo Usaha Mikro Kecil lan Menengah (UMKM). Asmane Pak Danuarta. Durung tau ketemu, ning mung sok tukar weling liwat WhatsApp. Sangsaya suwe sangsaya raket. Kerep rembugan utawa chat lewat WhatsApp.

"Jeng Anisah Anggraeni, nek pas pameran nang Jakarta mengko dilegakake ketemu njih?"

"Matur nuwun sampun pun parengaken tumut pameran Bapak, pepanggihan wonten punapa?"

"Ya ngrembug carane piye ben usaha UMKM-mu sangsaya maju ta Jeng, sokurnek isa ekspor nang luar negeri." Reni rumangsa seneng lan mongkog dene arep disengkuyung anggone nggedhekake usaha nganti ekspor.

"Ngestokaken dhawuh. Kaliyan para peserta sanes njih Bapak?"

"Mengko gampang dirembug, sing penting aku wis janjian dhisik ana ngarep lho Jeng. Aja janjian karo wong liya njih."

"Ndherek kemawon Bapak, menawi punika kalebet wonten program pameran UMKM."

"Iya sliramu kan ya nginep nang hotel sing dicepakke panitya ta Jeng? Wis diproses pesenan akomodhasi ya?"

"Njih sampun sedaya Bapak. Wonten hotel ing Taman Mini. Kula njih nate nyipeng wonten mrika rumiyin."

Maune Reni ora nggraita babar pisan, ning saya suwe kok saya kerep anggone ngobrol utawa *chatting* nang jagad maya. Asring nganggo kembangan, sembranan antarane priya lan wanita diwasa. Alamiah, ora apa-apa, malah tambah tepungan, tambah raket, tambah dalan lan kesempatan kanggo nggedhekake usaha konveksine. Dheweke uga menehi weruh marang Pak Dhedhi liwat tilpun, menawa arep melu pameran ana Taman Mini.

"Muga-muga ana manfaate Dhik. Aku ora isa ngancani, ning tak

usahakke teka nang Jakarta ora ketang mung sewengi. Ndeleng pameran, mesthi rame.”

“Seneng banget menawa panjenengan isa nindakake Mas Dhedhi, tak siyapake kanthi temenan. Jare Pak Danu kok pembukaane uga diestreni para diplomat perwakilan negara-negara manca barang.”

“Wah nek ngono gedhen sajake. Tulung info prekara pameran iku, ben ana konsultan penata ruang pameran sing bisa mbantu nyiapake. Ora baen-baen nek nganti ngundang para wakil negara-negara manca.”

“Oo ngono ya, rumangsaku ya mung kaya biyasane pameran kae. Matur nuwun ana sing mbiyantu nyiapake.”

“Iya aja setengah-setengah, mengko konsultane ben kontak Dhik Reni dhewe ya. Gawe persiyapan sing paling apik.”

“Matur nuwun Mas Dhedhi, saya mantep aku.”

“Oo iya Dhik Reni mangkat karo sapa nang Jakarta? Sapa sing asmane Pak Danu kuwi?”

“Mbok menawa aku mengko ngajak salah sijining waraga saka perusahaanku, nek ora ya ngajak Rini nek dheweke ora pas ana tentamen. Pak Danu asmane lengkap Danuarta, salah sijining pejabat sing tinanggenah mandhegani pembinaan UMKM, saka perusahaan BUMN gedhe Mas. Malah pengin ketemu karo aku kanggo ngrembug ekspor barang.”

“Ya ora apa-apa, muga-muga tansah lancar. Disiyapake sing tenanan. Mengko konsultan penata pameran ben kontak Dhik Reni.”

“Iya Mas. Iki Pak Danu ya maringi nasehat akeh-akeh kanggo narik pelanggan sakjroning pameran.”

Pak Dhedhi rada mak dheg nguningani menawa ana pejabat BUMN gedhe ngajak patemon karo Reni. Tuwuh rasa curigane, nanging ora diketokke nang Reni. Dheweke apal banget polah tingkahe sakwetara aparat ngono iku. Melik nggendhong lali, ana kekarepan sing disamudana. Mbok menawa ana kesempatan sing isa dimanfaatkan. Ya durung mesthi ana kekarepan ala, ning kerep ana wae sing migunakake kesempatan dalam kesempatan kanggo kepentingan pribadine. Kanggone Pak Dhedhi barang kaya ngono iku wis asring nyipati. Kudu ngati-ati. Dheweke

banjur takon informasi renes prekara acara pameran kuwi. Arep ditlesih kanggo jaga-jaga, utamane jaga-jaga nek wong sing ditresnani, Anisah Anggraeni, bakal diganggu. Kudu diawat-awati kanthi temenan. Aja nganti katalompen.

Bareng wis ngerti tlesih acara pameran ana Jakarta, uga info saka Reni kapan anggone arep ketemu Pak Danu, Pak Dhedhi banjur pesen tiket pesawat arep lunga menyang Jakarta. Ngajak petugas sing biyasane wis kulina, ya Briptu Amar. Pesen kamar ana hotel sing bakal diinepi Reni. Reni ora diwenehi weruh rencanane. Mung wola-wali dielingake menawa kudu tansah ngati-ati. Klebu anggone janji ketemu karo Pak Danu. Iki prastawa gedhe, menawa ana apa-apa, kabare isa semebar liwat medhia tekan ngendi-endi.

"Tenan ya Dhik, sing ati-ati anggone patemon karo sapa wae, klebu karo pejabat BUMN kuwi, Pak Danu. Aja nganti talompe mundhak dadi onar."

"Iya Mas Dhedhi, aku ngerti, aku wis tuwa ora bakal ngladeni wong sing duwe karep ala."

"Kanggone priya, awakmu kaya magnit Jeng. Apa maneh ngerti nek ibu tunggal. Daya tarik luar biyasa. Nek ana kesempatan ya dimanfaatkanke. Akeh predator thukmis nang donya maya lan donya nyata."

"Injih Mas, aku mikir positip wae. Wong wis tuwa ya arep ngapata. Tur aku kan wis tukar cincin karo Mas Dedhi. Ora bakal nglirwakke janjiku Mas. Percaya wae."

+++++

Tekan titi wanci pameran ana Taman Mini Jakarta, Reni mangkat dikancani dening anake Rini. Numpak bis malam saka Salati-ga. Sedina sakdurunge pembukaan wis padha teka ana Jakarta. Barang-barang sing arep dipamerke wis dipilih dening konsultan tata ruang pameran. Uga carane nata ruangan, senajan ora gedhe, mung ukuran wolulas meter persegi. Kabeh wis dirancang dening konsultan. Reni karo anake, Rini, kari nata. Nyewa tenaga dinan dinggo ngewangi tata-tata. Manggon ana hotel ing

Taman Mini. Ora bingung amarga wis tau nginep ana kono. Lokasi pameran ana Sasana ing njerone kompleks. Aula mewah lan jembar. Sedina sakdurunge pembukaan, Pak Danu nyambang anggone tata-tata ana aula. Kabeh lancar kaya sing wis direncanakke. Pak Danu enggal-enggal marani Anisah Anggraeni ana panggonan pameran.

"Sugeng rawuh Jeng Reni, ditepungke aku Pak Danu. Lancar kabeh ta persiyapane?"

"Injih pangestunipun Pak Danu, nembe dhateng kala wau enjang. Terus tata-tata punika, sampun meh rampung."

"Iya nek butuh apa-apa, aja ragu kontak panitya njih. Sebut wae saka aku ngono."

"Kasinggihan Pak Danu, matur nuwun sanget."

"Ora susah basa Jeng. Aku ya saka Solo isa omong Jawa lancar. Nek ora ana acara mengko sore tak pethuk nang hotel ya?"

"Injih Pak Danu, kula kaliyan anak kula punika."

Reni banjur ngenalke anake, Rini, marang Pak Danu.

"Punika Rini lare kula Bapak. Sampun kuliyah wonten UGM, semester sekawan wonten Jurusan Sejarah."

"Wah menarik iku Jurusan Sejarah. Mumpung durung mulai pameran, mengko bengi ndherek ibu dolan metu ya Mbak Rini."

Rini mung manthuk karo njawab alon. Dheweke jane wegah arep gabung, ning kudu ngancani ibune. Pak Danu piyayine gagah, sumeh. Durung yuswa banget, udakara antara seket taun kurang. Dedeg piyadege ora patiya dhuwur. Praupane bagus kanthi brengos tipis sakndhuwure lambe. Grapyak lan pinter crita. Katon mitayani kabeh apa sing diomongke. Omongane canthas, prasasat wong mesthi kesengsem. Ana daya sing mibawani. Sing diajak omong lan dipandeng kaya kena sihir, ora isa njawab ora.

+++++

Jam setengah pitu bengi Pak Danu wis methuk menyang Hotel. Reni karo anake Rini wis rampung anggone dandan lan wis

siyap arep lunga metu makan malam. Mobile sedhan metalik alon-alon metu saka kompleks hotel. Ora kesusu, ora ana sing dioyak-oyak. Pak Danu atine seneng lan mongkog bisa ngajak Anisah Anggraeni karo anake prawan Rini, dolan-dolan nikmati kahanan wengi ing kutha Jakarta. Ora ana agendha apa-apa kejaba mung ben kenalan luwih cedhak karo wanita pengusaha sing mandhiri. Makili perjuwangane para wanita kanggo keluarga lan putra-putrine. Uga kanggo ekonomi masyarakat ngisor. Tansah isa dadi kebanggaan, wanita-wanita prakosa sing ora mung nggantungke marang priya. Pak Danu seneng bisa melu nyengkuyung perjuwangane para wanita iku.

Senajan mung mlaku kanthi alon, atine Reni ora jenak. Sedhela-sedhela unjal ambegan, kaya-kaya kok ana sing ngulatke lakune. Untung dheweke nggawa anake, Rini wengi iku. Tur ya ora perlu nganti wengi. Mung sakperlu makan malam wae.

"Matur nuwun sampun pun pethuk kula kaliyan anak kula Bapak. Badhe dhateng pundi punika Pak Danu?"

"Ora susah basa Jeng Reni, mung acara makan malam wae mengko nang rumah makan cedhak kene."

"Menawi saged mboten ngantos dalu njih Pak."

"Iya lah, njenengan karo Mbak Rini kan iya isih kesel, mau bengi numpak bis malam. Kejaba nek Mbak Rini pengin dolan-dolan bubar acara makan malam. Biyasane cah-cah enom seneng dha nang kafe." Rini kaget nalika disebut Pak Danu, banjur nyela. "Kula ndherek ibu kemawon Bapak. Wonten kafe menawi kaliyan kanca-kanca kampus kemawon."

Dumadakan ana welingan WhatsApp mlebu nang hape-ne Reni. Saka Pak Dhedhi kaya biyasane. Welingan prasasat wis ajeg pendhak wengi, ngabarake kedadeyan sedina-dinane.

"Piye kabarmu Dhik Reni. Acaramu dina iki mau muga-muga mlaku lancar ya. Sing ati-ati ana paran."

"Lancar kabeh Mas Dhedhi. Nata stand nggo pameran. Acara pembukaan sesuk. Iki lagi lunga makan malam karo Rini,

karo Pak Danuarta sing tak aturke kae."

"Iya."

Wangsulane Pak Dhedhi mung cekak aos, nalika dikandhani nek Reni lagi acara makan malam ana njaba. Reni atine sangsaya ora jenjem. Apa Pak Dhedhi ora kepenak ya, apa nesu? Rencana arep nyusul menyang Jakarta sakwise pembukaan pameran. Muga-muga enggal teka ben dheweke isa njlentrehake marang Pak Dhedhi, menawa mung acara makan malam biyasa karo Pak Danu. Tur ya dikancani anake, Rini. Mesthi Pak Dhedhi percaya wae.

Sedhela maneh wis tekan rumah makan sing dituju, resto gedhe ana tlatah Jatisampurna. Jembar lan asri dikubengi taman sing asri. Pak Danu masrahke mobile marang pawongan sing jaga. Terus nggandheng Reni nuju marang ruang makan eksekutif sing wis dipesen. Rada kaget Reni nalika Pak Danu nggegem tangane lan nggandheng dheweke. Ning ditatag-tatagke atine, ndak marahi mbubrahke acara. Rini isane ya mung ngetutke ana mburine. Wong telu banjur diterke dening pawongan mlebu ana ruang makan khusus, tutupan ora campur karo tamu liyane. Swasana pancen lagi rada rame, angel anggone arep rembugan nek ora nang ruangan pisah.

"Isa ngobrol bebas nek nang ruangan pisah ngene Jeng. Nang njaba mesthi rame. Kok sajak ora jenjem njenengan?"

"Njih Pak Danu, nembe kathah ingkang pun manah wonten nggriya."

"Ora susah basa ben luwih bebas le rembugan. Iya ngono wae ta Mbak Rini, Ibu ben ngoko wae karo aku."

Rini mung isa manthuk. Bingung la arep njawab. Dheweke ngerti menawa ibune, atine lagi ora kepenak. Mula ya luwih ngati-ati anggone wangsulane. Mundhak malah isa kanggo alesan arep ngobrol raket karo ibune.

"Mangga milih menu. Nang kene sing istimewa masakan ikan laut, seafood, rumangsaku istimewa."

"Aku ndherek wae Pak Danu, ning aja rajungan, sok-sok alergi"

"Mangga pesen unjukane. Jeng Reni karo Mbak Rini. Aku tambah anggur putih. Kersa?"

"Wah ora biyasa anggur je, mangga aku tak pesen jeruk anget wae. Rini arep pesen apa?"

"Aku coffee late wae bu. Pareng ndherek ngicipi anggur pethak njih Pak Danu."

"Ora apa-apa angger ora kakehan, marahi mumet."

Pak Danu banjur miwiti takon prekara UMKM konveksine Reni. Rada nlesih anggone takon.

"Jeng Anisah Anggraeni, aku pengin ngerti larah-larahe UMKM konveksi kagungane ki piye ta? Aku mung ngerti saka database program UMKM wae."

"Njih aku neruske usahane ibu sing wis diwiwiti taun pitung puluhan. Lagi melu pameran rong tahun iki, kok kasile nyenengake. Tambah pelanggan lan tambah pesenan. Pakeyan wanita Islami, karo seprei, taplak karo korden renda."

"Tenagane ana pira Jeng kabeh?"

"Nek sing nang njero udakara ana wong rong puluh nganti selawe. Durung sing padha nggawa barang mulih digarap nang ngomah."

"Seneng krungu dene saya ngrembaka usahane. Nek prodhuksi karo pemasaran wis lancar kabeh, kari nguwati sistem manajemen. Nek wis tenaga sakmono wis ora isa manual maneh. Kudu nganggo sistem elektronik Jeng. Mengko gampang isa dievaluasi."

"Matur nuwun Pak Danu."

Acara makan malam ora nganti wengi. Jam setengah sanga wis rampung. Reni pengin enggal-enggal mulih menyang hotel wae. Selak ora kepenak atine. Jane Pak Danu ya nawani nek arep terus karaoke apa dansah nang klub wengi. Nanging Reni nolak kanthi alus, senajan Rini jane ya pengin weruh klub wengi iku kaya apa.

+++++

Pak Dhedhi teka ana Jakarta sedina sakdurunge pameran diwiwiti. Beda saka rencana wiwitan jane arep teka nek wis bubar

pembukaan. Ning dheweke rada kuwatir ngeculke Anisah Anggraeni ana Jakarta senajan wis dikancani Rini. Apa maneh kok jare arep ketemu karo aparat sing jenenge Pak Danuarta, atine sangsaya kuwatir. Ya curiga campur cemburu nek mbok menawa ana apa-apa antarane Reni karo Pak Danu. Dheweke teka nginep nang Jakarta, sak hotel karo sing dinggoni Reni karo Rini. Banget kuciwane nalika teka ana hotel, entuk info saka panarima tamu menawa Reni karo Rini ora ana kamar. Dheweke kontak Reni, nanging ora ana nang hotel, takon lagi ana acara apa? Kanyata Reni lagi metu makan malam karo Pak Danu, dikancani anake Rini.

Atine kemropok, jengkel campur curiga. Ning isa disamun aja nganti ketok lan udhar anggone madik-madik. Oleh informasi saka petugas hotel nomer kamare Reni. Enggal-enggal diwenehke Briptu Amar sing diajak saka Semarang. Anisah Anggraeni lagi ana acara makan malam karo Pak Danu ana njaba. Tulung diawat-awati menawa mulih. Pak Dhedhi wis percara marang Reni, menawa ora bakal ana kedadeyan aneh-aneh, ning tetep wae dheweke pengin nyatakake, lan nyegah aja nganti ana kedadeyan apa-apa. Anisah Anggraeni wis kaiket dening tukar cincin lan layang kekancen saka penasehat hukum Bu Lina SH.

Pak Dhedhi enggal mlebu ana kamar hotel, leren sedhela. Urusan Reni karo Pak Danuarta wis dipasrahke Briptu Amar wae, sing wis kulina madik-madik mbuntuti wong. Wengi iku Pak Dhedhi mung ngentha piye kepenake anggone ngatur asset-asete menawa sida nikah karo Anisah Anggraeni. Kabeh arep digawe padhang, ndak marahi bingung lan ragu-ragu tumrape Reni. Jam sanga wengi, nampa laporan saka Pak Amar, menawa Reni karo Rini wis mulih ana hotel. Mung leren sedhela ana lobi rembugan karo priya sing jenenge Pak Danu iku. Banjur mlebu kamar karo Rini, istirahat. Ora ana sing gawe curiga. Pak Dhedhi wengi iku isa istirahat kepenak, ora kuwatir mikir Reni maneh. Dheweke duwe rencana ndeleng pameran sesuk bengi wae sakuwise acara bukakan. Sore lagi isa blaka marang Reni menawa dheweke wis

teka ana Jakarta nunggal hotel karo Reni.

+++++

Pameran dibuka dina Minggu esuk. Acarane mirunggan rame. Akeh tamu sing padha ngestreni acara, ora mung saka kalangan BUMN utawa pamarentahan nanging akeh tamu diplomat manca negara. Akeh barang sing narik kawigaten, utamane barang kerajinan lan batik. Saudagar saka negara-negara tangga padha ketarik golek barang saka prodhusenne langsung liwat pameran iki, ora perlu ndadak liwat pihak katelu. Ana pameran iki para prodhusen sing kepilih siyap nganakake janjian dol-tinuku kanggo wektu luwih dawa, ora mung tuku sepisan thok pas nang pameran. Reni uga wis entuk sakwetara pesenan, klebu pesenan saka importir luar negeri, kaya Malaysia, Filipina lan Thailand. Disanggupi ning ndeleng kapasitas prodhuksine. Dheweke durung siyap prodhuksi massal. Sistem manajemen isih kudu dikuati.

Ndungkap jam makan siang sing nonton pameran isih ndlidir. Ora nganti suk-sukan nanging selur ajeg sing teka. Dina Minggu, akeh keluwarga sing mlaku-mlaku golek angin, katimbang nang omah sumpek. Dumadakan Reni nampa ana welingan nang HP-ne, saka Pak Danu.

"Jeng Reni, iki aku nggawa waraga espege, utawa sales promotion girl, ben melu nunggu nang stand mu ya karo Rini. Njenengan tak enteni ana hotel, makan siang bareng karo rembugan prekara penguatan sistem manajemen karo ekspor mau Jeng."

"Nuwun sewu Bapak, iki isih akeh sing teka nang stand."

"Mula tak wenehi bocah espege ben ngancani Rini. Rini kan wis isa nek mung nampa pesenan ta?"

"Injih aku enggal nyusul nang hotel."

"Nek ora ewuh, bareng aku sisan ora apa-apa. Tak enteni nang lobi ngarep karo sopirku."

"Njih aku enggal menyang lobi ngarep."

Reni enggal-enggal mara menyang lobi, numpak mobil barengan

karo Pak Danu. Ora ngerti menawa ana pawongan sing ngetutake mobile. Ya Briptu Amar, sing tinanggenah madik-madik ngawasi salah bawane Reni karo Pak Danu. Bareng tekan hotel, wong loro banjur padha mara nang restoran ana papan lantai dhasar. Padha pesen makan siang cepet-cepeten karo rembugan.

"Jeng Reni aku butuh data UMKM-mu, ben isa diusulke nggo program pemasaran ekspor bersama."

"Wadhuh kabeh dhatane ana komputer, ana kamar. Tak jupuke nang kamar dhisik komputerku."

"Ora susah mengko wae bar makan siang. Saiki dhahar dhisik."

"Njih matur nuwun, rumangsaku kok kemrungung temen ya. Nuwun sewu."

Sakjroneg makan siang, Pak Dhedhi pesen makan siang ana kamar. Lagi wae bubar, dadakan ana laporan welingan WhatsApp saka Pak Amar, menawa Reni karo Pak Danu ana restoran ing lantai dhasar.

"Iya tulung diawasi terus ya, aja nganti lepas saka pengamatanmu."

Bubar makan siang, Reni cepet-cepetan munggah arep njupuk komputer-e. Disimpen ana koper sing dikunci, amarga wedi nek ninggal ngono wae, merga kerep ana tamu sing kelangan. Mula komputer banjur disimpen rapet ana koper. Rada sakwetara ana kamar amarga leren menyang mburi resik-resik lan ndandani anggone rias. Banjur mbukak komputer nggoleki data perusahaan sing disimpen. Durung nganti rampung, ana sing ndhodog lawang. Pranyata Pak Danu wis nusul munggah, kesuwen ngen-teni nang ngisor.

"Nek ana mejane digarap nang kamar ya ora apa-apa Jeng, nang ngisor rame."

"Injih ora apa-apa Pak Danu, ning kudu ati-ati ndak dicurigani wong."

"Sapa sing arep curiga, nang Jakarta wong ngurusi urusane dhewe wis repot. Ngapa ndadak ngurusi urusane liyan. Cepet-

*cepatan wae Jeng dhatane tak pindhahé nang komputerku.”
“Njih wis ketemu kok Pak Danu, kari mindhah wae. Pasrah endi
sing dibutuhake.”*

Pak Danu enggal-enggal mindhah data saka komputere Reni nang komputere dheweke. Ambune parfum nyogok irung tekan njero ati. Padha-padha anggone unjal ambegan landhung. Tangane Pak Danu nggegém lan ngelus-elus tangane Reni. Reni pengin ngoncati ning ora suwala. Suwe-suwe Pak Danu wis ngrangkul karo ngarasi Anisah Anggraeni. Ambegane wong loro saut-sautan kaya wong balapan mlayu. Reni kelingan menawa wis tunangan karo Pak Dhedhi, kerep njola pengin uwal ning kaya-kaya ora duwe tenaga. Sangsaya ndadra, wong loro wis lukar pakeyan karo ambegan ngos-ngosan. Tangane Pak Danu wis tekan ngendi-endi. Reni mung bola-bali nywara lirih.

“Aja Pak, wis Pak... akeh wong lo.”

Ning sakbanjure dheweke wis ora duwe daya. Mung sambat lirih ora bisa apa-apa. Pak Danu isih pengkuh lan rosa, kurdane ora isa dilawan. Awake abot nindhihi Reni, ning kok banjur dadakan mandheg, awake nglemprak nang sisihe Reni. Karo setengah ngremeng dheweke omong.

“Maaf ya Jeng. Durung apa-apa kok wis kedhisikan rampung.”

Pak Danu banjur mlebu kamar mandhi, nganggo maneh pakeyane karo resik-resik awak. Reni isih kaget setengah mati, rasane gela nang ati senajan mau ya ora kuwawa nolak Pak Danu. Kaya kena sihir saka Pak Danu sing angel banget anggone nampik. Mandang Pak Danu wis rampungan lagi krasa gelane. Tanpa ngenteni Pak Danu metu saka kamar mandhi, dheweke kirim weling nang Pak Dhedhi, rumangsane Pak Dhedhi janji arep teka sore iku.

“Mas aku kena musibah. Tulung cepet rawuh sore iki ya. Mengkodak critani.”

Pak Dhedhi sing lagi ana kamar, kaget nampa weling saka Reni,

langsung mrentah Pak Amar nekani kamare Reni. Semana uga Pak Dhedhi enggal-enggal mara menyang kamare Reni karo ngajak petugas keamanan hotel. Kaget banget rikala mrangguli menawa Reni karo Pak Danu, lagi ana kamar. Semana uga, Reni kaget setengah mati, rumangsane Pak Dhedhi isih ana Semarang, kok ngerti-ngerti wis teka nang kamare saiki.

"Ana musibah apa Dhik kok kirim weling nang HP ku." Reni ora bisa semaur mung ndredheg ora karuwan karo mingsek-mingsek. Pak Amar endang njupuk gambar-gambar nganggo HP-ne. *"Iki sapa Ki sanak, ngapa kok nang kamare Bu Anisah Anggraeni? Aku petugas kepolisian, lan iki Pak Dhedhi Arman tunangane Ibu Anisah."*

Pak Danu ora kurang kagete, jantungge kaya arep copot nalika ditekani Pak Amar karo Pak Dhedhi kuwi mau. Ndilalah kok ya ana petugas keamanan hotel ana kono.



"Aku uga lagi ngayahi tugas njupuk data saka UMKM e Bu Anisah Anggraenie kanggo pendhaftaran pembinaan ekspor. Kabeh kedadeyan normal, ora ana sing nyebal saka aturan."

Pak Dhedhi ora isa ngampet nesune, banjur nyauri sora.

"Pendhaftaran pembinaan ora patut nek dilakoni ana kamar hotel. Kudu ana langkah papriksan iki Pak Amar."

"Sampun kula poto sedaya. Seprei sampun kula simpen dados barang bukti. Bu Anisah nuwun sewu ageman nglebet pun gantos, kula suwun rumiyin."

Reni mlebu kamar mandhi, ganti pakeyan njero. Sing mau dinggo dipasrahke Pak Amar. Ora sempat nliti apa ana regedan nang pakeyan njerone. Kabeh dilebokke plastic laundry lan dipasrahke Pak Amar.

"Aku tak ngancani Jeng Anisah Anggraeni dhisik Pak Amar. Rampungna urusane karo aparat kuwi dhisik."

Pak Amar banjur medhun menyang lobi, neruske anggone nakoni Pak Danu sing wis keweden banget. Pak Amar nyoba nggawe kronologi kedadeyane saka versine Pak Danu. Mengko Bu Reni isa ditakoni dhewe. Pak Dhedhi isih lungguh ana kamare Reni, raine isih mangar-mangar amarga nesune. Dene Reni mung mingsek-mingsek.

"Nuwun sewu Mas. Iki musibah kanggoku. Dudu karepku nganti kaya ngene."

"Ya aku butuh omong-omong karo awakmu. Ngenteni mengko nek awakmu wis ditakoni Amar. Aku pengin ngerti kedadeyan sing sakbenere, saka versimu, lan saka versine wong kuwi. Mokal nek ora ana apa-apa kok nganti ana cairan barang nang seprei. Wis disimpen karo Amar."

+++++



BAB 30

Langite Semilak Padhang

Sakbubare kedadeyan sing marahi wirang iku, Pak Dhedhi karo Anisah Anggraeni isih panggah lungguh ana kamar. Mung meneng-menengan, kaya-kaya ora percaya ana kedadeyan nggegirisi sing nerak kasusilan iku. Reni banjur ngundang tenaga hotel supaya ngresiki kamare. Dheweke karo Pak Dhedhi nunggu lungguhan ana njaba. Ora ana sing cemuwit miwiti rembug, wong loro isih kesilep ana alam pikirane dhewe-dhewe. Pikiran kebak pitakonan, ngambra-ambra tekan ngendi-endi, arep ngapa mengko nang tembe mburi sakwise ana kedadeyan iki?

"Dhik Reni, aku tak bali nang kamarku. Awakmu aja balik nang pameran. Sedhela maneh Amar nemoni awakmu. Critakna kabeh kedadeyan sing kok alami karo aparat kuwi kanthi jujur nang Pak Amar."

"Nyuwun pangapuramu sing gedhe Mas. Kaya sing tak aturke, iki musibah. Ngapa aku ndadak kirim weling karo njenengan nek prastawa iki wis tak rencanakake karo Pak Danu."

"Mengko isa dirembug keru, sing penting awakmu crita karo Amar, apa anane, aja ditambah lan aja dikurangi."

"Aku dherek Mas Dhedhi, aku pasrah."

Pak Dhedhi banjur bali menyang kamare. Dheweke nampa laporan liwat tilpun saka Pak Amar, menawa kronologi kedadeyan miturut critane Pak Danu, wis direkam lengkap. Pak Amar sakdurunge ngeculake Pak Danu mulih, pengen menahi weruh

Pak Dhedhi luwih dhisik.

"Kabeh wis direkam Bapak, kronologi saka versine Pak Danu. Wose wis ngakoni kabeh kesalahane, lagi khilaf jarene."

"Aja lali lo, mengko kuwi dadi dokumen legal. Dheweke mengko kudu menahi tandha tangan nang berita acarane. Karo apa ana seksine?"

"Petugas keamanan hotel uga wis tak rekam. Kapan-kapan dibutuhke dheweke sanggup menahi paseksen. Menawa wis longgar, Bu Reni tulung didhawuhi medhun. Mung sedhela wae."

"Sedhela engkas dheweke ben nemoni awakmu nang Coffee Shop."

Pak Dhedhi banjur tilpun marang Reni, ngandhani supaya medhun nemoni Pak Amar. Kanthi swara abot dheweke meling marang Reni.

"Dhik medhuna nang Coffee Shop, nemoni Pak Amar. Critakna kabeh kedadeyan sing ngisin-isini marang Pak Amar. Bakal dadi dhokumen legal."

"Njih Mas Dhedhi, aku wis matur apa anane nang panjenengan. Apa isih perlu karo Pak Amar?" Reni aweh wangsulan setengah tida, apa perlu njlentrehake marang Pak Amar maneh. *"Ora cukup mung omong karo aku Dhik. Prastawa iki wis mlebu ranah hukum, dadi kudu diproses manut pranatan resmi sing ana. Mengko bubar karo Pak Amar, aku pengin omong-omong karo awakmu."*

Reni banjur medhun menyang *Coffee Shop* nemoni Pak Amar. Dheweke rumangsa sungkan lan rikuh nek kudu nyritakake prastawa sing kedadeyan antarane dheweke karo Pak Danu. Nek bisa mbok disirep semene wae, dilalekake kanggo kabecikan ing tembe mburi, ya kanggo dheweke, kanggo Pak Danu lan kanggo Pak Dhedhi. Kanthi sabar Pak Amar njlentrehake dhodhok selehe kanthi sabar lan sopan.

"Sampun mboten saged kasirep malih Ibu Reni. Prastawa punika magepokan kaliyan etika publik, ugi magepokan kaliyan prekawis

hukum. Mboten saged pun sigeg ngaten kemawon. Pihak ingkang rumaos pun culikani saged mbeber dhateng publik, dhateng instansi gegayutan kaliyan pelanggaran awrat etika, ugi saged ngajengaken gugatan hukum."

"Kula namung ndherek kemawon Pak Amar, kula dados korban ingkang nembe katerak musibah. Kula wonten hak pangayoman hukum."

"Leres sanget ibu, pramila kula suwun panjenengan ngendika menapa wontenipun kemawon. Kula njih sampun ngempalaken bukti-bukti saking panggenan kamar kala wau."

"Kula pasrah kemawon kados pundi saenipun."

Reni banjur nyritakake kanthi urutan kedadeyan sing sakbenere awan mau. Ora lali uga larah-larahe dheweke kenal karo Pak Danu, lan sesambungan donya maya sing sangsaya raket. Kabeh pesen-pesen WhatsApp antarane dheweke lan Pak Danu dipindhah ana hapene Pak Amar. Arep diteliti kanthi premana. Ora nganti setengah jam anggone pitakonan wis rampung. Reni ditanting menawa dheweke isih kudu nandha tangani kronologi kedadeyan kaya sing wis dicritakake marang Pak Amar.

Wis jam telu sore, Reni kudu bali nang panggonan pameran. Nanging isih kudu rembugan karo Pak Dhedhi sore iku uga. Bubar resik-resik awak ana kamare, Reni banjur mara nang kamare Pak Dhedhi. Wis dienteni arep diajak rembugan. Pak Dhedhi wis katon sumeleh, ora katon nesu banget kaya mau. Wis dicepaki minuman karo camikan saka *Coffee Shop*. Mung wong loro ana kamar. Pak Dhedhi miwiti rembug kanthi serius.

"Dhik Reni, aku rumangsa gela banget karo kedadeyan mau. Aku wis wanti-wanti weling karo awakmu supaya ngati-ati. Ning kok lirwakke ngono wae, kaya-kaya welingku ora ana bekase."
"Mas Dhedhi, aku wis matur apa anane. Aku kena musibah. Dudu prastawa sing tak niyati karo Pak Danu. Aku mung pasrah marang panjenengan."

Reni nyauri tembung Pak Dhedhi karo mripate kaca-kaca.

Swarane geter merga wedi lan bingung. Pak Dhedhi meruhi kahanane Reni, sajake ora tegel arep rembug atos, wicarane rada ngendho.

"Dhik Reni, rasaku nang awakmu ora ana sing owah senajan rasa gelaku nang njero ati ora isa tak gambarake. Mung aku wis ora isa percaya ngono wae karo critamu. Ora isa dipercaya, ora isa diculke mlaku dhewe. Nek ana godha gampang kepilut."

"Aku pasrah, ndherek pangandikanmu kangmas. Aku ora isa apa-apa. Aku mung pengin terus nggulawentah anak-anakku."

"Iya Dhik, kasus iki isa mlebu ranah pelanggaran hukum, ranah pelanggaran etika lan bisa sumebar nang masyarakat. Kabeh pilihan mau gumantung marang awakmu. Marang janji-janjimu sing wis tau kok omongke marang aku."

"Lha kok ngono Mas? Aku pasrah panjenengan. Nasibku gumantung Mas Dhedhi."

"Awake dhewe wis tunangan, kaiket layang kekancingan antarane aku karo awakmu."

"Aku ngerti kabeh Mas. Sepisan maneh aku pasrah manut saiki. Ora bakal kena godha apa wae."

"Iya Dhik, awake dhewe kudu cepet-cepet nikahan resmi. Prekara iki mandheg tekan semene antarane aku karo awakmu. Ning aku ora isa ngeculke kono dhewekan. Kudu urip karo aku sakteruse."

"Lha usaha konveksi tinggalane ibuku nang Salatiga terus piye Mas. Aku kan ora isa ninggal ngono wae."

"Mengko ana sing dipasrahi ngurusi. Awakmu mung ngontrol saka Semarang wae. Mengko rembugen karo mbakyumu piye anggone isa ngawasi bareng. Kan usaha kuwi duweke wong loro, awakmu karo mbakyumu."

"Terus aku kudu pindhah urip nang Semarang, Mas? Lha bocah-bocah, Reza karo Mimi kepriye?"

"Isa pindhah nang Semarang kapan wae, mengko digolek-ke sekolahan."

"Ngenteni nek wis unggah-unggahan ben ora keganggu sinaune."

"Mangga isa diurus. Tak wenahi wektu rong minggu nggo si-

*yap-siyap. Sesuk muliha menyang Salatiga. Pameran ben di-
tunggoni anakmu Rini karo tak kirim pawongan saka Semarang.
Siyap-siyap sesuk mulih numpak pesawat liwat Semarang.”*

Wengi iku Reni ngandhani anake, Rini, menawa dheweke kudu mulih menyang Salatiga. Rini wiwit sesuk dikancani wonge Pak Dhedhi sing teka saka Semarang. Rini kaget krungu rembuge ibune, kok dadakan temen, rumangsane kabeh lancar ora ana apa-apa.

“Ana apa ta Bu kok dadakan mulih, ninggal acara pameran. Aku dhewekan jane ora siyap.”

“Kabeh ki pancen dadakan, wingi awan pas makan siang nang hotel ana musibah, sing Ibumu ora isa crita saiki. Sing penting awakmu neruske nunggoni pameran nganti rampung. Ibumu kudu mulih nang Semarang sesuk esuk karo Pak Dhedhi.”

Esuke Reni banjur barengan karo Pak Dhedhi numpak pesawat menyang Semarang. Tekan Semarang ora langsung menyang Salatiga, nanging nginep ana Semarang. Pak Dhedhi pengin nuntaske anggone rembugan karo Reni. Pak Dhedhi paribasan wis nyekel kartu truf sing nemtokake nasibe Reni. Reni wis ora isa suwala, ora isa apa-apa, isane ya mung manut wae. Timbang urusane tambah rumit lan ngambra-ambra.

+++++

Pak Amar sakwetara dina sakwise mulih saka Jakarta, nemoni Pak Dhedhi ana omah dalan Kawi. Wose menehake laporan anggone nlesih Pak Danu karo Reni. Ana dhokumen loro sing disiapake senajan durung lengkap ditandha tangani. Pak Amar masrahke dhokumen loro mau marang Pak Dhedhi, klebu po-to-poto barang bukti. Pak Dhedhi kanthi tekun maca dhokumen loro iku.

“Rumangsaku wis terang kabeh prastawa sing katindakake dening pejabat mau. Kabeh perangkat etika lan perangkat hukum wis diterak. Kudu entuk pelajaran wong iki.” Kandhane Pak

Dhedhi alon nanging mantep.

"Leres Bapak, wis cetha banget kedadeyane. Wis karencanakake luwih dhisik, paling ora saka Danu. Kabeh gumantung Pak Dhedhi, arep kepriye tindak lanjute."

"Iya isa digawa nang ranah hukum, kedadeyan nerak kasusilan iki isa tak laporke nang Kepolisian."

"Leres Pak Dhedhi, kabeh bukti wis nyukupi. Ning apa ora mesakake Bu Reni? Nek panjenengan isih arep neruske sesambungan karo Bu Reni, gedhe cilike arep urip bebrayan bareng, tak kira ora wicaksana nggawa kedadeyan iki nang ranah hukum. Mesthi kebukak kabeh, isa uga nganti nang media massa."

"Aku isih getem-getem pengin menehi pelajaran karo pejabat kuwi. Ben kapok ora nggunakake wewenange kanggo kepentingan lan napsu pribadhi. Aku ora bakal ngeculke dheweke."

"Isa diatur tanpa ngrugekake Bu Reni. Gumantung marang Pak Dhedhi arep mbukak tekan ngendi. Akeh pilihan sing luwih aman kanggo panjenengan lan Bu Reni."

"Mbok menawa aku kudu ketemu karo Reni dhisik. Pengin mes-thekake maneh menawa ora ana rencana kedadeyan iku. Kabeh skenarione Danu sing mbok menawa wis kulina."

"Aku isa mbiyantu tindakan apa sing dipilih Pak Dhedhi."

"Upama langkah laporan nang polisi, disisihake ndhisik, ana tindakan sing isa tak pilih. Sepisan masrahake poto-poto lan dhokumen iku nang wartawan. Ben wartawane sing meres Danu. Apa poto-poto lan dhokumen kuwi tak wenehake pejabat ana Kementerian BUMN sing aku kenal, ben ana tindakan indisipliner."

"Ora perlu dipasrahke nang wartawan. Tinimbang ben diperes wong liya, ngapa ora sisan dituntut mbayar kerugian wae. Mbok menawa rada rumit ning isih isa dikendhaleni, ora nyebar nang

media massa."

Wong loro padha meneng sakuntara. Pak Dhedhi ora isa nglaleka-ke lan aweh pangapura marang Pak Danu. Wis pelanggaran abot saka perangan etika, kasusilan, lan saka perangan hukum. Kudu ana piwales lan sangsi, ben ora sakkepenake.

"Aku sarujuk ora nggawa prekara iki nang ranah hukum. Ning aku ora isa ngeculake pencundhang iku. Kudu digawe kapok. Aku tak rembugan karo Reni, ben dheweke njaluk ganti rugi marang Danu. Dene aku tak golek sisik melik ben ana sangsi formal saka Kementerian."

"Kapan wae aku siyap Pak Dhedhi kanggo nindakake tindak lanjute. Kabeh nunggu lampu ijo saka panjenengan."

"Matur nuwun kang tanpa upama Pak Amar. Sedhela maneh tak kabari."

+++++

Wis meh rong minggu saka kedadeyan kisruh nalika pameran ana Jakarta, antarane Reni karo Pak Danu. Nek kelingan kedadayan iku, Reni, gelane ora isa dicritakke. Dheweke gela ngapa kok nganti Pak Danu isa mlebu nang kamare wektu iku? Bareng tekan njero kamar, dheweke dhewe ora suwala nolak kretege Pak Danu sing makantar-kantar. Atine nganti saiki isih serik kepati-pati, senajan wektu iku wong loro wis kaya lali, ngasakke barang kepenak.

Anisah Anggraeni mung duwe wektu rong minggu kudu mutusake lan ninggal omah Salatiga, pindhah manggon ana Semarang, nang omahe Pak Dhedhi. Senajan isih tida, nanging diwanek-wanekke nek dheweke kudu nyanggupi Pak Dhedhi. Dheweke wis kaket dening Pak Dhedhi, wis ora bisa selak maneh. Urusan usaha konveksi wis ana sing ngurusi, ya pawongane Pak Dhedhi. Reza karo Mimi wis wiwit diproses anggone arep pindhah Semarang. Kari ngenteni tahun ajaran anyar.

Tekan titi wancine, sore iku Reni dipapag mobile Pak Dhedhi.

Sing nyopiri kaya adat saben, Pak Yono. Ana weling saka Pak Dhedhi menawa, Reza karo Mimi diajak sisan nang Semarang. Nginep rong wengi libur Setu Minggu. Minggu sore isa diterke bali nang Salatiga. Jam setengah lima wis tekan Semarang, langsung mara nang omah Kawi. Ira karo Ani seneng banget nyipati dene Bu Reni wis teka nang Semarang karo Reza lan Mimi. Bocah-bocah banjur ngobrol nang njero. Bu Reni karo Pak Dhedhi lungguhan ana tritis mburi, ngadhepi taman.

"Matur nuwun Dhik Reni, ora mblenjani penjalukku. Tegese wiwit sore iki awakmu wis dadi siji karo aku nang Semarang kene sakter-use."

"Aku mung ndherek Mas, ning awake dhewe durung resmi nikah lo Mas, apa ora marahi curiga tangga teparo?"

"Urusan nikah isa diurus karo mlaku, kaya dene sinaune bocah-bocah ora perlu kesusu dipindhah. Ngenteni taun ajaran anyar. Sing luwih penting kudu mutusi prekara sing luwih wigati."

"Iya apa sing luwih wigati sing kudu dirembug? Aku ndherek njenengan."

"Aku wis nampa kronologi prastawa sing ngisin-isini ana hotel ing Taman Mini iku. Kabeh wis diterak, paling ora dening aparat mau, tatanan etika minangka pejabat publik, uga tatanan hukum. Aku isa ngejokke kedadeyan iki nang polisi, ning mesthi bakal nyangkut awakmu, kabeh kebukak nang ruang publik."

"Iya Mas aku ngerti dhodhok selehe, mula aku ndherek wae piye apike manut Mas Dhedhi. Aku wis matur wola-wali, iku kedadeyan musibah kanggoku. Dadakan ora tak graitu utawa tak rencanakake babar pisan."

"Menawa pancen kanggomu iku ora direncana lan musibah dadakan sing ora kanyana, awakmu isa njaluk ganti rugi nang Danu."

"Lho kok ganti rugi piye ta Mas. Dheweke kan isa wae alasan padha geleme."

"Mula aja setengah-setengah, nek pancen kanggomu iku musibah, awakmu kudu wani lan tegel njaluk kerugian. Aja setengah-setengah. Suwalike nek kono tida, kasus iki isa digawa nang ranah hukum pidana. Kono kudu isa mbuktekake menawa dadi

korban ruda peksa dening Danu."

"Ya aku manut Mas Dhedhi. Aku kudu piye?"

"Nomer WhatsApp-e Danu isih ana ta? Ngirim pesen marang dheweke, nek awakmu ora trima ana kedadeyan ruda peksa nang nang Hotel ana Taman Mini kae. Omonga blak-blakan nek kono rugi moril lan materiel, lan njaluk kerugian ngono. Mengko ben dicethakke Pak Amar nang Danu."

Jane Reni ora tekan arep njaluk kerugian amarga prastawa ngi-sin-isini iku. Nanging dheweke ya kuwatir nek Pak Dhedhi njupuk jalur hukum, lapor polisi lan kasuse disidhang ana pengadilan. Senajan dheweke yakin ora salah amarga rumangsa dadi korban, nanging urusane bakal kebukak kabeh nang sidhang pengadilan. Dheweke ora siyap. Mula manut wae nalika dikon kontak karo Pak Danu, njaluk dhuwit kerugian mau. Sakwise konsultasi karo Pak Dehdhi, dheweke ngirim welingan marang Pak Danu.

"Kagem panjenenganipun Pak Danu. Kula Anisah Anggraeni pengusaha konveksi UMKM saking Cebongan Salatiga, ingkang ndherek pameran wonten Taman Mini Indonesia Indah kalih minggu kepengker. Kanthi nawala punika kula badhe ngudharaken raos gela ingkang mboten upami dene ngantos kedadosan prekawis ingkang nerak pranatan kasusilan lan pranatan hukum. Kula nandhang rugi lahir batos ingkang mboten kantenan. Mangga sageda nyukani gantos kerugiyang kangge nutup aib kula. Pak Amar ingkang badhe maringi pitedah saklajengipun. Kula suwun sampun ngantos pun lirwakaken suraos wonten namala punika. Saking kula ingkang nandhang lingsem, Anisah Anggraeni."

Sakwise diwaca dhisik dening Pak Dhedhi, welingan WhatsApp iku banjur dikirimake marang Pak Danu. Pak Amar mengko sing bakal ngontak Pak Danu, gedhe cilike sing bakal rembugan amrih kabeh isa dirampungke tuntas. Pak Dhedhi senajan sing duwe ada-ada, malah mung arep meneng wae. Aja nganti Pak Danu ngerti nek dheweke sing dadi dhalang saka mburi prekara tuntutan ganti rugi iku.

+++++

Nganti pirang-pirang dina sakbubare prastawa ana hotel Taman Mini, Drs. Danuarta atine tansah jenjem lan kuwadir menawa ana tindakan lanjut saka Pak Amar. Dheweke wis ngrumangsani menawa posisine kaya dene ana pucuking eri, kapan wae isa ana tindak lanjut sing isa nyeret dheweke. Senajan tetep aktip saben dina ana kantor BUMN, ketara banget menawa dheweke ora isa konsentrasi ana gaweyan. Kira-kira telung minggu sakbubare prastawa iku, sakwijining esuk sekretarise laporan menawa ana tamu sing pengin ketemu. Jenenge Pak Amar saka Semarang. Saknalika pucet raine, kaget ora karuwan. Mesthi bakal ana kedadeyan apa-apa sing dheweke kudu siyap ngadhepi.

"Pak Amar kok ora kabar-kabar dadakan teka nang kantor, ana kawigaten apa?"

"Nuwun sewu Pak, aku mung neruske proses sing durung rampung. Kronologi prastawa mau wis tak beberake karo Pak Dhedhi, tunangane Bu Anisah Anggraeni. Uga kronologi sing dicritakake dening Bu Anisah Anggraeni. Ana sakwetara perangan sing geseh."

"Apane ta sing geseh?"

"Bu Anisah Anggraeni rumangsa ora ngundang sampeyan supaya mlebu nang kamare. Uga ora ngakoni nek lukar pakeyan. Pakeyane kok copot kanthi peksan. Isih ana liyane sing geseh. Mung cekak wae, bukti-bukti wis cukup nek ana kedadeyan sing nerak kasusilan kanthi ruda peksa. Isa diteruske nang ranah hukum, apa arep dirampung kanthi apik-apik wae?"

"Genah piye Pak nek dirampung kanthi apik-apik wae?"

"Tak kira sampeyan wis entuk weling saka korban, Bu Anisah Anggraeni, sing mratelakake nek dheweke njaluk ganti rugi kedadeyan mau."

Karo ndhredheg Pak Danu banjur mbuka HP-ne, pancen ana welingan saka Reni sing wose njaluk ganti rugi kanggo nutup kerugian moril lan materiil saka prastawa mau. Pak Danu suwe anggone meneng, bola-bali unjal ambegan dawa.

"Apa sampeyan ngerti sepira gedhene panjalukan ganti rugi saka Bu Reni?"

"Aku ora isa menehi informasi sing maton. Apike sampeyan rembugan dhewe karo Bu Reni. Isa ditilpun wae tak tunggoni."

Pak Danu banjur ngangkat tilpun marang Reni. Cekak aos amarga kikuk anggone ngomong.

"Jeng Reni piye kabarmu? Welinganmu wis tak tampa. Aku wis paham isine. Apa aku wajib menehi ganti rugi? Kedadeyan kae kan dhasare padha karepe, padha mantepe ta Jeng."

"Ora saka karepku, sampeyan meksa tanpa takon ba apa bu. Aku rumangsa diruda peksa. Mangga panjalukku wis cetha. Aku siyap tekan pengadilan."

"Kosik dirembug sing kepenak. Sepira gedhene kerugianmu?"

"Aku butuh limang atus yuta Pak Danu. Mangga dipikir sing sareh."

Pak Danu kaget ora karuwan krungu panjalukan ganti rugi limang atus yuta. Dheweke noleh marang Pak Amar karo sambat.

"Bu Anisah Anggraeni njaluk limang atus yuta. Ora nalar, rugi apa dheweke babagan kedadeyan kuwi." Pak Amar nyoba nerangake.

"Panjalukan sakmono babar pisan ora gedhe Pak Danu. Aku malah kaget kok mung njaluk sakmono, ora nganti em-em an. Apike kok iyani timbang ambyar kabeh urusane."

"Aku durung bisa mutusi dina iki Pak Amar. Tak putusi sakjrone wektu sedina sewengi, omonga karo Bu Reni."

"Iya dienteni wangsulanmu Pak Danu. Sing penting aja nganti ngambra-ambra nang ngendi-endi."

+++++

Pak Dhedhi Arman wis wola-wali maca kronologi sing digawe dening Pak Amar, sing dicritakke dening Pak Danu, uga sing saka Bu Reni. Loro-lorone padha prastawane, mung nek sing saka Pak Danu nyebutake kedadeyan kuwi dhasare amarga padha karepe lan padha sarujuke. Nanging saka Reni, nyebutake menawa ke-

dadeyan mau amarga dheweke dipeksa dening Pak Danu. Ora ana rencana, ora ana pasetujon saka dheweke, kabeh dadakan lan peksan. Sangsaya maca, sangsaya getem-getem dheweke. Ya marang Reni, uga marang Pak Danu. Dheweke pengin ana tindakan. Nek tindakan jalur hukum mesthi kebukak tekan ngen-di-endi. Dheweke ora mantep, amarga jenenge Reni bakal kaberber nang medhia massa. Kamangka Reni bakal dadi sisihane.

Tumindak sing nerak kasusilan, nerak etika lan nerak paugeran hukum, mesthi gawe rugine wong akeh. Ora mung korban nanging uga isa ngembet-embet nang pihak liya. Rumangsane Pak Dhedhi, iki ora adil, wong dheweke ora nindakake apa-apa kok malah melu mumet ora isa jenak nyambut gawe, amarga prastawa mau. Dheweke kelingan kanca kuliah, Raden Mas Rangga, priyayi ningrat sing saiki dadi nayaka praja gung binathara ana Jakarta. Dheweke dadi Direktur Jendral ana Kementerian BUMN (Badan Usaha Milik Negara). Senajan suwe ora gathuk, gampang kanggone Pak Dhedhi nggoleki nomer tilpune.

"Leres menika tilpunipun Bapak Rangga? Sugeng enjang Raden Mas Rangga, suwe ora jamu. Iki aku Dhedhi Arman saka Semarang. Piye kabarmu?"

"Dhedhi Arman kanca kuliah? Sing playboy kae ya. Wah suwe ora ketemu. Wis puluhan taun. Piye kabarmu?"

"Kabar api-apik wae pangestune. Pengin ngadhep sliramu nek pareng?"

"Ana kawigaten apa kok sajak dadakan. Acaraku nang kantor wis diatur staf. Upama ketemu nang ngomah aku seneng banget, sisan kangen-kangenan, suwe ora ketemu."

"Nuwun sewu Raden Mas, waleh-waleh apa, calon sisihanku sambungan melu pameran UMKM kok kena musibah. Digodha lan dipeksa dening petinggi sakwijining BUMN."

"Wah serius iki. Kita banget anggone ngati-ati prekara kaya ngene. Apa ana laporane?"

"Ana kronologine sing nggawe uga polisi. Uga bukti-buktine. Ning durung tak laporake resmi nang kepolisian. Ning aku nja-

luk supaya aparat kaya ngono iku kudu ana tindakan amarga pelanggaran etika berat."

"Ngene wae laporan kuwi arep kok kirim resmi nang Kementerian apa arep kok pasrahke aku wae. Nek liwat Kementerian butuh wektu sakwetara minggu. Ngene wae upama bung Dhedhi teka nang Jakarta sesuk awan nang kantorku karo makan siang. Isa karo ngobrol sedhela. Nek nginep bengi isa diteruske le ngobrol bro."

"Aku tak nggawa laporan kronologine, sesuk aku nang kantor wae pas jam makan siang. Nyuwun sekretarismu didhawuhi. Aku nyuwun nomer tilpun sekretarismu, ben stafku isa koordhinasi langsung."

Esuke Pak Dhedhi budhal menyang Jakarta, numpak pesawat saka bandhara Ahmad Yani. Awan iku sida nemoni Pak Raden Mas Rangga ana kantore ing tlatah Medhan Merdheka. Wis puluhan taun ora ketemu. Kudune dadi prastawa reuni sing nyenengake. Nanging kahanane ora kaya ngono, Pak Dhedhi lagi nandhang susah. Nggawa laporan tindak kasusilan sing magepokan karo sisihane Anisah Anggraeni.

Ewasemana patemon karo Raden Mas Rangga tetep nyenengake. Pak Rangga langsung nampani dokumen saka Pak Dhedhi. Ora dirembug babar blas. Mung janji menawa arep ditindak lanjuti kanthi serius. Ora bakal lolos pelakune. Acara makan siang luwih gayeng amarga ngobrol prekara kenangan rikala kuliah, prekara keluwarga. Tetep gayeng lan regeng senajan mung sak jam. Pak Dhedhi banjur bali menyang bandhara, ngoyak pesawat sing budhal nang Semarang.

+++++

Wis sakwetara sasi Reni urip ana Semarang, bareng karo Pak Dhedhi Arman. Akad nikahe wis resmi ngundang pejabat KUA ana ngomah disekseni sanak sedulur karo anak-anake Reni karo Pak Dhedhi. Reza karo Mimi uga wis pindhah sekolah ana Semarang. Reni karo anak-anake padha manggon nang omahe Pak Dhedhi sing ana dalan Kawi. Omah mewah kanggo ukuran

Semarang. Anak-anake Pak Dhedhi, Ira karo Ani wis padha kuliah ana Semarang. Dene Rini neruske anggone kuliah ana Jurusan Sejarah Universitas Gadjah Mada, wis meh lulus.

Dheweke wis ora perlu bantingan nyambut gawe kaya rikala isih dadi sisihane Agustan Saryadi. Mung perlu ngawasi lakune usaha wae. Urusan padinan usaha konveksi nang Salatiga wis ana sing ngurusi. Uga pembukuane wis digawe nganggo komputer. Reni mung kari ngecek pendhak minggu apa rong minggu. Dhuwit ganti rugi saka Pak Danuarta dinggo nggedhekake usaha.

Malah dheweke sakuntara iki uga ndhampingi Pak Dedhi Arman ngawasi perusahane sing cacache puluhan. Senajan ora entuk jabatan resmi, Reni kaya kaya makili Pak Dhedhi sing nduweni saham paling akeh ana perusahaan. Ndilalah dheweke duwe katrampilan nganggo perangkat manajemen teknologi informasi. Pengalaman nalika isih nyambut gawe ana kantor noratis Bu Sri Martuti. Ora ketang sesasi sepisan dheweke niliki perusahaan konveksine ana Salatiga. Saiki wis tambah ghedhe. Sing ngurus pegawai professional sing dibayar dening perusahaan. Senenge Reni, perusahaan konveksine isih oleh mandhiri diawasi dhewe. Ora digabung karo perusahaan-perusahane Pak Dedhi. Dadi senajan ora langsung ngurusi urusan padinan perusahaan, dheweke isih isa mernahake lakune perusahaan.

Reni prasasat wis ora ana kontak karo Bu Sri senajan kantore padha-padha ana Semarang. Mung sok krungu-krungu kah-anane Bu Sri saka anak-anake, Ira karo Ani. Ira karo Ani ora ketang sesasi sepisan mesthi nyambangi ibune sing wis omah-omah karo Pak Efendi. Malah wis duwe momongan cilik karo Pak Efendi, anak wedok umur setaun. Ana rasa ewuh saka Reni arep ketemu karo Bu Sri Martuti. Embuh jalarane apa. Mbok menawa ya mung saka rasa wae. Reni tanpa sadhar isih nyalahke Bu Sri, tumrap tiwase Iksan kancane ya sedulure sinarawedi. Dheweke uga duwe rasa kuwatir nek mbok menawa Bu Sri pengin sesambungan maneh karo Pak Dedhi.

Reni ora nate krungu wartane Pak Danuarta. Pancen wis ora ana sesambungan blas. Nanging kandhane Pak Dhedhi, Pak Danu wis dinonaktifkan saka manajemen BUMN lan dipindhah ana kantor Kementerian dadi staf biyasa. Wolak-waliking jaman. Dheweke uga kena sangsi amarga ana penggunaan dhana proyek sing ora wajar.

Senajan kahanan ekonomi prasasat ora ana kekurangan, apa-apa mesthi keturunan, sok-sok Reni rumangsa ana panguwasane Pak Dhedhi Arman. Kudu sakkomandho. Kelingan sambate Bu Sri Martuti rikala semana. *"Pak Dhedhi ki mantan dhosenku. Ning dadi bojoku kok aku isih tetep dianggep kaya mahasiswane wae."*

Pas dina malem Minggu, bocah-bocah padha kumpul kabeh. Rini uga teka saka Ngayogyakarta. Reni atine diwanek-wanekke omong karo Pak Dhedhi, nalika bubar makan malam karo bocah-bocah.

"Papi aku pengin matur sithik ora apa-apa ya?"

"Ora ana masalah apa-apa ta Dhik. Rumangsaku kabeh mlaku lancar."

"Iya Papi, kabeh mlaku lancar. Putra-putra uga lancar sekolahe. Mung aku duwe pepenginan siji. Aku pengin menahi les privat maneh kanggo murid-murid SMP lan SMA sing mbutuhake kaya ndhisik."

"Apa isih ana wektu Dhik awakmu. Ngawasi perusahaan puluhan cacahé."

"Aku sekolah guru. Profesi asliku ya guru senajan panggaotan minangka guru ora sepiroa. Ning aku tetep seneng mulang, senajan mung les privat."

"Ya sakkarepmu upama Mami Reni isih seneng lan isa ngatur wektune. Mengko panggonane ben disiyapake."

"Matur nuwun aku mung butuh meja kursi kanggo murid lan whiteboard. Isa nang ruang mburi cedhak taman kae."

"Lha kapan anggonmu miwiti menahi les. Apa wis ana muride?"

"Aku isa mara nang sekolahanku dhisik, nek ana murid sing pengin

njupuk les."

"Lha nek ngono malah aja ditarik bayaran. Kanggo murid-murid sing wong tuwane saka ekonomi lemah wae."

"Iya Papi tak estokke dhawuhmu. Kanggo hiburanku uga, bali menehi wulangan marang murid-murid."

Rini, Ira karo Ani, Reza lan Mimi padha melu seneng dene ibune arep menehi les matematika lan Ilmu Pengetahuan Alam. Padha melu mongkog amarga pancen ibune wasis menawa mulang piwulangan sing ana bidhange.

Bubar makan malam, wengi iku padha lungguhan ana taman mburi. Hawane kepenak angine semilir, angin wengi nggawa tentreming ati. Mbulane ndadari, langite semilak padhang. Anisah Anggraeni karo anake telu, Rini, Reza karo Mimi, Pak Dhedhi karo putrane, Ira lan Ani wis nyawiji dadi sakkeluwarga. Senajan bebrayan sambungan, Anisah Anggraeni lan Pak Dhedhi Arman, wis mantep urip bareng bebrayan nggulawentah bocah-bocah gawan saka urip bebrayan sakdurunge tumuju tembe mburi sing kebak panjangka.

+++++

Ngayogyakarta, 25 Mei 2022.





Penerbit – YASATRI

Yayasan Saworo Tino Triatmo [YASATRI] jeje re minangka organisasi nir laba sing di-anakke kanggo pangeling eling tumrap almarhum Saworo Tino Triatmo, sing tiwas amarga kacilakan lalu lintas rikala tanggal 13 Desember 1997. YASATRI mangadeg ana ing tanggal 26 Januari 1998, kanthi tujuan ngupayani kaslametan lalu lintas, nyegah ananing dredah lan tawuran, sarta ngrembakake upaya kesehatan kawula mudha, kalebu nyegah penyalahgunaan narkotika. YASATRI diadegake dening keluwarga lan para mitrane Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SpFK.



Kegiatan YASATRI kalebu penyuluhan lan mbiwarakake katrangan/informasi ing tengahing masyarakat kanggo ngurangi kacilakan lalu lintas, ngrembakake rasa toleransi lan nyegah anane kaonaran lan tawuran, lan upaya ningkatake drajat kesehatan kawula mudha. Asring nganakake sarasehan ing antarane masyarakat utamane para kawula mudha kanggo nyengkuyung tujuan organisasi. YASATRI uga anyengkuyung ananing studi lintas disiplin. Ngunggahake Pesan Untuk Remaja lan nerbitake bulletin SAWORO ing jagad maya.

YASATRI melu ngupayakake kegiatan pelestarian budhaya kalebu panyinaon basa Jawa ing kalangane kawula mudha, nerbitake crita novel basa Jawa kaya:

Lakuning Katresnan [2020],

Lubering Katresnan [2021],

Endahe Lintang Kemukus [2022],

Mendhung Angendanu [2022].

Alamat : Jalan Mawar 92, dhukuh Ngenthak, Kadipura RT 003 RW 024, Sinduharjo, Ngaglik, Sleman 55581. Email : sekretariatyasatri@gmail.com; saworotri@gmail.com; Telepon: +62 274 887512.



Pangisi Gambar Ilustrator

dr.R. Bambang Sardjono, MPH utawa Bamsar lahir ing Yogyakarta tahun 1955, putrane bapak DR.R. Santoso Poedjosoaroto, S.H. lan Ibune R. Ngt. Soeyatini Santoso. Ngampungake pendidikan nang SD BOPKRI Yogyakarta, SMP Xaverius, Bukittinggi; SMAN 4 Jakarta lan lulus seka FK UGM Yogyakarta tahun 1981. Tahun 1992 nerusake pendidikan nang Koninklijk Instituut voor De Tropen, Amsterdam, Negara Landa, rampung tahun 1993. Bamsar uga PNS ing Departemen Kesehatan RI lan pensiun minangka Staf Ahli Menteri Kesehatan tahun 2015.



Sisihane, dr. Meita Dewayani, Sp KK, diparingi putra telu (siji putri dan loro kakung) sing wis menikah kabeh.

Bamsar uga mengabdikan minangka Abdi Dalem Keprajan Karaton Ngayogyakarta Hadiningrat diparingi Ngarsa Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono X kalenggahan Bupati kanthi paringan asma KRT Brotohusodo tahun 2013.

Pecinta Seni lan Budaya bangsa, lan nggambar kuwi hobby otodidag seka SD sinau seka Mas Mamam kangmase. Nate dadi ilustrator majalah “Ilmu Budaya Siswa” SMAN 4 Jakarta (1971-1973). Nalika study S-2 nang Amsterdam, ngangsu kawruh melukis cat air marang Prof. DR. Harry Folmer.

Hobi liyane musik yoiku main gitar, flute, lan saxophone uga ngripta lagu. Salah siji anggitané oleh Penghargaan penciptaan lan penghibahan “Mars Pramuka Peduli” kanggo Pramuka Indonesia Agustus, 2021.

Bamsar ngaturake panuwun ngraoske kinurmatan minangka ilustrator kanggo buku novel kangmas dr. Budiono Santoso, Ph.D, yaiku kanggo novel **Lakuning Katresnan** (2020), **Lubering Katresnan** (2021), **Endahe Lintang Kemukus** (2022), lan **Mendhung Angendanu** (2022).



Panganggit

Penulis

Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, Ph.D., SPFK, ahli farmakologi klinik, lulus dhokter seka Fakultas Kedokteran Universitas Gadjah Mada tahun 1975 lan lulus dhokter [PhD] seka University Newcastle Upon Tyne, Inggris tahun 1983. Lahir ing Ambarawa, 27 Mei 1950, putrane Ki Triworo Djososastro, guru Taman Siswa, lan ibune Nyi Purliyah. Pendhidhikan dhasar dilakoni ana Sekolah Rakyat Masehi Ngampin, Ambarawa. Sekolah Menengah Pertama ana Taman Siswa Ambarawa. Sekolah Menengah Atas ana ing SMA Santo Josef, Surakarta. Sakwise lulus dhokter, terus dadi dosen ana Universitas Gadjah Mada saka tahun 1975 nganti tahun 2000. Tahun 2000 – 2012, ngayahi tugas ana World Health Organization, kantor Pasifik Barat in Manila, minangka Team Leader in Pharmaceuticals and Health Technology. Aktif ning babagan kebudayaan, Ketua Masyarakat Pecinta Warisan Medang [Medang Heritage Society] ing Ngayogyakarta, wiwit 2013. Tulisan-tulisane semebar ana ing media sosial. Novel basa Jawa sing wis terbit yaiku Lakuning Katresnan [2021], Lubering Katresnan [2021], lan Endahe Lintang Kemukus [2022]. Melu ngedegake organisasi spiritual Jawa, Persatuan Kepercayaan dan Budhaya Nusantara [PKBN], lan organisasi ilmuwan ing tahun 1995, Akademi Ilmu Pengetahuan Yogyakarta [AIPYo]. Sisihane ibu Murlina Santoso, putrane telu [Ario Birowo, Wisnu Utomo lan Saworo Tino Triatmo]. Saworo Tino Triatmo tinggal donya tahun 1997, isih umur 17 tahun merga kacilakan lalu lintas. Keluwarga banjur ngedegake Yayasan Saworo Tino Triatmo [YASATRI] kanggo pangeling eling marang almarhum, kanthi kegiatan kampanye keselamatan lalulintas, kesehatan remaja lan nyegah dredhah [kekerasan] ing antarane para siswa. Ki BS Setradjaja wis pensiun lan saiki manggon ana pinggir Kali Boyong, dhukuh Ngenthak, Kadipura, Ngaglik, Sleman. Alamat kontak : santosob1950@gmail.com





Medhung Angendanu mengisahkan perjalanan cinta dua orang tokoh mahasiswa, Anisah Anggraeni (Reni) dan Agustan Saryadi (Agus). Keduanya mempunyai idealisme yang sangat kuat dalam kehidupan sosial dan lingkungan. Sayangnya idealisme terlalu jauh dari kenyataan hidup sehari-hari. Setelah menempuh hidup bersama sebagai suami isteri bertahun-tahun dengan dikaruniai tiga anak mereka terpaksa berpisah jalan. Agus mengejar keberhasilan dalam dunia usaha dengan cara yang tidak nalar, seperti hidup dengan wanita lain, melupakan kewajiban sebagai kepala keluarga, dan menghabiskan harta milik orang tua. Sementara Reni harus berjuang sendirian menghadapi ke tiga anaknya. Dalam perjalanan tersebut Reni bertemu dengan berbagai pria dengan latar belakang berbeda, dan terlibat dalam hubungan asmara. Orang-orang yang dekat dengan Agus dan Reni, berguguran meninggalkan dunia fana, hanya menyaksikan tanpa bisa berbuat apa terhadap kehidupan Reni dan Agus. Silahkan ikuti kisah selengkapnya perjalanan Anisah Anggraeni dan Agustan Saryadi dalam novel ini, bisa menjadi pelajaran dalam hidup berumah tangga.

— Johana Endang Prawitasari

"Wosipun anggitan Pak Budi ingkang kentun piyambak punika sae sanget. Kula estu remen sanget dene Pak Budi saged nyentuh rasa pangrasa ingkang maos. Ngantos ingkang maos getem-getem dumateng bojonipun Anisah. Mangga para saderek mundut buku Mendhung Angendanu supados saged nyengkuyung Yasatri ingkang gadah upados ndidik para muda mboten ketaman Narkoba."

— Dr. R. Bambang Sardjono, MPH /KRT Brotohusodo

"Mendhung Angendanu" nyariosaken pengalaman gesang Anisah Anggraeni (Reni) ingkang gadhah lelampahan pasang suruting gesang, pahit manisipun bebrayan, kamulyan nanging ugi risiko ing pedamelan, lan sesambetanipun kaliyan para pria ingkang daksiya nanging ugi wonten ingkang sanget nresnani Reni. Kula gadah pengajeng-ajeng buku novel punika saged wonten manfaatipun, ugi saged atur lipur panjenengan sami."

— Prof. Dr. Marsono, S.U.

"Novel Mendhung Angendanu dan Endahe Lintang Kemukus (2022:234 hlm.) (serta karya Ki Dr. Budiono yang lain, di antaranya: Lubering Katresnan (2021:454 hlm.) dan Lakuning Katresnan (2021:143 hlm.)) layak dimasukkan sebagai bacaan wajib mahasiswa dalam Mata kuliah Sastra Jawa Modern baik pada Prodi Sastra Jawa Fakultas Ilmu Budaya, maupun pada Prodi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa pada Fakultas Pendidikan Bahasa dan Sastra."



Yayasan Saworo Tino Triatmo

Jl. Mawar 92, Ngenthak, Kadipura,
RT 003/RW 024, Sinduharjo, Ngaglik
Sleman 55585

Email: sekretariatyasatri@gmail.com

ISBN 978-602-17715-4-9

